

DAVID DANIELS



ISHĒNGERORITĒRÁ INTÂMBWÉ

Igitabu c'Umupasitori Kimufasha
Kwerekeza Abo Arongoye Mu Nzira
Ibashikana Ku Kubaho Ubugingo
Bwamamaza Ubutumwa Bwiza

ISHÈNGERORITĒRÁ INTÂMBWÉ

(NEXT STEP CHURCH)

*Igitabu c'Umupasitori Kimufasha Kwerekeza
Abo Arongoye Mu Nzira Ibashikana Ku Kubaho
Ubugingo Bwamamaza Ubutumwa Bwiza*

David Daniels.



CENTRALPRESS

Ministry Resources from
Central Bible Church

Copyright © 2017 by David Daniels
All Rights Reserved.
Printed in Bujumbura, Burundi
ISBN: 978-1982055585

Published by Central Press
in cooperation with Mustard Seed Outreach Community
Central Bible Church
8001 Anderson Boulevard
Fort Worth, Texas 76120, USA
www.wearecentral.org

Kirundi translation by Jean Bosco Twagirimana. Editing and theological supervision by Gerard Bimenyimana and Deogratias Nshimiyimana .

Uburenganzira bwose n'ubwa nyene iki gitabu. Nta gice na kimwe c'iki gitabu gishobora gusubirwamwo, canke kubikwa mu ntumbero yo guhindura iki canke kiriya, canke kugisangira muri iyi ntumbero canke uburyo ubwari bwo bwose-Akarorero, gukoresha inyabwonko, kugifotora (kukirwiza), gufata amajwi. Ata ruhusha mu buryo bwanditse wahawe n'uwacanditse. Ivy'umwihariko vyonyene n'amajambo yanditswe mw'isubirwamwo. Atari ivyo bivuzwe, Ivyanditswe vyose vyakuwe muri Bibiliya Yera,

*Kuri Method Bigirimana, umugenzi wanjye akaba n'umu
Pasitori mukuru w'ishengero rya "ReGenesis church"
wabereye akarorero keza abandi mukubaho ubugingo
bwamamaza ubutumwa bwiza, warerekanye ko Intumwa
zihinduwe n'Imana zishobora vy'ukuri guhindura
ubugingo bw'ababa mu'isi*

IBIRIMWO

Tuju Imbere	9
Ugushima	13
Intangamarara: Isi iri imbere y'umuryango wacu	17

UMUPASITORI

1. Umuhamagaro w'umupasitori	27
2. Umwitwaririko w'umupasitori	51
3. Itegeko rikuru ry'umupasitori	71

INZIRA

4. Inzira yo mu buryo bw'impwemu	89
5. KUBA INYEGU: Ya Kristo	97
6. KUBA INYEGU: Y'Ikibano	119
7. KUBA INYEGU: Y'Ishengero	139

8. GUCIKA: Guhinduka (ikigabane ca 1)	161
9. GUCIKA: Guhinduka (ikigabane ca 2)	179
10. GUCIKA: Guhinduka (ikigabane ca 3)	199

11. KURENGA IMBIBE: Nja mw'Ishengero ryanje	225
12. KURENGA IMBIBE: Nja mu kibabo canje	243
13. KURENGA IMBIBE: Nja mw'isi mbyemwo.	261

URUGENDO

14. Izindi ntambuko	279
---------------------	-----

TUJE IMBERE

Ikintu c 'Inkoramutima ni uko nakijijwe kubw' ubuntu bwa Yesu Kristo yambereye ikimazi mu gutanga amaraso yiwe y' igiciro kinini kugira mbe uwo ndiwe uno musu, ndazirikana umuhamagaro namagawe.

Ineza yokumenyana no kuba kumwe n' Umwungere David Daniels umwungere wa Central Bible Church mu bihe bitandukanye haba mu nyigisho n' insiguro z' Ijambo ry' Imana atanga no gusoma iki gitabo "Ishengero ritera Intambwe" n' ibitabo bindi yanditse bintera kuzirikana neza nk' Umurongozi natanguje **Ishirahamwe Akabuto ka Sinapi Gahindura Ikibano mu Burundi (Mustard Seed Outreach Community-Burundi; MSOC- Burundi)** kitubera ifatiro rijana na Bibiliya n' Igitabo c' Indirimbo nk'umwungere mugufasha abandi bungere bo mu mashengero atandukanye yizera, agashingira intahe Yesu Kristo kubwo inganda n' inyigisho zitandukanye tugenda turatanga mu Burundi n' ahandi ko Ishengero ry'amagara meza mu kibano ryubakirwa ku Kuri ntasubirizwa kwa Yesu Kristo nkuko kwahishuwe mw' Ijambo ry' Imana, Bibiliya Yera. Ukwiga no kwigisha ibiri muri iki gitabu bituma Umwungere wese yize inyigisho za Bibiliya muri Kaminuza, mw' Ishure rya Bibiliya canke atagiriwe iryo bakwe ibiri muri iki gitabo bimuha kumenya neza ko ari inyegu ya Kristo, inyegu y' Ishengero, no mu kibano, ico akwiye gu-

kora mu kurenga imbibe kubwo umuhamagaro umubera imbizi yo kwitwararika ubusho ajejwe no guhindura abantu inyegu ya Kristo mu kibano, mw' Ishengero no kurenga imbibe mu kwamamaza Kristo. Umwungere, nk' umwigishwa wa Yesu Kristo ahamagarirwa gutangaza no kwigisha Ubutumwa bwiza muguhinduka we ku giti ciwe no guhindura amahanga abigishwa ba Kristo. Kukaba nkako ubukristo butubakiye ku guhindura amahanga abigishwa ba Kristo si ubukristo na gato. Uwahamagawe abera abandi akarorero ko kwigirako ineza ya Kristo. Mu gihe ca none kubwo kutamenya neza Umuhamagaro n' Ingabire ibi navyo bibonekera mu ngorane zo kutemerana kw' abungere, inyigisho z' ibinyoma, kubura ubwizigirwa, kurondera kurongora abantu kubwo ikimenyane, gukoresha ubumenyi butagira umuhamagaro, kuba sindabibazwa, kwirongora, kwikunda, kwibona, kwishushanya ni ivyiki gihe, amacakubiri n'ibindi. Ariko kino gitabo kirakangurira kandi kigatahuza umwungere w' Ishengero Umuhamagaro wiwe nico sabwa kugira akure ku giti ciwe, akuze abakristo asanzwe arongoye ahereye kuwo bubakanye, uruvyaro rwiwe, mu muryango, mu kibano, kugwiza abarongozi babizigirwa bahindutse bakihana bakaba Inyegu ya Kristo, mu kibano no mw' Ishengero atakwigungira ko amabango. Iki gitabo kiratanga inzira yo mu vy' Impwemu no gufashanya mu bumwe hagati yabarongozi n' abarongowe mu kugiranira imigenderanire myiza yogusubiza hamwe hagati yabo n' Imana Data wa Twese.

Iki gitabo gitahuza Umwungere Umuhamagaro wo kwihana no gukora igikorwa ca Data. Nakare ataguhindura amahanga abigishwa, uburungozi bw' Ishengero ntibukomera. Umukristo wese aguma ari umwana mu kwizera, ata n' ico aterera mu kibano abayemwo kandi ntashobora kuba Umuco n' Umunyu w' Isi nk' uko Ijambo ry' Imana ribidusaba. Nk umurongozi kandi w' Ishengero duhamagarirwa gutera umwete aboturongoye, kuvugira abadashoye kwivugira mu gukabura, gutera umwizero, ibinezaneza no guhagurutsa ubuzima bwa benshi bakagira intumbero mukwemanga ingingo y' ubuzima buhimbara Umuremyi. Nk'Umurongozi w' Ishirahamwe Akabuto ka Sinapi Gahindura Ikibano mu Burundi (MSOC-Burundi), turabona neza ko Ishengero ry' amagara meza mu kibano rihinduka ihuriro ryo gukura mu vy'Impwemu rigizwe n' ubudasa bw' Abakijijwe bafise ubumwe muri Yesu Kristo badobeye muri

Mpwemu Yera, bahinduwe n' Ubutumwa Bwiza bwa Yesu Kristo. Ibi navyo biduha igishika bikadutera integer zokwigisha imboneza mu burongozi bw' ihinduka, guhingurwa, guhinyanyurwa kubwo icubahiro c' Imana no gushinga imizi mu gakiza kadutera kurondera abazimiye kugira tubarongorere kugendera musu y' Uburundongozi bw' Umwami wacu Yesu mu kurenga imbibe zaho tubaye.

Ndaramiriza mugutera intambwe nja imbere iyo mbona abantu bavutse ubwa kabiri bagakurikira Yesu Kristo, bahinduwe n' Ubutumwa bwiza, mu gushoboza abarongozi b' ivugabutumwa kuba Isoko ryo guhindura ikibano. Kugirana imigenderanire myiza n' abantu mu kibano c' Umuryango wubakiye kuri Bibiliya, bafise ubumenyi, akaranga gakomoka kuri Kristo Yesu, ubucuti, inyifato, ibikorwa bikwegera abandi kwizigira Yesu; haba kuzirikana Uburongozi bwigisha, bukuza, bukamenyekanisha Yesu Kristo mu bagabo mu bagore, mu rwaruka, mu bana no mu banyamahanga bava muri kahise gatandukanye, mu kubaronsa Inyigisho zubakiye mw' Ijambo ry' Imana no kuzirikana Intahe y' umukristo yama ivyamwa vyo kwihana. Haba kuzirikana Uburongozi bukomeza urugo rukristo, bukora ivugabutumwa ry' impuhwe, buhindura amahanga abigishwa ba Yesu Kristo, buhanura, buteza imbere ikibano, n' umubano ufise ishimikiro ry' Ihinduka n' iterambere rirama ryuzuye. Ibiri muri iki gitabo bidutera kwemanga iyerekwa n' intumbero vyacu dufise ihangiro ryo

Gusigura Ubutumwa Bwiza bwa Yesu Kristo aho turi hose;

Kubaka no kweza urugingo rwa Kristo mu gusigura no kwigisha Ijambo ry' Imana;

Kuba musu y' Uburongozi burangwa n' ukuzuzanya kw' abarongozi bakorera abandi mu butandukane dufise akaranga kamuka mw' Ijambo ry' Imana

Kwigisha abakristo ivyizerwa vya Bibiliya no guhamagarira Abakristo kwemanga ivyizerwa ngenderwako vyacu

Guhamagarira Abakristo kubaho ubuzima burangwa n' ubumwe bw' Urugingo rwa Kristo, bwuzuzanya mu kibano kigizwe n' umuryango wubakiye kuri Bibiliya, mu kubana mu bumwe ;

Guterera uko dushoboye mu guhindura ikibano mu kubaho du-
fise amagara meza;

Gushigikirana, gufasha abatishoboye no mu kwriteza imbere bi-
ciye mu migambi y' iterambere rirama;

Guca bugufi mu bwizigirwa dushira mu ngiro indero rukristo,
mu ntumbero yo kugarura no kurongora umuntu wese mu muha-
ruru wo kugendana n'Imana, kunagura imigenderanire myiza
hagati mu bakristo no gukingira Ihanga ryera ryatoranijwe
rigahamagarirwa kuba Inyegu y' Uhoraho.

Uhoraho ahezagire Central Bible Church n' uburongozi bw'
Ishengero kubwo gufata mu mugongo MSOC-Burundi gushira
mu ngiro Iyerekwa n' Intumbero vyacu.

**Kubwo Umurongozi yatanguje Mustard Seed Outreach Community
-Burundi, (MSOC- Burundi)**

Umwungere Jean Baptiste Nyandwi

UGUSHIMA

*Kand'uko nsenze kwose mbasengera mwese nezerewe,
kuko mwafatikanije nanje gukwiza ubutumwa bwiza,
muhereye ku musi wa mbere, mugashitsa n'ubu.*

Ab' I filipi 1:4-5

2 Timoteyo 2:2 hatugabisha hati, “ Kandi ivyo wanyumvanye mu maso y’ivyabona vyinshi, ubishikirize abantu bo kwizigirwa, bazohobora kuvyigisha abandi.” Nciye bugufi nemera ko igikorwa cose mfise nagihawe n’abantu bo kwizerwa banyitangiye. Ndashimiye abarongozi, abamfashije, abahanuzi hamwe n’abaterereye Imana yakoresheje kugorora icirwa canje mu myaka 26. Numva mfise ugushima kw’umwihariko kuri Dr. Rob Harrell, amfasha mu buryo bw’impwemu kuva ngitangura urugendo rwanje rwo mu buryo bw’impwemu. Ubwa mbere yaranyizigiye anshinga igikorwa, ampa iyerekwa ryo kurwiza. Ndashima Imana ku bwawe!

Keith Smith, Umupasitori ajejwe gushira mu ngiro ibikorwa mw’Ishengero “Central Bible”, yabaye umugenzi wanjye wo ku mutima. Ndashima ukwihangana kwawe, ukurema ibintu kwawe hamwe n’ukuba inyankamugayo kwawe. Uri akarorero ku nsiguro yo gukunda intama z’Imana.

Ndashimiye Dr. Tom Bulick, umwigisha w’ivy’impwemu mw’Ishengero “Central Bible” ku bwenge bwo kuroranya wamana. Wewe, hamwe n’umurwi wiyaguye ugufasha mu burongozi (Teresa Bourdeau, Kevin Glenn, Wendy Hollabaugh, Ryan Rasberry, Jon Rhiddlehoover, Lupe Salazar, Roger Sappington, Mac Shirley, Tim Tibbles hamwe na Toney Upton), mwarafashije Ishengero ryacu “kubaho”

iyi nzira yo mu buryo bw'impwemu biciye mu gutanga n'impanuro zanyu zigororotse.

Dr. Roger Sappington yashitse mw'Ishengero "Central Bible" mu gihe kitoroshe turiko turaba ingene igikorwa twogikura mu migenzo y' Abanyamerika tugifatanya n'imigenzo yo muri Afrika. Turagushimiye ku rukundo rwawe rutagabanije ukunda amahanga, ukwitanga kwawe mu vyirwa ndondamana bitagira agatosi n'ukudutera intege ubudasiba kugira ubutunzi bwacu tubujane mw'isi yose. Mu vy'ukuri ndakurana nawe mu kurengana imbibe.

Ndashimiye cane Celestin Musekura ku kwizera kwawe kudakekeranywa, n'impwemu yawe yo gukora ku bijanye n'ibintu vyose vy'Ubutumwa Bwiza. Ndatewe iteka kuba umwe mu gikorwa Imana yatanguriye muri wewe. Vyongeyeko, ndashimiye Deogratias Nshimiyimana na Jean Baptiste Nyandwi bo muri ALARM. Intahe zanyu n'ibikorwa vyanyu vyanteye kuramiriza mu muhamagaro w'Imana.

Methode Bigirimana yambereye umugenzi w'umwizigirwa n'umunyeshure abushitse mu myaka itandatu iheze. Urugendo rwawe rudasanze ruhwaye rwose n'ukwitanga kuba umwungere w'abantu mw'Ishengero "ReGenesis". Ndagushimiye ko wanteye intege mu guha igikorwa canje Afrika.

Ndanezerewe cane ku barongozi bacu b'ibanze bakoze cane mu kwiga ibiri muri iki gitabu kugira bigishe abarongozi bo mu Burundi, mu Rwanda no mu Bushinwa: Steve Ashmore, Jimmy Black, Mark Dellenbaugh, Chris Dykstra na Philip Gunn. Yari intambuko yo kwizera gukurikira Yesu mu banyamahanga.

Ndashimiye, Alison Dellnbaugh, ku buhinga bwawe bwo gukora bwihuse n'ukudacika intege kwawe mu kwandika ibiri mu mutima wanjye. Warakoze gukoresha ingabire yawe kubw'Ishengero rya Kristo no ku bw'amahanga. Melanie Butts na Manny Fernandez namwe mwaratanze umwanya wanyu gukosora inyandiko z'ibanze. Hamwe na Dr. Bruce Hurt na Jeff na Barbara Loomis mwanteguriye akaruhuko keza iruhande y'amazi muri Austin kugira nkore iki gikorwa. Igikorwa canyu nta mpembo coronkerwa mu myaka 30.

Mu guheraheza, ku mugeni wanjye w'igikundiye, Tiffany, ndagushimiye bivuye ku mutima. Ntiwabaye umufasha mwiza cane gusa, ariko werekanye akarorero k'inzira yo mu buryo bw'impwemu

gusumba abandi bose nzi. Muri wewe, ndabona urukundo rwa Yesu rufise imizi n’urukundo rw’Ishengero ryiwe, ubuzima bw’ihinduka ritagira agatosi n’umutima w’ivugabutumwa rirenga imbibe mu gufasha abandi kwinjira mu Bwami. Jewe hamwe n’abana bacu – Grant (n’umugore, Laine), Pearson na Jenna—twama twigira ku buzima bwawe bwisunga Imana hanyuma bikadutera kuba abigishwa, bahin-duwe n’Imana kugira duhindure isi tubayemwo.

INTANGAMARARA

ISI IRI IMBERE Y'URUGI AHO TUBAYE

*Ntimwibagire kugirira neza abashitsi: kuko bamwe bagize
batyo bahaye indaro abamarayika batabizi.*

Abaheburayo 13:2

Mu mwaka w'2009 nararonse amahirwe. Nari mpejeje kwigisha mu materaniro yacu yo mu gitondo nariko nakira abashitsi bahagaze mu kibanza cacu cagenewe kwakirirwamwo abatugendeye. Mu gihe nariko mvugana n'umuryango w'abubakanye bakiri bato, nahavuye mbona abagabo babiri bandindiriye hirya yaho gato. Hagiye akanya gato ndabakira nabo baridondora: Pasitori Janvier, niho yari agishika muri Amerika avuye mw'ikambi y'impunzi muri Tanzaniya, muri Afrika y'Ubuseruko. Uwamusobanurira w'Umurundi, Méthode Bigirimana, asobanura ko baserukira Ishengero ry'abimukira riri i ruhande ya Fort Worth. Bari baje gusenga mu materaniro yo mu gitondo kandi bagomba kubaza ikibazo cari kibaremereye, na co ni iki: "Mwoba mufise ikibanza abantu bacu boza barabonaniramwo n'Imana kw'iyinga kw'iyinga?"

Mu gihe nariko nitegura kuva mu gisagara, najanye abashitsi banje ku bapasitori dufatanije uburongozi, kugira babasobanurire mu bwitonzi ko ata bibanza bikwiye dufise vyo gukoreramwo. Ariko, hagati muri iryo yinga, uwo dufatanije yarampagaye kuri telephone arambwira ko ico kintu basavye ari ikidasanzwe. Aca aterera icyumviro ko twotumira abo bashitsi bacu n'abandi bava mw'Ishengero rwabo mu nama kugira dushobore kwumva amakuru yabo mu buryo buramvuye.

Sinzokwibagira umuhingamo udasanzwe twagiranye na bo mu cumba c'inama twarimwo. Mu gihe aba pasitori, n'abatama b'Ishengero bari bakoranye, bagenzi bacu bo muri Afrika baje bambaye imyambaro yabo iteye igomwe yerekana akaranga kabo; hanyuma batangura kuduserurira amakuru yerekeye ingorane bacyemwo muri kahise kabo.

Mu mwaka w'1972, habaye amatati akomeye cane ashimikiye ku bwoko kandi abetegesi n'abanyagihugu bose ntibashoboye kuyatorera umuti mu mahoro. Ivyo vyatumye haba intambara yahitanye ibihumbi vyinshi cane vy'abantu, n'abandi benshi bahunze bamwe bahungira mu gihugu hagati ariko benshi bahungira hanze y'igihugu c'Uburundi mu bihugu bitandukanye. Mu mwaka w'1993, umutekano wongeye guhungabana kandi ivyo vyatumye umutekano uca uhungabana mu bihugu vy'Urwanda no muri Republika Iharanira Demokarasi ya Kongo.

Iyo ntambara hagati y'abavukagihugu yazanye ingorane nyinshi ku Banyafrika, zirengeye cane ingorane za politike n'izo ubutunzi. Imiryango yarahunze – umwe umwe warakozweko n'amabi y'izo ntureka- nko guhungira mu makambi y' impunzi ata vyizigiro vyo gusubira gutaha i muhira. Ikibano caracanyemwo kuburyo bukomeye, umubanyi acanamwo na mugenzi wiwe atâ cămira, amashengero yiremamwo ibice bidashimiyiye ku vyizerwa, ariko bishimikiye ku moko. Igihe intambara yahagarara, impunzi nyinshi zasigaye ata nzu zifise kandi ata n'ivyizigiro zifise.

Mu mwaka w'2007, Ishirahamwe Mpuzamakungu rijejwe Impunzi ryimuye Abarundi b'impunzi bashika ku bihumbi icenda bari muri Tanzania ribajana mu bisagara bitandukanye vyo muri Leta Zunze Ubumwe za Amerika. Naho ico ari igitigiri gitoya ugereranije n'ibihumbi vyinshi vy'abanyagihugu n'abana bavyaye kuva ico gihe, ako kigoro ko kubimura kari gafise intumbero yo gutanga amahirwe y'intango nshasha kuri bamwe. Mu gihe c'amezi 15, abo Banyafrika bimuriwe mu bisagara nka Atlanta, Phoenix hamwe na Des Moines. Abandi ibihumbi vyinshi bashikiye muri Fort Worth, hanyuma mu kwezi kwa Myandagaro, mu mwaka w'2009, ni ho bamwe baje kw'Ishengero rya Central Bible.

Inkuru y'Amashengero Abiri

Abagize urwego rw'Uburungozi bw'Ishengero ryacu bariko barumviriza mu gacerere mu gihe abo bashitsi bacu bariko bashikiriza inkuru z'urwo rugendo rwabo. Hisunzwe iyo nkuru iteye umubabaro y'abantu bari barahuye n'ingorane z'agahomerabunwa nk'uko, ntitwari tuzi yuko ivyo twārāba nk'imigani mu marérēsi ya Hollywood bishobora kuba ukuri kuri bamwe. Ni ho twibaza tuti: Nk'ishengero tworeka gute kubākira abantu nk'aba mw'icumbi rishasha? Mu mwaka ukurikira, abantu bangana 150 bagizwe n'abagabo, abagore hamwe n'abana batanguye gukoranira hamwe mu materaniro yabo basenga mu mico yabo, imisi yose ku w'Imana ku muhingamo. Ishengero Central Bible ryarerekanye urukundo kuri abo bashiki na basaza bacu mu bintu vyinshi bari bakeneyemwo imfashanyo.

Ubwa mbere, Ishengero ryatanguye kubaronsa "Ibintu vya nkenerwa" mu gutanga ibintu bibafasha mw'isuku hamwe n'ibintu bikoreshwa i muhira ivyo igisata gitanga imfashanyo muri Reta Zunze Ubumwe za Amerika zidatanga, hamwe n'ivyigwa vyerekeye isuku n'amagara meza. Kw'iyinga kw'iyinga abanyeshengero barazana ibikoresho nk'isabuni, isabuni zo kwoga mu mutwe, amasabuni yo kumesa, hamwe n'imiti yo kwiwugumura, turabigabira bagenzi bacu b'Abanyafrika. Ica kabiri, abantu batari bake bo kw'Ishengero rikuru baciye ku ntambuko zisabwa kugira bahinduke abarimu bafitiye uruhusha kwigisha ivyigwa vy'Icongereza vyitwa "ESL". Barashizeho Ishure ry'Icongereza. Bahura kabiri mu ndwi kubigisha Icongereza kugira ngo bagenzi bacu bashobore kuronka ubwenegihugu bw'Abanyamerika. Ica gatatu, Ishengero ryacu ryarabitayeho mu vya nkenerwa bigaragara, mu kubaronsa ibikoresho vy'ishure, kubaha amashakoshi uko umwaka w'ishure utanguye, n'ingabire ku bana mu gihe ca Noweli. Ica kane, twatanguye kuraba ingene tumenyereza abana b'Abanyafrika bavuga icongereza mu bikorwa vy'abana ku musu w'Imana mu gitondo, n'ibikorwa vy'abanyeshure kugira tubacire inzira yo kwinjira mu muco w'Abanyamerika. Ica gatanu, bamwe mu bagize umugwi w'abakenyezi kw'Ishengero ryacu batanguye kwegeranya ibintu vyo muhira- ibitambara vyo kwihanagura, amasafuriya, amasahani, indobo, impuzu, amatara, n'ibindi, bigahabwa impunzi yose igishika.

Ica nyuma, naciye ntangura guhura n'inararibonye ari bo bajenama bo muri iryo shengero rishasha kugira menye ivyo bakeneye kugira ngo bige ibijanye na Bibiliya hamwe n'ubumenyi ngenderwako mu burongozi.

Ni kuri iyi ntambuko na bonye ko nkeneye imfashanyo.

N'aho nari maze imyaka ihakwa gushika ku 25 nigisha ivy'uburongozi, nari natahuye uburongozi ingene bugenzwa muri Amerika gusa. Ariko, abavukanyi banje bo muri Afrika b'igendera mu burongozi barazwe n'abakoroni hamwe n'imigenzo yo mu bwoko bwabo, ntibagiye uruvange rw'inyifato zijanye n'imigenzo ifitaniye isano n'ikanguro ry'igipentekoti, hamwe no kwumira ku vyagezwe. Muri rusangi bari bitunganije mu burongozi ntwazamukazo no gukurikiza amategeko ku nguvu ata co ubajije. Haciye igihe, naciye nsanga twôhâna intererano kugira ngo amakoraniro yacu ahinduke Ishengero ryizera kumwe mu ntumbero yo kuronka Ishengero rifise ubuzima.

Mu mahirwe nagize ico gihe, nari mfise ubutunzi mu buryo bubiri. Méthode Bigirimana ntiyari umusobanuzi mwiza gusa, ahubwo yari n'umuhanuzi w'ubwenge. Nk' umuvugizi akaba n'umusobanuzi yakora mu bitaro biri aho abo bantu bivuriza muri iyo micungararo, yari amaze gusobanukirwa neza amananiza hamwe n'ivyo benewabo batarashobora kugira bashobore kumenyera ico gihugu gishasha. Méthode yabaye umugenzi mwiza hamwe n'umuntu dufadikanya mu bikorwa. Ubwa kabiri, nashoboye kumenyana na Dr. Celestin Musekura, Umukuru akaba n'uwatunguye Ishirahamwe Nyafrika Rytayeho Uburongozi N'Ukunywanisha Abantu, mu Congereza rikaba ryitwa "African Leadership And Reconciliation Ministries (ALARM)". Twahuriye i Dallas aho ibiro vyawe biri, ndamusaba ko yokoresha ubumenyi bwiwe kugira ngo afashe iryo shengero ryacu rishasha. Celestin yaratwigishije ibintu bishasha kugira tumenye ibijanye n'akaranga k'Abanyafrika; aduha akaryo ko kubandanya dutera tuja imbere.

Ubutumire bwo Kurengana Imbibe

Tumaze umwaka dukorana bisanzwe, hamwe n'imyaka itatu Ishengero ry'Abanyafrika ryitwa ReGenesis (Kuvuka ukundi gusha) ritanguye gukoranira ku rusengero rwacu, Celestin yantumiye kugira

mfatanye na ALARM mu kwigisha abarongozi bo muri Afrika. Turiko turasangira ivyo kurya vyo ku mugoroba, nabasobanuriye ingene Ishengero ryacu Central Bible rifise icitegererezo ryisangije mu buryo bwo gukora, n'ingene ivyiyumviro vyacu bishobora kwunganira Ishengero iryo ari ryo ryose. Iki citegererezo citwa "Inzira yo mu buryo bw'impwemu". Nguko uko Ishengero ryacu "rikora": Biciye mu ntambuko zitatu, turiko tujana abantu mu nzira ibashikana ku kubaho ubuzima bwamamaza Ubutumwa Bwiza. Nabasobanuriye yuko nari nigishije ubu buryo mu gihugu ca Espagne abanyeshure bo mw'Ishure rikukira Ekleziya Katolika, hamwe n'abarongozi b'amashengero mu Bushinwa. Celestin yarumvirije neza cane insobanuro zanje mu bwitonzi, mpejeje aca arambaza ati: "Ni kuki amashengero yo muri Amerika adakoresha ubu buryo? Burumvikana kandi burikwije". Aca arongerara arabaza ati: "Urashobora kwigisha abapasitori bacu muri Afrika iyi nzira? Ni wabikora tuzoba turiko turahindura ingene Ishengero rikora kw'isi yose." Ng'uko uko ugukorana kwacu nyezina kwatanguye.

Mu kwezi kwa Ruheshi 2013, nafatanije urugendo na Celestin i Gitega mu Burundi- imwe mu ntara zo hagati muri ico gihugu yabayemwo intambura muri 1972, duhura n'abapasitori 40 mu nyigisho nkarishabwenge. Mu misi 5 twamaze turi kumwe, naberetse intambuko zisanzwe zōkwisūngwa kugira ngo imfatiro zitari zo zerekeye ivyitezwe ku abakozi b'Imana no mu mashengero zikurweho, maze zisubirizwe n'umushinge ukomeye ufatiye kw'Ijambo ry'Imana. Urwo ruganda rwarabaye urw'ingirakamaro cane ku burongozi bwa ALARM n'abari baje muri urwo ruganda, ku buryo twaciye dutangura kwiyumvira itunganywa ry'inyigisho nkarishabwenge incuro nyinshi mu mwaka.

Maze gutahuka i muhira, naciye ntangura kugira integuro yo kugwiza ubushobozi bw'inyigisho zanje. Asangwa tugomba gukora amahugurwa menshi mu mwaka, twaca twitegurira kugira n'abandi bashobora kwigisha ivyo vyiza uko bikwiye. Naciye mpindukirira abanyeshure batari bake bari bahejeje kuronka impapuro z'umutsindo z'umwaka wa mbere mu vyigwa vya Bibiliya nigishije kw'Ishengero ryacu. Nca mpitamwo abantu atari abigisha gusa; ahubwo "babaho" ubuzima bugaragaza ivyo bigisha. Mu mezi atandatu, nateguye umugwi w'abigisha 12. Bamwe ntibari bwigere

bava mu buraruko bwa Reta Zunze Ubumwe za Amerika n’umusi n’umwe, hanyuma mu kwezi kwa Nyakanga 2014, batatu muri twebwe barasubiye i Bujumbura mu Burundi kurōngōra inyigisho nkarishabwenge zacu za kabiri

. Hacye amezi atatu, abandi batatu bigisha ivyo vyigwa nyene i Gitega. Mu kwezi kwa Nzero 2016, batanu muri twebwe bamaranye igihe n’abarongozi bo mu Rwanda b’Ishirahamwe ALARM, bigira hamwe ibizoba bigize iki gitabu. Iki gitabu kiza kiri mu Bushinwa, Cuba, kandi mu misi iheze hariho n’umupasitori wo mu Buhindi ariko arasaba Igitabu c’Inzira y’Impwemu kugira gisobanurirwe Abarongozi b’amashengeru aho mu Buhindi. Ukugwizwa kw’iki gitabu kurabandanya.

Igitabu kirabonetse

Nari natumiwe mw’ikoraniro ry’abanyeshure mu gasagara katamenyekana kitwa Vosu, mu gihugu ca Estonia, mu gihe c’urushana mu mwaka w’1995. Ico gikorwa giheze, umugwi twarimwo wari usubiye mu gisagara kugira twitegurire urugendo, Uwurongoye ico gikorwa muri ico gihugu aca avuga ngo: “Ivya nkenerwa vyose vyiza vyuzuyemwo ubutunzi mu gikorwa c’Imana biguma muri Amerika”. Nacishijwe bugufi n’ukwo kuri nibutse ko mfise ahantu nsomera hari ibitabu amajana birimwo insobanuro, Kazindūzi, ibirimwo insorongoro z’amajambo mu buryo buramvuye, hatibagiwe ibitabu bivuga ku burongozi, ivyo kwigisha guhindura abantu abigishwa, hamwe n’ibirimwo inyigisho menyeshamana vyanditswe n’abahinga karuhariwe bāzwí ku rwego mpuzamakungu. Gereranya ubu butunzi buri muri ibi bikoresho uce uraba mu bubiko bw’aba pasitori b’ibihugu biri mu nzira y’amajambere. Celestin yavuze ko abapasitori benshi muri Afrika bashobora kuronka igitabu c’Insobanuro ya Bibiliya kimwe, canke mbere ntibaronke na kimwe, mu gutegura insiguro zabo. Nta bitabu bafise bisunga mu kwigisha uburongozi canke mu kwigisha ivyerekeye guhindura abantu abigishwa.

Ni co gituma iki gitabu canditswe.

Iki gikorwa ubwa mbere na mbere si ic’abapasitori b’Abanyamerika, naho benshi bazosanga gikenewe. Kino gitabu citwa *Ishengeru Ritera Intambwe* kirimwo inkuru y’imvaho igizwe

n'itororokanirizo ry'inyigisho nkarishabwenge twatunganije mu mihingo itandukanye y'isi yose n'umwete wacu wose kandi canditswe kugira ngo gifashe abapasitori bo muri Afrika, Ubuhindi, Cuba, Ubushinwa, n'abandi bapasitori bo mu yindi mihingo y'isi kugira ngo kibafashe kurōngōra amashengero yabo. Iki gitabu ntigisubirira Ivyanditswe Vyera. Ariko rero, nizera ko inzira y'impwemu ivugwa hano itanga umuco ku ngingo ngenderwako ntabāndūka dusanga muri Bibiliya. Vyongeye, ndizera ko kino gitabu kizoba igikoresho kizofasha abarongozi b'amashengero mu buzima bwabo ku buryo babaho, bakigisha kandi bakagendera mu nyigisho za Bibiliya kugira ngo amashengero afise ubuzima bwiza ashingwe ahantu hose.

Igice ca mbere kivuga ku muhamagararo w'umupasitori, umwitwarariko wiwe n'ico yatumwe. Ibibazo shimikiro bidasanze ni ibi: Guhamagarwa n'Imana mu gikorwa cayo ni ukuvuga iki? Mbega ni gute umupasitori amenya ko ariko aratera imbere mu buzima bwiwe bw'Impwemu muri icyo gikorwa? Ni ibihe bikorwa ntabāndūka umupasitori yahawe nk'umwungere w'ubusho canke w'umukuku ajejwe? Abarōngōzi mu gikorwa c'Imana bategerezwa gutahura ibi bintu vy'urufatiro kugira ngo bashobore kurōngōra neza amashengero.

Igice ca kabiri c'iki gitabu kiraba ku mutwe w'amajambo wagutse w'Urugendo rw'Impwemu. Tuzosuzuma twitonze ku ntambuko yose yo Kuba inyegu, Guhinduka, no Kurengana imbibe - amajambo atatu azorushiriza gusobanurwa neza cane muri icyo gikorwa. Mu gace ka nyuma ka kino gihimba, abasomyi bazokwiga "intambuko zikurikira" bocako kugira ngo bafashe amashengero yabo gukura mu buryo bw'Impwemu ku rundi ruze, no gukora neza ibikorwa vyabo. Igice ca nyuma cyumviriwe kugira ngo kimenyeshe abapasitori izindi ntambuko bocako kugira ngo bashobore gukoresha Iyi Nzira y'Impwemu mu mashengero yabo.

Mu mpera y'ikigabane cose harimwo igice kivuga ngo "None twokora iki?" Iyo ncamake yiyumviriwe kugira ngo ifashe abapasitori kwiyumvira kw'ishirwa mu ngiro ry'ivyo bahejeje gusoma. Mbega iyi nkuru ifasha umurongozi w'igikorwa gute? Mbega ubudasa igira kw'Ishengero ryanje ni ubuhe? Koresha ibibazo vyiswe "Tera Intambwe Ikurikira" mu kwiyumvira ku buzima

bwawe hamwe no mu kwikaririza ubwenge wewe ubwawe. Intumbero y'iki gitabu ni ugufasha umusomyi waco kugira ngo ashobore gukora neza ibikorwa vy'Ubutumwa Bwiza.

Ni wazingurura uru rupapuro, uzoba utanguye urugendo ruzogufasha mu buzima bwawe, mu burongozi, no mu gikorwa c'Imana. Isengesho ryanje ridasanzwe ni yuko Imana yokoresha kino gitabu ndanganzira mu guhinduka kw'umutima wawe no mu guhindurwa kw'aho ubaye. Ababanyi bawe n'amahanga bazohezagirwa mu gihe Imana izoba iriko aragukoresha intambuko imwe ku yindi.


Icubahiro Cose Ni Kibe Ic'Imana

David Daniels

Nyakanga, 2016



UMUPASITORI



UMUHAMAGARO W'UMUPASITORI

*“Akazi kawe ni ico uhemberwa maze ukagikora;
Umuhamagaro wawe ni ico waremewe gukora.”*

Dr. Howard Hendricks

Naronse urupapuro rw’umutsindo muri Kaminuza mu mwaka 1988 mw ishure ya Graphic Design ako kanya nca ngenda kurondera akazi gahwanye nivyho nari narize. Nderekana impapuro ndangabumenyi n’ibicapu vy’akarorero vyerekana ubuhinga bwanje-mu mashirahamwe atandukanye, kugira ngo ndabemeze ko nkwije ibisabwa vyose ngo ndonswe akazi mu mashirahamwe yabo. Mu gihe gito, ubumenyi bwanje bwarandonkeje akazi, nca ntangura akazi kanje ko gucapa. Haciye umwaka, nca ndonka akandi kazi gafise akarusho, kuko ubuhinga nari mfise bwari bumaze kwiyongera, nca nduga ingazi mu kazi nja mu kindi kibanza c’iteka. Uko ni ko bisanzwe bigenda ku bantu bakorera mu rwego rw’urudandazwa canke mu bundi buzi butandukanye.


Ariko si ko bimeze ku bari mu gikorwa c’abapasitori.

Umupasitori si we agenda kurondera igikorwa, igikorwa ni co kimurondera. Urugendo rw’umupasitori mu gikorwa rutangurwa « n’umuhamagaro » w’Imana. Imana itoranya abantu bamwe bamwe ikabashira ku ruhande kugira ngo bakore igikorwa c’umuhamagaro. Ibi bisigura ko abapasitori bashoboye atari bo ba mbere babikwiye. Imana ni yo ibahitamwo hanyuma igaca ibashoboza mu muhamagaro wabo. Iki ni igikorwa c’Imana nsigabwenge, kidashingiye ku kigoro k’umuntu, ubwenge, ubumenyi canke

ubuhinga. Kugira ngo dushobore gutahura akamaro k’umuhamagaro w’umupasitori, dutegerezwa kugira ubushakashatsi ku vyo Bibiliya itwigisha ku vyerekeye ico ciyumviro gihambaye.

Uguhamagarwa n’Umwami

Ubwa mbere, dutegerezwa kumenya itandukaniro riri hagati yo “Guhamagarirwa kwizera” hamwe no “guhamagarirwa mu gikorwa”. Guhamagarirwa ukwizera ni igikorwa gikomeye ca Mpwemu Yera gishimikiye ku kwugurura ubwenge bw’ umuntu, kugira atahure ukuri kwo mu buryo bw’Impwemu, kunyiganyiza imitima kuyemera kubwo ukwizera hamwe no kwihana. Kuva kera, Abakristo beshi uwu muhamagaro bawufata nk’uko ari umuhamagaro utuma imitima yabo ihuzagirizwa ivy’Imana. Umuhamagaro wo kwizera ni umutahe w’ Umwami. Muri uwo mutaha Imana ihamagarira umutima kwakira ubugingo budashira. Nkuko Yesu yahamagara abantu ngo bamukurikire nk’abigishwa biwe, uko ni ko Imana Ihamagara abantu basanzwe kwinjira mu migenderanire n’Umwana wayo. Vyongeye, nk’uko Yesu yahamagaye Razaro ati: “Sohoka” ‘uve mu rupfu uje mu buzima’ - (Yohana 11:43)- uko ni ko Imana ihamagarira abapfiriye mu vyaha mu buzima bushasha muri Yesu Kristo.



Paulo arashingira intahe ubu butumwa bw’uwu muhamagaro mu ntango y’Ikete yandikiye Abaroma:

Ni we yaduhesheje ubuntu no kuba intumwa kubwo izina ryiwe, kugira ngo mu mahanga yose habemwo abumvira Imana, babiheshwa no kwizera: kandi namwe muri muri bo, mwahamagariwe kuba aba Yesu Kristo: ndabandikiye mwese muri i Roma, mukundwa n'Imana, mwahamagariwe kuba abera. Ubuntu bube muri mwebwe n'amahoro, biva ku Mana, Data wa twese, no ku Mwami Yesu Kristo.” (Abaroma 1:5-7)

Abakristo b'Abaroma bari barahamagariwe n'Imana kuba inyegu za Yesu. Kandi Paulo yari yahawe igikorwa co guhamagara benshi mu banyamahanga batazi Imana kugira ngo na bo bamenye Yesu. Intumwa Petero aratomora neza iki ciyumviro mu gihe avuga ngo *“Ariko mweho muri ubwoko bwātōranijwe, mukoraniye kuba abami n'abaherezi, muri ihanga ryera, abantu bāshiriwehō kuba inyegu yihariye, kugira ngo mukwize ishimwe ry'Iyabahamagaye, ikabakūra mu mwiza, ikabashitsa mu muco wayo utangaje.”* (1 Petero 2:9). Imana yarerekanye umuco w'isi- Yesu- mu mitima yacu mu ntumbero yo kudosohora mu mwijima w'icaha no kutwinjiza mu muco mwiza w'agakiza.

Hariho ibintu bitatu vyerekana ukudatahura kw'abantu ku vyerekeye umuhamagaro wo kwizera. Ubwa mbere, abantu bibaza ko uyu muhamagaro watanze ku bantu bose- yuko umuntu wese afise ibakwe ryo kuronka agakiza- ariko ni baze bizera ivy'impwemu. Muri Matayo²², Yesu yigishe umugani w'umwami yatumiye abantu ku musi mukuru w'ubukwe bw'umuhungu wiwe, awuheraheza avuga ngo *“Kuko abatowe ari benshi, ariko abatoranijwe bakaba bake”*(Matayo 22:14). Ibi vyatumye abantu biyumvira ko hariho umuhamagaro rusangi w'agakiza. Ariko mu Butumwa Bwiza nk'uko bwanditswe na Yohana 10 handitswe yuko yesu ari umwungere mwiza ahamagara *“intama ziwe”* mu mazina kandi azijana hanze kuziragira (umurongo 3). Abagize umugwi w'intama ziwe vy'ukuri *“barumva ijwi ryiwe”* (umurongo 16) Bagaca bifatanyaga n'umukuku wiwe. Nta n'umwe ashobora kuza kiretse Imana ibahamagaye (Yohana 6:44), kandi abo baza nta co baba, bībērahō mu mutekano (Yohana 6:37) Mu buryo bw' Impwemu, abantu ntibashobora guhitamwo Imana kubwabo, Imana ni yo itegerezwa kubahitamwo ubwa mbere. Abo Imana ihisemwo irabahamagara. Kandi abo ihamagaye barumva ijwi ryayo bakayikurikira.

Asangwa uku kudatahura kudakosowe, kuzoca kutujana ku kudatahura kwa kabiri. Namba umuhamagaro w'Imana ari rusangi, aho rero igikorwa c'agakiza coca citirirwa abantu mu gishingo c'Imana. Agakiza gaca kaba igikorwa c'ugufata ingingo kw'umuntu, mu nkomezi z'umuntu hamwe no kubwo ukugomba kw'umuntu. Ariko Yohana yanditse ati: *"Ariko abamwakiriye bose yabahaye ububasha bwo gucika abana b'Imana, ni bo bizeye izina ryiwe, ni bo batavyawe n'amaraso, canke n'ukwipfuzwa kw'umubiri, canke n'ukwipfuzwa kw'umugabo, ariko bavyawe n'Imana"* (Yohana 1:12-13)

Umuhamagaro w'Imana ku gakiza ntushingiye ku kintu na kimwe umuntu yakoze. Ahubwo ni uguhitamwo kw'Imana n'umuhamagaro wayo bishingiye ku buntu bwayo butangaje. Paulo yigishije Timoteyo ngo *"Nuko ntugire isoni zo gushingira intahe Umwami wacu, canke izanje imbohe yiwe. Ariko ufatanye nanje kwihanganira imibabaro kubwo ubutumwa bwiza, nk'uko ubushobozi bw'Imana bugushoboza, yadukijije, ikaduhamagarisha umuhamagaro wera, udatewe n'ibikorwa vyacu, ariko utewe n'uko yabigabiye ubwayo, kandi utewe n'ubuntu bwayo, twaherewe muri Kristo Yesu ibihe vyose bitaraba"* (2 Timoteyo 1:8-9). Agakiza ni impano tudakwiye twahawe n'Imana ku buntu mu kwizera (Abanyefeso 2:8-9).

Ukudatahura kwa gatatu, kwerekeye umuhamagaro wa mbere w'Imana aho ugera. Umuhamagaro w'agakiza nturangirira ku ntango y'ukwihana kwacu. Utangurwa n'ukwizera gushikana umuntu ku gakiza, ariko ugaca ubandaniriza mu buzima bw'impwemu bw'umuntu, ugaca urangiriza mu bwiza bw'iherezo. Mu gihe umubaji ahamagariye umuhungu mutoya kumwigisha umwuga, aca amwita umubaji, ariko akazokwama amugira umubaji imisi yose. Uwo mwigishwa aca atangura kwiga urudandazwa rw'imbaho akabandanya agira ubumenyi kugeza naho akukuruka muri urwo rudandazwa. Uko ni ko bigenda no mu buzima bw'impwemu.

Ntitwahamagariwe ubuzima busha muri Yesu ubwa mbere gusa (Yohana 10:3), ariko twahamagariwe ubuzima bubandaniriza muri Yesu (raba Abagalatiya 5; Abanyefeso 4:1, Abakolosayi 3:15; 1Ab'i Tesalonike 2:12). kubwo ivyo, ntidukekeranya ko Imana izorangiza umuhamagaro yatanguje muri twebwe, Paulo abivuga nk'ivyamaze kuba: *"Abo yatoranije kera, yarabahamagaye; abo yahamagaye (Imana),*

yarabatsindanishirije; abo yatsindanishirije, yabahaye ubwiza" (Abaroma 8: 30)

Mu ncamake, umuhamagaro w'umupasitori utangurira ku guhamagarirwa ubwa mbere ukwizera, Imana igaca ihitamwo mu buryo bw'igitangaza abo yahamagaye. Nta kigoro k'umuntu kabamwo, ariko ni ubuntu butangaje Imana itanga. Uyu muhamagaro uvyura abapfuye, wugurura amaso y'impumyi ukabohora imbohe kugira ngo umuntu atizera ashobore kubaho, abone, kandi yidegemvye, nk'umwana w'Imana. Iyi niyo ntango y'ubugingo bidashira.

Guhinduka umukozi w'Imana

Umuhamagaro w'umukristo mu gikorwa, ni umuhamagaro ugira kabiri uba inyuma y'umuhamagaro w'agakiza. Tubivuze muri rusangi, umukristo wese ahamagarirwa gukorera Imana mu buzima bwiwe. Ico gikorwa si ikinyegezwa cagenewe abapasitori b'Ishengero. Umukristo wese ni intumwa ya Yesu- ni umwigishwa abaho ubuzima nk'ubwo Yesu yabayeho, mu kwitanga akorera abandi (Mariko 10:45, Yohana 13: 14). Umuntu wese akurikira Yesu ahamagarirwa guhindura abandi abigishwa ba Yesu (Matayo 28: 18-20), kwigisha abandi (Abakolosayi 3:16), kwerekana urukundo ku barwaye (Matayo 25:31-46), gufasha abakene (Luka 12:33), gufasha abapfakazi n'impfuyi (Yakobo 1:27), kuvuga ubutumwa kw'isi yose (2 Abakorinto 5:18-19), gusengera abandi (Abanyefeso 6:18) hamwe no gukoresha ingabire za Mpwemu mu kwubaka Ishengero (1 Abakorinto 12:1-11). Umukristo wese afise ikibanza c'"Umuherezi" (1 Petero 2:9) mu gukorera Imana. *"Kuko turi ibiremwa vyayo, twaremewe muri Kristo Yesu ngo dukore ibikorwa vyiza, ivyo Imana yateguye kerea ngo tubigenderemwo"* (Abanyefeso 2: 10), kandi asangwa turya canke tunywa canke ico dukora cose, dutegerezwa kugikora kubwo icubahiro c'Imana. (1 Abakorinto 10:31)

Uburyo hamwe n'ikibanza umukristo wese ashirira mu ngiro uwu muhamagaro biratandukana ku muntu n'uwundi. Raba ubutandukane bw'imihamagaro mu gikorwa muri Bibiliya:

- Aburamu yahamagawe kugenda ahantu Imana izomwereka hanyuma akaba se w'abayuda (Itanguriro 12:1)

- Mose yakiriye umuhamagaro uvuye ku Mana mu bugararwa, biciye mu gisaka c’umuriro, imuhitamwo nk’umucunguzi azokura abantu b’Imana muri Egiputa (Kuvayo 3)
- Mu gihe c’abacamanza, umwami yatumye abarongozi nka Otiniyeli, Ehudi, Debora, Gideyoni, Yefuta na Samusoni kugira ngo batsinde abansi b’Imana.
- Naho Samweli atabimenye, Dawidi yari yatoranijwe n’Imana kuba umwami wa kabiri muri Isirayeli (1Samweli 16).
- Inkuru ya Esiteri ni igicapu ciza c’umukozi mu kibanza c’i bwami *“mu gihe gisa n’iki”* kugira atabare abantu b’Imana (raba Esiteri 4:14).
- Umwe-umwe wese mu bavugishwa yarobanuriwe ibikorwa azokora, mbere n’imbere y’uko bavuka (Raba Yeremiya 1:5)
- Umumarayika yatangarije Mariya yuko azoba *“umukozi w’Imana”* mu kuvyara Umwana w’Imana. (Luka 1:26-38)
- Intumwa yose yahamagawe na Yesu mu buryo budasanze guheba ibikorwa vya misi yose ngo *“Ni munkurikire”* (Matayo 4:19)
- Intumwa Paulo yahuye na Yesu ari mu nzira agiye guhama Abakristo, arahindukira, aca ahabwa igikorwa n’Imana co kuvuga Inkuru nziza mu banyamahanga (Ivyakozwe n’Intumwa 9:1-19). Kenshi cane Paulo yivuga nk’*“uwahamagariwe kuba Intumwa”*. Mu majambo asa n’ayo ari mw’ikete rya kabiri yandikiye Timoteyo 1:11 avuga ati: *“Ubwo butumwa nabushiriweho kuba umuvuzi wabwo, n’intumwa n’umwigisha”*.

Biciye mu mabango menshi, mu bihe bitandukanye, mu bibanza bitandukanye, Imana yahamagaye abantu kugira ico bakoze mu mugambi wayo wo gucungura. Ni ko bimeze no muri iki gihe, Imana irafise umuhamagaro ku bugingo bw’umukristo wese wo kumuha igikorwa kanaka – nk’uko vyagenze ku barongozi bakomeye bo muri Bibiliya— mw’irangurwa ry’umugambi wayo rusangi. Bamwe bahamagariwe kuba abigisha kugira bigishe urunganwe ruzokurikira. Abandi na bo bahamagarirwa mu buvuzi guserukira ubushobozi bukiza bw’Umwami. Abandi bahamagariwe kuba abakozi ba Reta kugira ngo bagire ico baterereye muri politike no

kurongorera ikibano mu mahoro n'iterambere. Abandi na bo bakaba bashobora guhamagirwa gukora ibikorwa vyo mu kibano nko kwitwaririka abafise intege nke n'abakene. Nta muhamagaro utagira akamaro imbere y'Imana. Igikorwa cose, canke ikibanza cose gicika nk'ikibuga umukristo amenyekanirizamwo Imana mu karere aherereyemwo. Inyandiko imwe izwi neza iri mu buryo butandukanye ingene ibihe vyagiye bikurikirana ivuga iti "Imana iguhamagariye gukubura amabarabara, ntukigereke ivyo kuba umwami." Mu yandi majambo, ikibanza nyaco ku mukristo ni ukuba aho Imana imugomba nyezina.

Nk'uko Imana ihamagarira abantu bayo mu bibanza bidasanze bitandukanye, ni na ko ihamagarira abandi mu bikorwa vy'umuhamagaro. Ibi ntibisobanura ko abapasitori n'abandi barongoye b'ibikorwa bafise akamaro gusumba abandi, ariko ni uko umuhamagaro wabo udoma ku ntumbero yerekeye igikorwa c'Ubutumwa Bwiza. Ku vy'ukuri, uwu muhamagaro muri iki gikorwa kidasanzwe usaba ubwitonzi bwinshi, ni umwitwarariko udasanze; ni igikorwa kirimwo imitwaro myinshi, ariko kandi cāma ivyamwa vyinshi. Kubera iyi mpamvu, Paulo yanditse ati: "Umuntu (umupasitori) niyagomba kuzezwa Ishengero, aba yipfuye igikorwa ciza" (1Timoteyo 3:1)

Uwu muhamagaro udasanze mu gikorwa w'abapasitori ni wo tuzokwihweza mu gice gisigaye ca kino gihimba.

"Imana yarampagaye"

Ku mupasitori, si nkenerwa gusa gutahura yuko Imana ihamagara, ariko kandi kumenya ingene ihamagarira umuntu mu gikorwa. Kenshi abantu bavuga bati "Imana yampagaye" itigeze ibahamagara. Mu gihe Bibiliya irimwo imuhamagaro iteye ubwoba (Igisaka gisha, kwumva ijwi mu ndoto, kwerekwa ivyo mw'ijuru, n'ibindi...), Umuhamagaro usanzwe urangwa n'ibintu bibiri vy'urufatiro:

Ubwa mbere, umuhamagaro w'igikorwa c'Imana utangurira kw'ishaka canke ku gusunikwa kw'imvamutima kubera imbere mu muntu, mu mutima wiwe. Werekeye umuntu ubwiwe (urîsa), ni uw'impwemu (suw'umubiri) kandi urashitira n'ibigumbagumba vy'umuntu (utera umuntu kwumva arêngewe n'ishaka ridasanzwe).

Ni co gituma abantu bamwe bafata umuhamagaro w’umuntu nk’uko ari ukugôbërwa canke ugusunikwa mu mutima canke “nk’umuriro uturira mu mushaha”. Ibintu umuntu yumva bimusunika biva imbere muri we bivuye ku Mana, akumva umengo aragoberwa ngo genda ukore canke ugire ico uvuze. Kubwo iyi mpavu, imigenderanire y’umuntu n’Imana muri ako kanya iba ikenewe cane mu gufata ingingo kuko umuntu aba akeneye kumenya uburongozi bw’Imana, n’ugukura mu mpwemu kumutera umwete wo gutera intambwe mu kwizera. Umukristo adakuze mu Mpwemu ashobora kutamenya ijwi ry’Imana canke akirengagiza umuhamagaro w’Imana kubera ubwoba.

Iyindi ntambuko mu vyerekeye umuhamagaro yerekeye ivyemezo bisuzumishijwe ubwenge ata guhengama. Mu gihe umuntu yumva ko hari ico Imana “yashize ku mutima wiwe” biciye mu gusunikwa yumvise imbere muri we, ategerezwa kuronka icemezo c’umuhamagaro w’Imana biciye mu bipimo vyinshi bigaragara inyuma. N’aho ibipimo bikurikira atari vyo vyemezo kanuni vyerekana ko umuntu yahamagawe, birashobora gufasha abizera (n’abandi babakikuje) kugira ubushizi bw’amanga bukomeye mu mihamagaro yabo. Imana yemeza umuhamagaro wayo muri izi nzira zikurikira:

1. Kugira ivyemezo biva mw’ijambo ry’Imana: muri 1 Samweli 3, Imana yavuganye n’urya muyabaga w’umuhungu biciye mw’ijwi ryumvikana, ariko vyemezwa biciye mw’ijambo ry’ubuvugishwa, ryahavuye rishika. Mu yandi majambo, ukugenderwa kudasanzwe kwa Samweli kwateweko igikumu n’ukuronka ijambo rivuye ku Mana. Uno musu, turafise ihishurirwa ryuzuye muri Bibiliya. Ikintu cose “kidudubiriza” muri twebwe twiyumvira ko kiva ku Mana, gitegerezwa kuba gihuye imisi yose n’ijambo ryayo. Nta na rimwe Imana izokwigera ihamagarira umuntu gukora ibivuguruza ukuri kwayo kwahishuwe. Nta na rimwe.

2. Ukwemera impanuro z’abantu b’Imana: Imana yahamagaye Dawidi biciye muri Samweli. Yahamagaye Elisa biciye muri Eliya. Yahamaye Timoteyo biciye muri Paulo. Kenshi na kenshi Imana irakoresha abantu bayiserukira basigiwe amavuta gufasha abandi,

kugira ngo bifashe abantu gutahura neza imihamagaro yabo. Kubwo iyi mpamvu, ni ngirakamaro cane yuko umukristo wese agira umuntu amufasha mu mpwemu- umuntu amuzi neza- kandi bafatanye urugendo rurerure- umuntu ashobora gutandukanya mu bwenge umuhamagaro w'Imana n'imigambi y'umuntu ku giti ciwe canke ivyiyumviro bipfuye. Nk'uko Mu migani 15:22 habitwemeza, "Ahatagira inama imigabo irapfa, Ariko mu bajanama benshi irakomera".

3. Ibitangaza vy'Imana bidasanze: Imana yama yemeza umuhamagaro wayo biciye mu bikorwa bimwe bidasanze biza bimeze nk'igikumu kamaramazinda c'Imana. Dawidi amaze kwimikishwa amavuta nk'uwuzoba umwami w'Abisirayeli, yarashoboye kunesha ikigatanya Goliyati. Esiteri amaze guhamagarirwa gukiza abantu bo mu bwoko bwiwe, Imana yamuhaye ugutoneshwa n'umwami mu buryo budasanze. Umuhamagaro wa Gideyoni wemejwe biciye mu kime caje mu bwoya bw'intama nk'uko yari yabisavye Imana nk'ikimenyetso. Petero yabonye abantu ibihumbi bitatu bihana igihe yigisha ku musi wa pentekote.

Igihe nari nimirije kuronka urupapuro rw'umutsindo muri kaminuza y'Inyigisho Menyeshamana, narakoze ikibazo mw'Ishengero rimwe hanyuma ndonka igikorwa co kuba umupasitori w'urwaruka. Namenze neza ata mazinda yuko Imana yariko impamagarira gusubira mu gisagara tuvukamwo twe n'umuryango wanjye. Inyuma y'aho bampamagaye hakoreshajwe telefone bamenyesha yuko ico gikorwa ndakironse, twahuye n'inzitizi ikomeye cane: twari dufise inzu kandi ntitwashobora kugenda tutayigurishije. Umusi ukurira, umugenzi umwe yaraje kuturaba tumwiganira inkuru nziza y'akazi twaronse. Aca anyishura adateye ambaza ati "Muzoca mugurisha iyi nzu yanyu?" tuti Ego cane, ni vyo twipfuzaga. Arongera kuvuga ati, " Asangwa mukeneye kuyigurisha, ndipfuzaga kuyigura." Iyi nyishu tutari twiteze yemeje yuko Imana itariko itwereka inzira gusa, vyongeye yariko iducira inzira.

Ukwemezwa n'Imana kwerekeye ico Iduhamagarira gushobora kugaragarira mu kwuguruka kw'imiryango n'ukuronswa amahirwe

adasanzwe, uguhura n’abantu bashobora kugushikana ku co wipfuza, uguhabwa imfashanyo yo gushigikira umugambi mu buryo bwihuta n’umuntu asanzwe atanga amafaranga mu buryo nk’ubwo canke urukurikirane rw’ibintu bishikira umuntu bimusunikira mu kibanza kanaka azogiriramwo amahirwe kanaka. Bamwe bokwibaza yuko ivyo vyose bishobora gushika nko mu buryo dukunda kwita igihâmâna. Ariko rero, Umukristo yiyumvira mu buryo bw’impwemu aguma azenzura ingene ikiganza c’Imana kiriko kirakora mu bishika vyose, umwanya uwo ari wo wose. Vyongeye, no mu gihe ibi vyemezo vyose bitaraboneka, canke bigafata umwanya muremure kugira bigaragare, mu gihe *tubonye* bishitse birafasha cane mu kwemeza umuhamagaro w’Imana.

4. Ibihwanye n’inkomezi z’umuntu. Imana ihamagarira imisi yose abantu mu buzi buhwanye n’ubushobozi n’ingabire Imana yabahaye. Kubwo turi *“ibiremwa vyayo, twaremewe muri Kristo Yesu ngo dukore ibikorwa vyiza, ivyo Imana yateguye kera ngo tubigenderemwo.”* (Abanyefeso 2:10). Kubwo ivyo, ntibitangaje ko Dawidi, umwungere adatinye, yahamagawe n’Imana mu bushizi bw’amanga kurongora Abisirayeri. Paulo, umuyuda azi kuvuga, yahamagawe kuvuga ubutumwa mu banyamahanga amaze gukizwa. Muri iyo nzira nyene, Imana yampaye ubuhinga bwo gutunganya no gukorera mu rutonde mu bumenyi ntangere mu bijanye n’uburongozi. Vyaranfashije cane mu mabanga yanje y’ubupasitori. Ihamagarira abantu bakunda kubana n’abantu mw’ivugabutumwa. Abo ihamagarira gutanga ni barya bantu bafise ubushobozi bwo gukorana n’abandi hamwe no gukoresha neza ubutunzi. Abo ihamagarira kuba abarongozi b’abana, ni barya bafise ingabire yo kwihangana.

Naho *muri rusangi* ibi bikunda kuba bimeze uko, *si igihe cose vyama bimeze uko*. Kubera Imana igomba kwama irema ukwizera mu bizera, irashobora guhamagarira Abakristo mu birengeye inkomezi zabo hamwe n’ubushobozi bwabo. Ibuka, Mose ntiyizera ubushobozi bwiwe bwo kuvuga, ariko Imana yamugize kuba umuvugizi wayo kwa Farawo. Petero yabaye umurongozi w’Ishengero rya mbere naho atashize amanga igihe bafata Yesu. Nta nkeka Imana irabishoboye kandi izobikora. *“Ariko Imana yatoranije*

ibipfu vyo mw'isi, ngo imārāmāze abanyabwenge" kandi *"yatoraniye ibinyanteye nke vyo kw'isi ngo imārāmāze ibikomeye"* (1 Abakorinto 1:27). Naho biri uko, kenshi na kenshi ihamagara abantu bivanye n'inkomezi n'ubushobozi itanga, yashize muri bo.

5. Ukuroraniirwa mu gikorwa c'Imana: co kimwe n'ivya ngenderwako tumaze kubona, ibi ntivyama ari ukuri. Ariko, ibihe vyinshi, Imana ihamagarira abantu mu bintu bamaze gukora kandi bakaroraniirwa, canke, ikabaha ivyamwa mu vyo bariko barakora vyemeza intambuko yose bagira.

Imyaka myinshi iheze, umusore umwe yagaragaje icipfuzo ciwe co kuba umuvugabutumwa agendagenda mu mahanga. Yiyumvira kugendagenda kw'isi yose, avuga ubutumwa bwaYesu. Naremeranya nawe ko ari intumbero nziza cane, hanyuma ndamubaza nti:

"Ni nde muntu uherutse gufasha kwakira Yesu?" aranyishura ati "Nta n'umwe ndazana kuri Yesu." Ndongera ndamubaza nti: "Uramaze kubwira abandi ivyo wizera?" Aranyishura ati: " Nta musu numwe ndasangira n'abandi ukwizera kwanje. Nta mahoro bimpfa na mba". Ndongera ndamubaza nti: "Ivyo kuvuga ubutumwa uvyumva gute? Urakunda kwigisha abandi ijamba ry'Imana?" Yaciye anyishura ati: "Ndumva ngize ubwoba bwinshi".

Naho umwe wese yategerezwa gufata nkāma igikorwa Imana yamuhamagariye, namweretse yuko ata vyizigiro mfise yuko Imana yariko iramuhamagarira kuba umuvugabutumwa. Nta mwimbu na mukeya yari afise mu vyo yagira akore muri kahise canke kubu nk'ibimwemeza neza ko Imana "Iri kumwe nawe" muri ico gikorwa.

Akandi karorero kanyuranye n'ako, umugabo umwe mw'Ishengero ndongoye yumvise Imana Imuhamagarira igikorwa co kuba Umuhanuzi w'Amashengero- ni ukuvuga gufasha amashengero ngo arushirize gukora neza cane. Yararonse ivyemezo bivuye ku bantu b'Imana, hanyuma ako karyo gaca kaza gahwana n'inkomezi hamwe n'ubushobozi Imana yamuhaye. Igihe yugururirwa imiryânko kubwo ubutumire yari ahawe n'abarongozi b'amashengero yari akiri mato, vyaragaragaje yuko ikiganza c'Imana cari kuri we. Mu kurangiza, urugendo rwa mbere rw'uwo muhanuzi acimenyereza, abarongozi b'Ishengero ryamwituye bavuze ingene

bafashijwe cane n'izo mpanuro ziwe. Ivyakurikiye ni uko uwo muntu baciye bamugumiza aho kugira abafashe no mu yindi migambi myinshi. Ukuroranjirwa kwiwe kwameje umuhamagaro w'Imana mu buzima bwiwe.

Mu nca make, twize ko umuhamagaro w'Imana ufatira ku rwego rw'ingene umuntu avyumva bivuye imbere muri we hamwe n'urugezo rw'ibiboneka hanze. Imbere muri we, umukristo "arumva" ko yahamagawe- ishaka ryaká nk'umuriro mu mutima wiwe rimurikira ivyipfuzo vy'igikorwa. Ariko rero ukwiyumvamwo umuhamagaro ku giti cawe birashobora kuba bidakwiye mu kumenya umuhamagaro w'Imana. Uburyo bwo kwemezwa umuhamagaro mu bigaragara, hamwe n'ijambo ry'Imana, kwemera impanuro z'abantu b'Imana, kwitabwaho mu bihe kanaka, ibihwanye n'inkomezi umurongozi afise canke ubushobozi, n'ukuroranjirwa mu gikorwa birafasha kwemeza umuhamagaro w'Imana.

Ico bisaba mu kuba umupasitori

Kugira abantu baje mu gikorwa c'ubupasitori, bategerezwa kubanza guhamagarirwa ukwizera hanyuma bagahamagarirwa kuja mu bikorwa. Ariko umuhamagaro wonyene ntukwiriye ku vyo umupasitori ategerezwa gukora. Imana iraduha ibintu bidondoye neza umuntu ategerezwa kugira, kuri abo bumva umuhamagaro wo "kurōngōra intama z'Imana" (1Petero 5:2). Kuko umupasitori akora nk'uwuserukira Imana, umwungere mwiza (Yohana 10:14) ubuzima bwiwe nivyo yakora bitegerezwa kutubera akarorero. Mu gihe Isezerano rya Kera ritwereka ivyankenerwa ku bapasitori (kandi bitwa "Inararibonye"), ikete rya mbere ryandikiwe Timoteyo 3:1-11 ni yo ntumbero ya kino cigwa.

1 Iri jambo ni iryo kwizerwa: umuntu ni yagomba kuzezwa ishengeru, aba yipfuye igikorwa ciza. 2 Nuko umuzezwashengeru akwiye kutabako umugayo, kandi akwiye kuba umugabo afise umugore umwe gusa; abe uwutārēnzá urugero, adahugumba, aganza neza ingeso ziwe, akunda gutanga indāro, afise ubwenge bwo kwigisha, 3 atari umunoho wa vino, canke imborerwa, ariko abe umugwaneza, atitoraguza, atari inkunzi y'amahera, 4 aganza neza abo mu rugo rwiwe, abana biwe bamwumvira, yanka umugayo wose. 5 (Uwutāzi kuganza abo mu rugo rwiwe yashobora ate kuzigama

ishengero ry'Imana?) 6 Kandi ntakwiye kuba muto mu kwizera, kugira ngo ntiyikakishe, ngo atembe, agacirwako iteka wa Murwanizi yaciriweko. 7 Kandi akwiye gushingirwa intahe neza n'abo hanze, kugira ngo ntatembere mu mugayo no mu mutego wa wa murwanizi. 8 Kandi n'abakozi b'ishengero na bo nyene, bakwiye kuba inyankamugayo batavuga indimi zibiri, kandi ntibabe abatwawe na vino nyinshi, canke abipfuza inyungu mbi. 9 Ariko bagumye ibanga ry'ukwizera, bafise imitima itarimwo ijwi ribāgiriza ikibi. 10 Kandi abo babanze kugezwa, maze nibatābonekakó umugayo babone gukora igikorwa c'ibango ryabo. 11 N'abagore nyene babe inyankamugayo, batarementaniriza abandi, batarenza urugero, bīzīgirwa muri vyose.

Umuntu yahamagariwe kurōngōra Ishengero ry'Imana agaragaza ibimuranga bikurikira:

1. **Ugushaka gukora** (umurongo 1): ntasunikirwa muri ico kibanza. Umutima wiwe “awushira” kuri ico gikorwa. Petero yanditse ati, “Muragire ubusho bw'Imana bwo muri mwebwe, mutaburagira nk'ābagōberewe, ariko mubikunze, nk'uko Imana igomba: ntimuburagirishwe no kurondera inyungu mbi, ariko muburagire mushize igikonyo. 1 Petero 5:2
2. **Inyankamugayo** (umurongo 2). Iri jambo risobanurwa ngo “ataco yagirizwa.” Mu gihe umupasitori adafise ingeso mu buzima abandi bashobora “gufatirako”, bimubera intambamyi mu gukora neza igikorwa ciwe. Ku murongo w'indwi, Paulo aca yongerako ko ari ivya nkenerwa yuko umurongozi “arangwa n'ingeso nziza” hanze canke mu kibano, kugira igikorwa ciwe kigire ubushobozi bukwiye. Icitonderwa cane hano: ingingo dufata mu nyifato zacu uyu musu hari ico zizokora ku burongozi bushitse bwacu bw'ejo.
3. **Kuba wubaha urugo canke umubano:** (umurongo wa 2): mu gihe dukoresheje iryungane “Umugabo w'umugore umwe” Paulo ntiyariko agabisha abantu ku vyerekeye kugira abagore benshi, ariko yavuga kugira umutima wumvira kandi ukunda. Abapasitori bategerezwa kwitwaririka abo bubakanye hamwe n'imiryango yabo. Asangwa umugabo adakunda umugen

wiwe yoshobora gukunda gute umugeni wa Kristo ari we shengero? Umubano ni ikigereranyo cerekana amasezerano y'Ubutumwa Bwiza bw'Imana n'abantu, ni ukuvuga ko kuba umwizigirwa mu mubano bifise ivyamwa vyinshi ku gikorwa c'ubutumwa mw'Ishengero. Kubera iyi mpamvu, vyongeye umuzezwashengero akwiye kuba –

4. **Uwudahugumba: (umurongo 2):** umupasitori aratekanye, arashikanye, kandi afise ivyiyumviro bigororotse. Ntafata ingingo atiyumviriyeko. Aritonda cane mu gihe avuga no mu gihe afata n'ingingo z'ubwenge.
6. **Aganza ingeso ziwe: (umurongo 2):** iki ni icamwa ca Mpwemu Yera (Abagalatiya 5:22). Ubu ni ubushozi bwo kuganza ivyipfuzo vyacu. “ Umupasitori yiga kugera ishavu ryiwe. Ntakwiye kuvuga insaku, ukoborerwa canke ukudandahirwa, ariko akwiye kuganza neza ubuzima bwiwe.
7. **Akwiye kutabako umugayo: (umurongo 2),** ijambo muri uno murango risobanurwa “ubumote bwiza”. Ijambo ry'Icongerezwa “Ibimota neza” rivuye muri iri jambo. Umwanditsi umwe yanditse ati “ Ubuzima bwacu bwari bukwiye kuba ibimota neza ndangabutumwa”. Ni ukuvuga ko umupasitori atagira umugayo arangwa n'ukugira imbabazi, aritonda, arakiza, aratanga kandi arakundana. Mu gihe abapasitori bahagarariye ibi bintu, baca baba “ubumote” bwa Yesu ku bantu bose (2 Abakorinto 2:15)
8. **Atanga indaro (umurongo 2):** Abantu batanga indaro ni barya bantu bakira abandi mu buzima bwabo, bagasangira n'abandi ivyo bafise n'imitima ibikunze. Umupasitori ategerezwa kuba yiteguriye gusabikanya inzu yiwe, umuduga wiwe, ibikoresho vyawe, ivyo atunze hamwe n'umwanya wiwe.
9. **Ashoboye kwigisha (umurongo 2):** umujenama w'Ishengero/ umupasitori ni ikibanza gisaba kugendana n'ububasha mu vya Mpwemu, kubwo ivyo rero, umupasitori ategerezwa kuba ashoboye kwiga, gusobanura hamwe no kuvuga ihishurirwa ry'Imana mu buryo butomoye. Paulo yabwiye Timoteyo ati “ Wame ugira umwete wo kwiha Imana nk'uwamaze kurama, umukozi atarinda guteterwa, aramiriza neza mw'ijambo ry'ukuri” (2 Timoteyo 2:15).

10. **Atandandahirwa** (umurongo wa 3): mwitegereze neza: uyu murōngo ntushimikira ku kunywa gusa. Aho ibi rero n'ingene umupasitori umwe umwe wese avyemera mu mutima wiwe. Ariko rero, umupasitori ategerezwa kwanka ukurenza urugero mu kintu ico ari co cose – ibinyobwa birimwo umwambiro/ bihiye, ivyo kurya, imboneshakure, ukunonora imitsi, ivyo akoresha vyose. Umurongozi wo mu vy'impwemu ategerezwa kugira indero kandi akaba muni y'uburongozi bwa Mpwemu Yera.
11. **Umugwaneza** (umurongo wa 3): umuntu w'ikirandamuke avugwa ni urya yama "yiteguriye kurwana" kandi ashavura ningoga. Ariko, abarongozi b'igikorwa c'Imana "bihutira kwumva, bagateba kuvuga kandi bagateba kuraka" (Yakobo 1:19), baritonda, baharanira ubungane, kandi bariyumvira neza. Ntibemera ko amatati abandanya kuko ubwabo bibona "nk'abakozi baharanira kunywanisha abantu" (2 Abakorinto 5:18-19)
12. **Ntibakunda amahera** (umurongo wa 3): Bibiliya ntiyigisha ko amafaranga ari mabi, ariko iratomora yuko ukuba inkunzi y'amahera ari umuzi canke *isôko* ry'ibibi vyose, kandi yuko abo bose bakunda amafaranga bakorokeye mu gatikizo (1Timoteyo 6:10). Umupasitori si umwami wo kwamikara ariko ni umukozi aciye bugufi. Kandi imibereho yiwe igaragaza urugezo rukwiye Ishengero ryiwe ritegerezwa kugira.
13. **Atunga neza urugo rwiwe** (umurongo 4): urugo rw'Umupasitori ni ikibuga gikwiye kugaragaza uburongozi mu muryango w'Imana. Iyo ata muvyeyi n'umwe ashobora kumenya ico abana biwe bazovamwo mu vy'impwemu, umurongozi afise abana bananiranye, umuryango ata rutonde ugira, hamwe n'umuryango bene wó ata bumwe bafitaniye, umurongozi w'uwo muryango azotakaza icubahiro c'abanyeshengero biwe.
14. **Akuze mu vy'impwemu** (umurongo 6): umupasitori ntakwiye kuba umuntu "yakiriye agakiza vuba" kuko ibanga ry'igikorwa ririmwo inzitizi nyinshi z'impwemu, intambara yo mu buryo bw'impwemu, no kurōngōra mu mpwemu kazozakubantu, ni nkenerwa ko umurongozi aba akwiye ivya

ngombwa vy'impwemu kubwo ico gikorwa. Ni ngirakamaro kuri abo bose bipfuza kuba abungere ko boba barakoze nk'abimenyereza mu gikorwa, bakaba bararonse inyigisho z'ivya Bibiliya, biciye mw'ishure rizwi canke ubundi bumenyi bwavuye ahandi. Ariko, mu bihe bimwe bimwe, umuntu yitegurira kuba umupasitori akwiye kugira ubumenyi n'uburambe bw'intangamarara. Mu bihe nk'ivyo, iki cangenderwako gisobanurwa ko ugukura kwabo mu mpwemu gutegerezwa kuba kurugezo rw'uko babwira abandi bati "munkurikire"

Kuri uru rwego, birumvikana yuko ubu bumenyi atari ikintu umuntu yokwirengagiza. Ni ibikoresho ngirakamaro bisabwa ku mupasitori wese, yaba umupasitori mukuru canke uwo bafadikanya muni y'uburongozi. Kandi, mu mpande z'ubuzima bwacu bw'Impwemu, umupasitori ategerezwa kubandanya arondera ugukura muri imwe imwe muri izi mpande zose.

Igikorwa c'umupasitori hamwe n'ivyo ajejwe

Mu kwuzura ibiranga umupasitori, dutegerezwa kwishura iki kibazo: "Umupasitori akora iki?" Abantu benshi babona umupasitori ku rusengero amasaha makeya ku musu w'Imana kandi ntibatahura neza igikorwa ciwe hamwe n'ivyo ajejwe mu gikorwa c'ubupasitori. Ibisigaye muri iki gitabu bizofasha umupasitori gushitsa umuhamagaro wiwe mu gikorwa gikubiyemwo ivyo ajejwe bishika kuri bine. Abapasitori bahamagarirwa guhindura abandi abigishwa, kuba abungere, guha abandi ivyo bakeneye no gukorera abandi.

Umupasitori nk'umuntu ahindura abantu abigishwa

Yesu Kristo amaze kuzuka, yatumye abigishwa biwe "kugenda no guhindura abantu abigishwa kw'isi yose" (Matayo 28: 18-20). Iri tegeko ntiryahawe abapasitori gusa ariko ryahawe Abakristo bose. Rero, birakenewe ko abapasitori barongorera amashengero yabo mu guhindura abantu kuba abigishwa.

"Umwigishwa" ni umumenyerezwa canke umunyeshure. Mu mico ya kera, umwigishwa yabana n'umwigisha kugira amere nka we. Muri iki gihe, abigishwa ba Yesu bakura mu kumenya Yesu umwe wese

ukwiwe, hanyuma bagasa na we ku musi ku musi. Bamaze kubatizwa (Matayo 28:19) nk'ikimenyetso c'ugutanga ubuzima bwabo n'ukwiga inzira za Yesu (Matayo 28: 20), abigishwa barangwa n'inyifato, indero hamwe n'intumbero vy'Umutware wabo.

Umupasitori afise iyi ntego mu bwenge bwiwe. Ntiyahamagariwe gusa guhindura abantu. Ntiyahamagariwe guhindura abantu abanyedini. Ntahimbarwa n'uko abantu bitwararika ivy'Ishengero gusa. Igikorwa ciwe ni ugufasha abantu kugira ngo base cane cane na Yesu. Kubw'ivyo, igikorwa kinini c'Ishengero kizotumberezwa mu ntumbero yo guhindura abantu abigishwa.

Umupasitori nk'umwungere

Bibiliya idondora Imana nk'umwungere yitwararika abantu biwe (Zaburi 80: 1, 95:7, 100:3; Ezekiyeli 34: 11-16; Yesaya 40: 11). Mw'Isezerano rya Kera, Imana yatoye abami kuba abungere b'abantu bayo (2 Samweli 5: 2) kandi hanyuma ica irungika Yesu mw'isi "nk'Umwungere wacu mwiza" (Yohana 10: 11). Igihe Ishengero ryavuka, abarongozi bahawe igikorwa co kwitwaririka intama z'Imana. Mw'ikete rya mbere ryanditswe na Petero 5:1-4, ngiri itegeko iyo ntumwa itanga:

"Abashingantahe b'ishengero bo muri mwebwe ndabahanura, kuko nanje nd'umushingantahe mugenzi wanyu, kandi ndi icabona c'imibabaro Kristo yababajwe, kandi mfatanije namwe ubwiza buzohishurwa: muragire ubusho bw'Imana bwo muri mwebwe, mutaburagira nk'abagoberewe, ariko mubikunze, nk'uko Imana igomba: ntimuburagiririshwe no kurondera inyungu mbi, ariko muburagire mushize igikonyo. Kandi ntimuragire nk'abatwaza amanyama amasho mwavabanganirijwe, ariko mube ivyitegererezo vy'ubusho. Nuko umwungere mukuru ni yerekanwa, muzokwambikwa mu mutwe igitsibo c'ubwiza kitazoshira".

Abapasitori bakora mu kibanza c'Imana nk'abungere bari muni y'Umwungere mukuru- musi y'ububasha bw'Imana, nk'abazobibazwa n'Imana, kandi muni y'inkomezi z'Imana. Dukorera Umwami mu gukorera abantu biwe. Kandi duhabwa impera yo mw'ijuru kubwo igikorwa cacu.

Nk'uko bimeze ku mwungere, umupasitori arangira abandi inzira, akabakingira, kandi akabitwararika. Ubwa mbere, nk'uko Uhoraho "andongorera iruhande y'amazi adasūmá" (Zaburi 23: 2), ni ko n'umupasitori arōngōrera Ishengero ryiwe ku buzima bwejeje n'inyungu z'ubwami. Iyi nzira y'impwemu, izovugwa mu buryo buramvuye mu gice gisigaye c'iki gitabu. Ubwa kabiri, umwungere arakingira intama ziwe ngo ntizigwe mu kaga. Petero agabisha abizera yuko *"Umurwanizi wacu agendagenda mu micungararo nk'intambwe yivúgalitōntómwa irondera uwo yorotsa."* (1 Petero 5: 8). Umupasitori akingira abagize umukuku ajeje mu kubasengera, mu kubigisha ukuri no kubarongorera mu bugwaneza, akabahūngisha inzira y'icaha; akabajana mu mwidegemvyo. Ica gatatu, umwungere arondera intama zizimiye. Yesu yavuze umugani w'umwungere yasize intama mirongo icenda n'icenda aja kurondera imwe yazimiye (Luka 15:1-7). Umupasitori ntiyigera aheba abantu. Abapasitori nyakuri bagendera kuri iki civugo gikurikira: "Nzorondera iyazimiye ngarukane iyagiye kuyérera" (Ezekiyeri 34:16).

Umupasitori nk'uwuha ubushobozi abandi kugira bakore

Mu Banyefeso 4:11-16, Paulo asobanura igituma Imana yahamagaye abantu bamwe mu bibanza bitandukanye vy'igikorwa c'Ishengero ryayo:

Kandi-Kristo ubwiwe- yahaye bamwe kuba intumwa, abandi kuba abavugishwa natwe, abandi kuvuga ubutumwa bwiza, abandi kuba abungere n'abigisha: ¹²kugira ngo abera babone gutungana, baheze bakore igikorwa co kugabura ivy'Imana, bubake umubiri wa Kristo: ¹³kugeza aho twese tuzoshikira ku kugiriranira ubumwe buva ku kwizera n'ukumenya umwana w'Imana, kandi kugeza aho tuzoshikira kuba abantu bakuze, no ku rugezo rw'ubwinshi bw'ukunengesera kwa Kristo. Kugira ngo dushire ubwana, ntituzungazungishwe n'imipfunda, tujanwe hirya n'ino n'imiyaga yose n'inyigisho n'amangetengete y'abantu, n'ubugunge bwabo, n'uburyo bwinshi bwo kutuzimiza. Ariko, tube imvugakuri turi mu rukundo, dukurire muri we muri vyose, ari we mutwe, ni wo Kristo; umubiri wawe wose ufatanijwe n'ibifashisho vy'ingingo zawo zose, nk'uko igihimba cose gikora igikorwa c'Imana cagerewe

kuri we niho uronka gukura kwawe, ukubakwa mu rukundo.

Ivyiyumviro biguma bigaruka muri iki gisomwa ni ugukura n'ukuzuzwa. Uko abantu b'Imana bakura, Ishengero rica rikora nk'uko ritegerezwa gukora. Ishengero rikora neza, igihimba cose kigakora akazi kaco, abantu barakura. Ugukura kuvyara ugukorera Imana n'ubumwe, ivyo na vyo bigiye hamwe bikazana ugukura kudasanzwe.

Abapasitori bahamagarirwa gufasha muri urwo rugendo rwo gukura. Twigisha abantu ubumenyi mu vy'ubuzima, n'indero mu buryo bw'impwemu kugira ngo bakure mu kumenya Imana, kandi muri ukwo kumenya, bamenyekanishe Imana mu bandi mw'Ishengero no mw'isi ibakikuje. Nk'uko twabivuze aho hejuru, "Turi ibiremwa vyayo, twaremewe muri Kristo Yesu ngo dukore ibikorwa vyiza; ivyo Imana yateguye kera ngo tubigenderemwo" (Abanyefeso 2:10). Bivuga ko, Imana yari ifise integuro yo kwigisha no kurungika umukristo wese kugira agire ico aterereye mu migambi y'ubwami bwayo. Umupasitori abigumana mu bwenge mu gihe ariko araramura abantu biciye mu nyigisho no mu kubamenyereza ibikorwa vy'Imana mw'Ishengero.

Pasitori nk'umukozi akorera abandi

Abakoreye Ishengero rigitangura, kenshi bĩdōndōra nk' "abakozi" ba Yesu Kristo (Abaroma 1:1, Abifilipi 1:1, Tito 1:1, Yakobo 1:1, 2Petero 1:1, Yuda 1). Bamaze guhamagarirwa mu gikorwa c'Imana na Yesu, bakora ivyo abasavye. Ibi bisobanurwa ko nk'uko vyari kuri Yesu, n'umupasitori *"atāzanwá no gukorerwa, atari ugukorera abandi, no gutanga ubuzima bwawe kw'incungu ya benshi."* (Mariko 10:45).

Ukunanirwa kwitahura nk'abakozi bakorera abandi kw'abapasitori benshi vyatumye Ishengero rya Yesu ridakora neza. Kenshi cane, abapasitori basaba abantu barōngōye ibintu biremereye kubwo ikibanza bafise. Bagomba kwubahwa, aho gukorera ico cubahiro. Bagomba ko abantu babakurikira ku nguvu, aho kurōngōra bicishije bugufi. Basaba abantu babo ivyo na bo nyene badakora. Ibi bintu biramerera nabi abantu kandi nta na kimwe bigaragaza mu mico ya Yesu Kristo yakorera abandi mu buryo buhambaye.

Uku kunanirwa kubá umukozi akorera abandi turakubona mu buzima bw'umwami Sauli. Abantu b'Imana basavye umwami (1

Samueli 8:5) kugira ngo bamere “nk’ayandi mahanga”. Aho bari bibagiye ko Imana ariyo Mwami wabo. Mu gice c’icenda, Samweli yarungitswe n’Imana kurondera umurongozi w’abantu b’Imana hanyuma Imana imubwira iti: “ Ejo nk’aya magingo nzokurungikira umuntu avuye mu gihugu c’ababenyamini; uz’umwimikishe amavuta, abe umwami w’abantu banje Abisirayeli. Ni we azokiza abantu banje, abakure mu maboko y’Abafilisitiya; kuko nitegereje abantu banje, kandi ugutaka kwabo kwanshitseko.” (1Samweli 9:15-16). Abanyeshure b’Ivyanditswe ntibashobora kureka kumenya itandukaniro riri hagati y’ivyo abantu basavye n’ivyo Imana yabahaye.

Abantu basavye Melek, ijambo ry’igiheburayo risobanurwa ngo “umwami”, 1Samweli 8:5), ariko Imana yatanze umu *Nagid* (mu giheburayo risobanura “umwana w’umwami” risobanurwa “umurōngōzi” ku 9: 16). Imana yabahaye umuntu atari uwuzoba umukuru wabo cane (umwami) ariko azobakorera ari muni y’uburongozi bw’Imana (umuganwa), ariko igihe Sauli yimikwa, isinzi ry’abantu bavuze bati “Umwami ni ahangame” (Melek; 10:24), Sauli atangura kwibona ko ari mu kibanza gishizwe hejuru. Mu nyuma, Sauli aranka kwicisha bugufi yanka amabwirizwa y’Imana, aratanga ikimazi, yaratojwe indero. Imana yaramukankamiye imubwira ati “ ariko noneho ubwami bwawe ntibuzohangama; Uhoraho aramaze kwironderera umuntu ameze nk’uko umutima wiwe ugomba, kandi ni we Uhoraho yashinze ngo azobe segaba w’abantu biwe (nagid), kuko utumviye ico uhoraho yakugeze” (1 Samweli 13:14). Sauli yari yatoranijwe kuba umwami akorera musi y’uburongozi bw’Imana, ariko we yaciye yibwira yuko azi ko ari umwami ashobora gukora ivyo yipfuza vyose.

Umupasitori si umwami akora ivyo yipfuza vyose, ariko ni umwami akorera abandi. Bisobanurwa yuko akwiye kwicisha bugufi mu mvugo no mu buzima bwiwe bwa misi yose. Ntakwiye kwitwaririka kuronka uturusho tudasanzwe. Ntakwiye gusaba amazina yo kumushira hejuru. Ntakwiye kwicara mu kibanza gisumba ibindi vyose mu gihe co gufungura. Ntakwiye kwama yishira imbere. Ntakwiye kugoreka amategeko, yibaza ko wewe “ayo mategeko atamufata”. Ntarengeye gukosorwa. Ariko, umupasitori akorera abantu biwe ni umurongozi arongora abantu biwe neza.

NONE HOKORWA IKI?

Iri bango rirakomeye. N'intumwa Paulo yarahuye n'inzitizi mu gikorwa c'Imana ryiwe:

Ni abakozi ba Kristo? (mvuga nk'umusazi) ndabarusha. Ndabarusha mu butame, ndabarusha gushirwa mu mabohero, ndabarusha gukubitwa kurenze urugero: kenshi nari mw'irinde ry'urupfu. Abayuda ibihe bitanu bankubise ibimoko mirongo itatu n'icenda. Ibihe bitatu nakubiswe ingage, igihe kimwe natewe amabuye, ibihe bitatu ubwato bwaramenekanye, naraye mw'idamba nirirwaho, nari mu rugendo kenshi, mw'irinde ry'inzuzi, mw'irinde ry'abambuzi, mw'irinde ry'ubwoko bwacu, mw'irinde ry'abanyamahanga, mw'irinde ryo mu bisagara, mw'irinde ryo mu bugararwa, mw'irinde ryo mu kiyaga, mw'irinde ryo mu bigira bene Data; mu butame no mu bucumukure, ndara maso kenshi, ngira inzara n'inyota, ndara ubusa kenshi, nicwa n'imbeho, nambara ubusa. Kandi ntarinze kuvuga ibindi, hari n'ikinziako uko bukeye: ni umwitwarariko w'amashengero yose. (2 Abakorinto 11: 23-28).

Umupasitori muri iki gihe afise abo bafatanije urugendo. Umurongozi wese w' igikorwa kanaka arahura n'abanegura igikorwa ciwe, amatati, no gusugerezwa mu gihe hageze kwegeranya amafaranga yo gushigikira ivyiyumviro n'ukurangura ibikorwa bitandukanye. Igikorwa c'Imana c'ubupasitori si igikorwa gikora uwufise umutima woroshe canke umuntu agomba kwubaka izina ryiwe no kumenyekana. Umupasitori abikwiye, si umuntu afata igikorwa c'Imana nk'akazi yama arindiriye ko bamuhembera, ariko ni uwubona ico gikorwa nk'umuhamagaro w'Imana. Umuhamagaro utera gukomeza no kwizera.

Ugutahura umuhamagaro kandi bifasha umupasitori kurondera no kwigisha abandi barongozi bakiriko baravuka mu mashengero yabo. Umuhamagaro, atari ivyipfuzo, ni ikintu c'urufatiro mu gutoranya abakozi bo mu gikorwa c'Imana hamwe n'abo bantu bagomba gufasha ku gushaka kwabo. Umupasitori atahura ingene Imana ihamagara arashobora gufasha abantu biwe gutahura iyo Imana iriko irongorera ubuzima bwabo. Mu gihe abo bantu bahamagariwe mw'ibango bamaze kumenya ico bategerezwa gukora, Ishengero ryawe rizororanyirwa.

Ivyemezo ntabanduka Bibiliya isaba umupasitori kuba babikwiye

birafasha canke mu buryo bwinshi. Ubwa mbere, urutonde (1Timoteyo 3:1-11) ruduha ibintu vy’urufatiro mu gutoranya abapasitori bashasha mu rutonde rw’abakozi b’Ishengero. Hamwe n’ivy, urutonde rutanga urufatiro rwiza mu gutoranya abajenama b’Ishengero (abashigikiye abungere) bazokorera Ishengero. Ni ibisanzwe rero ko amashengero atumira abantu baroraniwe mu budandaji canke abarongoye ikibano kugira bakorane na bo mu rwego rw’uburongozi. Ariko, Ishengero rya Yesu ritegerezwa kurongorwa *n’abantu b’impwemu*, atari *abaroraniwe* gusa. Umuntu azi gutunganya ishirahamwe arashobora canke ntashobore kumenya ingene Ishengero ritunganywa. Umuntu atunze ashobora kumenya canke ntamenye ingene akwiye kuba umukozi atunganiriza abandi mu gikorwa c’Imana. Kubera ubwa mbere na mbere igikorwa c’Ishengero ari ico i

mpwemu, abarongozi bategerwa gutorwa hisunzwe ibibaranga vy’impwemu. Ishengero ryirengagije ibi bintu vy’urufatiro rishobora kwegeranya abanywanyi, ariko ntirishobore guhindura abantu intumwa.

Urutonde rw’ibisabwa ruratanga ivya nkenerwa vyose nshobora kwirabirako kugira nigirireko isuzuma. Ndagomba kuguma mba umupasitori ashitse. Ibi bisobanura ko ntegerezwa kugumana ibintu biranga umupasitori vyandanga mu myaka myinshi iheze. Mu yandi majambo, ntegerezwa kuba umuntu w’inziramugayo, nubaha umugore wanjye, ntaraka, nakira neza abantu, n’ibindi. Abankurira mu gikorwa, abagenzura ivyo nkora, bakoresha ibi bintu biranga umupasitori mu kugenzura ubuzima “bwanje mu bantu” ku mwaka ku mwaka. n’ukungabisha “ku tuntu ntabonye”(raba igice c’9). Intumbero ni iyo kungira umurongozi arushirijeho kuba mwiza mu kurongora Ishengero rya Kristo.

Mu guheraheza, uwahamagariwe kuba umupasitori ategerezwa gutahura igikorwa ciwe, nk’uko Ivyanditswe bivuga. Abapasitori benshi ntibazi neza ikibanza bafise, bakoresha uburongozi mu nzira itari yo kandi bagakengera ico Imana yabahamagariye. Imisi yose umupasitori ategerezwa kwibaza ati “ Ndi nde? Imana yampamagariye kuba iki?” inyishu iratomoye: Imana yahamagariye umupasitori kwigisha abanyeshure b’impwemu ba Yesu. (ahindura abantu abigishwa), arongora kandi akingira abo arongoye

(umwungere), ategurira abantu gukora ibikorwa vy'igikorwa c'Imana (atanga ubumenyi nkenerwa) akicisha bugufi ku nyungu ya bose (umukozi akorera abandi).

Akamaro k'iki gice ntigakwiye gufatwa minenerwe. Kugira ngo Ishengero rishitse intumbero yaryo nyakuri ritegerezwa kurongorwa n'*umuntu* abikwiye. Umuhamagaro, ibintu ndangakaranga, n'imyitwarariko vy'umupasitori bimenyesha inzira Ishengero ririko ritumberamwo.

SHIKA KU INTAMBUKO IKURIKIRA

1. Umupasitori ategerezwa gusobanura neza inzira yacyemwo kugira ahure na Yesu ku giti ciwe. Tuzoraba cane ibishingantahe vy'Abakristo mu kigabane ca 5. Ariko ubu, fata iminota mikeya wandike ingene Imana yaguhamagariye mu gakiza.
2. Imana yaguhamagariye gute mu gikorwa c'Imana? Ni ryari wumvise mu mutima wawe hariko harasha, "kandi ni ibihe bintu Imana yakoresheje mu kwemeza umuhamagaro wawe?"
3. Uravye ku bisabwa ku bapasitori (1Timoteyo 3:1-11), ni impano izihe zigaragaza ubuzima bwawe? Ni izihe zikwiye gutezwa imbere? Ni ikihe kintu wotangura gukora kugira ubiteze imbere izo mpano? Baza umugenzi mwiza – urya aza kukubwiza ukuri (raba Imigani 27: 6) – kugira bigufashe kwigenzura ubwawe nyene.
4. Mu mabango ane y'umupasitori- guhindura abandi abigishwa, kuba umwungere, kwigisha no gukorera abandi- ni ikihe ukora "bitakugoye?" kubera iki? Ni irihe bango ubona ukwiye kurushiriza kwitwararika muri wewe? Ni ikihe kintu wotangura gukora muri urwo rugendo rwo guteza imbere ico kintu?
5. Ni ikihe kintu ca nkenerwa cane wize muri iki kigabane?



UMWITWARARIKO W'UMUPASITORI

*Ariko kimwe gusa, mwiubare, mugire umwete wo kwirinda icyo amaso
yanyu yiboneye, vyoye kuva mu mitima yanyu imisi yose muzoba mukiriho;
Gusubira mu vyagezwe 4:9*

Haciye amezi menshi bibaye nkenerwa ko ngura amapine ane y'imodokari yanje. Amafaranga nategerezwa kuriha yarambabaje kuko nari niteze ko amapine ya kera amara igihe kirekire. Umundaza w'amapine yambwiye ko amapine yanje *yari* kuramba iyo nza ndayakuranya kandi nkama ndayapompesha neza igihe cose. Vyari bibabaje kandi, cambereye icigwa kizimvye mu bijanye n'ukubungabunga ikintu kitarapfa. Ni vyiza kubungabunga ikintu mu kwirinda ingorane hako uriha igiciro kinini kubwo kutitwaririka mu nyuma.

Kugira ngo umupasitori aroranirwe mu gikorwa ciwe, ategerezwa kwitwaririka kwikingira kugira agumane akamaro mu gikorwa c'Umwami. Yesu yavuze ko ishami ryose ritama ata kindi na kimwe riba ribereye atari umuriro (Yohana 15:6). Mu rundi ruhande, ishami riri kuri we, wé muzabibu w'ukuri, rizobandanya kwama ivyamwa vy'impwemu.

Nk'uko bimeze ku mapine y'imodoka, birababaje kubona abapasitori bananirwa kugeza n'aho bamwe bahagarika igikorwa c'Imana. Raba ukuri kw'ingene vyifashe mu bapasitori:

- > Abapasitori benshi bakora amasaha 55-75 mu ndwi
- > Benshi ntibasengera hamwe n'abo bubakanye
- > Abenshi bafise uruhagarara rw'umutima rurenze urugero

- > Benshi biyumvira ko baje muri ico gikorwa bataciteguriye neza
- > Bamwe bamwe bamaze kwiyumvira kuva muri ico gikorwa
- > Benshi cane baremera yuko bafise ingeso mbi mu vyo ghuza ibitsina
- > Bamwe bavuga ko ata mugenzi bafise w'inkoramutima

Indimiro canke urwego rw'igikorwa c'Imana rwarononekaye kubwo imibiri itagiramwo ubuzima y'abagabo n'abagore ata bugingo bafise biyumvisemwo yuko bahamagawe n'Imana mu gikorwa c'uburōngōzi, ariko uko imisi igenda ihera, bagasanga bararemerewe, ivyo biyumvira si vyo babonye, bikabananira kwihanganira ingorane zijanye n'igikorwa c'Imana. Mu gihe hatabayeho ukunagurwa mu buryo bwo kwikingira, kwo mu buryo bw'impwemu, umurongozi w'igikorwa c'Imana ashobora no gupfa. Intumbero ya kino kigabane ni ukugira abapasitori “biyubare cane” (Gusubira mu vyagezwe 4:9) mu kurongora amashengeri yabo.

Impanuro ku bapasitori bagitangura ico gikorwa

Igihe Paulo yari yegereje kurangiza igikorwa c'igikorwa c'Imana ryiwe, yarahaye umwigishwa wiwe Timoteyo impanuro z'ubwenge, yategerezwa kugendera nk'uwo ari ajejwe kubandanya igikorwa c'iyi ntumwa mu mashengeri. *“Ariko Imigani ihumanya n'iyi abakecuru ntuyemere. Wimenyereze kwubaha Imana; kuko kwimenyereza kw'umubiri kugira ikimazi muri bike, ariko kwubaha Imana kugira ikimazi muri vyose, kuko kuzana isezerano ry'ubugingo bwa none n'ubuzoza.”* (1Timoteyo 4:7). Nafashe ku mutwe iyi mirongo ibiri igihe nari muri kaminuza, kandi iki cagezwe cangumye mu mutima wanjye kugeza n'ubu. Bapasitori, *“mwimenyereze kwubaha Imana”*. Ijambo ry'Ikigiriki rikoresheye ni 'gymnadze' “kwimenyereza” risobanurwa ngo “ukunonora imitsi”. Ni ijambo rifise imizi yaryo mu Congereza ryitwa “gymnastics” (mu Kirundi ni imyimenyerezo nonoramubiri). Umurongozi w'Umukristo ategerezwa kurobanura imfungurwa ziwe z'impwemu, mu kugira imyimenyerezo y'impwemu. Ivyo na vyo bikaba bisumba ukwimenyereza kw'umubiri. Kwimenyereza kw'impwemu bifise akamaro muri ubu buzima n'ubuzoza.

Indero zine z'igikorwa c'Imana ziraza kuvugwa ngaha mu

ntumbero y'ugufasha umupasitori kugira amagara meza mu buryo bw'impwemu.

INDERO YA 1

Kwitwaririka ijambo ry'Imana.

Naragendagenze isi yose kwigisha abarongozi b'igikorwa c'Imana. Buri kompani y'indege yose ifise ibintu bimwe vyerekana ingene umuntu ashobora kunyaga amagara mu gihe c'impanuka: aho imiryango basohokeramwo iherereye, akamaro k'imisipi y'umutekano, kubuza ko abantu banywa itabi mu ndege no mu bwiherero. Hariho itangazo ridasanze rivugwa ry'ico ukwiye gukora mu gihe wabuze ingene ushobora guhema neza "hariho imifuniko itanga impwemu iri kw'idare y'indege bambara ku mazuru, kandi bigasabwa ko abakuze impemu aribo batangura kwambara iyo mifuniko imbere yuko bambika abana. Ni ukuvuga yuko abavyeyi ari bo batangura gucungura ubuzima bwabo imbere yuko bacungura ubuzima bw'abana babo."

Abapasitori ni abavyeyi b'impwemu. Bategerezwa kwitwaririka ubuzima bwabo mu kwitegurira kwitwaririka ubuzima bw'abana babo b'impwemu, ari ryo shengero ryabo. Bibiliya nizo "mpwemu" zituma babaho. Ivyanditswe vyitwa "ijambo ry'ubugingo" (Abafilipi 2:16) kandi akaba ari vyo bizigama ubugingo (Zaburi 119:156). Yereimiya yasanze ivyo kurya vyawe mu kuri aca aratangara avuga ati "Amajambo yawe yarabonetse ndayarya ; kandi amajambo yawe yambereye akanyamuneza n'ibihimbaro vy'umutima wanjye." (Yereimiya 15:16). Umwanditsi wa Zaburi yaramenye inkomezi ziri mw'ijambo ry'Imana zo gukingira no gutungisha:

Hahirwa umuntu atagendera mu nama z'ababi

Adahagarara mu nzira y'abanyavyaha,

Aticarana n'abacokoranyi.

Ariko ibimuhimbaro biri mu vyagezwe vy'uhoraho,

Kandi ivyagezwe vyawe ni vyo ashirako umutima ku murango no mw'ijoro.

Azoba nk'igiti gitewe hafi y'imigezi y'amazi,

Cama igihe caco,

Ibibabi vyaco ntivyuma:

Ico azokora cose kizomubera ko. (Zaburi 1:1-3)

Rero, Umupasitori ariko arakura, ntiyiga ijambo ry’Imana kugira afashe Ishengero ryiwe gusa. Ni kimwe mu vyo akora no kubwo inyungu ziwe bwite. Mu nzira nyinshi zo kwiga Bibiliya, hari inzira nyinshi zifasha umupasitori mu buryo budasanzwe kwiga ijambo ry’Imana: Gusoma, kurimbura, no gufata mu mutwe.

Soma ijambo ry’Imana mu buryo bwo kurimbura canke bwo gusesangura. Hariho itandukaniro hagati yo kwiga Bibiliya n’ukwemera ko Bibiliya ari yo *“ikwiga”* kugira yerekane uko uri. Umupasitori yiga Bibiliya arondera kwigisha aband. Ariko gusoma Bibiliya usesangura, ni ukuyisoma mu ntumbero y’uko ukuri kwinjira mu mutima wanjye no kumpindura ku buryo bw’umwihariko. Intumbero y’umupasitori s’ukwiga ingene igisomwa kizokoreshe ku *bandi*, ariko ingene ico gisomwa yogikoreshe mu ntumbero y’uguhinduka kwiwe *ubwiwe*.

Mu myaka iheze, nagerageje inzira imwe isanzwe ariko y’akamaro cane mu gusoma Bibiliya ndayiserangura. Navyise *“Ibibazo bitatu bizima”*

- Ni ikihe kintu Imana iriko iranyigisha ku biyerekeye muri iki gisomwa?
- Ni ikihe kintu Imana igomba guhindurwa muri jewe muri iki gisomwa?
- Ni ikihe kintu Imana iriko irampamagarira gukora aho mbaye biciye muri iki gisomwa?

Akamaro k’ibi bibazo bitatu kazorushiriza gutahurika neza hanyuma muri kino gitabu. Ariko kubwo intumbero ya pasitori ku giti ciwe, bitanga uburyo bworoshe bwo gusoma Ivyanditswe.

Mu kibazo ca mbere, nabonye ico Imana iriko irampishurira ku biyerekeye. Bibiliya ni inkuru y’Imana. Ni Imana yihishura ubwayo n’ibikorwa vyayo ibihe vyose. Rero, inkuru yose, ubuvugishwa bwose, umurongo wose w’icivugo n’itegeko ryose vyanditswe kugira bifashe kumenya umuntu, n’intumbero y’Imana. Imana igomba ko ntahura ukwera kwayo, ko ari Imana ikora ivyo igomba, ubukuru

IBIBAZO BITATU VY'URUFATIRO

Ibi bibazo bitatu vy'urufatiro bisanzwe bishobora gukoreshwa ku gisomwa ico ari co cose ca Bibiliya. Biroroshe kwibuka, ariko bishobora kuvyara imbuto nyinshi ku muntu ku giti ciwe. Soma ibi vyanditswe muri Mariko 9: 33-37 ibihetangabo vyinshi hayuma wibaze ibibazo.

« Bashika i Kaperimawumu. Yinjiye mu nzu arababaza, ati Mwaharira ibiki mu nzira ? Barihorera, kuko mu nzira baharira umukuru wabo uwo ari we. Aricara, ahamagara bamwe cumi na babiri, arababwira, at'umuntu ni yagomba kuba uw'imbere, n'abe inyuma ya bose, n'abe n'umukozi wa bose. Yabira akana, agahagarika hagati yabo ; arakarera, arababwira, at'uzokwakira umwe mu twana nk'aka mw'izina ryanje, azoba anyakiriye ; kand'unyakira, si jewe yakira, ariko yakira uwantu-mye. »

1. Imana iriko inyigisha iki ku biyerekeye muri iki gisomwa?

- Yesu arafise ubushobozi bwo kumbaza no kunzana aho ari
- Yesu yicisha bugufi nk'umwana

2. Imana yipfuza guhindura iki muri jewe muri kino gisomwa?

- Imana iragomba kugaragaza ivyipfuzo bibi n'ubwibone biri muri jewe
- Imana iragomba ko nca bugufi nk'umukozi akorera abandi, nka Yesu
- Imana iragomba ko ndayakira "mu kwakira abantu batoya"

3. Imana impamagarira gukora iki mw'isi yanje?

- Ntegerezwa kurondera akaryo naho koba ari gatoya ko kwicisha bugufi mu nzira yo kwakira / canke guhimbaza Imana.

Mu kurangiza mu gikorwa canje co gusomba nsesangura muri aya majambo, menye neza ko ntegerezwa gukuraho ukwishira hejuru kuri mu mutima wanjye, nkiyoroza ku buryo nshobora kuvugana n'umuntu yitwa ko ari muto mu kibano. Mu gihe ndabikoze, mba nakiriye igikorwa c'Imana ca Yesu mu mutima wanjye kandi mu mpera ya vyose nkaba nubashe Imana. Mu mwanya muto, aya majambo nasomye yabaye ubuzima. Ndashobora rero gusenga ndoma ku cigwa nize. Nacitumberejeko, nkisengera, ijambo ry'Imana rica rigira ico rihindura mu buzima bwanje no mu gikorwa c'Imana nkora.

bwayo, ubwizigirwa bwayo, inkomezi zayo, ubwenge bwayo, ukugororoka kwayo, ubuntu bwayo n'ibindi vyinshi. Gusoma Bibiliya mu kuyisesangura ni ukurondera kumenya Imana nzima birushirijeho.

Igikurikira, na bonye ihinduka Imana igomba kuzana muri jewe. Intumbero y'Imana, nk'uko tuja kuvyiga mu mwanya muto, ni uguhinduka kw'ubuzima bw'abantu bayo. Ijambo ryayo si ihishurirwa gusa, ariko kandi ririho kugira ngo riduhindure. Yesu yarasanze ati *"Ubeze mu kuri; Ijambo ryawe ni ryo kuri."* (Yohana 17:17). Ijambo rifise ububasha bwo kugorōra no gukarisha ubuzima bw'umukristo. Rifise ububasha bwo gusubiza ku murōngo mwiza abantu b'Imana, ibiremwa vy'impwemu. *"Ivyanditswe vyose vyahumetswe n'Imana, kandi bigira ikimazi co kwigisha umuntu, no kumuhana, no kumutunganya, no kumutoza indero nziza mu kugororoka: kugira umuntu w'Imana abe uwushitse, afise ibimukwiye vyose, ngo akore igikorwa ciza cose"* (2 Timoteyo 3:16). Kubwo ivyo rero umurongo wose wo muri Bibiliya, ni ingirakamaro mu guhindundura ubuzima bwanje.

Mu kurangiza, nca ngerageza kumenya ico Imana impamagarira gukora. Iyi niyo ntumbero *nkwizabutumwa* ya Bibiliya. Mu gihe umupasitori yegereye cane umutima w'Imana biciye mu "mu kumenya" agaca ahindurwa na Mpwemu Yera w'Imana "gukura", ni ho intumbero y'Imana ica imusunikira "kugenda". Gusoma usesangura bivamwo ugushira mu ngiro ukuri kw'amajambo aho ubaye. Ijambo ry'Imana rishiramwo umurongozi urukundo rukomeye, ugutanga, ubutungane, ubuntu n'ugufata ingingo vy'ikibiriraho.

Rimbura ijambo ry'Imana ubishizeko umutima: kurimbura ni ukwiyumvira kw'ido n'ido. Mu gihe dusoma Bibiliya, duha Bibiliya umwanya "kugira idusesangure." Abaheburayo 4:12 handitswe hati *"Kuko ijambo ry'Imana ari rizima, rifise ubukuba, rifise ubugi buruta ubg'inkota zose, rikinjira n'aho ritanya ubugingo n'impwemu, rigatanya ingingo n'umusokoro, risuzuma ivyo umutima wiyumvira, ukagabira"*. Ivyanditswe birabâga, bibâga ibihimba vyihishije vy'umuntu, bikemeza ivyiyumviro n'imitima yacu. Aka ni ko kamaro ko kurimbura.

Kurimbura biha igikorwa gikomeye Abakristo benshi mu kwiubara mu ngeso. Ariko, abarongozi bahambaye tubona muri Bibiliya baratahuye agaciro ko kurimbura. Imana yategetse Yosua iti *"Ibiri muri ico gitabu c'ivyagezwe ntuzobikure mu kanwa kaawe; ariko uze wame ubirimbura ku murango no mw'ijoro, kugira ngo ubone kwitondera ivyanditswemwo vyose; niho ivyawe bizogenda neza, ukagira amahirwe"* (Yosua 1:8). Umwanditsi wa Zaburi na we aravyemeza ati *"Ewe ukuntu nkunda ivyagezwe vyawe, ni vyo ndimbura bukarinda bgira. Amabwirizwa yawe atuma ndusha abansi banje ubwenge, kuko na ntaryo yamana nanje."* (Zaburi 119:97-98). Mw'Isezerano Risha, Paulo yategetse Abakristo ati *"Ibisigaye bene Data, ivy'ukuri vyose, ivyo kwubakwa vyose, ibigororotse vyose, ibitanduye vyose, ivy'igikundi vyose, ibishimwa vyose, ni haba hariho ingeso nziza, nihaba hariho gushimwa, abe ari vo mwiyumvira"* (Abafilipi 4:8).

Mu kurimbura harimwo inyungu nyinshi zijanye n'igikorwa c'Imana. Ubwa mbere, kurimbura ku kuri kw'ijambo ry'Imana biduha umutima w'Imana. Umupasitori atangura kubona, kwiyumvira, n'ukwumva ibintu nk'uko Imana ivyumva, bikamuremamwo ubwihusi budasanzwe mu gikorwa. Ubwa kabiri, kurimbura bituma umurongozi aca bugufi. Uko dutahura uburebure butagira iherezo bw'Imana yacu nkuru tukabugereranya n'ubwacu bufise aho bugarukira, n'ingene n'ibiremwa muntu twaguye mu caha, bica bimenagura ubwibone bwacu. Ubwa gatatu, ukurimbura bizana ubwenge. Muri Zaburi 119: 99 haravyemeza kuko handitswe ngo: *"Mfise ubgenge buruta ubwo abigisha banje bose; kuko ivyo wihanikirije ari vyo ndimbura."* Ubu bwenge, burakenewe cane mu kugira igikorwa c'Imana kirangurwe neza. Ubwa nyuma, kurimbura biha umupasitori ubutumwa. Hariho itandukaniro hagati y'umuvugabutumwa afise ico avuga *"n'uwupfa kuvuga"*. Mu kurimbura, umupasitori arumva ubutumwa bw'Imana *butegetezwa* kubwirwa abantu b'Imana.

Mu mico yabantu, bafatirirwa cane, kandi bakora cane, kurimbura-kwiyumvira-bishobora kuba nk'ugutakaza umwanya. Kugira kurimbura bishobore kwama imbuto nziza cane iruta izindi, bitegetezwa kwitonderwa, tukarondera umwanya ukwiye, ikibanza, tukaba dufise amasôko canke ibitabu bidufasha muri ico gikorwa, kandi tukandika n'ivyo dutahuye muri ukwo kurimbura. Ubwa

mbere, kurimbura gutangurana n’umwanya. Nta n’umwe arimbura mu minota itatu canke itanu. Ni wihe iminuta mirongo itatu gushika kw’isaha canke urenze. Uri muri uwo mwanya, bisaba ko wima amatwi “nduru” z’isi, ugusugerezwa n’intonde z’ibitegerezwa gukorwa mw’Ishengero, n’ibigusamaza bigukikuje kugira ngo ubanze kwumva ijwi ry’Umwami”

Igikurikira, utegerezwa kurondera ikibanza gikwiriyeye. Mariko arandika ati, “ *Mw’ijoro rishira ubuca aravyuka, arasohoka, aja mu gahinga, asengerayo*” (Mariko 1:35). Jesu yahisemwo umwanya wa kare n’ikibanza kiri harya gato aho ata kintu na kimwe comusamaza mu gihe yaba agomba kuvugana na Data ahantu h’agacerere. Rondera ikibanza aho udakunda kuba uri. Siga telefone ngendanwa i muhira canke uyizimye. Fata ingingo yo kuva mu gisagara ugende ahantu kure aho ndetse ushobora no kwihweza ivyiza Imana yaremye.

Mu gutangura kurimbura, utegerezwa kugira *isôko*. Ni ukuvuga ko utegerezwa kugira ikintu wiyumvirako. Abazimiriye mu kurimbura ndengerabwênge bwanduruka mu Buseruko bw’Isi bigisha yuko abantu bakwiye “kwikuramwo ikintu cose”, ariko ukurimbura kwo muri Bibiliya kwigisha abagukoresha yuko bategerezwa “kwiuzuzamwo” ukuri. Hitamwo umurongo w’ivyanditswe uza kuba *isôko*, ivyo kurya vyawe, intumbero yawe. Soma ivyo vyanditswe ibihetangabo vyinshi. Urashobora kuvyandika n’amaboko canke ukavyandika mu gakaye ufise. Ni wibaze vya bibazo bitatu biri aho hejuru. Muri uwo mwimenyerezo, uba uriko uraganira n’ivyo vyanditswe.

Hanyuma, tangura wibaze uti Mbega aya majambo avuga iki? Mbenga iryungane ryose rivuga iki? Ijambo ryose? Mbega ijambo ry’inkoramutima muri iki gisomwa ni irihe? Kubera iki? Ni ikihe kintu udatahura muri iki gisomwa? Ni kubera iki Imana yakoresheje iri jambo itakoresheje irindi? Ni mu bihe bisomwa muri Bibiliya dushobora gusanga iri jambo canke iki cyumviro? Mbega iki gisomwa cohindura gute ubuzima bwanje? Cohindura gute ubuzima bw’abandi bantu? Ni kuki uku kuri gukenewe? Ni iyihe nzira yindi iki gisomwa cokwandikwamwo? Iki gisomwa gifise ubushobozi bungana gute mu buzima bwanje? Mbega iki gisomwa kiramboha? Mbega kiratuma nidegemvya?

Ivyo ushobora kwibaza ni vyinshi. Rimwe na rimwe inyishu

zishobora kuza ningoga, mu wundi mwanya, zikitonda cane. Kurimbura ni ukurindira hamwe no kwibaza no kugerageza kumenya ukuri. Intumbero s'ugutunganya neza inyigisho zawe. Intumbero ihambaye ni ugutahura n'ukwunga ubumwe bukomeye n'Imana akaba ari na yo ndunduro ya vyose.

Ikintu canyuma mu kurimbura ni *ukwandika*. Igihe wumva ko Imana iriko iravuga, ni wandike. Bika ibintu Imana yavuganye nawe igihe wari mu mwiherero. Ndafise umuntu dufadikanije igikorwa c'Imana afise ivyo yanditse, haciye imyaka myinshi. Arandika ivyiyumviro vyawe, amasengesho yiwe akayandikisha ikaramu y'ubururu, inyishu z'Imana akazandikisha ikaramu itukura. Ubu buryo bumushoboza kuraba inyuma n'ukubona ivyamwa mu mwanya yamaze ari imbere y'Imana.

Fata mu bwenge ijambo ry'Imana mu rukurikirane ruteguwe neza. Hagati muri ibi bintu bituma tugira indero y'impwemu—kwiga Bibiliya, kurimbura, amasengesho, kwisonzesha, kwiherera, kwandika, n'ibindi. – gushira mu bwenge umurongo ni indero tudakwiye kwirengagiza. Kuko, umwitwarariko umupasitori agira wo “ kubika ijambo ry'Imana mu mutima wiwe” (Zaburi 119:11) ni ngirakamaro cane mu gikorwa c'Imana. Raba

Izi ni inyungu 10 zo gufata mu bwenge n'ingene ukwibuka ikibiriraho ukuri kw'ibintu vy'impwemu bishobora kugufasha mu gikorwa c'Imana uriko urarangura:

1. Birongera kandi bigakabura ukwizera kw'umukristo
2. Bifasha umukristo kugira intsinzi ku caha
3. Biha umukristo umushinge w'inyigisho nyakuri
4. Biha intumbero umukristo mu ngingo za misi yose afata
5. Biha umukristo umurongo ngederwako mu masengesho
6. Bifasha umukristo gutahura mu kwiga Bibiliya
7. Vyuzuzwa umukristo ukuri mu kurimbura no gutazira
8. Bituma umuntu agira intumbero mu gukoresha umwanya wiwe aho gutakaza umwanya
9. Bikomereza umukristo mu kumuha ibikoresho vyo gushinga intahe no kugira inama abandi
10. Bituma umukristo ashobora kwigisha neza no gusigura ijambo ry'Imana

UBURYO BWO GUFATA MU BWENGE IVYANDITSWE

- Ku bapasitori bipfuza gutangura, ngizi ntambuko zifasha:
- Hitamwo igisomwa gifise ico gisobanura kuri wewe.
- Iga ico gisomwa mu gutahura ico gisobanura. Gutahura bizofasha mu gufata mu bwenge. (gufata mu bwenge navyo nyene bizofasha mu gutahura)
- Andika ico gisomwa mu majambo yawe, nk'ikikwemeza ko utahura muri rusangi ico kivuga, hamwe n'inyubako y'ayo majambo.
- Gabura iyo mirongo mu bice "Ushobora kwibuka"
- Andika ico gisomwa ku gakarata gatoya, akarongo kamwe ku gihimba cose.
- Fata mu bwenge umurongo umwe ku wundi
- Vuga akarongo kose, igihimba, umurongo, uvuga n'ijwi riranga
- N'ushire mu masengesho yawe ivyo wafashe mu vyiyumviro.
- Hitamwo umwanya ku musi-uwo mwanya nyene ku musi ku musi-uzohora ukurikiza kugira wimenyereze iyi ngendo.
- Koresha igisomwa wafashe mu nyigisho zawe, mu gusigura ubutumwa canke guhanura igihe bikenewe.
- Gerageza ufate mu bwenge ibisomwa birebire (ibigabane, ibitabu) kuko imirongo yindi mu kwerekana isano irashobora gufasha mu gushira mu bwenge.
- Subiramwo imirongo kenshi kugira ugume uyimenyera.

Pasitori Shuck Swindoll yanditse ati "Nta mwimenyerezo uvamwo inyungu z'umurengeru mu buzima bw'umukristo, mu mvugo ifadika, nk'ugufata mu bwenge Ivyanditswe... Nta wundi mwimenyerezo unganya na wo inyungu zo mu buryo bw'impwemu. Ubuzima bwawe bwo gusenga buzokomera. Ukushinga intahe kwawe kuzokariha kandi kube ugutomoye. Inyifato yawe n'ibintu bigaragara bizoca bitangura guhinduka. Ubwenge bwawe buzoca bukunguka, wunguke n'inkomezi zo kubona ibintu mu buryo bushasha. Ukwizera, no kwemera udukekeranya kwawe bizokwiyongera. Ukwizera kwawe kuzokomera. (Vyakuwe mu Gitabu citwa Ugukomera mu bihe vy'ubuzima, urupapuro 61)

Hisunzwe akamaro ugufata mu bwenge imirongo yo muri Bibiliya gufise mu gikorwa c'Imana, biratangaje kubona abarongozi benshi batitwaririka ako kamenyero. Bamwe bavuga ko "bibagira ningoga." Abandi na bo bakavuga ko gufata mu bwenge ari "igikorwa kigoye". ariko mu vy'ukuri, Imana *igomba* ko Abakristo babika ijambo ryayo nk'ubutunzi. Vyongeye Imana ni yo izotuma bishobokera umurongozi wese gukora ico gikorwa co gufata mu bwenge.

INDERO YA 2

Kwitwararika amasengesho yawe ku giti cawe

Naho ntacibuka igitabu vyanditswemwo, sinibagiye amajambo nasomye muri co ngitangura urugendo rw'agakiza: " Mu gihe nogomba gucisha bugufi umuntu uwo ari we wese, nomubaza ku vyerekeye amasengesho yiwe". Mu gihe amasengesho yorohera cane barongozi bamwe bamwe, amasengesho cari ikintu kigoye ku buzima bwanje bw'Umukristo. Ariko yari akenewe cane.

Amasengesho ni uburyo umurongozi w'Umukristo yimatanya n'umutima w'Imana. Biciye mw'ijambo ry'Imana, Imana iraganirira umuntu. Biciye mu masengesho na ho, umuntu aba ariko aganira n'Imana. Umupasitori umwe yavuze ko amasengesho ameze nk'ugukwegera umugono w'ubwato ku cuma kibuzirikira ku kivuko. Mu kugenza gutyo, umusoza w'ubwato ntaba ariko akwegera ico cuma ku bwato, ahubwo aba ariko akwegera ubwato bwose kuri ico cuma. Amasengesho ni nk'uguterera ingafe Imana tugaca tuja ku murongo iriko. Umwanditsi Oswald Chambers yavuze vyinshi ku vyerekeye ukurimbura yanditse ati:

Amasengesho si igihande gisanzwe c'ubuzima bw'umuntu asanzwe. Turumva ko bivugwa ko ubuzima bw'umuntu burwara mu gihe adasenga, ariko ndabifiseko ikibazo. Uwuzomererwa nabi ni umwana w'Imana muri we, adafungura ivyo kurya vy'umubiri, ariko afungura amasengesho. Iyo umuntu akijijwe, ubuzima bw'umwana w'Imana buca buvuka muri we, arashobora kuzingamika canke akagaburira ubwo buzima. Amasengesho ni inzira ubuzima bw'Imana bugaburirwa muri twebwe. Uko tubona

ibintu ku bijanye n’amasengesho ntitubisanga mw’Isezerano Risha. Twiyumvira amasengesho nk’inzira yo kwironderera amaronko ubwacu. (Vyakuwe mu gitabu citwa *My utmost for his Highest*)

Ndaterwa intege n’inkuru ya Yesu igihe yariko avugana n’abigishwa biwe. Baramubwira bati, “ Mwami, twigishe gusenga” (Luka 11:1). Bisobanurwa ko naho bo bari begereye Yesu cane, bari bakeneye kumenya ingene bakwiye gusenga canke ingene bakwiye gusenga neza. Yesu ntiyabiyumviriye nabi canke ngo areke kwishura ikibazo cabo. Yabigishije ibintu vy’urufatiro muri rirya sengesho rya Data wa twese” (Luka 11:2-4 na Matayo 6:9-13). Ibigize amasengesho ni ibi:

- **Uguhimbaza**—dutangura mugushira Imana hejuru no kuyishimira imigisha yaduhaye
- **Ukwishikana**—tugaragaza icipfuzo c’Ubwami bw’Imana n’ubugombe bwayo
- **Ukwatura**—turemera duciye bugufi ko turi abantu n’ivyotudashoboye gukora
- **Ugusaba**--Dusaba « ivyokurya vyacu bidukwiye » n’ukurindwa umwansi.

Umupasitori agomba kuroranyirwa « asenga ubudasiba » (1 Abatesalonike 5:17). Arasenga imbere yuko yiga ijamba ry’Imana, kandi arasenga imbere yuko asigurira Ishengero ryiwe. Arasengera kuroranyirwa mw’ivugabutumwa kandi agasengera kuba icabona ciza hanze. Arasengera ugukura mu mpwemu kw’abantu biwe, akarwanya ububasha bwa Satani bwose bushobora gutuma Ishengero ryiwe ridatera imbere. Arasengera ingo, abarwaye, abo bese babangamiwe n’ivyaha, arasenga kugira ukuri kw’Imana kwame guhagaze kutanyiganyizwa. Umupasitori arasengera abakozi bitanga mu rusengero, agasaba n’uko Data atuma abimbuzi benshi ngo bagende mu gikorwa co kuvuga ubutumwa kugira haboneke umwimbu mwinshi. Arisengera kandi agasengera abana biwe n’umuryango wiwe.

INDERO YA 3

Kwitwaririka kuruhuka

Igikorwa c'Imana ni ibanga rigoye. Kurongora Ishengero biraruhisha mu mubiri, mu bigumbagumba, mu vyiyumviro, mu migenderanire no mu mpwemu. Benshi mu bapasitori bamaze gusubirmwo amajambo Yesu yavuze ngo "Umutima wanje wuzuye agahinda kagomba kunyica." Paulo yabwiye ab'i Korinto ido n'ido ry'amananiza yahanganye nayo mw'ivugabutumwa:

"Abayuda ibihe bitanu bankubise ibimoko mironko itatu n'icenda. Ibihe bitatu nakubiswe ingage, igihe kimwe natwe amabuye, ibihe bitatu ubwato bwaramenekananyekanye, naraye mw'idamba nirirwayo, nari mu ngendo kenshi, mw'irinde ry'inzuzi, mw'irinde ry'abambuzi, mw'irinde ry'ubwoko bwacu, mw'irinde ry'abanyamahanga, mw'irinde ryo mu bisagara, mw'irinde ryo mu bugararwa, mw'irinde ryo mu kiyaga, mw'irinde ryo mu b'igira bene Data; mu butame no mu bucumukure, ndara maso kenshi, ngira inzara n'inyota, ndara ubusa kenshi, nicwa n'imbeho, nambara ubusa. Kandi ntarinze kuvuga ibindi, hari n'ikinza uko bukeye: ni umwitwaririko w'amashengero yose."

Abarongozi benshi b'Igikorwa c'Imana barashobora kuba barashikiwe n'ivyo bintu Paulo yavuze: barakoze, barakubiswe, baramaramazwa, kwama mu ngendo z'imisi yose, irinde, abigira bene Data, ugukora cane, umunāngīro, ukudasinzira, inzara, inyota, imbeho, ukwambara ubusa, umwitwaririko. Ntizari inzitizi gusa z'umubiri w'intumwa, ariko n'umwitwaririko w'amashengero (umurongo wa 28) vyatuma igikorwa ciwe kimugora cane. Kubwo iryo sugerezwa ryiwe n'iryacu, ni nkenerwa cane ko umurongozi abona akamaro ko kuruhuka.

Igihe intumwa za Yesu zari zivuye mu gikorwa co kuvuga ubutumwa, gukiza abarwaye, no kwirukana abadayimoni, bashitse babwira Yesu ibintu vyose vyabaye. Bibiliya ivuga ko hari igugu ry'abantu bari bakurikiye Yesu ku buryo ata vyo gufungura vyari bihari. Hanyuma, Yesu arababwira ati "Ni muze mwebwe mwenyene ahiherereye mu gahinga, muruhuke gatoya." (Mariko 6:31). Bari bakeneye kuruka kubwo umuruho w'igikorwa c'Imana, fata akanya

ko kuba kumwe na Yesu wenyene uruhuke. Asangwa Yesu n’abigishwa biwe bari bakeneye umwanya wo kuruhuka, mbega bicura iki abarongozi b’igikorwa c’Imana uno musi? Umupasitori ategerezwa kugira umusi umwe mu ndwi ugenewe akaruko k’isabato. Nta kwiga, nta ma telefone, nta manama, nta guhagarika umutima. Genda wiherere mu kibanza c’agacerere uruhukane na Yesu.

Ibituma akaruhuko ari ngirakamaro si uko ari bwo buryo bwonyene butuma umupasitori yubahiriza isabato. Hariho n’impamvu z’impwemu. Ku musi w’indwi w’iremwa, Imana yararuhutse. Intumbero y’iyi sabato ntikwari ukuruka ku vyerekeye umubiri (kuko mu vy’ukuri Imana ntiyari irushe), ariko hari mu ntumbero yo kwigisha akamaro k’icigwa c’impwemu ku vyerekeye inkomezi z’Imana n’ukutigenga kw’umuntu. Mu misi itandatu, Umwami yarakoze n’ivyo aremye biragaragara. Igihe Imana yaruhuka, ikintu cose carahagaze, vyerekana ko ikintu cose kiva kuri we. Imana iha abantu bose “ ubuzima n’impwemu n’ikintu cose”. (Ivyakozwe n’Intumwa 17: 25)

Uko dukora n’ingene dutera imbere cane twigereranije n’abo dusangiye ikibano, uko ni ko twiyumvira ko twikwije. Abapasitori benshi bazwi nk’abavuga ko “ ntabikoze ntibigenda neza.” Isabato naho yashiriweho ukuruhuka kw’umubiri gusa ariko itwibutsa ukwiyegurira Imana ata co twisigarije. Isabato “yashizweho kubera umuntu”. (Mariko 2:27).- mu ntumbero yo gufasha abantu b’Imana kwibuka ko Imana ariyo nkomoko y’ukuroranyirwa kwose, n’ivy’umuntu ashobora gushikako vyose, hamwe n’ikintu gishasha cose, atari twebwe. Isabato iraducisha bugufi “ mu kutagira ico dukoze na kimwe” kwizera ko abantu bôbô bashobora “gutekereza” ariko Imana “ikaguma ishirwa hejuru mu mahanga” (Zaburi 46:10). Ni uburyo umupasitori yemera ko Imana ari umuzabibu natwe turi amashami yawo, ko hatarimwo Imana ata kintu na kimwe twashobora gukora. (Yohana 15:5)

INDERO YA 4

Kwitwararika Umuryango

Ni mba umupasitori afise umuryango, umukenyezi wiwe hamwe n’abana “ ni zo ntumwa ziwe zimwegereye.” Ni bo bategerezwa

gufata ikibanza c'imbere mu gikorwa c'Imana yajejwe. Hari abakoresheje nabi amajambo ya Yesu muri Luka 14:26 – ati *“Umuntu ni yaza kuri jewe, ntiyanke se, na nyina, n'umugore wiwe, n'abana biwe, na bene nyina- mbere n'amagara yiwe na yo- ntashobora kuba umwigishwa wanjye”*- bituma birengagiza umuryango kubwo kwihebera inyungu z'igikorwa c'Imana. Ariko Yesu yariko akoresha aka karorero kadasanzwe mu kwerekana neza ukuntu intumwa ziwiye kumwigako cane, ariko atari igikorwa.

Inzego za mbere Imana yashizeho ni umubano/urugo n'umuryango. Iyo umuryango ukuze, Imana ikuza ubwami bwayo. Umuryango ufise ikibanza ntayegayezwa mu mugambi w'Imana. Na Yesu, mu gihe yariko arapfa, yaritwariritse ukubaho neza kwa nyina wiwe, abwira intumwa Yohana kumubungabunga (soma: Yohana 19: 25-27). Mu nyuma, Paulo yigishe Timoteyo, *“Ariko umuntu n'atatunga abo mu nzu y'iwabo, cane cane abiwe, azoba yihakanye ukwizera, kandi azoba abaye hanyuma y'uwitizera.”* (1Timoteyo 5:8). Kubera iyo mpamvu, vyoba ari igihushane ku murongozi w'Umukristo kwirengagiza umuryango wiwe kubera inyungu z'Ishengero.

Kuko kimwe mu biranga umupasitori ni ubushobozi afise bwo gutunganya umuryango wiwe neza. (1 Timoteyo 3:4), umupasitori ategerezwa kwitwararika neza iki gikorwa. Hari ibisabwa bitanu:

Tanga ivya nkenerwa vyose ku mubano wawe. Umugore wawe ni umufasha mukwiranye wahawe n'Imana. Niwe wenyene agukwiye. Ni we akugira umugabo mwiza, se w'abana, umupasitori n'umurongozi. Mukunde nk'uko Yesu Kristo yakunze Ishengero ryiwe (Abanyefeso 5:25) *Imisi yose*, hindura urugo rwawe akarorero k'Ubutumwa Bwiza. Bisobanurwa yuko urukundo umukunda ata co rusaba; ntirwikunda, kandi ntirugira iherezo. Muhe umwanya wawe mwiza. Muhe icubahiro imbere y' ikoraniro ryawe. Muhezagire kenshi. Martin Luther yavuze ubutumwa ati *“Umugore wese ni atume umugabo anezererwa gutaha i muhira, kandi umugabo ni atume umugore wiwe yumva ababaye igihe cose abonye umugabo wiwe arenze irembo.”*

Ronderera umwanya abana bawe. Abana benshi bakurira mu miryango y'abakora ibikorwa vy'Ishengero, bamaze gukura

bakengera Ishengero. Ivyo bitumwa n'imvo zibiri: Abakora ibikorwa vy'umupasitori baha Ishengero ivyo batigera baha abana babo kandi abana na bo nta mwidegemvyo bafise wo guhitamwo kugira babe mw'Ishengero. Kubera iyi mvo, si igitangaza kubona abana b'umupasitori bagarariza mw'Ishengero no mu muryango igihe bariko barakura. Pasitori akaba na Sé w'abana ashobora gukinga ko ivyo biba mu guhitamwo gushira imbere ya vyose abana biwe. Umugambi w'Imana si uko abavyeyi ari bo bogira ico bakorera abana babo mu buryo bw'impwemu, mu buryo bw'ibigumbagumba, imiginderanire, hamwe n'imigenzo vy'umwana wiwe. Se w'abana barasangiye ico gikorwa mu buryo bungana. Igisha abana banyu, sengana na bo kandi mukwirikirane ubuzima bwabo no hanze y'urusengero. Komeza ubushobozi bwabo bwo kwiga ibiharuro, inkomezi zo kunonora imitsi, canke ukuntu bakunda gutamba. Asangwa abana bawe bayumvamwo badakekeranya ko ubakunda uko bari kwose, ntibazokwanka Ishengero.

Ntukwegere ku nguvu umuryango wawe mu bintu vy'impwemu. Umupasitori wese ashaka kuroranirwa mu gikorwa ciwe, kandi benshi bizera umuryango wabo ariwo ugaragaza ukuroranirwa kwabo. Indunduro ya vyose, ni uko abapasitori benshi baca basunikira imiryango yabo mu gukura mu mpwemu aho kubarōngōra. Baca babagera inyifato ngenderwako ntabanduka, bagasaba ko abagize umiryango yabo bategerezwa kuba ku rusengengero imisi yose bakoranye. Baranasaba yuko no mu kwiga Bibiliya bovyifatamwo neza, bakanabagena mu bibanza vy'uburongozi, mu kuririmba n'iyindi mihamagaro y'igikorwa c'Imana. Intumbero si ukugomba ko abana babo bakura mu vy'impwemu, ariko ni ukugira berekane ifoto nziza y'umupasitori yaroraniwe mu kurera umuryango wiwe. Ariko, abarongozi ntibategerezwa gusunika.

Wibuke ko uri umwungere w'umuryango wawe- utari umwami; nturi mu kibanza c'umukuru w'abasoda nk'igisongerezi mu ntwaremiheto, vyongeye nturi uwutanga amategoko. Imana yaguhamagariye kwereka inzira, gukingira no gukwirikirana umuryango wawe. Ntubasunikire mu gukura mu vy'impwemu; barōngōre. Fasha umuryango wawe kumenya neza Imana mu

butandukane bwabo, mu mpano n'ingabire zabo. Reka kubasaba vyinshi birengeye ivy'Imana igusaba.

Tanga akarorero keza k'imigenderanire ikomeye ufutaniye n'Imana. Iyaba kurera kwari ukwigisha canke kubara inkuru gusa, umuryango wose wogize abana b'intungane. Ariko kurera (no guhindura abantu kuba abigishwa) ni ukuba icitegererezo abandi bigana. Ereka umuryango wawe ingene bakwiye gukura mu migenderanire yabo n'Imana. Babere icitegererezo mu gusenga. Babere icitegererezo mu kuruhuka, icitegererezo mu rukundo, mu kwakira abantu no mu bugwaneza. Umuryango wawe Ushobora kutumva ivyo uvuga, ariko bazoraba ivyo ukora.

Gira ubuntu butangaje. Kubera ukwigobera mu kurondera kwerekana ko barera abana babo neza, abapasitori baza imbere y'abandi bavyeyi bo mw'Ishengero mu gukoresha amategeko. Ariko, nta n'umwe muri twebwe yakurikiye Yesu kubera amabwirizwa. Twahamagawe n'ubuntu bwiwe butangaje. Ntiyadukoreye ibihwanye n'ivyo twakoze, ariko ni ubuntu tutari dukwiye. Mu gishingo c'uko umupasitori ashinga amategeko ngenderwako adasanzwe mu muryango wiwe, akwiye kugira imbabazi. Arihangana, aratanga kandi akababarira. Wewe nk'umuntu, ni akarorero ku muryango wiwe gatanga ishusho y'ingene Imana imeze kuri twebwe twese.

NONE HOKORWA IKI?

Ico iki kigabane gisobanura kirumvikana: “ Ntushobora kurongorera ahantu kure na wewe ubwawe udashobora gushika.” Pasitori ategerezwa kwibungabunga akabungabunga n'abandi. Bimusaba kwumvira ijamba ry'Imana imisi yose, kurisoma, kuririmbura, kurifata ku mutwe kugira ngo azorikoreshe mu gihe kiri imbere. Bibiliya ni igikoreshe gikarishe mu gikorwa c'Imana. Kandi, ata gutahura ku musu ku musu ukuri, umupasitori nta kindi azosigarana atari ivyiyumviro vyawe, ivyiyumviro vy'imigenzo yiwe, n'inyigisho yataye. Mu gihe “twinjiye” mw'ijamba ry'Imana, ryanjira muri twebwe rikatugirira ikimazi co kudukarisha no gukarisha mu mitima yacu igikorwa c'Imana twahamagariye.

Hamwe n'ivyo, amasengesho ni ngirakamaro ku murongozi w'igikorwa c'Imana. Asangwa tuvuga ko tuvuga mu kibanza c'Imana, dutegerezwa kugiriranira imigenderanire cane n' Imana, rimwe na rimwe mu kuvugana na Yó, ahandi na ho mu kuyumviriza. Mu bisanzwe, umupasitori afise indero nziza mw'ijambo ry'Imana n'amasengesho azokora neza cane gusumba cane umupasitori ata na kimwe afise muri ivyo, ariko afise inyigisho z'ivy'Imana yize (théologie) kandi yasomye ibitabu amajana kugira yagure ubumenyi bwiwe mu gikorwa. Amasengesho ni umushinge ntabanduka mu gikorwa kandi uzana ihinduka karuhariwe mw'Ishengero.

Akaruhuko ku mupasitori kamuzanira inyungu ziwe mu buryo budasanze hamwe n'inyungu basangiye n'abandi. Kubwanje, umupasitori aruhuka neza ni we afitiye akamaro kanini abantu biwe. Abapasitori baruhuka bagira inkomezi zikwiye. Bariyubura. Bumva baguwe neza. Barunguka ivyiyumviro bishasha. Bafise ukwiyegurira Imana kumeze neza. Ariko igihushane c'ivyo na co ni uko abapasitori bafata umwanya muto wo kuruhuka bāma barushe, kandi bazegembana imitwaro. Ntibabona neza uko ibintu vyifashe, bāmana umwikeko kandi bakama bagomba gukora vyose kubwo inyungu zabo. Ukuroranyirwa mu gikorwa cabo gushingiye ku vyo bashobora gukora atari ivyo Imana yamaze gukora.

Isabato y'umupasitori ni icitegererezo ku bantu biwe. Mu kwitwararika kugira akaruhuko hamwe n'ugutegekanya umwanya ku neza y'umuryango, baba bariko barigisha Abakristo babo akamaro ko kuruhuka no kugira imigenderanire myiza. Bigisha babicishije mu gutanga akarorero ku buzima bwabo, yuko ari vyiza kureka gukora no kwizigira Imana ku bintu dukeneye. Ivyo vyubaka imiryango yabo, bigatuma amashengero barōngōye agira amagara meza, mbere n'ikibano na co kikamererwa neza.

SHIKA KU INTAMBUKO IKURIKIRA

1. Ni ibihe bintu mu ntango y'iki kigabane bishobora kuba vyakubereye ukuri gushasha wize? Ni ikihe kintu wokora gishobora kugukingira kuba umuntu w'ibiharuro gusa.

2. Muri ibi bintu bitatu vyo kwitwaririkwa kw' ijambo ry'Imana-gusoma, kurimbura canke gufata ku mutwe- ni ikihe kintu kikugora cane? Mu misi 30 ikurikira, tangura ukoreshe vya bibazo bitatu bifise ubuzima mu mwanya wawe wo gusesangura ivyanditswe, fata umwanya gushira mu ngiro indero yo kurimbura, hanyuma wandike urutonde rw'imirongo 10 y'urufatiro mu ntumbero yo gufata ku mutwe kubwo igikorwa c'Imana wahamagariwe.
3. Mbega amasengesho arakworohera canke arakugumira? Kuki? Ni ba nde uzi babikora neza (Yakobo 5:16)? Baganirize ubasabe bakwigishe vyinshi ku vyerekeye amasengesho.
4. Mbega ni ryari wubahiriza Isabato (akaruhuko)? Mbega wohindura gute Isabato umusi w'akaruhuko" (wutandukanye n'iyindi misi) kubwo Umwami?
5. Umugore wawe hamwe/canke n'abana bawe umwitwaririko wawe kuri bo bawuvugako iki bagereranije n' umwitwaririko ugirira igikorwa c'Imana? Ni mu buryo ubuhe ukwiye kugira ivyo ihinduye kugira witwaririke urugo rwawe, urondere umwanya w'abana bawe, urōngōre umuryango wawe mu vy'impwemu, ube icitegererezo ciza ku Mana mu gutanga imbabazi nyinshi?
6. Ni ikihe kintu c'inkoramutima wize muri iki kigabane?



IBWIRIZWA RIKURU RY'UMUPASITORI

*Ariko weho, wirinde muri vyose, wihanganire imibabaro, ukore igikorwa
c'umuvuzi w'Ubutumwa Bwiza, ushitse igikorwa c'ibango ryawe.*

2 Timoteyo 4:5

Mu ririmi rw'Icongereza, iryungane rivuga ngo “ Ntushobora kubona ishamba kubera ibiti ” risobanura ko rimwe na rimwe igihe abantu bari mu gikorwa kanaka bibagira igicapu cagutse, intumbero nyamukuru. Ivyo ni ukuri no mu bikorwa vy'Imana bijanye n'umuhamagaro. Ata n'umwanya munini uheze umukozi w'Imana atanguye gukorera mu kibanza ciwe, asanga ibikorwa vy'ibango ry'umupasitori ari vyinshi cane. Mu ma shengero yacu, abantu bategerezwa guhanurwa, abarongozi bategerezwa gukarahirizwa ubwenge, amafaranga ategerezwa kwegeranywa no guharurwa, abaririmvyi bategerezwa kwimenyereza indirimbo, intonde zitegerezwa gushirwaho, inyubako zitegerezwa gusubirwamwo, insiguro z'ijambo ry'Imana zitegerezwa kwandikwa, abapfakazi bategerezwa gutunganirizwa, inama zitegerezwa kuronka abajenema. Ntibifata igihe kirekire imbere y'uko umupasitori yisanga mu muzitanyu “w'ibiti” ku buryo adashobora kubona ubunini “bw'ishamba” rigize igikorwa c'Imana yahamagariwe.

Mu kigabane ca 2, twavuze mu ncamake ku gikorwa c'umupasitori nk'umuntu ahindura abantu abigishwa, umwungere, uwushoboza abandi akaba n'umukozi akorera abandi. Ivyo ni ivyerekeye umupasitori *uwu ari we*. Muri iki kigabane, duhindukiriye ku *vyo* umupasitori akora. Ni ibihe bikorwa vy'ingirakamaro

umupasitori ategerezwa gushira imbere y'ibindi vyose?

Iki kigabane ni ngirakamaro kuko abapasitori benshi bisanga barengeje urugero muri bumwe mu buryo bubiri butandukanye cane ari bwo bw'ubu: gukora vyose canke gukora bike cane bibaho. Abapasitori bamwe biyumvira yuko ari bo bajejwe igikorwa cose mu rusengero. Mu kibanza co kuzeza abandi ivyo bakwiye gukora ngo babaserukire, barigisha, baravuga ubutumwa, baraja mw'ivugabutumwa, barakarihiriza ubwenge abandi, barabatiza, barahanura, barahitamwo abanyeshengero, barashingira ubukwe, barahamba abapfuye, barakurikirana ikoresheya ry'amafaranga y'Ishengero....ivyo ni bike muri vyinshi. Uwu mutego uteye agahinda kandi urenze ni wo nyanduruko y'ingorane nyinshi mu mupasitori:

1. **Kwishira hejuru.** Umupasitori arondera kugenzura ikintu cose mu rusengero aba atinya ko ubukuru bwiwe mu burongozi bwohava butamenyekana mu gihe yosangira amabanga n'abandi barongozi.
2. **Ubwoba.** Umupasitori yizera ko ari we wenyenye ashoboye kurongora, kwigisha, gukarihiriza ubwenge abandi, n'ibindi, hanyuma agatinya icoshobora kuba mu gihe yotuma abandi gukora ico gikorwa c'Imana.
3. **Ukutamenya.** Umupasitori ntatahura akarorero ka Yesu ko "kugwiza abakozi bakora igikorwa c'Imana"

Umupasitori akora "vyose" ashobora kugaragara nk'akarorero ku bo arongoye, ariko mu gihe gito ubwiwe n'abo arongoye bazomererwa nabi. Umupasitori azohinduka uwinuba abandi, azoruha ntabe agishobora gukora na kimwe, Ishengero ntiribandanye gukura no gukomera kuko rifise Se w'impwemu arikorera vyose.

Hambavu y'ivyo, ni akaga gakomeye mu gihe umupasitori akora duke cane. Abakristo b'imiyabaga bamwe batangura igikorwa c'Imana bafise inguvu nyinshi kandi babishishikaye cane. Ariko, uko umwanya ugenda, barateba bagahinduka abapasitori b'izina gusa. Ntibakarihiriza ubwenge abandi, ntibagendera abagwaye, ntibahanura, ntibigisha. Umugenzi wanjye w'Umurundi ni we yambwiye ati "Abapasitori benshi muri iki gihugu bambara

amakositime meza, bakagendana n'abantu babacungerera umutekano, bagafungura ibifungurwa bitandukanye n'ivy'abandi kuko bahambaye cane." Iyo ntwaro y'igikenye c'ibihangange inyuranye n'ivyanditswe ituma umuntu yibona ko ari "umwami" aho kuba "umuganwa ari muni y'Umwami". Ingaruka z'ivyo ni ingorane zisa n'izo abapasitori bagomba gukora ibintu vyose:

1. **Kwishira hejuru.** Umupasitori aca yizera yuko kubera icubahiro afise, arangeye ibikorwa bisanzwe
2. **Ubwoba.** Umupasitori aca abona ari umurongozi kw'izina gusa, ivyo bigatuma atinya yuko ahaye akaryo abo arongoye kugiraa bakorane nawe, boca babona neza ko ari umupasitori atabifitiye ubusobozi.
3. **Ukutamenya.** Umupasitori ntahura akarorero ka Yesu ko "kugabanganya amabango mu gikorwa."

Umupasitori akora "ibintu bike" ashobora kugaragara nk'umurongozi mwiza kubera icubahiro gikomeye aba ariko arasaba abo arongoye. Ariko, mu mwanya muto, we ubwiwe n'Ishengero arongoye bazomererwa nabi. Umupasitori azorambirwa n'ikibanza ciwe hanyuma atangure gushaka kuduzwa canke kurondera ibibanza vyo hejuru. Ishengero rice rihagarara gukura no gukomera kubera rifise Se w'impwemu atabaye icitegererezo ca Bibiliya c'umurongozi akorera abandi.

None pasitori yokora iki?

Naho umupasitori wese afise amabanga menshi; vyongeye, naho mu mashengero afise umupasitori arenga umwe usanga umupasitori wese afise igikorwa kidasanzwe ajejwe, hariho ibintu bine umupasitori uwo ari we wese akwiye gukora.

Kuvuga Ijambo ry'Imana

Muri iki kete rya kabiri ryandikiwe Timoteyo, Paulo ariko arategura umwigishwa wiwe kwemera ibikorwa vy'igikorwa c'ibango ry'umupasitori. Ashimitse, kandi mu bwitonzi bwinshi nk'uwuzobibazwa n'Imana Paulo yategetse Timoteyo ati:

Ndakwihanikiriza mu nyonga z'Imana no mu za Kristo Yesu azocirako iteka abazoba bariho n'abazoba barapfuye, kandi no kubwo

kuzoboneka kwiwe n'ubwami bwiwe: 2 uvuge ijambo ry'Imana, uhore ugavye mu gihe gikwiye no mu kidakwiye, uhane, wihanize, uhanure, mu kwihangana kwose no mu kwigisha. 3 Kuko igihe kizozza, batazokwemera kwumva ukwigisha kuzima; ariko kuko amatwi abarya yipfuzza kwumva ibibanezereza, bazokwirundanzira abigisha bahuje n'ukwipfuzza kwabo, 4 kandi bazokwiziba amatwi ngo ntibumve ukuri, bazozimira bakurikire imigani y'ibinyoma. Ariko weho, wirinde muri vyose, wihanganire imibabaro, ukore igikorwa c'umuvuzi w'ubutumwa bwiza, ushitse igikorwa c'ibango ryawe. (2Timoteyo 4:1-5)

Kimwe mu “bikorwa vyinshi” bigize ibango Timoteyo yahawe ni ibwirizwa ryo “kuvuga ijambo ry'Imana”. (umurongo 2). Ubutumwa nk'ubwo buba ubwa mbere na mbere mu musu w'Imana mu gitondo. Ariko, abapasitori baravugaga ijambo ry'Imana mu mashuri, mu bikorane vy'ivugabutumwa, mu makoraniro y'inyigisho nkarishabwenge zigenewe abarongoyi, canke mu makoraniro adasanzwe nko gushingira ubukwe canke no mu guhamba abapfuye. Mu mwana wose umupasitori yigishirizamwo ijambo ry'Imana ategerezwa kwerekana ko ari umwizigirwa. Ijambo ry'Imana rifise inkomezi zo “gukosora, guhana no gutera intege” abandi (umurongo 2; soma kandi 2 Timoteyo 3:16-17) n'imigenzo ikomeye. Mu buryo busanzwe canke bishitse giturumbuka, abantu benshi bisanga baguye mu kaga k'inyigisho hamwe n'ivyiyumviro vy'ibinyoma. Mu Vyakozwe n'Intumwa 20:29, Paulo yaragabishije ku mpanuka y'“ amabingira y'inkazi” ashobora kwinjira mw'Ishengero agahindura ijambo ry'ubutumwa bwiza, akazimiza Abakristo. Umupasitori yigisha ukuri kw'ijambo ry'Imana abarongoyi mu kubakurikira abakura mu nyigisho zidafise ishingiro, akabagarukana mu canya nyacyo, aho bagaburirwa ukuri.

Muri iyi mirongo, Paulo asobanura ko inyigisho za Timoteyo zitegerezwa gutegurwa, kwitonderwa no kugira intumbero. Ubwa mbere, umupasitori ategerezwa kwitegura mu bihe “vyiza no mu bihe bibi.” Ategerezwa kuba yiteguye kwigisha, gukarahiriza abantu ubwenge, guhanura, gutera intege, guhana no gukosoba hisunzwe ijambo ry'Imana. Ibi bisaba ko umupasitori aba umunyeshuri mwiza yama yiga Bibiliya kugira ngo yame afise ivyanditswe biteguye.

Ubwa kabiri, umupasitori ategerezwa kugira ukwihangana kunini mw'ijambo ry'Imana. Ijambo ry'ikigiriki rivuga “ukwihangana cane” canke “gushikama.” Nta muntu akwiye gukoresha imirongo ya Bibiliya mu buryo bw'agahotore mu kurōngōra abandi. Ivyanditswe ni inkota ifise “ubugi bubiri” (Abaheburayo 4:12), ariko nta murongozi ategerezwa gukoresha Bibiliya mu kubabaza abandi.

Ubugira gatatu, umupasitori ategerezwa kuvuga ijambo ry'Imana nk'uko rivuga-akagira “ubwitonzi mu nsiguro ritanga.” Nāma nahanuye abarongozi b'igikorwa c'Imana nti “Wame ugira umwete wo kwiha Imana nk'uwumaze kurama, umukozi atarinda guteterwa, aramiriza neza mw'ijambo ry'ukuri” (2 Timoteyo 2: 15). Mu yandi majambo, iga, tegura kandi usigure ijambo ry'Imana mu kudomako ku buryo ubutumwa bwawe bugaragaza ata gatosi ivyiyumviro nkoramutima vy'Imana nk'umukozi atōrinda guteterwa no kujuragirika imbere ya y'Umwanditsi Mukuru! Nta burenganzira umupasitori afise na mba bwo kwitwaza ijambo ry'Imana mu gusigura ukuri *kwiwe* ubwiwe.

Akaga gakomeye ko gukoresha ijambo ry'Imana uko bidakwiye tugasanga muri Yereimiya 23:

Numvise icyo ba kamenyi bavuga, barotora ibinyoma mw'izina ryanje; bati Narose, narose. Icyo bizogera ryari kuba mu mitima ya ba kamenyi barotora ibinyoma, ni bo bavugishwa n'ubugunge bwo mu mitima yabo? Bibwira ko bokwibagiza abantu banje izina ryanje, babibagirisha inzozo zabo barotora, izo umuntu wese arotorera mugenzi we, nk'uko ba sekuruza babo bibagijwe izina ryanje na Bayali. Kamenyi ni yagira icyo yarose, n'akiroto; kandi uwufise ijambo ryanje n'avuye iryo jambo adacishije i ruhande. Mbega umuguruka uhwanyeye ute n'ingano? Ni jewe Uhoraho mbibajije. Mbega ijambo ryanje si nk'umuriro? Ni jewe Uhoraho mbibajije; canke si nk'inyundo imenagura igitandara? Nuko rero ehe rāba, abo ba kamenyi tuzōhigūra twe na bo, ni jewe Uhoraho mbivuze, abiba amajambo yanje, umuntu wese akayiba uwundi. Rāba, nzohigura n'abo ba kamenyi, ni jewe Uhoraho mbivuze, ababishira mu kanwa kabo, ngo ni ko nabivuze. Raba, nzohigura n'abarotora inzozo z'ibinyoma, ni jewe Uhoraho mbivuze, bakazisigura, bakazimirisha abantu banje ibinyoma vyabo n'ukwihayagiza kwabo kw'ubusa: yamara jewe nta ho nabatumye,

nta co nabageze; kandi nta co bazomarira ubu bwoko na gatoya, ni jewe Uhoraho mbivuze. (Yeremiya 23:25-32)

Aya majambo aracira urubanza abavugishwa b'ibinyoma- barya bavuga ko bavugira Imana, ariko bakirengagiza ukuri kw'Imana. Abavugishwa bariko birotera ivy'ukuri kwabo kudafise ishingiro (imironko ya 25-26). Bamwe muri bo "baribana amajambo" bakavuga ko Imana yavuganye na bo (umurongo 30), inyifato irāngá abapasitori benshi bīmúra canke "bakoporora" inyigisho z'abandi kuko batashoboye kwiga ku giti cabo.

Inyigisho nk'izo ata co zitumbereye kandi z'intege nke zifise ingaruka isambura kw'Ishengero. Aho kurongorera abantu hafi y'Umwami, izi nyigisho zituma abantu "bibagira Izina ryiwe" (umurongo 26). Zituma bantu biyumva buzuye (ivyuzuzura inda gusa), ariko izo ndya zibuze ingaburo zikwiye ku gira habe ukugaburirwa kw'Impwemu (imbuto). Ku mpera, izo nyigisho zirongorera abantu mu bubeshi aho kubarōngōrera mu kuri.

Ku murongo wa 29, Uhoraho yarabajije ati "*Mbega ijambo ryanje si nk'umuriro... canke si nk'inyundo imenagura igitandara?*" Igihe ijambo ry'Imana ryigishijwe mu kuri rirōza, rirahingura, ricika umuriro, riramenagura kandi rikubaka. Rifise ikimazi ntabanduka co guhindura ubugingo. Aho rero, umupasitori ategerezwa kwigisha ijambo ry'Imana mu bwizigirwa, imisi yose, kandi azi ko azobibazwa.

Kugwiza Abarōngōzi

Naho Yesu yari afise ububasha n'ubushobozi bwo gukora igikorwa c'Imana wenyene, yaragwijije abantu bamufasha gushikana kure ibiri muri we. Matayo avuga ati "*Ahamagara abigishwa biwe cumi na babiri, abaha ububasha ku mpwemu zihumanye n'ubwo kuzisenda, no gukiza indwara zose n'ubumuga bwose*" (Matayo 10:1). Dutegerezwa kwibuka ko abigishwa ba Yesu bari abarovyi n'abatozakori- batize kandi abantu basanzwe (Ivyakozwe n'Intumwa 4: 13)- bahawe igikorwa gikomeye co kuvugira ubwami bw'Imana. Yesu yagwiye abarongozi kuko yatahuye ukuri kugizwe n'ingingo nyinshi.

Ubwa mbere, Yesu yatahuye ko amabango menshi akorwa biciye mu kugwiza abakozi. Ni ibiharuro vyoroshe. Umutahe mwinshi mu

bantu bake uvamwo inyungu zikomeye mu bantu benshi. Abapasitori benshi bafata umwanya muto (isaha imwe gushika kuri zibiri ku musi w'Imana) bari kumwe n'abantu benshi bakiyumvira ko hari ikintu kinini kiriko kiraba. Ariko, ibango ry'umupasitori rirongerekana cane rwose biciye mu gukarahiriza ubwenge no kurekura abarongozi kugenda gukora mu kibanza ciwe.

Ubugira kabiri, Yesu yaratahuye ko gutegura abarongozi ariko gukura kw'impwemu. Biciye mu nyigisho, gukarahiriza ubwenge no kurungika bamwe cumi na babiri, Yesu ntiyariko akora igikorwa *aciyе* muri bo gusa, ariko yariko akora igikorwa *muri* bo. Ugukura kw'uburongozi bwabo kwazanye ukwizera, ubushizi bw'amanga, ukwihangana, kugira iyerekwa n'urukundo, izo zikaba ari zimwe mu nyifato n'imigenzo vyinshi vyiza. Igihe umupasitori ategura abarongozi b'impwemu, aba ariko ategura abigishwa b'Impwemu.


Ubwa gatatu, Yesu yaratahuye ko umwanya wiwe ufise iherezo. Yaramenye ko igihe ciwe "cariko kirashika" (Yohana 13:1) kandi azosiga isi agasiga ukubandanya kw'Ishengero mu maboko y'abamukurikiye. Rero, kugwiza abarongozi bwari uburyo bwo kubitorera umuti. Nta mupasitori arongora Ishengero kanaka ibihe bidashira kandi kubw'iyo mpamvu umupasitori wese ategerezwa abazomusubirira.

Hisunzwe akarorero ka Yesu, intumwa Paulo yaratahura akamaro ko kugwiza abarongozi. Yategetse Timoteyo ati, "*Kandi ivyo wanyumvanye mu maso y'ivyabona vyinshi, ubishikirize abantu bo kwizigirwa, bazoshobora kuvyigisha abandi.*" Raba "urukurikirane rw'urunganwe kugeza ku rugira kane" rwavuzwe muri uwu murongo:

- > "Wewe" =Timoteyo
- > "Jewe"= Paulo
- > "Abantu bo kwizigirwa"
- > "n'abandi"

Twoshobora guhinyanyura rino tegeko rya Paulo mu mvugo yacu tuti "Timoteyo, wari mw'ikoraniro ry'ananyumvise igihe nigisha ubwa mbere ijamba ry'ubutumwa bwiza, ubwo wahavuye wizera. Ubu rero, ndagomba ko urondera abantu bo kwizigirwa

ushobora kwigisha. Ubakarihirize ubwenge ku buryo na bo nyene bashobora kwigisha abandi ivyo wabigishije. “Ingaruka nziza yo kugwiza abarongozi imeze gutya:



Umupasitori arashobora bitamugoye gukûra inyungu mu kugwiza. Iyumvire umupasitori akarihirije ubwenge abarongozi batatu mu mwaka. Ikiba citezwe ni uko abo barongozi batatu, umwe umwe azokwigisha abandi batatu bakurikira mu mwaka ukurikira. Muri uwo mwanya nyene, umupasitori agatangura kandi gukarihiriza ubwenge abandi batatu mu mwaka wa kabiri, gutyo gutyo. Mu mpwera z'umwaka wa gatatu, abarongozi 63 bazoba bigishijwe kuri urwo rusengero arongoye. Ubu rero wiyumvire umupasitori yigishije abarongozi batanu, aho kwigisha batatu... canke abapasitori batatu bakigisha abandi muri uwo mwanya nyene. Ugukura birengeje kwogira inyungu ntahinyuzwa ku rusengero no mu gikorwa c'Imana. Iki ni co gituma umupasitori ategerezwa kwitwaririka ukugwiza abarongozi.

Kuzigama Igikorwa Wahamagariwe

Ishengero ryose rirafise ico ryita igikorwa c'umuhamagaro. Igikorwa c'umuhamagaro ni “ico Imana yaduhamagariye gukora.” Ni intumbero y'Ishengero, ni iyo ryerekza kuja canke «umurongo wo

kurangirizako». Ishengero vyemerwa ko ryaroraniwe igihe ryayishikije intumbero yaryo.

Igikorwa Ishengero ryahamagariwe ntishirwaho n'ivyiyumviro vy'umupasitori canke ikirangamisi c'Ishengero. Igikorwa Ishengero ryahamagariwe gitegerezwa kuba intumbero y'Imana, dusanga mw'ijambo ry'Imana. Aho rero, igikorwa Ishengero ryahamagariwe ntigifise iherezo, ntigihinduka, n'ico ichubahiro kandi ni ico amahanga yose. Gitegerezwa gusa n'ivyo Imana yamye ikora ibihe vyose:

- Kwihesha icubahiro (Yesaya 48:9-11; 1 Abakorinto 10:31)
- Gucungura abantu bayo (Abanyefeso 2:1-7; Tito 2:14)
- Kwubaka Ubwami bayo (Matayo 6:10, 33; Abaheburayo 12: 28)

Kubw'ivyo, iyo umupasitori ariko aribaza ico akwiye kuba ariko arakora, inyishu iratomoye: guhimbaza Imana, gurukana abazimiye biciye mw'ivugabutumwa n'urukundo, no kwubaka ubwami bw'Imana mu kwigisha abantu kugira akaranga k'Imana. Pasitori afise igikorwa co kuvuga iyi ntumbero no kugumiza Ishengero ku ntumbero, no mu gushitsa ico Ishengero ryahamagariwe. Hari inzira nyinshi zifasha kugumya intumbero kugira Ishengero ntiriyihushe.

Andika Intumbero y'Ishengero mu majambo make. Nta muntu n'umwe ashobora gusuzuma ivyo atoshobora kuvuga. Mu yandi majambo, asangwa intumbero idasobanutse neza kandi ngo ishikirizwe mu mvugo, hari amahirwe make yuko abarongozi b'iryo shengero canke abantu bazoshobora kuyikora canke kuyishikako. Bamaze kuvyumvikanako, abapasitori bazokorana n'abandi barongozi mu kwandika iryungane risobanura neza intumbero y'Ishengero ryabo. Intumbero itegerezwa kuba *iyisanzwe* (yoroshe gutahura no gufata ku mutwe), *iri muri Bibiliya* (isa n'intumbero y'Imana), *ikabura ishaka ryo gukora* (yanditswe mu buryo izana umunezero mu mitima y'abantu gushikana indoto ikomeye) kandi ari *mpuzamakungu* (kugira akamaro aho ubaye no mw'isi yose). Andika, ukosore, usubiremwo wandike iryungane ry'intumbero yawe, kugeza igaragaje ishusho y'ico Ishengero ryawe rigomba gushikako.

Kw'Ishengero rya Central, intumbero yacu yanditswe gutya: “

Kumenyekanisha Imana mu guhindura abantu abigishwa bahindurwe n'Imana kugira bahindure isi babayemwo". Irindi shengero rigashimikira ku cyumviro candiswe gutya: "Gufasha abantu kumenya Imana, bagakurira mu Mana bakajana n'Imana mw'isi babayemwo." Irindi shengero ryanditse intumbero yaryo gutya: "Gusanga abantu mu kibana tubashiriye urukundo rwa Yesu mu gufasha abantu bafise imitima iremerewe guhinduka abana b'Imana. Arindi ryanditse intumbero yaryo ngo: "Guhimbaza Imana biciye mu kwamamaza Ubutumwa Bwiza kw'Isi yose".

Tāngāza iyo ntumbero. Itegeko ngenderwako rigenga urutonde rivuga ko ikintu cose mw'isi yose kigenda kiva mu rutonde rwiza cerekeza mu kajagari kiretse habonetse izindi nguvu zo hanze zibihindura. Mw'ishirahamwe nk'Ishengero, urutonde rw'amabango ruzova ku murongo mwiza rube urudavagi kiretse habonetse "inguvu" zigaragaza intumbero y'Ishengero zikoreshejwe.

Bisobanura ko umupasitori hamwe n'abandi barongozi bategerezwa kuvuga, kwerekana, gusobanura, guhimbaza iyo ntumbero imisi yose. Iyo ntumbero yawe yimanike ku vyapa, yivuge mu makoraniro yanyu yo gusenga, yishire ku mpapuro zanyu zo gusoma, vyature mu guhezagira, sigura ubutumwa kuri yo kandi yisobanurire abigishwa bitegura kuba abanyeshengero. Mumakoraniro yose yo kuw'Imana, intumbero yacu yama isomwa, isubirwamwo kabiri canke gatatu mu materaniro yo gusenga. Ntibikwiye ko Ishengero rigira intumbero ata muntu n'umwe mu rusengero ayizi.

Baho ubuzima bugaragaza iyo ntumbero. Umuntu umwe yaravuze igihe kimwe ati "Iyaba kwigisha kwari ukuvuga gusa, abantu bogize ubwenge ibihetangabo cumi." Kwigisha abantu bisaba ibirengeye ubumenyi; bakeneye akarorero. Yesu ntiyaje kubwira abantu intumbero y'Imana gusa, ariko yaje kuba acitegererezo kigaragara c'intumbero y'Imana biciye mu buryo yahimbaza Se (Yohana 17: 4), mu gucungura abanyavyaha (Yohana 3:16) no gushira ku mugaragaro ubwami bw'Imana (Yohana 18: 36). Hisunzwe ako karorero, abarongozi bakoreshwa n'Imana ntibigisha gusa, ariko babaho nk'ivyitegererezo vy'intumbero y'Imana. Abapasitori

bagaragaza ukuntu intumbero y'Ishengero ifise akamaro mu guhimbaza Imana mu buzima bwabo hamwe n'ivyabo, gusangira ukwizera kwabo, gukarahiriza ubwenge abigishwa, no kugumana ishusho y'umugambi w'Imana mu buryo bwagutse. Umupasitori ahamagarirwa kuba icitegererezo kizima c'ubutumwa bw'intumbero y'Ishengero ku bantu biwe. Abanyeshengero bazokwemera bikeya gusa ku vyo bumva ariko bazokwemera nka vyose ku vyo babona.

Igine iyo ntumbero. Mu gihe abantu babonye ko umupasitori wabo abayeho ubuzima bugaragaza intumbero, bashobora kurangiza bavuga bati, “Ategerezwa kubikora kuko ari ko kazi kiwe.” Rero ni nkenyerwa cane ko Ishengero ryigina abandi bafatanije “babayeho ibigaragaza intumbero y'Ishengero.” Abakristo barakeneye kubona, atari abantu bihebeye Imana, ariko abantu “bameze nkabo” bubaha Imana, bashira mu ngiro itegeko rikuru kandi bakurá mu Mana. Imisi yose, umupasitori ategerezwa gushimangira n'uburorero bw'ivyakozwe mu gushigikira intumbero. Kubwira abantu mu masengesho yo ku musi w'Imana kugira basangire intahe zabo. Bihurijweko na bose, koresha uburorero bw'ábābāye “abahizi” mu gushitsa intumbero y'Ishengero mu nsiguro zawe. Mu buryo budasanze, gushimira abitanze bagakora mu bwizigirwa. Keza abarongozi bahejeje ivyigwa, canke ukeze inzego zitanze zitiziganya mu gukura kw'igikorwa. Ijambo riremesha rivuye ku mupasitori rishobora kuduza akamaro k'intumbero y'Ishengero.

Ja Imbere Werekane Inzira

Hariho itandukaniro rinini hagati y'umuntu ajejwe gutunganiriza abantu bafata ingendo n'umurānganzira. Umuntu ajejwe gutunganiriza abafata ingendo ni umuhinga mu kumenya inkuru kuvyerekeye ibibanza vyinshi. Bagurisha ibitabu vyerekeye abantu bagomba ingendo zo kuruhuka, ibitabu bijanye no kwiyounguruza, uburaro n'udukorwa tujanye no kuruhuka. Ariko umuntu ajejwe gutunganiriza abantu bafata ingendo ashobora kuba ataraja ahantu na hamwe yama avugira. Ahandi na ho, umurānganzira aba mu kibanza, arazi imico n'imigenzo, afungura ivyo bifungurwa, arazi n'ibintu vyo kuratira amaso muri ako karere. Itandukaniro riri hagati

y'umuranganzira n'umuntu ajejwe gutunganiriza abafata ingendo, ni uko umuranganzira akwijanira ubwiwe mu bibanza yagiyemwo na we.

Abapasitori benshi bameze nk'abantu bajejwe gutunganiriza abafata ingendo. Baravugira intumbero yabo, inkuru zo muri Bibiliya, ivyiyumviro menyeshamana, ubuhinga n'uburyo bwo gukora, babwira abantu ivyo bazi gusa, atari aho bagiye. Barazi ukuri gukwiye kubeshaho abantu, ariko uko kuri ntibarigera bagukoresha mu buzima bwabo. Rero, barangiza bameze nk'abagurisha uburambe mu kazi, ariko bobu ubwabo batazi uko ako kazi gakorwa.

Rimwe na rimwe, ivyo si ko bikwiye kugenda mw'ibango ry'ubupasitori. Nk'akarorero, umurongozi ntategerezwa kuba yarahukanye kugira ngo yigishe ingene ukwahukana bisambura imiryango. Vyongeye, umupasitori ntategerezwa kuba yaraborewe kugira agabishe abantu biwe ingaruka zo kubororwa. Ariko, kenshi cane, igikorwa c'ibango ry'umupasitori kugira rigire ivyamwa vyiza, ni uko ategerezwa kwigisha ivyo akora. Umupasitori ntashobora kwigisha ukuri adakurikiza. Ntushobora kurongorera abantu ahantu utarashika.

Intumwa Petero yarahanuye abapasitori mu kwandika ati *"Muragire ubusho bw'Imana bwo muri mwebge, mutaburagira nk'abagoberewe, ariko mubikunze, nk'uko Imana igomba: ntimuburagirishwe no kurondera inyungu mbi, ariko muburagire mushize igikonyo."* (1 Petero 5:2). Ku murongo wa 3, intumwa Petero aratanga itandukaniro riri hagati y'abarongozi babiri: bamwe bahagarara abantu babo ku gakanu, "abarémēra" abandi, umwe amanuka hasi, akiyororesha, akabera "akarorero abandi"

Abarongozi bamwe boshobora kwiyamiriza kino cyumviro mu kuvuga bati " Mbega Yesu aranka ko abantu bakora ibikorwa ngo babonwe n'abandi?" (Matayo 6:1-6) Ariko Yesu yariko avuga kwishira hejuru kw'abarongozi b'amadini mu gihe ciwe. Nta mukristo n'umwe akwiye guhanga amaso ibikorwa vyawe kugira abandi bamwemere. Ariko, ni intumbero nziza cane kubaho ubuzima butuma abandi bahimbaza Imana. Ni co gituma Yesu yavuze ati "Abe ari ko umuco wanyu ubonesha imbere y'abantu, ngo babone ibikorwa vyanyu vyiza, bahimbaze Só wo Mw'ijuru." (Matayo 5:16) Ikindi na co: ni kuki Paulo yavuze ati "

Munyigane, nk'uko nanje nigana Kristo" (Abakorinto 11:1). Dukwiye kwigana inzira ya Yesu ata soni dufise kugira abantu barushirize gukunda Yesu cane.

Mbega kuba icitegerezo bimeze gute ku mu pasitori? Inyishu iroroshe: ntusabe Ishengero ivyo nawe udashobora gukora. Akarorero:

- Asangwa ugomba ko abantu baharirana, utegerezwa kubabera akarorero mu kubabarira.
- Asangwa ugomba ko abantu baba abakozi bakorera abandi, utegerezwa kuba umukozi wa bose.
- Asangwa ugomba ko abantu bitanga, utegerezwa guheba uburenganzira bwawe.
- Asangwa ugomba ko abantu bakunda abo bubakanye; utegerezwa gukunda uwawe ubwa mbere.
- Asangwa ugomba ko abantu batanga amafaranga, utegerezwa kuba uwutanga.
- Asangwa ugomba ko abantu basenga, amasengesho ategerezwa kuba ikitirengagizwa mu buzima bwawe.
- Asangwa ugomba ko abantu bashinga intahe, utegerezwa kuvuga ubutumwa.
- Asangwa ugomba ko abantu batumira ababanyu babo, utegerezwa gutumira ababanyu bawe.
- Asangwa ugomba ko abantu bubaha uburongozi, utegerezwa kwubaha abandi.
- Asangwa ugomba ko abantu bashika ku gihe, utegerezwa gushika ku gihe.
- Asangwa ugomba ko abantu bahebera abandi intebe zabo, nawe utegerezwa guhebera abandi intebe yawe.

Mu bihugu vyinshi vy'i Buraya, ibisagara vya kera vyari vyubatswe nk'inyabune n'isaha nini ku munara. Iyi nzu ndende ifise isaha nini ku mpande zine, yari ihuriro ry'ikibano kandi yari ndende, yubatswe mu buhinga bukomeye. Umuntu yarashobora kubona iyo saha ahantu hose yashobora kuba ari. Kandi, iyo saha hejuru y'igorofa "ni yo yamenyesha igihe nyaco" abantu bategurirako ivyo bakora mu buzima bwabo.

Umupasitori ni iyo saha iri hejuru y’igorofa mu kibano ciwe iyo abantu “bīsûnga mu gushira amasaha yabo ku gihe.” Abantu bamukurako uturorero tw’ingene ubuzima bukwiye kugenda. Rero, wa mupasitori, reka kuba umuhinga mu gutunganiriza abandi ingendo. Ba umuntu atembereza ingenzi, wereka abantu bawe ibibanza wabayemwo. Ba icitegererezo c’inzira.

NONE HOKORWA IKI?

Ibisabwa mu gikorwa bishobora kurengera umupasitori bigatuma benshi birengagiza igikorwa c’ingirakamaro cane. Mu myaka 25 iheze, nagomba kwubakisha amazu menshi, narafashije kwubaka ibibanza vy’amanama, ninjiye mu masezerano y’inyubako, narateguye udupapuro dutoduto two gutumira no kumenyekanisha ibikorwa vyacu, narahanuye abanyeshengero, narasiguye ubutumwa, narateguye inyigisho nkarishabwenge, naratunganije integuro y’amafaranga ategerezwa gukoreshwa, narakurikiranye ingene indero yifashe kw’Ishengero, naragiye mu manama y’inyigisho ndóramâna, narigishije abanyeshure, narateguye ivyigwa, narinjije kandi ndirukana abakozi, naragendeye abarwaye, narafashe ingendo, narakarihirije ubwenge abarongozi, nararongoye inyigisho za Bibiliya, narasize irangi ku bihome, narafashije mu gutunganya itongo ry’urusengero no kwandika ibitabu. Igihe mvuze “Ego” naba ndiko mvuga “oya” ku rundi ruhande. yose yasobanura.

Umupasitori akora neza ahitamwo “ego” isumba izindi.

Iki kigabane cerekana ibintu biza imbere y’ibindi kuko ari ntabanduka ku mupasitori: gusigura ijambo ry’Imana, kugwiza abarongozi, kugumana iyerekwa no kuba icitegererezo.

Ubu rero ni akanya keza ku musomyi, gusuzuma atibeshera ibikorwa vyawe vya kino gihe. Andika urutonde rw’ibikorwa biguma bigaruka ku rutonde rw’igikorwa c’Imana ujejwe. (atari ibiza rimwe rimwe). Usubiremwo ibwirizwa rikuru ry’umupasitori muri kino kigabane urabe ko igikorwa cose ukora kijanye na kimwe muri birya bikorwa bine ntabanduka vy’umupasitori. Igihe wiyumvira ku gikorwa kimwe kimwe, gira umwete wo gutuma abandi gukora ibikorwa vy’Ishengero kugira uhange amaso ico umupasitori ategerezwa kwitwaririka ubwa mbere.

Mu myaka iheze, Ishengero ryacu ryahisemwo gute gura umusi

“wo kugira neza” mu kibano Ishengero ririmwo. Igihe nari mu bafata ingingo yo gukora ico gikorwa, vuba nacye mbona ko ntakwiye kuba umuntu yivanga no mu tuntu dutoduto tujanye n’ico gikorwa. Mu guhitamwo umuntu azoraba mu buryo bwagutse umurongozi azovugira ico gikorwa, gukorana n’abacuruzi bo muri ico kibano, kwandika udupapuro tw’ubutumire hamwe n’imipira yo kwambara, vyaranshoboje gukoresha umwanya wanjye ku gikorwa nyamukuru c’umuhamagaro wanjye.

Mu kandi karorero, igihe nari ngishika mw’Ishengero rya Central Bible, natumiye kwifatanya n’abandi mu rugendo rw’ivugabutumwa mu Bushinwa. Naho vyashitse mu mwanya udakwiriye, navuze nti Ukwifatanya na bo muri urwo rugendo rw’ivugabutumwa “bizotanga akarorero” ku banyeshengero banje no gushira umuco ku ntumbero nyamukuru yacu. Maze kwibuka ibwirizwa rikuru vyatumye mvuga nti “Ego”.

SHIKA KU NTAMBUKO IKURIKIRA

1. Nk’umupasitori, ubona hari aho ugomba gukora “vyose”, canke gukora “bike?” Mgega uraganzwa n’ubwibone, ubwoba, canke ukutamenya?
2. Mbega abandi barashobora kuvuga ko ugusigura ubumwa kwawe “guteguwe kandi kudoma ku ntumbero?” kubera iki ? canke kubera iki atari uko bimeze? Wohinduka gute umunyeshure mwiza nk’umukozi w’Imana w’Ijambo ryayo?
3. Ni uwuhe muntu yagize ikintu aterereye gikomeye mw’ibango ryawe rya kino gihe? Ni nde uriko urategura mu ntumbero yo kugwiza abakozi? “iyumvire abantu batanu (2Timoteyo 2:2). Ninde ubona ushobora kwiyegezeza kugira umutegure muri kazoza?
4. Iyaba wari usabwe kwandika iryungane ry’iyerekwa ry’ubuzima bwawe ubu nyene, ryomera gute? Mbega bihuriye he n’iyerekwa ry’Imana ryo kuyihesha icubahiro, gucungura abantu, no kwubaka ubwami bwayo?

5. Ninde yabaye icitegererezo cawe mu mpwemu mu buzima bwawe? Ni ibihe yakubereyemwo icitegererezo? Mu vyiyumviro vyawe, ni mu ruhe ruhande ubona ko uri icitegererezo ciza ku bandi? Ni izihe nzego z'ubuzima bwawe ukwiye kurushiriza kugira umwete wo kugira ico uzihinduyemwo?
6. Ni ikihe kintu c'inkoramutima wize muri iki kigabane?



URUGENDO



URUGENDO RW'IMPWEMU

*“Kandi nímwākīkāmira i buryo canke i bumoso, amatwi yanyu
azokwumva ijambo ribaturutse inyuma, rivuga riti
“Iyi ni yo nzira, mube ari yo mujana.”*

Yesaya 30:21

Naragize ibakwe ryo kugendagenda kw'isi, mu gukarihiriza ubwenge abarongozi, no mu kwunga ubucuti mu bikorwa vy'Imana mu Burusiya, Estonia, Ukraine, mu Bushinwa, Hong Kong, Espagne, Burundi, Rwanda, mu Buhindi, no muri Mexique. Urugendo rwose nije narwitegurira kandi nkitunganiriza ibijanye n'amatike y'indege. Nagerageza kurondera ibibanza bisanzwe cane mu ndege n'inzira ya hagufi cane ishika iyo nja. Umwanya wose, nategerezwa kuba mfise amakuru y'uburyo bubiri: Ndi hehe kandi ni hehe ndiko ndaja? Asangwa ntazi aho ndi, nsinzomenya aho ntangurira. Kandi, asangwa ntazi aho ngiye, nshobora kwisanga *aho ari ho hose!* Ariko, asangwa nzi ntakekeranya ivyo vyose, indege mfashe irashobora gufata ikirere kizwi kugira ngo inshikane aho nshaka.

Ibiri muri iki gitabu, ni ivyo kugufasha guca inzira y'Impwemu kw'Ishengero ryawe. Mu kigabane giheze, twaravye mu ncamake akamaro ko kwigisha ivugabutumwa kw'Ishengero ryawe. Intumbero ni ahantu ushikira-ikibanza c'impwemu wipfuza ko abantu bose “boshikamwo” mw'Ishengero ryawe. Ikibazo ni iki: Ni gute uzôrôngörera abantu kw'iyerekwa rikomeye? Ni iyihe nzira izobashikana yo?

Bibiliya ikoresha cane ijambo “akayira” canke “inzira” igomba kuvuga urugendo rw'impwemu. Rimwe na rimwe turategekwa “kugenda” mu nzira kanaka. Aka ni akarorero k'ibi turiko travuga:

Yesaya 30:21— *“Kandi nímwākíkámira i buryo canke i bumoso, amatwi yanyu azokwumva ijambo ribaturutse inyuma, rivuga riti “Iyi ni yo nzira, mube ari yo mujana.”*

Yeremiya 6:16— *“Uku ni ko Uhoraho agize, ati Muhagarare mu mayira, mwitegereze, mubaze inzira za kera, inzira nziza iyo ari yo, abe ari yo mujana, namwe muzoronka uburuhukiro bw’imitima yanyu.*

Mika 6:8— *Ko yakweretse iciza ico ari co, ga yewe muntu: mbega hari ikindi Uhoraho akugombako, atari ugukora ibiroranye, no gukunda kugira imbabazi, no kugendana n’Imanayawe wicishije bugufi?*

Imigani 3:5-6— *Wizigize Uhoraho umutima wawe wose...nawe azogorōra inzira zawe.*

Zaburi 25:4-5— *Uhoraho, nyereka inzira zawe, nyigisha amarāngo yawe. Undōngōre mu kuri kwawe, unyigishe: Kuko ari wewe Mana y’agakiza kanje; Ni wewe nirirwa niteze.*

Zaburi 16:5-6, 11— *Uhoraho ni we mugabane w’umwandu wanjye n’uwo igikombe canje, Ni wewe ukomeza umugabane wanjye. Ubupfinda bwankubitiye amabango ahantu heza; Ni koko, mfise umugabane mwiza. ... Uzondangira inzira y’ubugingo.*

Zaburi 119:35— *Uncishe mu nzira y’amabwirizwa yawe; kuko ari yo ampimbara.*

Zaburi 119:105— *Ijambo ryawe ni itara rimurikira ibirenge vyanje, Ni umuco umurika mu nzira yānje*

Abagalatiya 5:16— *Ndavuga nti Mugendeshwe na Mpwemu, ni ho mutazoshitsa ivyo akameremere kanyu kípŭza.*

1 Abatesalonike 5:16— *« kugira ngo mugende nk’uko bibereye ab’Imana »*

Mbere na Yesu yaravuze ngo « Nimunkurikire » / « Nkurikira » — Akarorero Matayo 4:19 ; 9:9 [amajambo yerekana urugendo]

Ivyakozwe n’Intumwa 9:2—Igihe Paulo yahaguruka mu ntumbero y’uguhama Abakristo, yaciye aja ku muherezi mukuru

«amusaba ivyete vyo guha abo amasinagogi y'i Damasiko, kugira ngo ni yabona abantu bakurikira Inzira ya Yesu, ari abagabo canke abagore, abajane i Yerusaremu mu ngoyi.»


“Inzira” duhamagarirwa “kugenderamwo” isa n’uko ari co kintu nyamukuru Ivyanditswe vyisunga muri Bibiliya. Rero, igikorwa c’umupasitori n’intumbero y’Ishengero ni ukujana abantu muri iyo nzira yo “mu buryo bw’impwemu”, mu buzima busagutse, bwiya guye cane duhamagarirwa kudibamamwo turi kumwe n’Imana.

Ingorane ni uko abantu benshi batagira iyo bariko baraja kandi amashengero menshi akaba atazi n’intumbero yayo. Ubajije Umukristo uti “Ugeze hehe mu rugendo rwo mu buryo bw’impwemu?”, benshi usanga batazi n’ingene basuzuma ubuzima bwabo bwa none. Canke ubabajije uti “Muriko mwerekeza hehe mu nzira yo mu buryo bw’impwemu?” Abakristo benshi bokwishura bati “Ndiko nja mw’ijuru”, nk’uko ubugingo budashira ari yo ntumbero yo nyene y’ubuzima bw’impwemu. Amashengero menshi aragira uruhara mu gutuma abantu b’Imana babaho ubuzima butagira intumbero no mu kutarongorera abantu mu nzira nyāyó y’Imana kugira ngo babeho ubuzima bwabo bw’impwemu mu buryo bwiyaguye. Ingaruka mbi kandi zimeze nk’ubuhemu ku mashengero nk’ayo ni uko igipimo c’ivugabutumwa cayo ari iki: udukorwa twinshi. Uko abanyeshengero birukanga mu bikorwa vyinshi, ni co cerekana yuko Ishengero ririko rirakura.

Iyo ntiyigeze iba intumbero y’Imana.

Abantu bakora vyinshi si ngombwa babe abantu barusha abandi gukora. Urutonde rwuzuye rw’ibikorwa si rwo rutuma habaho intumwa zuzuye Mpwemu Yera. Vyongeye, Ishengero rifise intonde nyinshi rishobora kutazokwigera ribona Abakristo baryo batera imbere mu gukura mu buryo bw’impwemu.

Ivy’iki gitabu cigisha biratomoye, kandi biroroshe, birashobora kuba icitegererezo c’inzira yo mu buryo bw’impwemu kw’Ishengero iryo ari ryo ryose. Kw’Ishengero rya Central, twararonse umwimbu mwinshi n’ukuroranyirwa gukomeye mu kubona abantu bacu bajana iyo nzira babaho ubuzima bwo gufata ingendo z’ivugabutumwa. Iyi nzira isobanurwa n’ibintu bitatu:



INTAMBUKO YA 1: IKIBANZA CO KUBA INYEGU

Intambuko yambere, mu rugendo rwo mu buryo bw'impwemu ni Ukuba Inyegu – intambuko y'ukwifatanya. Ni ikibanza co kugiriranira imigenderanira y'uburyo butandukanye. Umukristo wese atangura urugendo rwiwe n'Imana amaze kuba inyegu ya Yesu Kristo. Igikurikira, aca yifatanya n'ikibano c'abantu bazi Imana aho bazokwungurana mu buzima. Mu mpera, umukristo wese arakeneye kwegukira Ishengero, umubiri bafatanya mw'iyerekwa ryagutse.

- Mu ncamake, UKUBA INYEGU ni ukwifatanya na:
Yesu Kristo, biciye mu kumwizera.
- Ikibano c'abantu bazi Imana, mu ntumbero yo gukuzanya mu buzima.
- Ishengero usengeramwo, mu kwifanya n'abandi mw'iyerekwa ryagutse.

INTAMBUKO YA 2: IKIBANZA CO GUHINDUKIRAMWO

Intambuko ya kabiri mu nzira y'uburyo bw'impwemu ni GUHINDUKA- intambuko yo guhingurwa na Mpwemu Yera. Si ikibanza kibonwa n'amaso y'umubiri, ariko ni ukuntu umuntu agenda akura mu buryo bw'impwemu. Nk'uko tuza kuvyiga mu

kanya, Abakristo benshi ntibabona ubuzima bwabo buhinduka nk'uko Imana iba ivyiteze. Muri iyi ntambuko, umukristo anyotererwa ukwezwa kudasanzwe akizera ko Imana ishobora kumukuza cane akamera nk'uko Imana igomba ko amera.

INTAMBUKO YA 3: IKIBANZA CO KURENGANA IMBIBE

Intambuko ya gatatu mu nzira y'uburyo bw'impwemu ni KURENGANA IMBIBE –intambuko yo kwamamaza ubutumwa. Ni ikibanza c'intumbero n'ibikorwa. Muri iyi ntambuko, Umukristo agoberwa n'Ibwirizwa rikuru ry'Imana kureka akazi kiwe, ivyo asanzwe amenyereye, ikibano ciwe, n'ibindi, akaja aho ari ho hose Imana imuhamagarira. Ni ngirakamaro ko Umukristo wese akora ibirengeye inyungu ziwe mw'Ishengero ryiwe, agakoresha impano hamwe n'ingabire ziwe mu kwubaka umubiri wa Kristo. Abakristo barajabuka kure y' ikibano cabo, bizera ko Imana yabashize aho baba kubwo intumbero yagambiriwe. (Ivyakozwe n'Intumwa 17:26-27). Ubwa nyuma, umukristo afata nk'ama ibwirizwa ry'Imana rusangi ryo kugenda kwamamaza ubutumwa mw'isi yose. Mu ncamake, kuri jewe (namaze kuba inyegu ya Kristo kandi n'ama ndiko ndahingurwa n'Imana ku musu ku musu mu mpwemu), ugutera intambwe NKARENGANA IMBIBE mu kwamamaza ubutumwa bisobanura gutanga ubuzima bwanje:

- Mw'Ishengero ryanje
- Mu kibano canje
- Mw'isi mbayemwo

Hari impamvu nyinshi ubu buryo bukora neza:

Inzira iroroshe. Iroroshe ku mupasitori gusangira n'abandi kandi n'abantu iraborohera gutahura. Vyongeye, ni igikoresho coroshe Ishengero rishobora gukoresha kandi rigasuzumisha ibikorwa vyaryo.

Iyo nzira umuntu ayicamwo yabifatye ingingo y'imvamutima. Hari umwibutsa uvuga ngo "Uwugema ku busa ntiyigera ahusha." Inzira yo mu buryo bw'impwemu irafise ico itumbereye: si ukugwiza ibitigiri mw'Ishengero, ariko ni ugukuza abigishwa nk'izabutumwa. Nta nkeka, Ishengero rizogwiza igitigiri c'abantu binjira mu gihe

abantu batera bakura. Ariko intumbero igambiriwe ni ugukuzwa intumwa zaYesu.

Iyo nzira irabandanya. Ituma abantu batera baja imbere, batumbera ugukura mu buryo bw'impwemu no mu kugenda gukwiragiza ubutumwa. Ibikorwa bimwe vy'Imana birafatira abantu bakaguma bakora, ariko ata ntumbero bafise. Iyi nzira yerekeye kujana umuntu ku "yindi ntambuko" y'ugukura igihe cose. Asangwa umuntu yarifataniye mu migenderanire kandi AKABA INYEGU ya Yesu n'ikibano, iyindi ntambuko aba yitezweko ni kurondera na ntaryo guhinduka mu buzima bwiwe. Uko umuntu AHINDUKA akarushiriza gusa na Yesu, ni ko n'ubuzima bwiwe buhinduka, maze agahindura isi abayemwo (KURENGANA IMBIBE).

Ni nkenerwa cane umenya yuko ata ntambuko n'imwe abigishwa bokwigera biyumvira ko bayironsemwo "urupapuro rw'umutsindo mu vyerekeye kuva ku ntambuko imwe baja ku yindi. Iyo abantu BABAYE INYEGU za Yesu n'ikibano, baba batanguye urugendo rwo GUHINDUKA ngo barushirize gusa na Yesu na ntaryo. Ariko ntibigera bahagarika kugumana na Yesu hamwe n'ikibano. Uko bimeze, ni uko ubuzima bwabo burushiriza GUHINDUKA, ivyo na vyo bikarushiriza kwongereza cane imigenderanire y'akadashohoka bafitaniye na Yesu, ariko kandi bigakuzwa n'urukundo bagiranira n'abandi bantu. Muri iyo nzira nyene, iyo Umukristo ateye intambwe "AKARENGANA IMBIBE" mu kugenda kwamamaza ubutumwa, ubuzima bwiwe ntibureka guhinduka. Mu vy'ukuri, urugendo rwose rw'ivugabutumwa rutegerezwa kuzana ihinduka rikomeye mu buzima bw'umuntu. Iyo nzira ntihagarara, imeze nk'umuzingi w'igárukagáruka ryubáka. Ifasha intumwa iriko irakura mu kwinjira cane mu migenderanire ishimitse kandi yimbítse, mu guhinduka no mu kwamamaza ubutumwa ibihe vyose umuntu amara akiriho.

Iyo nzira irazana ivyamwa. Ntifise aho iherera. Ihangiro ryo kuja kwamamaza ubutumwa (KURENGANA IMBIBE), ni ukuronka abizeye bashasha, abo na bo BAGAHINDUKA INYEGU za Kristo, ikibano n'Ishengero. Rero, uko abo na bo BAHINGUKA bakarushiriza cane gusa na Yesu, bagaca BARENGANA IMBIBE mu kugenda kwamamaza ubutumwa mu kibano hamwe no kw'isi yose, nuko na bo baca bahindura abandi bantu abizera, abo bahinduwe bashasha na bo bakabigenza gutyo nyene. Ubu nibwo buryo bwo

kugwira mu buryo bw'impwemu.

Iyo nzira ni iy'umuntu ku gatwe kiwe. Iyi si integuro y'Ishengero usengeramwo gusa. Ni integuro umuntu umuntu ashobora gukoresha ubwiwe. Igihe abantu batahura intambuko imwe imwe yose, barashobora gusuzuma aho bageze biboroheye, bakamenya n'intambuko "ikurikira" berekezako.

Mu gice gisigaye ca kino gitabu, tuja kurabira hamwe ingene intambuko imwe imwe muri izo ntambuko mu nzira y'uburyo bw'impwemu yokoresha n'umupasitori yipfuzaga gutanguza iki citegererezo mw'Ishengero ryiwe. Akanya kose, umusomyi arashobora kwiyumvira kugira icyo ahinduye kugira icyo nzira ishobora gushirwa mu ngiro aho akorera hisunzwe indinganizo n'imigenzo y'Ishengero ryiwe. Turizirera ko uko Ishengero rizorushiriza gukoresha izi ngingo, rizobona ivyamwa mu bantu baryo, n'ivyamwa bikomeye mu kibano no kw'isi yose nk'ingaruka.

Mu kigabane kimwe kimwe cose gikurikira, igicapu gikurikira kizokwibutsa aho ugeze muri iyi nzira yo mu buryo bw'impwemu.

KUBA INYEG	GUHINDUKA	KURENGANA IMBIBE
YA YESU	UGUHINDUKA GITURUMBUKA	M'ISHENGERO RWAJE
MU KIBANO		MU KIBANO
Y'ISHENGERO	UGUHINDUKA KWIYUMVIRIWE	MW'ISI MBAYEMWO

SHIKA KU NTAMBUKO IKURIKIRA

1. Wokwishura gute mu gihe bakubajije bati "Uri hehe?" canke "ugiye hehe?"
2. Ijambo "Kuba inyegu" rizana iki mu bwenge bwawe?

3. Mbega ijambo “Guhinduka” ritahurika gute mu bwenge bwawe?
Ni kubera iki wibaza ko iri jambo ari irya nkenerwa ku mwigishwa wa Yesu?
4. Mbega ijambo “Kurengana Imbibe” rizana iki mu bwenge bwawe?
Ni kubera iki wibaza ko iri jambo ari irya nkenerwa ku mwigishwa wa Yesu?
5. Ni ikihe kintu c’inkoramutima wize muri iki kigabane?



UKUBA INYEGU: YA KRISTO

*Kandi namwe muri muri bo,
mwahamagariwe kuba aba Yesu Kristo*
Abaroma 1: 6

Nakiriye Yesu mu mwaka 1983. Nakuriye mu muryango w’abantu bazi Imana, nagenda gusenga hafi imisi yose ku musi w’Imana kandi nari narize ingene bigenzwa mw’idini. Ariko nta migenderanire nari mfitanaye na Yesu kugeza aho numvise ubutumwa hanyuma nca nditaba umuhamagaro wo kwizera maze imyaka 17 y’amavuka. Ico gihe, naciye ninjira mu muryango w’abana b’Imana. Imigenderanire yanje n’Imana yaciye ihunduka. “Naciye ndamwegukira” (Abaroma 1:6)

Nta hantu na hamwe Bibiliya itubwira ko abantu bose ari “abana b’Imana”. Ahubwo, Bibiliya ivuga ko abantu bose bacumuye (Abaroma 3:23), bari kure y’Imana (Abanyefeso 2:12), ari abansi ba Yesu (Abafilipi 3:18), abagarariji b’intagondwa (Tito 2:14) kandi ko banka Imana (Abaroma 1:30). Uku ni ko bisanzwe bimeze, ni akamere

KUBA INYEG		GUHINDUKA	KURENGANA IMBIBE
YA YESU	MU KIBANO	UGUHINDUKA GITURUMBUKA	M’ISHENGERO RWAJE
MU KIBANO			MU KIBANO
Y’ISHENGERO		UGUHINDUKA KWIYUMVIRIWE	MW’ISI MBAYEMWO

k'umuntu. Duhinduka abana b'Imana biciye mu kwizera Yesu Kristo (Abagalatiya 3:26). Twihanye duhinduka “ Ihanga ryabaye inyegu z'Imana” (1 Petero 2:9) kandi “ihanga yiharije” (Tito 2:14). Iyi ni intambuko ya mbere y'umuntu wese mu rugendo rwo mu buryo bw'Impwemu. Ni intambuko yo KUBA INYEGU.

Ni gute dufasha abantu gutangura iyi ntambuko ya mbere mu rugendo rwabo rwo mu buryo bw'impwemu?

Wirinde Ubutumwa bw 'Ibinyoma

Kugira ngo abanyavyaha bakizwe, bategerezwa kwumva no kwemera Ubutumwa Bwiza bwa Yesu. Ubutumwa ni ukuvuga “Inkuru Nziza. Yesu Kristo yapfuye mu kibanza c'abanyavyaha kugira abitwa ibiremwa-bantu baze babane n'Imana ibihe bidashira. Ikibabaje, ni uko Ubutumwa Bwiza bwagoretswe ibihetangabo vyinshi, kugeza n'aho ubutumwa bw'ibinyoma bwigishwa mw'Ishengero rya Kristo.

Mu Vyakozwe n'Intumwa 20: 29-31, Paulo yari yabivuze ko bizoba:

Ndazi yuko ni namara kuhava, amabingira y'inkazi azobinjiramo atababaye umukuku. Kandi muri mwebwe ubwanyu hazokwadukamwo abavuga ibigoranye kugira bakwegere abigishwa inyuma yabo. Nuko mwame mugavye, mwibuke yuko namaze imyaka itatu ntasiba guhanura umuntu wese ndira, ku murango no mw'ijoro.

Amabingira yambaye insâto z'intama azokwinjira mw'Ishengero, gucurika ukuri, arongorere abantu batagavye kure ya Yesu abakwegere inyuma y'abigisha b'ibinyoma. Mu mvugo nshirukamazinda kandi yihuta, Paulo yasavye Ishengero kwiubara.

Mu mwanya muto, mw'ikete ry'iyi ntumwa ku mashengero y'i Galatiya, yagabishije Abakristo ko ivyo yari yaravuze vyabaye ukuri. Yanditse ati “ Ndatangaye ko muriko murareka vuba murtyo iyabahamagaye kubwo ubuntu bwa Kristo, mukemera ubutumwa bunyuranye n'ubwo- kandi ata bundi buriho: ariko hari abantu babahagarika imitima, bakagomba guhindura ukundi ubutumwa bwa Kristo” (Abagalatiya 1:6-7). Ijambo “kuzimira” risobanura “guhindura

uruhande". Abakristo bari bafise uruhande rw'ubutumwa bw'ubuntu bahindukiriye mu ruhande kw'ibinyoma batangura gukurikira ubutumwa atari bwo, aho Paulo yongera akandika ati "Si Ubutumwa Bwiza na gato." Paulo aracira urubanza abigisha b'ibinyoma bigisha ibinyoma nk'ivyo kandi akagabisha abantu ko bari mw'irinde iyo babakurikiye.

Igihe kimwe, nasomye mu binyamakuru inkuru y'umuntu yagomba kugabanirizwa itike y'igiteramo c'indirimbo. Bazigura ku buhinga ngurukanabumenyi bakaronka umudandaza azigurisha ku giciro kigabanije kugeza ku bice 50 % canke bakarenzako ivyo bice nyene ku giciro c'amatike nyakuri. Inyuma y'aho amatike yabo yari yamaze kugurwa no gusohorwa ku ma mashine ayagwiza, umuguzi yaca ajana iyo tike yaguze mu kibanza kiberamwo ico giteramo agaca asanga itike yiwe si yo bariko barasaba, afise itike y'iganywe atari nyakuri. Umuguzi yaba yabeshwe kandi ntiyemerwa kwinjira muri ico giteramo kuko ivyo yaba afise atari vyo vyasabwa.

Yesu yaragabishije ko benshi bazoza ku muryango w'ubwami bw'Imana bakavuga bati "Mwami, Mwami" ("Mwigisha"), ariko basozubizwa inyuma kuko bazanye inyigisho atari zo (Matayo 7:21-23). Bizeye ubutumwa bw'ibinyoma nk'ubu bukurikira:

- Umubatizo – kwizera umubatizo canke "ibikorwa" wongerako ko ari vyo bituma umuntu akizwa.
- Kwiye gurira idini- Kwizera ko kuba umunyedini kanaka bituma umuntu ahagarara neza mu nzira y'Imana.
- Kwishimira amasezerano – kwizera ko umuntu aca aba Umukristo iyo abavyeyi biwe ari Abakristo.
- Ubwoko – kwizera ko ufise akaranga k'ubwoko kanaka canke umugwi w'abantu kanaka bica biguha agakiza.
- Kuba mu kibaza kanaka- Kwizera ko kugira ikibanza co hejuru mw'Ishengero biguha akaryo kadasanzwe ko gutoneshwa n'Imana.

Umupasitori akwiye kwama yibuka yuko Satani "yihindura" "umumarayika w'umuco" (2 Abikorinto 11:14). Nk'uko yabikoze mw'itongo rya Edeni bari kumwe na Adamu na Eva, umugwanizi yarahinduye ukuri- arahindura icagezwe c'Imana yerekana ukuri

kwiwe bwite- atari ukuri na gato. Ubutumwa bw'ibinyoma ni inyigisho yose yo kugororoka ituma abantu bayumva bakura amaso ku musaraba wa Yesu bagashira ivyizigiro vyabo ku kindi kintu. Igihe abantu baguye mu mutego wo kwizera ko ibikorwa, amadini, imiryango, ubwoko, canke ikibanza c'umuntu mw'Ishengero ari bimwe mu bituma bemerwa n'Imana, baba bariko bizera ubutumwa butandukanye n'Ubutumwa bwa Yesu Kristo.

Igisha Ubutumwa bw'Ukuri

Bibiliya ni igitabu kirimwo ingingo ngenderwako nyinshi zifasha mu buzima bw'impwemu. Mu buryo bw'urusobangane bumeze nk'inyúranamwó ry'inyuzi zigize impuzu, ni ko mu mpapuro za Bibiliya hanyuranganijemwo inkuru y'imvâhó y'Ubutumwa Bwiza. Kuva umusi numvise Ubutumwa Bwiza, nabonye ko ari inkuru zitandukanye zimeze nk'"inkurukirane" z'ukuri kwo mu buryo bw'impwemu:

UKURI #1: Ingorane yacu Ni Icaha

... bose bakoze ivyaha, ntibashikira ubwiza bw'Imana.

Abaroma 3: 23

Abantu bose ni abanyavyaha (Abaroma 3:9-20, 23). Ibi ni ibintu bitwereka ukuntu twari tumeze mu buryo bw'impwemu kuva hariya kure kuri sogokuruza wacu Adamu. Nta n'umwe adacumura (1 Abami 8:46). Icaha si ingorane y'isi yose gusa, ni igisesema mu nyonga z'Imana. Mu yandi majambo, mu mero kama yaco, icaha ni inyifato yo *kugwānya* Imana. Ni ubuyobe, ni umugararizo, kandi ni urwanko rw'akazikira rw'ibintu vyose vyerekeye Imana. Kandi, kuva ubwo buhumane bwinjiye mw'isi, bwarazimije ibiremwa-bantu baremwe mw'ishusho y'Imana; bwaranduje ivyiyumviro vyacu, imigenderanire yacu, ibigumbagumba vyacu, ishaka ryacu, imico yacu hamwe n'imibiri yacu. Twaremwe mw'ishusho y'Imana kugira tugaragaze ubwiza Bwayo, ariko nk'abanyavyaha ntitukibasha gukora ivyo twaremewe gukora.

UKURI 2#: Ingero yacu Ni Urupfu

*Ingero y'icaha ni urupfu; ariko ingabire y'Imana ni ubugingo
budashira, bubonerwa muri Kristo Yesu Umwami wacu.*

Abaroma 6: 23

Ingero y'icaha, canke impembo twakoreye, ni urupfu. Uru rupfu si iherezo ry'ubuzima mu gihe tumaze gusaza. Urupfu ruza mu buryo bwinshi ku muntu ataregukira Imana. Ubwa mbere, icaha kivyara ugupfa ku mwidegemvyo tugacika imbohe. Icaha kiratwizingirako tugacika abaja baco (Abaroma 6: 20). Ubugira kabiri, icaha kivyara urupfu rwo kwambikwa izera umuntu agaca aba uwiyagiriza imbere y'Imana, ataco twokwireguza ku kutumvira kwacu (Abaroma 6: 21). Ubwa nyuma, kandi ikibiruta vyose, icaha kivyara urupfu rw'imigenderanire yacu n'Imana. Kuko Imana igorotse, ntizokwivuguruzwa ku kameremere kayo mu kuziguriza ubuhumane. Nkuko Adamu na Eva bavanywe mw'itongo rya Edeni no mu maso y'Imana, uko ni ko icaha cacu kizana ikimanga hagati yacu n'Imana ubu n'ibihe bidashira. Umuntu ariho uyu musu ariko adafise Yesu Kristo mu mutima wiwe, mu vy'ukuri aba yarapfuye.

UKURI 3#: Ico dukeneye ni Kristo

*Ariko Imana yatweretse urukundi rwayo idukunda,
kuko Kristo yadupfiriye tukiri abanyavyaha.*

Abaroma 5:8

Nta muntu n'umwe ashobora gutsinda uburemerezi bw'urupfu bw'icaha. Naho wogerageza gukora ibikorwa vyiza gute, hariho umuzi w'icaha uguma muri wewe. Turashobora kunyegeza icaha, ariko ntidushobora kugisubiza inyuma. Amahirwe ariho, ni uko Imana yitegereje abantu muri ayo magorwa yabo, ica idukorera ivyo tutokwigeze dushobora kwikorera na rimwe. Yarungitse Umwana wayo Yesu, yiremeka icaha, aca apfa mu kibanza cacu. Yatugiriye mu kibanza, mu kwikorera urubanza rwacu ku musaraba, aduha imbabazi n'ubugingo bidashira. Ukwitanga kwa Yesu bivurwa rimwe na rimwe ko ari "Ukuguza guhambaye" "Umwe atigeze kumenya icaha, Imana yamuhinduye icaha kubwacu, kugira ngo muri we duhinduke ukugororoka kw'Imana." (2 Abakorinto 5:21). Urupfu rwa Yesu

rwagaragaje urukundo rw’Imana kandi rwatanzwe ata kintu ciza na kimwe tubanje gukora (Abaroma 8:16). Yesu Kristo ni impano twahawe n’Imana ku buntu kugira dusubire kugiriranira imigenderanire na yo.

UKURI 4#: Igikorwa cacu ni ukwizera

Kuko ni waturisha akanwa yuko Yesu ari Umwami, ukizera mu mutima yuko Imana yamuzuye imukuye mu bapfuye, uzokizwa.

Abaroma 10: 9

Ubugingo budashira ni ingabire itangwa n’Imana ku buntu, ariko uyihabwa biciye mu kwemera kwizera ku giti cawe. Umuntu ayironka mu gihe atahuye igikorwa ca Yesu hanyuma akizera ko Yesu ari umwana w’Imana (atari umuvugishwa canke umwigisha ahambaye gusa), maze akamwegurira ubuzima bwiwe mu kwizera; akamutumira kuganza ubuzima bwiwe. Muri uwo mwanya, umunyavyaha acika umwana w’Imana, yakiriwe mu muryango wiwe, yababariwe kandi yidegemvya. Uwo ni wo mwanya wo kuba inyegu canke gucika.

Ibi bintu bine vyoroshe ni vyo bipoperanirijwemwo Ubutumwa Bwiza bwa Yesu. Inkuru mbi ni uko twese turi abanyavyaha kandi ni uko ingero yacu ari urupfu. Inkuru nziza ni uko Imana yarungitse Umwana Wayo Yesu muri iyi si gupfa mu kibanza cacu, kugira ngo tumwizere turonke ubugingo bidashira. Ntihakagire ubundi butumwa uzokwigisha atari ubwo.

Imbere y’uko tubandanya, bizofasha umupasitori kwamamaza uku kuri kugizwe n’ingingo zine ntabandûka. Igihe ata rutonde rwanditswe ruvuga ingene abantu bakizwa, umupasitori w’umuvugabutumwa yari akwiye kwiga ingene yamamaza ubu butumwa mu nzira yoroshe cane. Raba ubu burorero bubiri buri muri bwinshi:

Ukuvugisha ubutumwa umurongo umwe

Ubutumwa bwiza bufise imirongo myinshi muri Bibiliya (raba iyi mirongo ine mu Baroma 6: 23 uwo murongo wonyene: Ingero y’icaha ni urupfu; ariko ingabire y’Imana ni ubugingo bidashira, bubonerwa muri Kristo Yesu Umwami wacu.


Ubwa mbere, mu ruhande rw'ibubamfu rw'urupapuro, wandike aya mungane ari mu gice ca mbere c'uwu murongo hanyuma usobanure ibi vyiyumviro (akarorero, andika " Ingero" hanyuma uvuge " umurongo uvuga ku ngero abantu baronka mu gihe bariko barakora ubuzi bwabo"

Ingero	= Ivyo dukorera
y'icaha	= Impamvu
ni urupfu	= Kazoza k'ibihe bidashira

Igikurikira, andika amungane ari mu gice ca kabiri c'umurongo mu ruhande rw'i buryo rw'urupapuro kandi usigure (akarorero, andika " Ingabire " hanyuma uvuge " ingabire ari igihushane c'ikintu dukoreye. Ni ikintu duhabwa ku buntu.")


Ingero	= Ivyo dukorera
y'icaha	= Impamvu
ni urupfu	= Kazoza k'ibihe bidashira

Mu guheraheza, hagati y'amungane ku ruhande rw'ibumoso n'uruhande rw'i buryo vy'urupapuro rwawe, dondagura amazina atatu/ibikorwa vya Yesu hagati. Usobanure ko Yesu ari Mesiya yasezeranijwe mw'Isezerano rya Kera, yuko ari Umukiza yarungitswe n'Imana gukiza abantu kandi ari Umwami agororotse ku buzima bwacu.



Ivugabutumwa ry'ikiganza kirabana n'ikindi

Mu kuvuga ubutumwa imbere y'igugu ry'abantu, abavugabutumwa bamwe barakoresha intebe zibiri mu kwerekana isambuka ry'imigenderanire yacu n'Imana (guhindukira inyuma) n'ingene Imana yahindukiriye abantu biciye mu Mwana Wayo, Yesu. Intebe zihinduka ikintu kibonwa n'amaso yacu cerekana imigenderanire y'umuntu n'Imana imbere n'Inyuma yo kwakira Yesu Kristo. Mu kuganira n'umuntu mu buryo budasanzwe, ushobora gukoresha ikiganza neza. Sohora urukumu rwawe hanze muri kumwe kumwe mu maboko yawe n'urutoke rwawe rwa mbere (canke intoke zose) uzirabishe hejuru mu kugira ikimenyetso "c'intebe"



IGICAPU CA 1

Iyi mero y'ibiganza vyacu yerekana ingene abantu baremwe ngo bunge imigenderanire n'Imana.

Hamwe n'amaboko yawe muri ico gicapu, sobanura ko Imana yaremeye umuntu kugira agiriranire imigenderanire na Yó. Igihe abantu barabana, baraganira canke bakagiriranira imigenderanire. Ariko, igihe icaha cinjira mw'isi biciye muri Adamu, twebwe "twaciye "duhindukira" tuja kure y'Imana. Uku guhindukira no kuja kure y'Imana vyitwa "icaha". Twebwe twese twavukiye muri iyo mero y'ukuba kure y'Imana. Ugeze aho, hindura ukuboko kwawe kw'ibumoso kugira urukumu rwawe rurabe I bumoso(igicapu ca 2). Ibi vyerekana ko " umugongo wacu" twateye Imana, nti tukiri mu migenderanire na Yo.



IGICAPU CA 2

*Hindukiza ikiganza
kimwe nk'ikimenyetso
c'uko abantu bataye Ima-
na kubwo ubugarariji*

Igikurikira, sobanura ko, kubera Imana Igororotse, ntishobora kwihanganira icaha kandi na yo itegerezwa guha umugongo umunyavyaha. Hindukiza ukuboko kwawe kugira urukumu rwawe rurabe i buryo (igicapu ca 3). Sobanura ko hari " ikimānga" gitandukanya umuntu n'Imana. Naho tugerageza guhabūza iyo imigenderanire gute, nta kintu na kimwe dushobora gukora mu nkomezi zacu.



IGICAPU CA 3

*Muri iyi nyifato hano,
ibiganza vyawe biba
vyerekana ingorane
y'ugutandukana kuba
hagati y'abantu n'a-
bandi, na hagati yabantu
n'Imana kubwo icaha.*

Ibi rero mu vy'ukuri ni inkuru mbi. Kandi, naho twobandanya «gukora neza» gute, ntidushobora kuba abagororotsi imbere y'Imana mu nkomezi zacu. Rero, Imana ataco idusavye yarungitse Yesu muri iyi isi gupfira abanyavyaha. Ugeze hano rero kaba ari akaryo keza ko guhindukiza ukuboko kwawe kw'iburyo (Kwerekana Imana) kugira urukumu rwawe rurabe imbere. Ibi bisobanura uburyo Imana yasubijeho inzira irashe y'ingene abantu bashobora gusubira kwunga imigenderanire na yó. Ushobora kurangiza kwerekana Ubutumwa bwiza uvuga ko inzira *yonyene* dushobora guhindukirira Imana ari mu kwizera. Mu gihe twizeye Yesu nk'Umwami, imigenderanire yacu n'Imana ica igaruka (hindukiza ukuboko kwawe kw'ibumoso ugusubize uko vyari bimeze ubwa mbere, kuri kirya gicapu ca mbere)

Vuga Ubutumwa Kenshi

Ibiharuro muri rusangi vyerekana ko muri Leta Zunze Ubumwe za Amerika abantu bemera kwizera Yesu bamaze kwumva ubutumwa n'imiburiburi incuro 12. Ivyo biharuro biba ivy'ukuri canke bitaba ivy'ukuri, biraduha umuco ko mu vy'ukuri abantu barinda gusobanurirwa ibihetangabo kenshi imbere y'uko ukuri kwinjira mu mizi. Kubwo ivyo rero, ni ngirakamaro ko umupasitori avuga ubutumwa bwa Yesu kenshi cane gashoboka.

Mu gihe ubutumwa bwose atari ubwo kwihanisha abantu, umupasitori ashobora kwerekana kenshi Ivyanditswe vy'ukuri ku vyerekeye icaha, igituma dukeneye Umukiza, umupasitori ashobora kuvuga mu gihe co guhimbaza Imana (co gusenga), akamaro ko kugiriranira imigenderanire na Yesu kandi agahamagarira abantu kumwizera. Ubutumwa bwategerezwa kuvugwa muri ayo mashure y'inzigisho z'abantu bagomba kuba abanyeshengero, mu mpanuro z'abantu bagomba kugira ubugeni, mu kuvuga ubutumwa mu kibano, mu gihe c'umubatizo cose gitegurwa, imbere yo kuja ku meza y'Umwami, mu birori vy'amaziko, n'ahandi. Tanga akaryo ko kwegukira Kristo ku muntu wese.

Shoboza Abizeye Bashasha Gushira Amazinda

Umuhinga kaminuza mu nyigisho ndoramana zishingiye kuri

Bibiliya yakoze ubushakashatsi, yasanze mw'Ishengero ryose hariho imigwi ine y'abantu:

1. Abantu batarakira Yesu kandi bazi neza ko badafise Yesu mu mitima yabo. Abo bantu ni imvugakuri mu kwitandukanya kwabo n'Imana. Baravyemeza neza badaharira ko atari Abakristo.

2. Abantu batarakira Yesu ariko biyumvira ko bafise Yesu mu mitima yabo. Abo bantu ntibatahuye neza ukuri kujanye no kwakira Yesu. Bizera ko bobo ata ngorane bafise kuko bavukiye mu nzu z'Abakristo, barizera ko Imana iriho, «bakora vyiza», baraja mw'Ishengero kanaka. Canke, bagiye mw'Ishengero ritavuga Kristo kubwo kubeshwa. Abo bantu ntibizeye ubutumwa nyakuri kandi bazotangara mu gihe c'iherezo.

3. Abantu bakiriye Yesu kandi bazi ko Yesu aganza ubugingo bwabo ata gukekeranya. Abo bantu barizeye ubutumwa bw'ukuri kandi barizeye igikorwa Yesu yabakoreye n'amasezerano yose ari mu vyanditswe.

4. Abantu bakiriye Yesu, ariko biyumvira ko badafise Yesu mu mitima yabo. Abo bantu barizeye Yesu kubwo agakiza yabahaye, ariko ntibigeze biga ukuzigamwa kw'agakiza kabo. Rero, iyo bananiwe, baca bazazanirwa bibaza ko Imana yoba ikibakunda canke itakibakunda.

Mw'ikete rya mbere ryanditswe na Yohana 5:13, Iyo ntumwa yanditse iti, «*Ivyo ndabibandikiye, mwebwe mwizeye izina ry'Umwana w'Imana, kugira ngo mumenye yuko mufise ubugingo budashira.*» Ni vyiza ko Abakristo babaho badakekeranya agakiza kabo, atari ukubera ivyo bakora, ariko kubwo ivyo Yesu yamaze kubakorera. Yesu yaciye umugani w'imbuta zabibwe n'umurimi kandi, mu burorero butatu (isi yo ku nzira, isi yo ku rutare, hamwe n'isi yo amahwa), Imbuta zaranse kwama ivyamwa (Matayo 13: 1-23). Aha ukugabisha kurimwo muri rusangi muri iyi nkuru ni uko hari uburyo bwinshi bw'inzitizi ziza mu nzira kubuza ukwama, n'ugukura mu mpwemu. Gukekeranya n'ubwoba ni ibintu bibiri mu bindi bibi gusumba ibindi. Rero, umupasitori ntarondera gusanzaza imbuto z'ubutumwa

bwiza gusa, ariko arondera no gukomeza umuntu wese yihanye ngo ashikame mu kwizera no mu gakiza kiwe adakekeranya.

Raba izi mpamvu 10 zituma abantu bamenya neza badakekeranya akagakiza kabo:

1. Kubwo ubuntu. Abanyefeso 2:8-9 hatwibutsa, «*Ubuntu ni bwo bwabakijije kubwo ukwizera: na vyo nyene ntivyavuye kuri mwebge, n'ingabire y'Imana- ntivyavuye ku bikorwa, kugira ngo hoye kugira uwirarira.*» Ibikorwa vy'umuntu nta kibanza bifise mu gakiza (soma 2 Timoteyo 1:9, Abaroma 11:6). Nta kintu na kimwe twakoze kugira turonke agakiza kacu kandi nta na kimwe twokora kugira tukabungabunge. Hariho indirimbo yitwa «Ubuntu butangaje» irimwo amajambo akurikira: «Ubuntu bwarankijije bunkuye kure kandi ubuntu buzonshikana mu rugo.»

2. Kubera gutsindanishirizwa. Igitabu citwa *Impfunyapfunyo y'Inyigisho Rukristo Zitiriwe Westminster* gisobanura ko gutsindanishirizwa ari “igikorwa c’ubuntu bw’Imana gituma iduharira ivyaha vyacu vyose kandi ikatwemera nk’abagororotsi muri Mpwemu wayo kubwo ukugororoka kwa Yesu gusa twambitswe, twaronse mu kwizera.” Ibi bisobanura yuko kubwo urupfu rwa Yesu ku musaraba, umuntu yizeye yemezwa ku mugaragaro ko ata “kimwagiriza” kandi akaba yidegemvya, yambitswe izera imbere y’Imana, ku rubanza rwose rw’icaha. Mu gihe abandi bantu bama bariko baranigana n’icaha ibigirankana, tweho turi mu kibanza c’abagororotsi kandi dufise amahoro adashira ava ku Mana. (Abaroma 5:1)

3. Kubera ikidodo canke igikumu ca Mpwemu Yera. Intumwa Paulo yanditse ati “*Muri we namwe mwaramaze kwumva ijamba ry’ukuri, ni ryo butumwa bwiza bg’agakiza kanyu, mumaze no kumwizera, ni ho mwashiriweko ikimenyetso, ni co Mpwemu Yera yasezeranywe, ni we ngwati y’umwandu tuzohabga, kugira ngo abo Imana yaronse ibacungure, ngo ubwiza bwayo bushimwe.*” (Abanyefeso 1:13,14). Mpwemu Yera, aba mu wizera, ni icemezo c’agakiza kacu muri kino gihe akaba n’ingwati itwemeza agakiza kacu kazozza. Umukristo ntashobora kwigarurira Mpwemu, kandi ukugira Mpwemu mu mutima ni icemezo c’ubugingo budashira.

4. Kubwo ubushobozi bw’Imana. Umukristo afise ubwoba ko yatakaje agakiza kiwe ntatahura ubushobozi butagira iherezo bw’Imana buzigama amasezerano yayo. Yesu yavuze ati *“Ababaye intama zanje bumva ijwi ryanje, nanje ndabazi, na bo barankurikira”*. (Yohana 10:27-29). Nta kintu na kimwe gishobora kudutandukanya n’urukundo rw’Imana (Abaroma 8: 37-39). Rero turashobora kuvuga dushiz’amanga tuti, *“Ni co gituma kandi mbabazwa ntya, yamara ntibintera isoni, kuko nzi uwo nizeye, kandi nzi ntakekeranya yuko ashobora kuzigama ikibitsanyo namubikije gushitse kuri wa musu.”* (2 Timoteyo 1:12).

5. Kubera ukugororoka kw’Imana. Ivyo Imana yasezeraniye, irabishitsa. *“ Erega Imana si umuntu ngo ibeshe, canke umwana w’umuntu ngo yisubiremwo! Ivyo yavuze, Mega ntizobikora? Mbega yashinze ntizobishitsa?”* (Guharura 23: 19). Ukugororoka kw’Uhoraho gutuma yama ari Umwizigirwa mu kintu cose avuga. Ntiyigera yicuza ku ngabire yiwe (Abaroma 11: 29).

6. Kubera twahinduwe Nawe. Imbere yuko twizera, umuntu wese yari yarapfuye mu buryo bw’impwemu. Ariko, tumaze kuba muri Kristo, umuntu wese acika *“icaremwe gisha”* (Abikorinto 5:17). *Ntibigirisha* nka bashasha, ariko *ni bashasha vy’ukuri*. Umukristo wese arafise akaranga gashasha k’ibihe bidashira. Rero, n’aho rimwe na rimwe Abakristo bashikirwa no gukora mu buryo bunyuranye n’akaranga kabo gasha, ntuguma turi *“ibikorwa vy’amaboko y’ijuru”*. Umupasitori umwe yabivuze mu majambo magufi ati *“ Si ndi uwo nategerezwa kuba kandi sindi uwo nzoba, ariko kubwo ubuntu bw’Imana sindi uwo nahoze ndi kera.”*

7. Kubera turi guhindurwa. Agakiza ni ihinduka umuntu atangura umusi kanaka, ariko kandi ni ubuzima umuntu abamwo ku musi ku musi, vyongeye ni urugendo. (vyinshi ku vyerekeye ico cyumviro biri mu kigabane c’umunani). Nta n’umwe aca aba umugororotsi ijana kw’ijana muri urya mwanya nyezina aba yakiriye Yesu mu kwizera. Ugukura mu kugororoka ni urugendo rufata ubuzima bwose (2 Abakorinto 3: 18). Rero, mu gihe icaha cose ari ubuhumane, birashika ko Umukristo mu rugendo rwiwe ashobora gutsinda, ahandi na ho akananirwa. Uko biri kwose, turafise icemezo

ko “iyatanguye ikikorwa ciza muri twebwe azogiheraheza gushitsa ku musi wa Yesu Kristo. (Abafilipi 1: 6)

8. Kubera Yesu yinginga Imana kubwacu. Yesu yabwiye abigishwa biwe ko agiye “kubategurira ivyicaro” (Yohana 14: 2). Ibi bisobanura ko naho wêwé atari ho ari ngo tumuboneshe amaso, abana biwe bama bari mu vyiyumviro vyawe. Bibiliya itwigisha ko Yesu yaduze kwa Data kandi “asengera” abantu biwe “imisi yose”. Kubwo uku kuduserukira kwiwe mw’ijuru, “ *Ni co gituma ashobora gukiza rwose abashikira Imana ku bwiwe, kuko na ntaryo yamaho ngo abasabire*” (Abaheburayo 7:25).

9. Kuko yatugize abo mu muryango wiwe. Yesu Kristo ntiyita Abakristo nk’abantu biwe gusa, ariko abahamagara nk’umuryango! Kubwo ukwizera, twagizwe abana b’Imana (Abagalatiya 3: 26), twari twarabiteguriwe kuva kera kubwo ubugombe bw’Imana (Abanyefeso 1: 5). Ukugirwa uwo mu muryango wundi ni uguhāna abana biciye mu mategeko gutuma umuvyeyi kanaka yakira umwana atari ubura bwiwe mu muryango wiwe, uwo mwana agaca abaho afise uburenganzira n’amahirwe yose nk’ay’umwana yavukiye bwite muri uwo muryango. Kubwo ivyo rero, uwo mwana ntashobora gutakaza ubwo burenganzira na rimwe, uko yomera kwose. Amasezerano y’umuryango wacu araduha umutekano, n’igihe tutaba turiko dukora nka Data wo mw’ijuru.

10. Kuko Imana yadutoranije. Iki gituma ni igituma kiduha umutekano ntayegáyezwa. Yesu yibukije abigishwa biwe ati “ *Si mwebwe mwantoranije, ariko nije nabatoranije, nabashizeho kugira mugende murama imbuto*” (Yohana 15: 16; soma kandi Yohana 1:12-13). Agakiza kacu gahagaze ku ngingo y’ibanga ry’Imana izi vyose yaduhisemwo naho yari izi ivyo tuzokora mu nyuma! Nta kunanirwa na kumwe gutangaza Imana. Yari izi ivyo dukehanyemwo mu buzima bwacu bwose ariko ihitamwo kuduha ubugingo bidashira.

Mu vyukuri, iyo ari yo yose muri izi mpamvu irashobora gutuma Umukristo adakekeranya. Ariko izi zose 10 ziri hamwe nta mpamvu nimwe zihabwaho bakijijwe kureka kumenya ko bakijijwe, babayeho neza kandi bazigamiwe mu maboko ya Data.

Fasha Umuntu Mushasha mu Kwizera Ashinge Intahe

Mu mwaka w' 1866, Arabelle Hankey yanditse amajambo y'indirimbo "Ndakunda kuvuga inkuru." Icitabirizo cayo coroshe kandi ciza ni iki:

*Ndakunda kuvuga inkuru, Ni yo izoba icivugo canje mu bwiza
butazoshira*

*Nzohozu mu kanwa ya nkuru ya kera, ego cane, ya nkuru ya kera
Ivuga ivya Yesu n'urukundo rwiwe.*

Umutwe w'amajambo w'ikiganiro cose ni indirimbo mu bihe bidashira izoba ubuntu butangaje bw'Imana, bwagaragajwe biciye mu kimazi ciza c'Umwana wayo catangiwe abanyavyaha batōshoboye kwikiza. Dukwiye kuvuga inkuru uno musu kenshi gashoboka! Ikibabaje, Abakristo benshi ntibazi ingene bavuga iyo nkuru y'imvaho-igishingantahe cabo bwite-c'ingene bizeye Yesu Kristo n'igihe bamwizereye. Muri 1 Petero 3:15, Ivyanditswe bihimiriza Abakristo bese ngo: *"Muhore mwiteguye kwishura umuntu wese ababajije inyanduruko y'ivyizigiro biri muri bwebge, ariko muri n'ubugwaneza, mutinya."* Umupasitori akwiye gutegura abantu biwe kuvuga inkuru y'ingene bakiriye Yesu Kristo.

Twofata yuko igishingantahe c'Umukristo gifise ibice bitatu canke "ibigabane" bitatu: Imbere utarakira Yesu, uko vyagenze mu kwakira Yesu, n'ivyabaye inyuma umaze kwakira Yesu. Igice c'imbere kivuga ukuntu ubuzima bwawe bwari bumeze imbere yo kwizera Yesu. Mu ncamake, vuga ukugerageza gukora neza kwawe, canke ingene wumva ufise ikinogo muri wewe. Igikurikira, sobanura ingene wahuye na Yesu. Ni hehe wumvise ubutumwa bw'Inkuru Nziza? Ni ikihe kintu Imana yaguhishuriye? Ni uwuhe murongo wo muri Bibiliya wagukozeko cane? Aka ni ko kanya uvuga vy'ukuri ku vyerekeye ukubaho kw'icaha n'ukwitanga kwa Yesu ku musaraba. Mu kurangiza, vuga ingene ubuzima bwawe bumeze kuwa wakiriye Yesu ukihana. Vyukuri, wemere ko utari umugiriritsi, ariko vuga inkuru y'ingene uriko urakura mu kumenya Imana.

Andika igishingantahe cawe. Tōsōra ivyiyumviro vyawe wongere wandike. Wibuke, iyi ni yo nkuru y'ingirakamaro cane ikwiye kuvugwa. Hinyanyura inkuru iramvuye isobanura ingene wihanye,

wimenyereze kuyisangira n'abandi. Ni ukuremwo iyindi ngufi gusumba yovugwa hagati y'iminota itatu gushika kuri itanu ushobora kuvuga igihe babigusavye. Intahe yawe n'Ubutumwa Bwiza ni ibikoresho vy'intasubirizwa mu gikorwa c'ibango ryawe.

Ndamaze gushinga intahe yanje ibihetangabo amajana kandi nama ngira umwete wo kugaragaza igikorwa c'Imana mu buzima bwanje. Ngiyi inkuru yanje mu nca make, nanditse kugira mfashe umupasitori kubona za ntambuko zitatu ari zo "Imbere yo kwakira Yesu", "Uko vyagenze mu kwakira Yesu", "Uko bimeze mu nyuma yo kwakira Yesu.

IMBERE YO KWAKIRA YESU

Navukiye mu murungu w'Abakristo, nagenda gusenga hafi ku misi yose y'Imana. Nagiye mw'ishure y'abana bo ku w'Imana nkiri muto cane. Ariko, igihe naba ndi kumwe n'abandi mu rusengero, na bona ibicapu vy'umugaraba nkumva inkuru zo muri Bibiliya, sinigera ntahura Yesu uwo ari we canke ico yankoreye.

Imigenderanire yanje n'abavyeyi banje rimwe na rimwe yari imeze nabi, kenshi kubera jewe na cane cane igihe ngeze mu myaka y'ubuyabaga. Nivuga ko ndi intama yirabura mu murungu ...narakora neza kw'ishure mu vyigwa, ariko sinigera numva ko nonezereza abandi. Naguma numva ko hari ivyo ntashoboye ngaca ndondera kwemerwa mu kwiga, kuba umuhizi mu dukino, indirimbo hamwe n'ubumenyi bwanje mu bintu vy'utugenegene. Nama nipfuza gukundwa no kwemerwa.

UKO VYAGENZE MU KWAKIRA YESU

Hasigaye ukwezi kumwe kugira ngo ndonke urupapuro rw'umutsindo rw'amashure yisumbuye, narasubiriye kugira impari mu bintu twahora dúhārīra n'abavyeyi banje. Naciye nakira umuduga mva i muhira nja mu nzu yo kudandarizamwo aho umugenzi wanje w'inkoramutima Robert nanje twari twaronse akazi ko kwunganira uwujewe gutunganya urudandazwa. Hageze igihe co kwugara, igihe nariko ndamufasha gukubura mu cumba kibikwamwo ibidandazwa, uwo umugenzi wanje yambajije ibibazo bibiri vyahinduye ubuzima bwanje imyaka yose. Amaze kumenya neza umwiheburo narimwo, Robert yambajije ati: "Dawidi, hamwe wopfa iri joro, ufise icemezo ikihe ko wobana n'Imana ibihe bidashira?"

Ndamwishura nti " Ndumva ata gukekeranya mfise na mba". Wibuke,

nari umuntu w'umunyedini cane. Robert arambaza ikibazo ca kabiri. "Hamwe wohagarara imbere y'Imana, ni iyihe mpamvu wotanga imbere Imana yotuma ikwemerera kubana na yo ibihe bidashira?"

Ndamwishura, "kuko jewe ndi intungane gusumba uwo tuvukana" Ego, uko ni ko namwishuye! Ariko vyagaragaje ukudatahura kwanje ico kwegukira Imana bishobanura. Nizera ko nshoboye kuba mwiza gusumba abantu benshi vyoba bihagije kugira ngo nje mw'ijuru. Ariko, umugenzi wanjye asangira nanje ingingo zine z'ukuri mu gukosora ukudatahura kwanje kwari gishingiye kw'idini.

Ubwa mbere, Robert yambwiye ko abantu bose bacumuye, nanje ndimwo. Ndayemera kuko nari nzi ko hari ibintu bimwe nari nakoze nari nzi neza ko bitahimbaye Imana.

Ubwa kabiri, arambarira ati "Ingero y'icaha n'urupfu" (Abaroma 6: 23). Nk'uko abakozi bategerezwa guhemberwa ibikwiranye n'ivyo bakoze, abanyavyaha na bo nyene bategerezwa kuronka impembo kwiranye n'icaha cabo. Kandi ikidukwiriye twese kubwo icaha cacu ni urupfu-ugutandukana n'Imana kw'ibihe bidashira.

Ubwa gatatu, Robert arambwira ati nta muntu n'umwe yogira ico akoze kugira yikureko ingorane y'icaha. Ntitwobishobora na mba twishimiye ukuba intatangwa mu rusengero, ugutanga ivyacu, canke kweza ubuzima bwacu. Kuko, naho twoba turi beza kuva none kubandanya, umwanda w'icaha uguma muri twebwe. Yesu wenyene ni we ashobora kudukurako icaha. Imana yarungitse Umwana wayo Yesu Kristo muri iyi si kugira ngo abeho ubuzima bugororotse hanyuma apfe urupfu adakwiye kugira arihe impongano ata n'umwe muri twebwe yashobora kuriha. Yatanze ubuzima bwiwe kubwanje! Abaroma 5: 8 handitswe "Ariko Imana yatweretse urukundo rwayo idukunda, kuko Kristo yadupfiriye tukiri abanyavyaha, Yesu yarikoreye ivyaha vyanje, ariha impongano yanje hanyuma ampa ubugingo budashira.

Ubwa nyuma Robert, yambwiye ko umuntu wese ashobora kwakira ingabire y'ubugingo bidashira mu kwizera Yesu. Arambwira ingene na we yihanye mu myaka iheze araheza arambaza ko nizeye ko Yesu ari Umwana w'Imana kandi ko yapfuye azira ivyaha vyanje. Ndabikora.

Kubwanje, wamenga ni nka kurya umuntu yoba yampaye agasandugu kariko igicapu c'ingene ibintu bikwiye gupangwa. Ubwa mbere, nari mfise udupande twose ariko simenye ingene nshobora kuduha. Ubu rero maze kwumva ubutumwa bwa Yesu, nararengewe. Nca ndatahura ko Yesu

yapfuye kubwanje kugira ngo ampe ubugingo bidashira!

Uwo mugoroba- w'igenekerezo rya 30 Ndamukiza mu mwaka w'1983-nasenze isengesho ryoroshe: “Mana, ndemeye ko ndi umunyavyaha kandi ko ivyaha vyanje vyantandukanije nawe. Umparire kubwo ivyaha vyanje kandi ndakeneye Yesu mu bugingo bwanje. Urakoze kuko warungitse Yesu Kristo kugira ngo ancungure. Urakoze ko Yesu yikoreye ivyaha vyanje, apfa ku musaraba hanyuma arazuka mu bapfuye kugira ampe ubugingo bushasha. Ndamwizeye wenyene kugira ngo ndonke agakiza. Ndamusavye yinjire mu bugingo bwanje kandi anshoboze kubaho ubuzima yama yipfuza ko nobaho. Mw'izina rya Yesu, Amen.”

INYUMA Y'IGIHE NAKIRIYE YESU

Iryo joro, nta kintu na kimwe c'igitangaza cabaye nashoboye kubona. Ariko, imbere mu mutima wanjye, Imana yaciye itangura kumpindura kuva imbere werekeza inyuma. Kuva ico gihe rero, kuko nari nabaye umuraganwa na Kristo nk'umwana w'Imana, yaciye itangura kumpingura ngo nse kandi numve ko mbayeho nko mu muryango. Ndibuka ko bimwe mu bintu vyaciye bitangura guhinduka ikibiriraho zari imvugo yanje. Naciye ntangura kwanka ugufyinata hamwe n'imvugo z'ubupfu nahora mvuga vyari vyaramboshe. Naho kuva inyuma y'aho nagiye nshikirwa no gucumura – kandi n'ubu nkaba ngicumura-Mpwemu Yera yaciye atangura kunyemeza no kuntera kuzinukwa inyifato mbi no kunshoboza kuziheba, ampa kwama ngirira inyota Imana. Naciye ntangura kwinjira muw'Ishengero bashira hejuru izina rya Yesu, niga itandukaniro riri hagati y'idini n'imigenderanire ishitse na Yesu. Gushitsa n'ubu, ndacabandanya gukura mu vyo kumumenya imisi yose kuva ico gihe!

Ndizera, ko mu gusoma iyo ntahe yanje, umusomyi azokwiga ingingo ngenderwako nyinshi. Vuga inkuru yawe mu majambo yoroshe. Vuga ico wari ukeneye (Kera). Utomoro ubutumwa bwawe (Uko vyagenze mu kwakira agakiza). Sobanura mu buryo bwumvikana icaha, umusaraba n'ukwizera. Wemere ko ubuzima bwawe butagororotse, ariko yuko bugenda bukura (Inyuma y'aho).

Bigishe Kugira Babatizwe

Ikintu ca nyuma Yesu yategetse abigishwa biwe ni ukwigisha Ubutumwa Bwiza no kubatiza abizweye (Matayo 28: 18-20). Kubera

agakiza gatangwa ku buntu, kwizera Yesu ntibisaba kubatizwa. Ariko umubatizo ni ikintu ca mbere kigaragarira abantu bose ku muntu yizeye Yesu. Uko bari basanzwe babikora mw'Isezerano Risha ni uko abantu bizeye Yesu baca babatizwa. Nk'uko intahe y'umuntu ari icabona kivuga ku mukristo yizeye, umubatizo n'icabona kiboneka. uko bimeze, umupasitori akwiye kujana abizeye bashasha ku rwego rwo kubatizwa.

Hari ibimenyetso bine bikomeye bijanye n'umubatizo vyerekana igituma ico gikorwa ari ngirakamaro ku mukristo. Mu gihe umupasitori ariko arabatiza abizeye, ashobora kuvuga kimwe canke vyinshi muri ivyo bimenyetso ku neza y'abaje mu birori vyo kubatiza, kugira ngo batahure neza ikiriko kiraba.

Ubwa mbere, umubatizo ni ikimenyetso c'ukwozwa. Mw'ikete ryandikiwe Abaheburayo 10:22 haradutera intege ngo *"Twegereze dufise imitima y'ukuri, twizeye ata mazinda, imitima yacu icucagiwe ngo ivemwo ibitwagiriza bibi, imibiri yacu yuhagijwe amazi meza"*. Mu mvugo yo mu buryo bw'impwemu, Umukristo yaramaze kwozwa kandi ahagaze imbere y'Imana yambaye izera canke yogejwe. Umubatizo w'amazi si wo weza umuntu, ariko ni ikimenyetso c'ukwozwa.

Ubwa kabiri, umubatizo ni ikimenyetso c'ukuzuka mu bapfuye. Mw'ikete ryandikiwe Abaroma 6:3-5, Paulo avuga ko *"twese ababaturijwe kuba muri Kristo Yesu twabaturijwe kuba mu rupfu rwawe"*. Ni ukuvuga yuko amaze "guhambanwa" Yesu Kristo, Umukristo arongera "akazukana" na we kugira ngo abeho ubuzima bufise imero nshasha atari yarigeze kugira. Rero iyo abihanye vuba biburutse mu mazi, ukubatizwa kwabo ni ikimenyetso c'ukwo kuzuka.

Ubwa gatatu, ukubatizwa bisigura kwiye gurira. Ku kiringo co kubatizwa, Abakristo bashasha baremerera uwundi muntu akabibiza mu mazi. Iki gikorwa co guca bugufi ni ikimenyetso c'inyifato yo kwiye gurira Yesu Kristo nk'Umwami gukwiye kuranga uwizera wese. Twarabambanywe na Yesu, kubwo ivyo si twebwe turiho. Ahubwo ni we ariho muri twebwe (Abagalatiya 2:20).

Ubwa kane, umubatizo ni ikimenyetso c'ubumwe buranga umuryango w'Imana. Abakristo bava mu mico itandukanye bakerekana ubuzima bwabo bwo mu buryo bw'impwemu biciye mu mashengero menshi no mu migirwa myinshi. Umubatizo ni kimwe mu bintu bigirwa kw'isi yose, gisangiye n'Abakristo benshi ibihe

vyose, nk'ikimenyetso c'inkomezi z'ubumwe bwacu nk'umuryango. Mw'ikete rya mbere ryandikiwe Abakorinto 12:13 handitswe ngo: *"Kuko muri Mpwemu umwe, twese ari ho twabatirijwe ngo tube umubiri umwe, naho boba Abayuda canke Abagiriki, naho boba abagurano canke abidegemvya. Kandi twese twanyweshejwe Mpwemu umwe."*

Abakristo bashasha bakwiye kwigishwa ko umubatizo bagirirwa ata co ufasha mu gakiza kabo. Naho ari igikorwa gifise akamaro kanini, umubatizo wo kwibizwa mu mazi ntutuma Umukristo aba intungane". Bakwiye kwiga insobanuro y'umubatizo nk'ikimenyetso c'ukwozwa kwabo, kuzuka, ukwiyegurira Yesu kandi nk'ikimenyetso c'ubumwe n'umubiri wose wa Yesu baba binjiyemwo. Mu birori vyo kubatiza, umupasitori ashobora kubaza ababatizwa kuvuga intahe zabo (raba hejuru). Mu gihe co kubatiza nyezina, umupasitori ashobora kuvuga amajambo akurikira, ati:

(Vuga izina ry'uwo yihanye), nisunze ukwatura ukwizera kwawe, kandi kubwo ishaka ryawe ryo kwubaha Umwami wacu mu kwemera kubatizwa, ntewe iteka ryo kukubatiza mw'izina rya Data wa twese, n'iryo Umwana, n'irya Mpwemu Yera. Umaze guhambanwa na Yesu mu rupfu rwiwe (ugaca umwibiza mu mazi), uzukiye kugendera mu buzima bushasha (ugaca umwiburura mu mazi).

Naho atari itegeko, birashobora gufasha ku muntu mushasha yihanye kumuha urupapuro rwerekana ko yabatijwe, canke ikintu gishobora kumwibutsa ko yakorewe iki gikorwa gifise insobanuro nini. Rimwe na rimwe, Umukristo ashobora gukekeranya ukwizera kwiwe, ariko kintu kiboneka yahawe nk'icibutso gishobora kumutera intege imyaka yose.

Icigwa c'umubatizo cama kivyura ibibazo ku bantu babatijwe bakiri abana, abandi na bo bakabatizwa *imbere* y'uko bizera Yesu, kumbure kubera ukugoberwa canke kubera ari umugenzo w'Ishengero umuntu ategerezwa kugira mu gihe aririmwo. Ni ngirakamaro cane ko umupasitori asobanura neza ko ari *ikimenyetso* c'agakiza kabonerwa mu kwizera. Kubwo ivyo rero, umubatizo *ni nk'icemezo* c'ivyizerwa umuntu afise muri Yesu, abanje kuvyiyumvira. Umuntu yabatijwe akiri umwana mu nyuma akakira Ubutumwa

Bwiza, akwiye kugendera mu kwumvira akerekana igishingangahe ciwe biciye mu kubatizwa.

NONE HOKORWA IKI ?

Nk’uko Ubutumwa Bwiza ari urufatiro rw’Ishengero, ni ko na kino gihimba ari urufatiro rwa kino gitabu. Mu gihe umupasitori “adasobanuye neza Ubutumwa Bwiza,” azokwubakira Ishengero ryiwe ku mushinge w’ikinyoma. Hirya no hino kw’isi, abapasitori indiri barakobeje mu gutanga insiguro zishira imbere ubutunzi canke ukuroraniirwa mu buzima, kandi amashengero yabo aruzuye pe. Ariko rero ubunini bw’amashengero ntibwama buhuye neza n’ukwaguka kw’Ubwami.


Umupasitori arakwiye kumenya ingaruka z’ukuvuga Ubutumwa Bwiza mw’Ishengero ryiwe mu buryo bwiza kandi ata kurya umunwa. Imbere ya vyose, abantu bazokizwa. Ukuri kwonyene ni kwo gushobora gutuma abantu bidegemvya (Yohana 8:32) kandi ubundi butumwa ubwo ari bwose atari Ubutumwa Bwiza buzovamwo ingwizamurōngo z’abanyedini, ariko badafitaniye imigenderanire na Yesu.

Ubwa kabiri, birashobora gushika mw’Ishengero ryiwe ibitigiri bikagabanuka. Ukwo ni ukuri. Erega ukuri burya kurâgiriza kandi kukêmeza umuntu, kukamukubita intahe mu gahanga. Bamwe mu banyeshengero ntibazokwihanganira ubutumwa “butadigádiga amatwi yabo” (2Timoteyo 4:3) kandi bashobora kuva mw’Ishengero ryawe ngo bîgîre mu rindi ribaryohera. Inkuru nziza kuri wewe ni uko abazosigara bazokomezwa, kandi naho Ishengero ritogwira mu bitigiri, izo nkehwa usigaranye zizokura mu vya Mpwemu mu buryo bwîmbîtse.

Ubwa nyuma, ugusigura Ubutumwa Bwiza kenshi gukomeza Ishengero ryawe. Abantu ntibakeneye kwigishwa ivyo *kwizera* gusa, ariko barakeneye no kwibutswa ivyo *bîzēye*. Ishengero ryanje rirakeneye kwibutswa kenshi ivyerekeye ubuntu hamwe n’ingene umusaraba wa Yesu ari impongano ikwiye y’ukwozwa ivyaha, hatibagiwe n’ingene ubushobozi bw’ukuzuka kwa Yesu bumenagura imvuto n’agahoto k’ivyaha. Gutyo rero, Ubutumwa Bwiza ntibufise ikimazi c’agakiza kacu gusa; bwerekeye n’ukwezwa kwacu na kwo.

SHIKA KU NTAMBUKO IKURIKIRA

1. Ni ubuhe “butumwa bw’ibinyoma” woba uzi mu mico yawe canke aho ubaye? Ni ibiki bituma ubwo butumwa buba ubw’ibinyoma ?
2. Kora umwimenyerezo w’ukuvuga Ubutumwa Bwiza nyakuri ukoresheje ingingo zine zoroshe zavuzwe muri iki kigabane na bumwe mu buryo abavugabutumwa bakoresha.
3. Ni iyihe mpamvu imwe muri 10 zatanzwe mu bijanye n’ukudakekeranya agakiza ikwigisha gusumba izindi?
4. Ni kuki ari ngirakamaro ko Umukristo amenya kuvuga inkuru yiwe mu buryo bwo gushinga intahe? Asangwa utateguye igishingantahe cawe ukoresheje aka karorero katanzwe muri iki kigabane, fata umwanya ubikore.
5. Ukudatahura umubatizo kumenyerewe ni ukuhe ? Ni ibihe bibazo ugifise vyerekeye umubatizo ?
6. Ni ikihe kintu ngirakamaro cane wize muri iki kigabane ?



UKUBA INYEGU: MU KIBANO

*Kiretse gake cane kabaho, kimwe ni igitigiri gito cane
ku buryo kitigera kivamwo ihinduka rihambaye.*

Warren Bennis

Kw'igenekerezo rya 3 Nyakanga, 2007, Steve Fossett yafashe urugendo mu ndege ifise imoteri imwe, avuye ku kibuga c'indege cihariye mu burengerazuba bwa Nevada. Haciye amasaha atarimake, uwo muntu wa mbere yari atanguye kuzunguruka isi mu kirere mu ndege imeze nk'umupira itarenza ikibanza kimwe, ntibasubira kumenya iyo ari. Abatabāzi bategerezwa kurondera abantu bazimiye baramurondeye ku birometero kwadarato bishika 33.000; barondera iyo ndege canke ikimenyetso kiranga Fossett. Mu kiringo kingana ukwezi kwose, indenge nyinshi zarakwiragiye hejuru y'ikirere ca Nevada ariko ntibabona ikintu na kimwe. Haciye umwaka umuntu umwe yariko anonora imitsi mu misozi yaratoye akarangantu ka Fossett mu misozi, abari bamaze igihe bamurondera baca bemeza ko iyo ndege yagiriye isanganya aho hantu.

KUBA INYEG	GUHINDUKA	KURENGANA IMBIBE
YA YESU	UGUHINDUKA GITURUMBUKA	M'ISHENGERO RWAJE
MU KIBANO		MU KIBANO
Y'ISHENGERO	UGUHINDUKA KWIYUMVIRIWE	MW'ISI MBAYEMWO

Mu gihe ata muntu n’umwe azi icatumye iyo mpanuka ibaho, ingorane nyamukuru yabayeho iraboneka neza: Fossett ntiyari akwije ivyangombwa kugira afate urugendo rw’indege kuko nta nteguro yarwo yari yagize. Nta muntu n’umwe yari azi iyo agiye, nico gituma ata muntu n’umwe yashobora kumenya aho yohera kugira ashobore gutabara mu gihe hoba ingorane. Uwo mudereva w’indege yari umwe rudende.

Mu gitabu c’Umusiguzi 4: 8-12 hatwibutsa akaga ko kubaho uri wenyene:

Hariho umuntu w’inyakamwe, atagira uwundi; mbere ntugire n’umwana canke uwo bavukana; yamara umuruho wiwe wose ntugira iherezo, kandi amaso yiwe ntahagá ubutunzi. Aribaza, ati None nduhira nde, nkiyima ivyiza? Ivyo na vyo nyene ni ubusa. Mbere ni umuruho ugoye. Babiri baruta umwe, kuko baronka impera kubwo ubutame bwabo. Kuko umwe ni yatamba mugenzi we azomuvyura: ariko uwutemvye ari wenyene, adafise ikimuvyura, aba agowe. Kandi ikindi, babiri iyo baryamanye barasusuruka: ariko umuntu umwe gusa yosusuruka ate? Naho umuntu yashobora kuneshya umwe, babiri bomunanira, kandi igitsibo c’imigozi itatu ntigicika vuba.

Imana ntiyigeze itegekanya ko abantu babaho mu bwigunge, yageze ko babaho mu kibano. Imaze kuvuga ko ibintu vyose yaremye ari “vyiza”, Imana iravuga, “ Si vyiza ko umuntu yibana wenyene” (Itanguriro 2: 18) itunganya umufasha akwiranye na Adamu azofatanyaga nawe ibikorwa, akamubera umugenzi amuvyura, basusurutsanyaga kandi basangira intambara. Babiri bari basumba umwe mw’itongo rya Edeni. Babiri basumba umwe kuva icyo gihe. Ikibano cisunga Bibiliya kivugwa mu muryango wa mbere ni icitegererezo c’ikibano cisunga Bibiliya gikenewe mu muryango w’Imana, ari wo Ishengero, muri kino gihe. Igihe umuntu ABAYE INYEGU ya Yesu Kristo, dutegerezwa kumufasha KUBA INYEGU mu kibano, kugira ngo anezererezwe ubuzima bwiwe hamwe n’abandi kugira ngo ntihagire uwuba nyamwigendako mu buzima bwo mu buryo bw’impwemu nk’uko vyagendeye ya nyakamwe mu ndege.

Ikibano cisunga Bibiliya gishobora gusobanurwa mu buryo bwinshi. Umurongozi umwe mu gikorwa c’Imana yagisobanuye nk’“abantu b’Imana bakorera igikorwa hamwe.” Uwundi murongozi avuga ati “Ni abantu babayeho mu migenderanire na Yesu Kristo kandi bunze imigenderanire hagati yabo, babayeho ubuzima bw’Ubukristo bafadikaniye nk’abafatanya n’Imana mu ntumbero yayo.” Nta co bitwaye uko abantu basobanura ikibano, Bibiliya yoyo irerekana akamaro kaco mu buryo budasanzwe.

Akarorero k’ikibano ca mbere cisunga Bibiliya tugasanga mu gitabu c’Ivyakozwe n’Intumwa 2. Biboneka neza yuko Petero yavuze Ubutumwa Bwiza Ishengero rigakura gushitsa ku bantu 3000 ku musi umwe. Mu nyuma, Petero yakijije umuntu w’ikimuga mu buryo bw’igitangaza atangura gutambuka, iyo nkuru ikwira muri ako karere kose. Ishengero ryariko rikora ibintu vyiza bikomeye hanze. Ariko, ivyariko biraba *imbere muri bo* vyari nk’inkorerezi y’ukugenda neza kw’igikorwa c’Imana. Soma mu Vyakozwe n’Intumwa 2:42-47

Bashishikara cane mu vyo Intumwa zigisha, no kugira ubumwe, no kumanyagura imitsima no gusenga. Umuntu wese aterwa n’ubwoba: kandi utwumiza n’ibimenyetso vyinshi vyakorwa n’intumwa. Abizeye bese baba hamwe, basangira ivyabo vyose: amatongo yabo n’ibintu vyabo barabigura, bakabigabanganya bese, nk’uk’umuntu wese akenye. Kandi imisi yose bashishikara kuja mu rusengero n’umutimwa uhuye, kandi i wabo baramanyagura imitsima n’imitima itagira akarohe, bahimbaza Imana, kandi na bo bashimwa n’abantu bese. Umwami Mana akabongera imisi yose abama barakizwa.

Naho intumwa Petero ari we yaboneka nk’umuvugabutumwa n’uwukora ibitangaza, yari umwe mu bagize ikibano. Bari Abakristo kenshi bahurira hamwe mu gukuzanya, kwiga, gusenga, guhimbaza Imana no gutanga. Ivyo vyose vyatumye Petero n’abandi bari kumwe bakora igikorwa neza. Mu kibano cisunga Bibiliya ni ho Petero yakurijwe, ahongererwa n’inkomezi mu kwagukirwa mw’iyerekwa ry’igikorwa ca Yesu yari yahamagariwe gukora.

Aka ni ko karorero kamenyerewe dusanga muri Bibiliya yose. Igihe cose, abakozi b’Imana bakora neza bafashwa n’ikibano cunze

ubumwe. Mose yafashijwe na Aroni, Huri, Yosua na Karebu. Umwami Dawidi yari akikujwe n’“ingabo zikomeye” (2 samweli 23:8-39). Mu gitabu ca Nehemiya, abantu b’Imana basubiye kwubaka uruzitiro rw’i Yerusalemu bahagararanye ubutavanako n’iyindi miryago. Yesu yarungika abigishwa biwe babiri babiri, atari umwe, gukora igikorwa c’Imana (Luka 10: 1). N’intumwa Paulo naho yari umuhizi, hariho abantu benshi yahamagara abita “Bakundwa, “ abo dufatanije igikorwa” kandi “muryango” mu Baroma 16. Mu gitabu ciwe citwa *Ubuvinga Karuhariwe mu vyo Gutunganya Ibikorwa*, umwanditsi Warren Bennis yanditse ati:

Turafata nkama umugani wa “The Lone Ranger”, icyumviro ciza c’uko ibintu bikomeye vyama bikorwa n’umuntu umwe... Ariko, mu kibano rusangi... gufadikanya n’abandi s’ivyipfuzo gusa, ariko ni ikitirengagizwa. Muri vyose ariko no mu bintu vy’imboneka rimwe, umuntu umwe ni muto cane gukora ibintu bihambaye.

Imana irashikana intumbero yayo biciye mu bantu. Ariko rero kenshi, abo bantu baba bakikujwe n’ikibano cisunga Imana gikomeye. Ukuroranjirwa kwawe nk’umupasitori, mu gice kimwe kuzoba gushingiye ku kugubwa neza kw’ikibano cawe kiri mw’Ishengero. Nkuko tubibona mu Vyakozwe n’Intumwa 2: 42-47 bivugwa aho hejuru, hari inyungu nyinshi zibonwa n’amaso n’izo mu buryo bw’impwemu z’ikibano:

INGINGO NGENDERWAKO Y’IKIBANO #1

*Mu kibano ni ho twumvira kandi tubonera
ukuri kuriko kurigishwa kandi kwemezwa*

Nk’uko Luka yanditse ikoraniryo rya mbere ry’Abakristo, yaravyemeje ko, “bāshize umutima ku nyigisho z’intumwa” (umurongo 42). Dukwiye kwibuka ko “bo” bisigurira igugu ry’abihanye bashasha 3.000 (raba umurongo 41). Nta n’umwe yari yaragendanye na Yesu muri iyo myaka itatu yari iheze. Ntibari barigeze bumva na rimwe inyigisho ziwe ubwiye. Ntibigeze bumva inyigisho ziwe ari we bazumvanye. Vyongeye batahura agace gato cane ivyo kubambwa kwiwe no kuzuka. Ishengero muri ico gihe, wari umugwi w’Abakristo badakuze; ni ho bari bagitangura urugendo rw’uburyo bw’impwemu.

Rero, igihe cose barakoranira hamwe kwumviriza, kwiga, kwiyumvira n'ukuvuga ku vyerekeye ukuri kwo mu buryo bw'impwemu. Ntibakujijwe n'inyigisho z'intumwa gusa. Bararonse n'akaryo ko kubona ivyiyumviro bisha vyo mu buryo bw'impwemu bigaragaza ubuzima bw'abandi bantu mu kibano.

Igihe Abakristo bakoraniye hamwe n'abandi Bakristo, bashobora kuvugana ijamba ry'Imana rihwanye n'ubuzima babayemwo. Mu yandi majamba, batangura kuvugana ingene ukuri gukora mw'isi babayemwo, atari mw'isi yose. Atari ukwumva gusa ivya ngenderwako vyigishwa ku musu w'Imana, baravugana ingene ukuri ko mu buryo bw'impwemu kwokoreshe mu bihe bidasanze bitandukanye vyo mu buzima. Si n'ivyo gusa, vyongeye baribonera n'amaso yabo ishirwa mu ngiro ry'ukwo kuri bábirābiye ku buzima bw'abandi mu *"kwihweza inyigisho z'abandi bantu"* (2 Timoteyo 3:10)

Nize gutanga maze kwumva ingene abagenzi banje bafise umutima wo gutanga cane. Nabaye umuvyeyi mwiza mu kuraba ingene abavyeyi bubaha Imana mu kibano canje barera abana babo. Nize ingene bashira abandi imbere gusumba uko nishira imbere (Abafilipi 2:3) mu kuraba ingene umuhanuzi wanjye yafata umwanya urenze uwo yateguye avugana n'umuntu afise ingorane. Ndashobora kuba narumvise ubutumwa, narasomye igitabu canke naragiye mu nyigisho nkarishabwenge bavugaga ubu buhanga bw'ubuzima. Ariko, igihe numva kandi nkabona ukuri kwigishwa kandi kuboneka mu *"bantu tubana"*, bituma nipfuzaga kubaho ubwo buzima nanje.

INGINGO NGENDERWAKO Y'IKIBANO #2

Mu kibano, turagûndura umugisha wo Kwakira no Gutanga

Umurongo wa 42 wongeraga kuvugaga ko *"bagwiza gukoranira hamwe."* Naho insobanuro y'ikibano c'Abakristo ba mbere bamenyekana mu kurya no gukoranira hamwe, ijamba ry'Ikigiriki *koinonia* risobanura ibirenze ivyo. Iryo jamba risobanura *"gusangira."* Ugusangira kw'Abigishwa ba mbere kwari gukomeye cane.

Luka yanditse ati: *"abizera bose bari hamwe kandi bahuje umutima n'inama"* (imirongo ya 44-45). Bivanye n'ivyo umugwi ukeneye, bamwe basangira ivyo batunze mu kwitwaririka ubukene

bw'abandi. Ikigabane ca 4 kiraduha akarorero kadondoye neza. Intumwa yitwa Yosefu yaragurishije itongo ahēreza ayo mafaranga intumwa kugira ahabwe abandi bafise bike. Ntibitangaje rero kubona ikibano cataziriye Yosefu izina ry'ubuhizi, bamwita Barunaba, risobanurwa “ umwana atera -abandi- intege” (Ivyakozwe n'Intumwa 4:36-37), kuko yateye intege benshi biciye mu gutanga kwiwe.

Na Paulo ntiyari arengeye kwakira imfashanyo y'abandi. Yarashimiye Abakristo b'i Filipi ko bafatanije na we mu Butumwa Bwiza (Abafilipi 1: 3) n'ugusangira na we imibabaro (4: 14) igihe yandikira Abakristo b'i Roma, yababwiye ati: “Imisi yose uko nsenze nsaba ngo noneho bishobotse Imana yemere kungendesha amahoro no kunzana i wanyu. Kuko nipfuza kubabona, kugira ngo mbahe ingabire y'impwemu, ibaremeshe; ni kwo guhumurizanya namwe, mpumurizwe n'ukwizera kwanyu, namwe muhumurizwe n'ukwanje.” (Abaroma 1: 10-12). Paulo yagomba gukomeza Abakristo bashasha ariko nawe yagomba ko bamutera intege. Gutanga no kwakira.

Nk'umupasitori, uzoba uhiriwe ni wagira amahirwe yo kubona uwo mugisha wo gutanga no guhabwa uriko uribonekeza mu gikorwa cawe, biciye mu kibano vyisunga Bibiliya mw'Ishengero ryawe. Abakristo barafashanya igihe umwe akitswe n'amagara maze agakenera ko abandi bamutegurira ibifungurwa canke bitwaririka ibikorwa vyawe vya misi yose. Abakristo barafashije mugenzi wabo mu gusanura ibintu bimwe vyo mu nzu yiwe igihe akazi kari karangiye. Abandi bafashije umuryango umwe mu kibano cabo kwimuka bava mu gisagara. Mu kibano canje, hariho abantu bakuze babaye abahanuzi b'abizigirwa mu gufasha abana bacu gufata ingingo zerekeye ubuzima. Rimwe na rimwe, hariho imihezagiye itabonwa n'amaso nk'imfashanyo mu bigumbagumba n'imfashanyo mu buryo bw'impwemu canke ukwizera gukomeye kw'umunyeshengero umwe atera intege mugenziwe kugira yihanganire ibimugera. Twarasengeraniye, twaragandaranye, twaragize ibihe vyo kunezerwa turi kumwe, kandi twarahanuranye (Abaheburayo 10: 24- 25). Rimwe na rimwe turatanga umugisha, ibindi bihe na vyo natwe tukākira umugisha.

Uku gusangira gutuma Ishengero rigenda rikura. Mu buryo

bumwe, abanyeshengero bakura badafise ukwikunda bakitangira abandi. Ahandi na ho, umunyeshengero wese, arumva yugurukiwe kuvuga ico akenye kandi akaronka imfashanyo mu rukundo. Uku gutanga no kwakira bifasha Ishengero gukura bava mu bumenyi busanzwe baja mu migenderanire ikomeye.

Rimwe narumvise umugani usobanura uwu mugisha. Umugabo umwe yavuganye n’Imana ku vyerekeye ijuru n’umuriro. Imana iramubwira iti: "Ngira nkwereke mu muriro ." Baca baja mu cumba kirimwo inkono yuzuye Inyama z’Impene. Akamoto kari keza cane kandi hari abantu bakikuje iyo nkono bashonje kandi bihebuye. Bose bari bafise ibiyiko birebire bishika imbere muri iyo nkono, ariko kubera ibiriindi vy’ivyo biyiko vyari birebire gusumba amaboko yabo, ntivyakunda ko babizana ku minwa yabo ngo barye za nyama. Umubabaro wabo wari mwinsi cane.

Imana ibwira wa mugabo iti: "Ubu naho ngomba ndakwereke ijuru." Imujana mu cumba gisa na ca kindi. Hari inkono nka ya yindi kandi abantu bari bafise ibiyiko bimeze nk’ivyā bā bāndī, ariko bó bariko barafungura neza, biganirira kandi banezerewe. Ubwa mbere uyo mugabo ntiyatahuye ivyo ari vyo. Imana iramubwira iti: "Biroroshe gutahura. Ehe raba, nk’umuryango, bimenyereje gusangira ." Iki nico kintu kidasanzwe ikibano cisunga Bibiliya kirusha ibindi bibano.

INGINGO NGENGERWAKO Y’IKIBANO #3

*Mu kibano, Tuharonka Umunezero w’Imigenderanire
Nyakuri yo mu Buryo bw’Impwemu.*

Chip Ingram mu gitabu ciwe citwa *Ubunyempwemu Nyakuri: Uguhinduka Umukristo Afise Ishusho nk’Iyo mu Baroma 12*", uyo mwanditsi akaba n’umupasitori yaragize ico avuga ku bushakashatsi bwakozwe na Robert Putnam mu mwaka w’2000 aho yavuze ko "ubunyakamwe ni ingwara nshasha y’ikiza yateye muri Amerika ." Ingram arongerera akandika ati:

Ukuba inyegu ni ikintu nkenerwa Imana itanga. Twese turagira ico dukenye kandi tukagomba ko turonka umutekano wo kwegukira umuryango, kwegukira umugwi kanaka, kwegukira umugwi muto

kanaka, kwegukira abantu badukeneye nk'uko natwe tubakeneye mu nzira nziza kandi izana umwimbu mwiza. Ugusanzara kw'umuryango n'ugutera imbere ku muvuduko udasanzwe kw'ubuhinga bwa kino gihe vyatumye abantu baguma bagendagenda; habaho ugutandukana gusumba uko vyari bimeze kera. Ugukenere aho umuntu yokwegukira ni kwinshi cane muri kino gihe.

Abakristo bo hambere baregukiranira, kuko imbere ya vyose bari inyegu za Kristo. Bahurira hamwe, barasangira, basengera hamwe kandi bakanezererwa kubana kenshi. Imigenderanire yabo yari iy' "ukuri". Iryo jambo risobanurwa mu buryo bworoshe "yari isanzwe" canke "yari ifise intumbero imwe". Bisobanurwa yuko mu migenderanire yabo ata gatosi karimwo; yari iy'ukuri, kandi nta mahinyu yari ifise na mba. Abari abanyamahanga bivanye n'iyi bava bahindutse abagenzi nyakuri b'abandi.

Ibi bitandukanye no kugira "abagenzi bo kw'Ishengero" nk'uko mugenzanje Dr. Tom Bulick abisobanura. Umuntu arashobora kuja gusenga akaba afise abagenzi bari ku rushi -bake cane- babonana imisi ya mungu yose bakigira hamwe vyigwa vya Bibiliya, amakoraniro yo gusenga canke ayandi makoraniro. Ariko, inyuma y'urusengero, ntibashobore kuvugana na bagenzi babo bo ku rusengero. Ikibano cisunga Bibiliya ni ihuriro ry'abangenzi ushobora kwizigira. Ni abantu ushobora guhamagara iyo hari ico ukeneye, abantu ushobora gutumira mugasangira kandi ni abo ushobora gukenere iruhande y'umusego igihe urwaye.

Maze umwaka mu gikorwa c'Imana nk'umupasitori kuri Central, narabonye ubushobozi bw'imigenderanire itagira amahinyu. Umuhungu w'umurongozi w'umwizigirwa yagize isanganya rikomeye ry'imodoka, rihakwa no kumwica. Igihe bariko bamujana mw'ibagiro, inkuru yarakwiragiye hose mu kibano c'umuryango. Mw'isaha imwe, icumba co kurindiriramwo co mu bitaro cari cuzuye abantu benshi baje gutera intege mugenzi wabo. Hagiye imisi mikeya n'amayinga makeya, igihe uwo muyabaga yariko arafashwa n'abaganga m kubagwa, kumuca ukuguru kumwe kandi bigorana ko atora mitende, icumba co kurindiriramwo cagumye cuzuye. Nta gihe na kimwe abagize ikibano bataboneka kugira basenge, batere intege

bongere bafashe umubanyi wabo.

Rumwe mu ngendo zanje ku bitaro gutembera hamwe n’umuryango, banyeretse umugore afise umugabo bari barashe kandi yari ku mpfiro. Arambwira ko yahora ar’Umukristo kandi, mu myaka iheze yahora asengera ku rusengero rwacu. Ariko, we n’umuryango wiwe bari barahevye kuza kwifatanya n’abandi mu kibano (Ishengero) inyuma y’ico gihe. Nta bangezi bo mu buryo bw’impwemu yari afise bashobora kwifatanya na we muri ivyo bihe bihahamurira yari yacyemwo mu buzima bwiwe.

Muri ivyo bitaro, ingaruka ziri hagari yo kuba mu kibano no kuba inyakamwe zari zatanguye kuboneka mu buryo buteye ubwoba. Mu cumba kimwe abakunzi nyakuri bariko barafasha uwabo mu buryo bw’ibigumbagumba, amasengesho, ibifungurwa, n’ibikorwa vy’urukundo. Mu kindi cumba na ho hari Umukristo ata muntu n’umwe yashobora kwisunga. Vyanyibukije ko imigenderanire y’ukuri y’ubuzima bwa misi yose ikorerwa mu kibano.

INGINGO NGENDERWAKO Y’IKIBANO #4

Mu kibano ni ho Turagaragaza Ububasha bw’Ubutumwa Bwiza

Luka yanditse ko mu gihe Abakristo ba mbere bakoranira, bashimwa n’abantu babitegereza batari kumwe na bo, kandi Imana “yabongerereza ku musu ku musu igitigiri c’abakizwa” (umurongo wa 47). Mu gitabu ciwe citwa “*Ivugabutumwa mw’Ishengero rya Mbere*”, Umwanditsi Michael Green avuga ko uburyo budasanzwe Abakristo bakundana hagati yabo hamwe n’ababanyi babo cari icemezo ntabanduka c’ububasha bw’Imana buhindura.

Bari babayeho mu buryo butuma ubuntu bw’Imana bwemerwa atakikira bacyiye mu kibano, carangwa n’urukundo n’ukwitwaririkana vyatangaza abatizera, caboneka nk’ikintu gishasha mu buryo bwose. Cari icemezo ntabanduka c’uko umutwenzi w’igihe gishasha wari wabonetse kuri abo bose bokwemeye kuwakira. Ubutumwa bw’ubwami bwari burengeye icyumviro gisanzwe. Hari habonetse ikibano gishasha c’abantu babayeho mu buryo bufise ishusho nyezina y’urutonde rushasha wa muvugabutumwa –Yesu Kristo-

yari yáratômōye. Aho ni ho urukundo rwerekanwa mu kubaho kwa misi yose; ugusubiza hamwe kwariko kuraba; abantu ntibari bagitandukanywa n'amacakubiri y'Abayuda n'Abanyamahanga, abagurano n'abidegemvya, abagabo n'abagore. Muri iki kibano abanyantege nke barakingirwa, umunyamahanga yarâkîrwa. Abantu bârakîra; aboro n'abatagira shinge na rugero baritabwaho kandi bagatunganirizwa. Ibintu nka vyose vyarasangirwa. Umunezero wari mwinshi kandi n'abantu b'ubuzima busanzwe bari buzuye amashimwe.

Ikibano cisunga Bibiliya kiba icitegererezo c'urukundo, ukwitanga, ukwitwaririkana, ubugwaneza, kudahengamira aha canke hariya, ugutanga, ukwizera n'imihezagiro – iyo migenzo myiza yose ikaba ifise imizi mu Butumwa Bwiza bwa Yesu. Mu gihe isi ibandanya kutwihweza, abo hanze “bazomenya ko turi Abakristo babonye ingene dukundana” (Yohana 13:35) bazoca babona akarorero k'urukundo rw'Imana kuri bo, biciye muri twebwe.


Ibituma habaho ikibano gishingiye kuri Bibiliya

Umugwi ukina urubugu inyuma y'ivyigwa canke umugwi w'abaririmvyi b'Ishengero kanaka bashobora kwitwa ikibano cisunga Bibiliya. Umugwi w'abakenyezi babana bama bahura rimwe mu ndwi mu gufashanya n'imyitwariiriko yabo bashobora kwitwa ikibano. Abakiri bato bageze mu bigero bavugira ivyerekeye ihinduka mu vyo gukingira ibidukikije bashobora kuba ikibano. Ikibano ni abantu basangiye ikibanza n'intumbero imwe.

Kubwo iyi mpamvu, ikibano *cisunga Bibiliya* gisobanura vyinshi. Abakristo bahura mu kibano si abantu abari bo bose, ariko ni abantu batoranijwe n'Imana- Abantu b'Imana. Kandi, intumbero yo gukorana kwacu ni “ ukwamamaza ishimwe ry'Iyaduhamagaye Ikadukura mu mwiza Ikadushitsa mu muco wayo utangaje” (1Petero 2:9). Ikibano ca Bibiliya si umugwi wo kuganira n'abandi usanzwe, umugwi basangirira hamwe canke ukwiga Bibiliya, naho ivyo vyose bishobora kubamwo. Ikibano cisunga Bibiliya ni abo bantu biyeguriye Imana kandi bakiyugururiranira kubwo intumbero kanaka.


Kw'Ishengero rya Central, dushimikira ku bikorwa 7 vy'ikibano

cisunga Bibiliya. Ibi bikorwa vyerekana abantu b’Imana babayeho kubwo intumbero kanaka. Bimwe muri ibi bikorwa ni ivy’imbere, bitumberereza amaso y’abantu ku kwitwaririkana. Ibindi bikorwa ni ibiboneka inyuma, vyerekeza amaso y’abantu ku bandi batari muri uwo mugwi. Dukoresha invugo yo guhindukiriza intebe imbere umwe ku wundi hagati yacu n’ukuzihindukiza tuzērekeza inyuma ku bandi bari hanze.



INTEBE ZIRABA MU NZU

Abagize ikibano baritwararikana



INTEBE ZIRABA HANZE

Abagize ikibano baritwararika

Ikibano cisunga Bibiliya gitegerezwa kurangwa n’izo nyifato zōmpi. Mu gihe bagumye “bahindukirira mu nzu” gusa, baca bahinduka ikibano c’abantu bikunda, biyugaranye kandi batigera bagirira impuhwe ubukene bw’abandi. Mu gihe na ho bagumye “bahindukiriye hanze yabo” gusa, bazokwirengagiza ubukene bw’abagize uwo mugwi wabo ubwabo, bitume badashobora gushitsa intumbero yabo. Igihimba gikurikira gisobanura ibikorwa ndwi vy’ikibano cisunga Bibiliya n’uburorero bugaragara bw’ingene bigenda mu kibano vyisunga Bibiliya vyinshi.

Ibikorwa vy’imbere mu mugwi

Ihingurwa mu buryo bw’impwemu- hafi ibintu vyose mu mugwi ukorera hamwe birafise inyungu z’ihingurwa mu buryo bw’impwemu. Ariko, ikibano cose gitegerezwa gushimikira ku kwitangira ibikorwa canke ibiganiro bikomeza ugukura mu buryo bw’impwemu. Muri ivyo harimwo inyigisho za Bibiliya, amasengesho, uguhimbaza Imana, n’ameza y’Umwami, ahatari hake

bakunda kwita Ingaburo Yera canke Ugusangira Kweranda. Uwo mwanya bamarana utera umwe wese intege z'ukuzirikana mu buryo bw'impwemu, kwibuka no kunezererwa ico Imana iri n'ico yakoze.

Mu mugwi mutoya w'ikibano jewe hamwe n'umugore wanjye tujamwo (witwa "umugwi w'i muhira"), turasenga igihe cose turi kumwe kandi tukiga Bibiliya canke turi kumwe tukiga igitabu c'ivy'Imana mu mayinga akurikira. Iyindi migwi irahura mu guhimbaza Imana canke bakisonzeshereza hamwe.

Kuruhuka- Igihe mw'Ishengero rya mbere bakoranira hamwe, barasangira ibifungurwa "banezerewe n'imitima ibikunze." Bisobanura ko banezererwa kugumana. Ikibano cisunga Bibiliya ntibama bari mu bintu bituma batanezererwa. Barakina, bagakora ibikorwa bituma b'aruhuka bari kumwe. Ivyo bishobora kuboneka umengo birasanzwe kubona mu kibano basangira igihe bakoranye. Ubugenzi burama bubaho mu gihe abantu bakinanye udukino, bagakomeza umuvukano hagati yabo mu gutemberana canke mu gufatana ingendo.

Ikibano cinshi mw'Ishengero ryacu barasangirira hamwe ibifungurwa ku ndwi ku ndwi igihe cose bishoboka kandi bakaja mu nkino zo kwinonora imitsi, kwiruka, amahiganwa yo gutambuka bukebuke canke bakajana mu birori vyateguwe n'abana babo. Imiryango imwe imwe yarafatanije ingendo z'akaruhuko. Ndazi ikibano kimwe bateguye ihiganwa ry'inkarango karuhariwe rimwe mu mwaka. Umuryango wose wazana isupu yabo nziza bakunda gusumba izindi hanyuma bamaze guhisha umwe wese akaja arahonja, bagatandukana umwe wese atoyemwo isupú/isōsi yamuryoheye gusumba izindi zose.

Kwitwaririkana- mu mashengero menshi, abantu bama biteze ko abapasitori babo aribo bategerezwa gutemberera abarwayi, gutera intege abihebuye, guhumuriza abababaye canke gukurikirana umunyavyaha yataye inzira. Ego ni ko, birakenewe ko umupasitori yitwaririka abantu biwe, ariko akarorero tubona mw'Isezerano Risha kērékana ikibano cisunga Bibiliya, s'umupasitori gusa, ariko ni ukwitwaririkana kw'abagize Ishengero bose. Ata kwihenda, ababanyu baba bafitaniye imigenderanire ya hagufi n'uwo muntu bashobora

kumwitwaririka neza. Rero, abantu bari mu kibano cisunga Bibiliya bigenza nk'Ishengero ryabahaye umwidgegemvyo kugira bitwaririke ubukene bwa bangenzi babo.

Ikibano cinshi baragemurira ibifungurwa imiryango iri mw'irinde kandi bakagenderanira mu bitaro. Barirukangira bagenzi babo mu vyo bakeneye, bararābanira abana kandi bagafasha kwubakira inzu abatishoboye. Akarorero kamwe, ikibano carateguriye umuntu umwe muri bo ubugenzi mu kumuterera amafaranga kuko wenyene atari kuvyishoboza.

Ibikorwa vyo vyo hanze

Gukorera Abandi/Gukorera Ubushake. Ikibano cisunga Bibiliya gikorera abandi kandi kigafasha Ishengero. Kubo bo ari Ishengero, bafasha Ishengero gushitsa iyerekwa ryaryo. Bose ntibategerezwa gukorera mu gikorwa kimwe (naho hariho ibibano bimwe bimwe binyurwa mu gihe bikoze gutyo), ariko baraterana intege mu gukoresha ingabire zabo z'impwemu mu "kwubaka umubiri"

Ikibano carafashije Ishengero ryacu mu gikorwa c'Imana c'ukwigisha abana, bese hamwe ku musi wa mungu umwe w'ukwezi. Mu materaniro manini twagize ku musi wa Pasika yateguwe n'Ishengero ryacu, umugwi wanje w'imuhira barafashanije guteka ivyo kurya vy'ababanyu bacu. Abagabo mu kibano kimwe barafashanije n'abandi gutegura ikibanza urusengero ruzokwubakwamwo.

Ivugabutumwa- Kenshi, ivugabutumwa abantu biyumvira ko ari igikorwa c'umuntu ku bushake bwiwe canke "urutonde rw'Ishengero". Ariko, ivugabutumwa rihambaye mw'Ishengero rya mbere ryakorwa biciye mu kibano- abantu basangira Ubutumwa Bwiza bari kumwe, canke abavugabutumwa bafashwa n'ikibano kanaka mu gikorwa cabo. Ikibano cisunga Bibiliya kirakora mu gikorwa cose c'ivugabutumwa mu gusengera abatarizera, gutumira abatarizera mu migwi yabo kugira ngo bashobore ku menya urukundo dusanga muri Bibiliya no kwemerwa, guterana intege mu gushinga intahe y'ukwizera kwabo no gufasha mu gikorwa c'ivugabutumwa mw'Ishengero ryabo.

Ikibano canje gitara intege abantu gusangira Ubutumwa Bwiza

aho basanzwe bakorera. Turasengera abatarizera kandi twaratunganije “inkino rusangi zo mu buruhuko” zerekeye kwegeranya abantu ahantu badafise ahantu na hamwe basengera tukababwira Ubutumwa Bwiza. Akarorero kamwe, abakenyezi benshi mu kibano cacu barategura utuntu two gufungura tworoshe ku muntu wo mu kibano atagira aho asengera yari yateguye inzu bose bashobora kwinjira kugira bahanahane ivyivyumviro n’ababanyi biwe ku vyerekeye Yesu.

Mu gikorwa c’ubuhinga bwo kuvuga ubutumwa ku nzu ku nzu, ikibano cisunga Bibiliya kirakenerwa cane. Yesu yarungika abigishwa biwe babiri babiri kuvuga Ubutumwa Bwiza. Abakristo babiri canke benshi bashobora gufashanya mu gikorwa c’ivugabutumwa, gusengera uwuriko aravuga Ubutumwa Bwiza, kugira babe icabona c’urukundo bafitaniye n’ukwubahana ku bantu bari mw’isi babitegereza.

Urukundo mu Kibano—Abagize ikibano cisunga Bibiliya baritwararika kumenya ivya nkenyerwa mu kibano cabo canke igisagara cabo, bagakorera hamwe kugira ngo berekane urukundo hanze y’Ishengero ryabo. Barondera gutunganiriza abahohotewe, gushigikira abantu ata mfashanyo bafise, gufasha abantu ata buraro bafise, kugaburira abashonje no kwambika abakene. Biciye mu gikorwa cose bakora, abo bari kure y’Imana barabona inyungu z’Ubwami biciye mu bantu b’Imana.

Hari uburyo bwinshi ikibano gishobora kwerekana ubudasá mw’isi. Ikibano canje cama gifashisha imipfuko 100 y’ivyo kurya abantu batagira uburaro kenshi cane mu mwaka. Twarafashije mu bikorwa vy’ugusanura inyubako ku rindi shengero. Imigwi imwe baratoje amafaranga kugira batange ibikoresho vy’ishure ku bana babikeneye ku mwaka ku mwaka. Umugwi umwe waregeranirije ibifungurwa ahantu habikwa ibifungurwa. Uwundi waregeranirije amafaranga yo gufasha umuryango mu kibano cabo inzu yabo yasambuwe n’umuriro. Kimwe kimwe muri ibi bikorwa ni igikorwa vy’ukuri cerekana urukundo.

Ivugabutumwa Rirengana Imbibe—Abagize ikibano bahamagarirwa kurabisha “intebe zabo bicayeko hanze” atari mu

kuvuga ubutumwa gusa mu gihugu cabo, ariko no kuja kw'isi yose. Ivugabutumwa rirengana imbibe ni igikorwa c'Ishengero kandi Ishengero na ryo rigizwe n'ibibano bito bito vyunze ubumwe. Kubwo ivyo rero, abagize ikibano bategerezwa kwama bari mw'ivugabutumwa" igihe cose mu kugira umutima wuzuye impuhwe kubwo agakiza k'amahanga. Rimwe na rimwe, bisobanurwa ko abanyeshengero bajana mw'ivugabutumwa ahandi na ho bigasobanura ko bashigikira abagiye mw'ivugabutumwa.

Mu gihe ikibuga c'ivugabutumwa rirenga imbibe kiri kure, hariho inzira nyinshi zoroshe ikibano gishobora gushigikira ivugabutumwa rirengana imbibe. Ikibano gishobora gushigikira mu butunzi (amafaranga) umwe canke benshi mu banyeshengero bahisemwo kuja ku kibuga c'ivugabutumwa rirengana imbibe. Canke, barashobora gutumira umuntu yakoze ivugabutumwa rirenga imbibe (umumisiyoneri) kuja mu mugwi wabo bakavugana ivyerekeye iryo bango ryabo. Imigwi ishobora gusengera imigwi y'abantu kw'isi, kwitabira hamwe amahugurwa ajanye n'ivugabutumwa rirenga imbibe, gusoma canke guhanahana ivyiyumviro ku gitabu kivuga kw'ivugabutumwa mpuzamakungu.


Kenshi ukwimenyereza ivyo bikorwa 7 vy'ikibano cisunga Bibiliya bituma umugwi ukura hagati yabo kandi bagashika ku bintu bikomeye mw'isi babayemwo. Vyongeye, abanywanyi bawo baragira uguhinduka mu mpande zose n'impinduka idasanzwe y'imitima yabo, ubwenge, hamwe n'ingingo zose zigize imibiri yabo.

Kurōngōra ikibano cisunga Bibiliya

Ikibano cisunga Bibiliya si ciza gusa ku banywanyi baco. Ni ciza kandi ku bikorwa vy'Ishengero. Ikibano cishura ku vyankenerwa kandi kigakuza abagihurikiyemwo. Ikibano giha ikibanza co kuvugiramwo mu kworohereza ihanahana ry'amakuru mw'Ishengero. Vyongeye, ikibano gitanga akayaga keza ko kugarukana indero mw'Ishengero.

Ikibano ciza gitunganywa muni y'uburongozi bukora neza. Aho kubona Pasitori ari we akora ibikorwa vyose mw'Ishengero (raba ikibabane ca 3), birafasha amashengero gutoranya, kwigisha no guha ibikorwa abarongozi bafise iyerekwa hamwe no gutera intege ubuzima bw'ikibano cose. Mw'Ishengero rya Central, dukoresha

ingero zitatu z'uburongozi bw'ikibano: abarongozi b'imigwi y'i muhira, abungere b'ikibano n'abapasitori bajewe akarere. Muri uko gutunganya ibintu, ugutunganywa kw'uburongozi bw'ikibano cacu cisunga Bibiliya gusobanurwa gutya:



Abarongozi b'imigwi y'i muhira n'abanyeshengero bakora kugeza ku rugero rw'aho nyene kw'Ishengero. Abo barongozi b'umushinge biyumvira ku kibano cisunga Bibiliya c'abantu bake bashika 20. Bategura ibikorwa vyose vy'ikibano cisunga Bibiliya vyavuzwe aho hejuru. Baramenya neza ivya nkenerwa mu mugwi w'abanywanyi babo no gukurikirana ibikorwa vy' imbere mu mugwi wabo n'ukwitwaririkana kuri umwe umwe wese. Barashobora guhanura abanywanyi mu bintu vy'ubuzima bisanzwe. Mu gihe abarongozi b'imigwi y'i muhira badashoboye guhanura cane gufasha abanywanyi babo, baca barondera imfashanyo ku rundi rwego rw'uburongozi: Abungere b'ikibano.

Abungere ni abanyeshengero batanga uburongozi ku migwi myinshi y'i muhira. Abungere ni abantu ngirakamaro cane, bitanga cane, baja guhanura mu manza zihanitse zishobobora kubeka mu

migwi y'i muhira mu karere baherereyemwo. Abungere ni wo muhora uramvuye w'ishererekana ry'amakuru hagati y'Ishengero n'ikibano. Baratunganya imigwi y'ikibano myinshi mu karere kanaka kugira bashobore kwitwaririka ivya nkenerwa vy'abanywanyi babo bishobora kuba birengeye ivyo ikibano kimwe coshobora gukora.

Abapasitori b'akarere ni abanyeshengero b'abakozi mu mugwi wacu w'igikorwa c'Imana. Barakorana n'abapasitori mu kwitwaririka ingingo zimwe zimwe canke "ahantu," **ku banyeshengero bacu.** Aba bapasitori baba barize ivyigwa ndóramâna "teolojiya", baba bafise ubuhinga bwo guhanura kandi bafise iyerekwa ryo kugwiza. Umusi ku wundi, barabonana n'abarongozi, bagahanura, bagakora ibikorwa vy'Imana mu kibano cabo kiri musu y'ubushobozi bwabo, barahazagira ubugeni bakanahagarikira umuhango w'amaziko kandi ni bo bakorana n'umupasitori mukuru n'abanyeshengero bese.

Kwamamza Ikibano Gishingiye kuri Bibiliya

Abantu mu mico myinshi itari iyo muri Leta Zunze Ubumwe za Amerika honyene nta ngorane baafise yo kwifatanya n'ikibano. Abapasitori, baracakeneye iyerekwa ritomoye ryerekeye gufasha abantu babo kuba inyegu mu kibano. Fasha Ishengero ryawe kugenda ryisunze inzira yo mu buryo bw'impwemu mu kwigisha imisi yose akamaro k'ikibano gishingiye kuri Bibiliya kugira habeho ugukura mu buryo bw'impwemu mu bakristo. Raba uku kuntu ubu butumwa butunganijwe mu buryo buciye bugufi ku vyerekeye ikibano:

• Igisomwa: Ivyakozwe n'Intumwa 2: 42-47

• Iciyumviro gikuru: *Biciye mu kibano, Imana yubakira ishengero ryayo ku kuri, ku gutorera umuti ivya nkenerwa vy'abizeye bashasha kandi igafatanya umwe-umwe ku wundi imigenderanira itagira agatosi.*

1. Mu kibano, turumva kandi turabona ukuri kwigishwa kandi kuboneka.
2. Mu kibano, turagundura imihezagiro yo gutanga no guhabwa
3. Mu kibano, turagira umunezero w'imigenderanire yo mu buryo bw'impwemu itagira agatosi.

● **Igisomwa: Abaroma 1:8-13**

- **Iciyumviro ngenderwako:** *Paulo yipfuza kugendera Ishengero ry'i Roma kubwo ivyo yagomba gutanga no kuronka mu bizera kandi kugira ngo Ubutumwa Bwiza bushinge imizi.*

1. Ikibano gishingiye kuri Bibiliya ni ugutanga (Paulo yagomba guhindura ubuzima bwabo biciye mu gutanga ingabire)
2. Ikibano gishingiye kuri Bibiliya ni ukwakira (Paulo yagomba guterwa intege)
3. Ikibano gishingiye kuri Bibiliya ni Ubutuma Bwiza (Paulo yipfuza umwimbu mu banyamahanga)

● **Igisomwa: Abafilipi 2:1-11**

- **Iciyumviro Ngenderwako:** *Ukwitanga mu kwiyanika kwa Yesu vyigisha abakristo kutikunda mu gukoranira mu Ishengero.*

1. Umushinge w'ikibano cacu: Igikorwa ca Yesu muri twebwe
2. Ibikorwa vy'ikibano: kwitanaho, atari ukwiyitaho ubwawe
3. Akarorero k'ikibano: uguca bugufi n'ukwitanga vya Yesu

NONE HOKORWA IKI?

Nama mbwira abagenzi dukorana mu gikorwa c'Imana nti hamwe nokwimuka nkava mu Ishengero rya Central nja mu rindi shengero, igikorwa ca mbere notangura kwitwaririka kwoba ugushinga ikibano cubakiye kuri Bibiliya. Igihe Abakristo bama bahura cane, bagakomeza imigenderanire, n'Ishengero rirakomera.

Imwe mu mvo z'ivyo ni uko ikibano kitagira agatosi kiruhurira abakozi bakora akazi k'ubupasitori. Kwitwaririka abanyeshengero basanzariye mu bantu benshi- atari abo bazwi nk'abakozi b'Ishengero gusa- bisobanura kwitwaririka cane hamwe n'ukwamizako kurushiriza muri uwo mwitaririko. Uko ni ko Ishengero ritegerezwa gukora, ku buryo abanyeshengero bose basangira uburemere bw'igikorwa c'Imana.

Umwitwaririko mwiza uzana inyungu igira kabiri: kugumya abanyeshengero. Abantu baguma mu mashengero aho biyumva ko bahabwa agaciro gashitse, banezererwa kugira abagenzi kandi aho bitwariritse ivyankenerwa vyabo. Kw'Ishengero ryacu, nariboneye abadandaji baheba inyungu zikomeye zotumye imiryango ija kuba kure y'igisagara turimwo kubwo agaciro baha ubufatane

bw'imigenderanire hagati yabo n'ikibano cabo.

Mu kurangiza, ikibano ni ikibanza ca mbere c'ihinduka ry'ubuzima. Ishengero ridashizeho ikibano, ribeshwaho n'ubutumwa n'amashure y'ivyigwa vyo ku musu w'Imana kugira bahindure ubuzima bw'abantu. Ariko, mu kibano gikuza intumwa, abantu baraterana intege kandi barigira hamwe.

SHIKA KU NTAMBUKO IKURIKIRA

1. Ikibano gishingiye kuri Bibiliya gikora gute mw'Ishengero ryawe?
Ni ibihe bintu ugomba guhindura mu ntumbero yo kuduza uburambe mu banyeshengero bawe?
2. Ni ikihe mu vya ngenderwako bine vy'ikibano ari ngirakamaro gusumba ibindi mu bwenge bwawe ?
3. Ni ikihe mu bikorwa bitatu bikorerwa imbere mu mugwi kigoye gusumba ibindi kuri wewe ? Ni ibiki utegerezwa gukora kugira ukore neza ico gikorwa mu kibano cawe?
4. Ni kihe mu bikorwa bine bikorerwa hanze y'umugwi bikugoye gusumba ibindi? Ni ibiki utegerezwa gukora kugira wimenyereze ico gikorwa mu kibano cawe?
5. Wiyumvira iki kuri uru rutonde rw'uburyo butatu bw'uburongozi? Urashobora gutanga intererano y' urundi rutonde rushobora gukoreshwa neza mw'Ishengero ryawe?
6. Ni ikihe kintu c'ingirakamaro gisumba ibindi wize muri iki kigabane?



KUBA INYEGU MW'ISHENGERO

Ntakindi Ishengero ribereyo atari kuzana abantu kuri Yesu.
C.S. Lewis

Mu kigabane giheze, twarabiye hamwe akamaro ko kuba inyegu y'ikibano gishingiye kuri Bibiliya kw'Abakristo- nk'umugwi w'abandi bakristo bashobora gufatanya ubuzima. Nkuko ivyanditswe, uguhurira hamwe nk'ukwo ni ikintu cerekana ishengero. Ariko, kuba inyegu y'ikibano ntibisa no kuba inyegu y'Ishengero usengeramwo, "umuryango w'abizera" (Ab'i Galatiya 6:10). Muri iki kigabane, tuzoraba akamaro ko gutera iyo ntambwe na yo mu nzira y'uburyo bw'impwemu.

Imbere y'uko turimbura ivyerekeye kuba inyegu y'Ishengero, dutegerezwa gushiraho umushinge w'ivyigwa ndoramana w'Ishengero. Naho tuvuga "kuja ku rusengero," Ishengero rya Kristo si inyubakwa canke ikibanza kigaragara bisanzwe. Ijambo 'Ishengero'

KUBA INYEG	GUHINDUKA	KURENGANA IMBIBE
YA YESU	UGUHINDUKA GITURUMBUKA	M'ISHENGERO RWAJE
MU KIBANO		MU KIBANO
Y'ISHENGERO	UGUHINDUKA KWIYUMVIRIWE	MW'ISI MBAYEMWO

mw'Isezerano Risha, *ekklesia*, risobanurwa "abahamagawe" canke "ikoraniro". Mu kigabane ca mbere, twarabonye umuhamagaro shingiro w'agakiza. Ishengero ni iteraniryo rihurikiyemwo abantu "bahamagari we kuba inyegu ya Yesu" (Romans 1:6)

Muri icyo ntumbero, Ishengero riri kw'isi yose kandi riri uruhande rumwe. Bisobanurwa gutya: Ishengero rya Yesu ni ubumwe bw'Abakristo bari kw'isi yose, bwigaragariza mu bibano bitandukanye.


Ishengero kandi riraboneka n'amaso; ahandi naho ntiriboneka. Mu yandi majambo, dushobora kubona Ishengero imisi yose ku w'Imana rikoranira hamwe mu guhimbaza Imana no kwiga. Ariko, ivyoye dushobora kubonesha n'amaso yacu si Ishengero nyakuri Imana ubwayo ishingira intahe. Imana irazi abayoye (2 Timoteyo 2:19); vyongeye hashobora kubaho abandi bakristo bataboneka, kumbure batifatanyaye n'Ishengero ry'aho mu kibano, ariko na bo nyene bagize Ishengero rya Kristo.

Abantu baba inyegu y'Ishengero mu gihe bizeye Yesu. Mw'ikete rya mbere yandikiye Abakorinto 12:13, Paulo yanditse ati " *Kuko muri Mpwemu umwe, twese ari ho twabatijwe ngo tube umubiri umwe, naho boba Abayuda canke Abagiriki, naho boba abaguranyo canke abidegemvya. Kandi twese twanyweshejwe Mpwemu umwe.*" Abakristo bese babatijwe na Mpwemu mu mubiri w'uburyo bw'impwemu wa Kristo. Ukwamaho kwa Mpwemu Yera mu muntu yizera wese kumufatanyaye n'abandi bizera ibihe vyose. Mpwemu ni umugozi uduhuza twese.

Imbere y'uko tubandanyaye, ni ngirakamaro kuvuga mu ncamake gushiraho itandukaniro ry'aya majambo n'uburorero bwa rimwe rimwe:


Ishengero riboneka – Iri ni ryo Shengero nk'uko *twebwe* turibona. Turabona aho riri (inyubakwa yaryo) n'abantu bese bama bakoranyiraho umwanya wose. Ishengero ribonwa n'amaso ry'ikibano rigizwe n'abantu b'uburyo bwose- Abakristo bakuze mu vy'Imana, Abakristo bashasha, abatizera, abazanwa n'inyungu zabo barondera, abakekeranyaye, n'abandi. Naho "Imana izi Abayoye" (2 Timoteyo 2:19), ntibidushobokera kumenyaye ubuzima bw'impwemu bw'umuntu wese mw'Ishengero riboneka ku maso umwanya uwo ari wo wose.

Ishengero riri ahantu kanaka – amakoraniro y'amashengero mu bibanza biri ahantu kanaka aca yitwa amashengero yo mu kibano. Ibisagara binini birashobora kugira amashengero yo mu kibano menshi aserukirwa n'amadini menshi. Mu karorero gakurikira, ako karere gafise amashengero y'ikibano ane:



Ishengero Mpuzamakungu- Uwu mugwi urimwo Abakristo bose mu bibanza vyose, hatabanje kurabwa amashengero basengeramwo. Mu bihe bimwe atari imisi yose, Abakristo ntibagenda gusenga mu mashengero y'ikibano. Ariko, bafatwa nk'abari mw'Ishengero rusangi rigize umubiri wa Kristo. Nk'uko umuryango uboneka ku maso ufiteye "ubumwe bw'amaraso", rero n'umuryango w'Imana, hatabanje kurabwa aho umuntu wese aba, "bafatanijwe n'amaraso" ya Yesu (Abaroma 12:5) aho badondorwa ngo "Ntihashobora kuba Umuyuda canke Umugiriki, ntihashobora kuba umugurano canke uwidegemvya, ntihashobora kuba umugabo canke umugore; kuko mwese muri umwe muri Kristo Yesu" (Abagalatiya 3:28)

Isano riri hagati y'Ishengero ryo mu kibano n'Ishengero ryo mw'ibanga rishobora kubonekera muri iyo nsobanuro ikurikira:



Abantu bamwe, baserukirwa n'abantu bo mu karere A, ni abatizera bari hanzey'Ishengero rusangi ariko rusengero rw'ikibano na rumwe binjiramwo. Abo ni bo bagize umurima w'ivyimbirwa vyinshi Ishengero ryose rihamagarirwa kurimamwo (Matayo 9:37,38).

Abandi bantu, baserukirwa n'abantu bo mu karere B, baragenda gusenga mw'Ishengero ry'ikibano riboneka ku maso ariko ntibari mw'Ishengero ryo mw'ibanga. Bisobanurwa ko ari abatizera baja gusenga kubwo imigenzo batumiwe gusa, canke badatahura icyo ari cyo kuba umuntu akurikira Kristo. Umwanditsi A.W. Tozer yanditse ati, " *Ikoraniryo ryunze ubumwe nk'ishirahamwe ritunganiye neza ry'abantu ijana b'abanyedini gusa riba ari Ishengero rigereranywa n'imivyimba cumi n'umwe yari igize umugwi w'abakinyi b'umupira w'amaguru. Icyo mbere gikenewe ni ubuzima, imisi yose:*"

Abandi bantu na bo, bagereranywa n'umugwi D, bagize Ishengero rusangi ariko nta shengero na rimwe ryo mu kibano bajamwo. Ivyo bisobanurwa ko ari Abakristo badakoranira hamwe n'Ishengero ry'aho babaye. Kumbure ni bashasha muri ako karere. Canke, bashobora kuba barahagaritse kuja gusenga kubera amatati canke uguhemukirwa mu burungozi. Muri Reta Zunze Ubumwe za Amerika, aba bantu ntibafata nk'abatazira Ishengero, ariko nk'abatakira gusenga. Baritandukanije n'abantu b'Imana, ariko ntibisobanura ko bitandukanije n'Imana.

Abandi bantu na bo, baserukirwa n'abantu bo mu karere C, ni

Abakristo nyakuri bagize Ishengero rusangi ry'ukuri kandi imisi yose baja mw'Ishengero ry'ikibano. Aba bizera ni abo babaye INYEGU za Kristo kandi bakaba ari INYEGU z'Ishengero ku rugezo kanaka. Iyi ni yo ntumbero yacu ku bantu bose. Dutegerezwa gufasha abantu gutera intambwe baja kuri iyi ngazi mu nzira yo mu buryo bw'impwemu.

Hariho uburorero bwinshi bwodufasha gutahura itandukaniro riri hagati y'Ishengero riboneka n'amaso, Ishengero ryo mu kibano n'Ishengero ryo mw'ibanga.

Vijay aba mu karere gatoya ko mu Buhindi. Umuryango wiwe uja mw'Ishengero rimwe muri atatu ari muri ico kibano muri iyo Ntara. Vijay ntarigera yakira Yesu Kristo mu mutima wiwe mu buryo budasanzwe. Natani si Umukristo. Twovuga ko Vijay ari umwe mw'Ishengero ry'ikibano riboneka ku maso, ariko ntari mw'Ishengero rusangi rya Yesu Kristo.

Sara yariko arumviriza urutonde rumwe rw'ibiganiro kw'iradiyo aho umuvugabutumwa yariko arasobanura ukuri ku vyerekeye icaha n'ukwitanga kwa Yesu Kristo. Mu gihe umuvugabutumwa yariko asenga, Sara nawe arasenga yakira Yesu mu mutima wiwe. Kubwo kutamenya intambuko akwiye gufata, Sara ako kanya ntiyacye atangura kuja gusenga mu gisagara abayemwo. Rero, dushobora kuvuga ko Sara ata shengero riboneka ku maso ry'ikibano afise ariko ni umwe mu bagize Ishengero ryo mw'ibanga kubera ukwizera Yesu kwiwe.

Igihe Mariko yimukira i Kigali mu Rwanda ku mvo z'ubudandaji, yahuye na Yosefu, nawe yari Umukristo. Abo bagabo bose bavukiye mu bwoko butandukanye kandi binjira mu mashengero atandukanye ku murwa mukuru w'igihugu. Mariko yahisemwo kuja mw'Ishengero ririmwo abantu bafatany ubudandaji. Hacye igihe Mariko yacye amenya ko ata n'umwe mu bo bafatany urudandazwa yakiriye Yesu Kristo, naho badasiba na rimwe gusenga. Muri aka karorero, twovuga ko Mariko na Yosefu basengera mu mashengero abiri y'ikibano atandukanye. Ishengero riboneka ku maso Mariko asengeramwo ririmwo we ubwiwe hamwe n'abo bagenzi biwe bafatanije umwuga w'ukudandaza naho bose atari Abakristo. Mariko na Yosefu (ntibafatanije ubucuruzi) bagize Ishengero ryo mw'ibanga-umuryango urengeye amoko yose, imigwi

y'abantu itandukanye, n'ubutandukane bw'imico hamwe n'amadini kuko ushinze imizi muri Yesu Kristo.

Maragarita yarafashwe yivye ajanwa mw'ibohero kumara imyaka 5. Igihe yari mw'ibohero, umuvugabutumwa mu mabohero yaramugendeye, amuha Bibiliya amubwira inkuru za Yesu. Amaze kwizera Yesu, Maragarita atangura gukurikira inyigisho za Bibiliya zitangirwa mw'ibohero, ariko ntiyashobora kuja kwifatanya n'abandi mw'Ishengero riri mu kibano ciwe kuko yari agipfunzwe. Rero, dushobora kuvuga ko Maragarita atari mw'Ishengero ryo mu kibano, ariko *ni* umwe mubagize Ishengero rusangi.

Imvo yo kudondagura iyi migwi itandukanye y'abantu si ugucira abantu imanza z'akarenganyo. Ariko, zifasha umupasitori yitwaririka igikorwa c'Imana gutahura uwuri hanze n'uwuri imbere mw'Ishengero ryiwe. Kumenya ko Ishengero ryo mu kibano ryuzuye Abakristo n'abatarizera bifise ingaruka ku nsiguro z'umupasitori. Kwemera ko Ishengero rusangi rirengeye amadini bifasha umupasitori kwifatanya n'ayandi mashengero ari muri ico gisagara. Kandi, kandi kumenya ko umuntu *ashobora* kuba Umukristo naho atoba yinjira mu rusengero kanaka bimukingira kuba umunyamategeko. Kumbure, umupasitori aca atangura kuraba abantu arongoye *umwe wese ukwiwe*, akarondera kumenya inkuru y'umuntu umwe umwe, aho gushira abantu mu kivunga bifatiye ku ndānzi rusangi.

Ukuba Umunyeshengero w'Ukuri w'Ishengero ryo mu Kibano

Mw'Isezerano Risha Ishengero ntiriyari rizi ikintu na kimwe cerekeye kuba umunywanyani biciye mu mategeko kuko abakoranira hamwe bose *bari* Abakristo. Uguhamwa kw'abantu ba mbere bakurikira Yesu vyasobanurwa ko Ishengero ryakorana ariko abanywanyani baryo bashobora kuba mu kaga (ugukoranira hamwe kw'Abakristo ntivyari ibirori). Rero, nta gituma cariho co gutandukanya abagize umubiri wa Kristo vy'ukuri hamwe n'ingwizamurōngo. Ariko rero muri kino gihe, ni nkenerwa ko abapasitori batohoza, uko bashoboye kwose, kugira ngo bamenye Abakristo b'ukuri bari mu mashengero yabo kugira babarōngōrere mu gukura kwo mu buryo bw'impwemu, ukubazeza amabanga

hamwe no kubamenyesha ivyo bitezweko.

Kubera ata karorero muri Bibiliya dufise kavuga ivyerekeye icitegererezo ngenderwako, Ishengero ryose rishobora gushiraho ibisabwa bifatiye ku ntumbero yaryo. Hariho ibintu bitatu bizofasha umupasitori mu gutegura ivyo umuntu asabwa mu kuba umunyeshengero w'ukuri: ivyigwa vyo kuba umunyeshengero, ukubazwa kugira hamenyekane urugero rwo gukura, hamwe n'amasezerano yo kuba umunyeshengero ashitse.

Iryo shure ryo gucika umunyeshengero rijamwo abanyeshengero bagomba kwigishwa ivyizerwa vy'Ishengero, gusangira Ubutumwa Bwiza bw'ukuri bwa Yesu n'ukubigisha ivyo bategerezwa kumenya. Si igitangaza ko bishika ko haba abinjiye muri iryo shure *bibaza* ko ari Abakristo ariko bagaca bamenya ko bizeye ibinyoma hanyuma bakamenya ukuri biciye muri iryo shure. Ivyo abanywanyi basabwa (birasobanuye mu mpapuro zikurikira) hamwe n'indondoro y'inzira yo mu buryo bw'impwemu bifasha abanyeshure gutahura ivyo bariko bariyemeza.

Inyuma y'iryo shure ritegurira Abakristo bashasha kuba abanyeshengero bashitse, umunyeshure wese ategerezwa kubazwa ibibazo. Birongowe n'abapasitori, abajenama b'Ishengero, abadiyakoni canke abantu babifitiye uburenganzira bahabwa n'uburongozi bw'Ishengero hisunzwe amateguko arigenga, ivyo bibazo bikeya bitumbereye guha akaryo uwo yipfuza kuba umunyeshengero kwishura ibibazo bijanye n'intahe yiwe. Mu buryo nk'ubwo, uburongozi bw'Ishengero buca bugerageza gusuzuma ukuri kw'umunyeshengero wese. Icongeyeko, uburongozi burashobora guha umunyeshengero ikibazo kimuha akaryo ko kumenya ingabire za Mpwemu afise, rikihweza n'ibikorwa biriho mw'Ishengero bihwaye na zo. Vyongeye, ako ni akaryo kanini ko gusobanurira abanyeshengero bashasha ikibano cubakiye kuri Bibiliya kugira ngo bunge ubumwe n'abandi bakristo.

Ibi ntibisigura ko umuntu aba arangije ibisabwa kuba umunyeshengero w'ukuri; ahubwo vyinjiza abo banyeshengero ku ntambuko yo kugera ku rwego rwo "kuba inyegu" mw'Ishengero ry'ikibano. Ni uhe abo banyeshure urupapuro rwanditseko amasezerano yo kuba umunyeshengero kugira ngo bemeze icese ko bazorangura ivyo basabwa kw'Ishengero rya Yesu. Muri ivyo

bisabwa harimwo ubumwe, ikibano, igikorwa c’Imana, ugutangana umunezero, ukwubaha uburongozi no kwemanga uruhara rwawe mu vyo ujejwe no kubibazwa. Kimwe kimwe kiraja kuvugwako mu buryo bwagutse mu mpapuro zikurikira.

UBUMWE

Umwanditsi wa Zaburi yavuze ku munezero w’ubumwe mu bantu b’Imana ati: *“Ewe ukuntu ari vyiza kandi ari ivyo igikundiro Ko abavukana babana nya kubana!”* (Zaburi 133:1). Yesu yasanze asaba Data ko abigishwa biwe boba *“bahingurwe mu bumwe”* (Yohana 17:23). Hanyuma Paulo ahanura Abakristo ngo *“bashishikare kuzigamisha ubumwe buva kuri Mpwemu umugozi w’amahoro”* (Abanyefeso 4: 3)

Ubumwe ni ngirakamaro cane mu bantu b’Imana kuko ubumwe ni akarangamutima gasangiwe na Data, Umwana na Mpwemu Yera babayeho mu bumwe bw’Ubumana ntangere (Gusubira mu vyagezwe 6:4; Yohana 17:11). Iyo Abakristo babanye mu bumwe, baba bagaragaje ubumwe bw’Imana ari yo mutwe. Kubwo iyo mpamvu, Paulo avuga ko Ishengero ari “umubiri umwe” ufise “ibihimba vyinshi” (Abakorinto 12). Igihimba cose, canke umunywanyi wese, arakenewe kugira umubiri wose, ari wo shengero, ushobore gukora. Nta gihimba na kimwe gisumba ibindi. Nta gihimba na kimwe co kwirengagizwa. Mu gitabu ciwe citwa *Ubukristo Bwonyene: Igituma Ubukristo Bufise Insobanuro*, umuhinga kaminuza mu nyigisho ndôndamâna (Théologie) yitwa M.T Wright yagereraniye ubumwe n’uruzi mu majambo akurikira:

“Naho Ishengero risobanurwa nk’ikivange cagutse gishoboka c’abantu bava mu migenzo yose nk’uko itandukanye, igihambaye gisumba vyose ni uko umwe wese aba ari inyegu ya mugenzi we, kandi ko bese bava mw’isôko rimwe ry’ububasha, kandi ubu bese bakaba batumbereye mu nzira imwe rudende. Ubutandukane bucira inzira ubumwe.” (urupapuro 200)

Ukwerekanwa kw’ubu bumwe bw’ingirakamaro ntikuri mu guhurira hamwe mu kibanza kimwe mu mwanya umwe imisi yose rimwe mu ndwi. Ukuba abanywanyi b’Ishengero rimwe ntibisobanura ko abo bakristo babanye mu bumwe. Hariho ibintu vyinshi vyerekana ubumwe bw’ukuri:

Abakunda ubumwe baremera ubutandukane. Baremera ubutandukane buri hagati y'abantu kandi bakanezererwa ubutandukane mu vyerekeye imibano, imico y'abantu, ubumenyi, iterambere, ubwoko n'ibara ry'urukoba. Amashengero n'abanyeshengero bemera ubumwe nta macakubiri bagira. Mugihe umwe-umwe wese afise ivyo yubahiriza, baremera ibintu vyinshi bikoze mu budasa, ingendo canke ivyiyumviro. Ivyo bisobanurwa ko abarongozi n'abanyeshengero barangwa n'ubugwaneza mu vyerekeye ugutahura ubutandukane bw'inyigisho ndoramâna ku bibazo bifatwa "nk'ibisanzwe" mu buzima canke mu kwizera. Kuko Ishengero rya Yesu rigizwe n'abantu bava mu mahanga yose, ubwoko bwose, n'indimi zose (Ivyahishuriwe Yohana 7: 9), abo bari mw'Ishengero bategerezwa kwitegana igishika abantu bavuye mu mico myinshi n'amahanga atandukanye kandi bakihanganiranira mu gihe umwe wese agerageza kuvuga ibintu nk'uko wé abitahura. Aho rero, abanyeshengero baba bemeye kandi bâkiriye ubúdasá nk'umugisha.

Abakunda ubumwe bemera ihinduka. Urugingo rwose rufise amagara meza kandi ruzima rugenda rurahinduka uko igihe gihera. Ariko rero, abantu bamwe mw'Ishengero ihinduka rirabatera ingorane zikomeye- nk'igihe habayeho guhindura uburyo bwo gusenga, guhindura uburongozi, guhindura intonde, guhindura imico, guhindura uburyo igikorwa c'Imana cahora gikorwa. Ukutemera ihinduka vyama bizana amatati, ingaruka mbi y'ivyo ikaba ari uko Ishengero rica ryâcamwó utugwi canke ubudumbidumbi. Abanyeshengero bêméra ihinduka bashira ibibanezereza ku ruhande, bagashigikira ikintu ciza. Ntibiyumvira ku nyungu zabo gusa, ariko biyumvira n'inyungu z'abandi (Abafilipi 2: 4). Ntibavuga nabi bagenzi babo canke ngo babanegurire mû ntámatáma, ariko bemera ihinduka kugira haboneke ubumwe.

Abakunda ubumwe batorera umuti amatati. Ukutêméra gusubiza hamwe n'abandi gutuma imiryango, ingo, ikibano n'Ishengero bísambûka. Kenshi cane, mu gishingo co guhangana n'amatati, gusabana imbabazi, guharirana no guhabûza imigenderanire mu gihe yatosekaye, Abakristo- naho bemeza ko bâsubije hamwe n'Imana- barânka gusubiza hamwe na bagenzi babo. Uwo "muzi urura" utangura gukura ugateza imidugararo hagati

y'abantu, bigateba bigashika no ku rwego rw'Ishengero ryose muri rusangi. (Abaheburayo 12: 15)

Abana b'Imana bari bakwiye gutatura amatati mu muryango w'Imana. Ivyo bisobanura ko abanyeshengero bagwanya guciranira imanza (Matayo 7:1), bagaharira "nk'uko na bo bahariwe" (Abanyefeso 4: 32), barâturiranira ivyâha (Yakobo 5:16) kandi ni intumwa zitsimbataza amahoro mu mashengero zihurikiyemwo (Abakorinto 5:18), nk'uko tuja kubibona mu kanya, ivyo *ntibisobanurwa* ko Abakristo bakwiye kurenza uruho rw'amazi canke kwirengagiza icaha umwe yakoreye mugenzi we, ariko bari bakwiye kurondera gukira imisi yose. Igihe cose amatati yamaze kuboneka no gutorerwa umuti, ubumwe buratsimbataza kandi bukamaho.

Abakunda ubumwe batara imbere bari kumwe. Bagira iyerekwa rimwe kandi bagatumbere mu nzira imwe nk'umuntu umwe. Mu gitabu c'Uwavugishwa n'Imana Amosi 3: 3 harabaza ngo: "*Mbega babiri bojana bataraganye?*" Inyishu iragaragara ko ari "Oya na mba!" Nta bantu bojana, mu nzira imwe, kiretse baraganye. Igihe abantu bahindutse abanyeshengero, baba bemeranije kujana inzira Ishengero n'uburungozi bwaryo biriko birajamwo. Nta kibanza kihari c'abanyeshengero biyonjorora - abanyeshengero bagendera ku ntonde zabo bigeneye ubwabo, bagakora ibikorwa bidahuye n'ivyo Ishengero. Ishengero ntirikwiye kugira abanyeshengero bashira mu ngiro bibiri vya bitatu vy'iyerekwa ryaryo. Ukuba umunyeshengero bisobanura abantu bose, bajana mu nzira imwe mu gushitsa intumbero yose Imana yabahaye.

Haraheze imyaka itari mike, umunyeshengero wacu wa kera yaje mu biro vyanje kumbwira ivyari bimuraje ishingira. Ntiyanezerwa n'uburyo umuziki wavuzwa mw'Ishengero mu makoraniro yacu yo guhimabaza Imana avuka ngo yipfuzwa ko turirimba indirimbo nyinshi za kera. Narashimye ishaka ryiwe ryo kuvugana nanje imbonankubone hanyuma ndamusobanurira igituma twahisemwo ubwo bundi buryo mu guhimabaza Imana. Inyishu yiwe yicishije bugufi yarankozeko, kuko yambwiye ati "Pasitori, nipfuzwa cane ko ibintu vyokozwe *nk'uko ndavyiyumvira*. Ariko uko biri kwose, nzokwama nza gusenga uko uw'Imana ushitse, kuko iri ni Ishengero ryanje! Naramushimiye cane ko yahaye agaciro kwisunga iyerekwa

ryacu no kujana inzira imwe natwe mu ntumbero yacu nk'Ishengero, mu gishingo co kwikunda ubwiwe. Ubwo ni ubumwe!

IKIBANO

Nkuko Paulo yasobanuye Ishengero mw'ikete rya mbere yandikiye Abakorinto 12, yategetse ati *"Ntihakwiye kuba ibice mu mubiri, ariko ibice vyawo bikwiye kungana. Iyo urugingo rumwe rubabaye, ingingo zose zirababarana narwo; iyo urugingo rumwe ruhawe icubaro, ingingo zose ziranezeranwa narwo"* (imirongo ya 25-26). Ijambo *"kungana"* bisobanura *"kugira umutwaro wo kwitwaririkana"*. Iki nico kibazo nyaco c'isuzumwa ry'abanyeshengero batagira agatosi: Umuntu yitwaririka abandi n'umutima ubikunze.

Mu myaka 25 iheze ndi umupasitori, ndamaze kwumva abantu bake bavuga bati *"Mu vy'ukuri sinkeneye Ishengero"*. Mu gihe umuntu wese akeneye abandi kugira ngo abeho neza, iryo ryungane ryerekana ukudatahura kwo kuba umwe mu banyeshengero. Ishengero si nko mu kaguriro, aho umuntu yiyumvira ico *yorikuramwo* gusa. Ishengero ni ikibano c'abantu *bitanga* ku neza ya bagenzi babo. Abanyeshengero batwaririka kubaho bagize ikibano-*kirangwamwo* ugushigikirana, ugukundana, ugukingiranira, ukwungurana ivyiyumviro, uguterana intege, ugutumbereranira n'ugukorerana. Abanyeshengero bungira ubumwe mu kibano.

IGIKORWA C'IMANA

Abanyeshengero ntibitangiranira mu kibano gusa, vyongeye baritangira n'Ishengero ryabo mu gukora igikorwa c'Imana. Umukristo wese *"ahabwa ikimwerekanako Mpwemu... kugira ngo bigire ikimazi"* (1 Abakorinto 12:7). Ivyo bisobanura ko Imana yahaye ingabire Umukristo wese kugira ngo ahezagire abandi.

Ku bwo iyi mpamvu, amajambo *"Ukuba umunyeshengero"* arashobora gutera amadĩdane. Umuntu arashobora kuba umunywanyi w'umugwi, ishirahamwe canke ihuriro, ata kintu na kimwe yigera atērera. Ndafise umugenzi w'umuryanyi w'umugwi uharanira kugira amagara meza, ariko atigera ajayo. Umuntu arashobora kuba umunywanyi w'ahantu h'irātiro ariko ntihagire ikintu na kimwe ahafasha. Abanywanyi barashobora rimwe na rimwe kurātira ijisho utugenegene dukozwe mu buhinga, ariko

batiteguriye gufasha gutunganya ico kibanza canke kugikubura. Ukuba umunywanyi bishobora kuba uruhendo rw'ukwiraramangira, atá co umuntu amariye umugwi.

Igihe tuvuga kuba umunyeshengero ashitse mw'Ishengero ryo mu kibano, mu vy'ukuri tuba tugomvye kuvuga *ugufashanya*, kwumvikanamwo ukwunga ubucuti, ukugira akigoro kw'umwe wese n'ugukorera hamwe mwerekeza ku ntumbero imwe. Abantu bafatanije urudandazwa basangira ukwitanga kwose kandi bakanezererera inyungu zose zibonetse. Abantu bakorera hamwe mu kudûga umusozi wuzuyeko ibibuye baba basangiye umwitwarariko wo gukingiranira kandi baba bîtayehó ukuroranjirwa kw'umwe wese muri bo.

Intumwa Paulo yashimiye Abakristo b'i Filipi ku gufatanya na wé kwabo: *"Nshima Imana yanje, uko mbibutse kwose, kandi uko nsenze kwose mbasengera mwese nêzerewe, kuko mwifatanije nanje gukwiza ubutumwa bwiza, muhereye ku musu wa mbere, gushitsa n'ubu."* (Abafilipi 1:3-5), mu gihe Paulo yariko akorera Ishengero, abo bantu bo mw'Ishengero na bó barafadikanije na wé mu gikorwa. Ijambo "kwifatanya" risobanurwa "gusangira". Ni iryo jambo nyene Paulo akoresha mw'ikete rya kabiri yandikiye Abakorinto 8:3-4, *"Kubwabo bitanze nk'uko bashoboye, ndabibashingira intahe, kandi n'ukurusha ivyo bashoboye, badusaba binginga cane kubatera iteka kugira ngo bafatanye n'abagaburira abera."* Abakristo b' i Korinto bumva bashaka bivuye ku mutima gufatanya na Paulo mu gikorwa yariko akorera abandi. Tuzovuga mu buryo buramvuye ivyerekeye igikorwa c'Imana ku wizera mu kigabane ca 10.

UGUTANGANA UMUNEZERO

Kumbure ikigoye gusumba n'ugutanga umwanya wacu mu gikorwa c'Imana, ni ugutanga amafaranga yacu kubwo igikorwa c'Imana. Ariko ugutanga ni ingiro ndāngūrakintu isobanura neza abigishwa ba Yesu vy'ukuri. Hari imirongo irenga 800 ivuga ku mafaranga muri Bibiliya, kandi na Yesu yaravuze ku vyerekeye amafaranga gusumba uko yigishije ivyerekeye ijuru canke umuriro utazima. Umukiza wacu yarigishije ko uburyo uwizera akoresha amahera yiwe vyerekana ikimuraje ishingira. *"Kuko aho ubutunzi bwawe buri, ari ho [n']umutima wawe uzoba"* (Matayo 6: 21)

Ndafise urukurikirane rw'insiguro zitatu ku vyerekeye amahera nama nigisha ku mwaka-ku mwaka, kandi haraheze imyaka myinshi nama ndazitanga. Nigisha nti uburyo Abakristo batanga canke bigungirako ububunzi bwabo buravuga vyinshi ku buzima bwabo bw'impwemu. Nigisha nti amafaranga ni "ihera ry'agaciro ryerekana abiteguriye kuba mu Bwami". Hisunzwe umugani Yesu yaciye w'umutware w'umutunzi (Luka 18: 18-30), turabona ko abantu bo mu bwami ari abiyeguriye Yesu Umwami wabo, bizigira Yesu Umwami wabo, kandi banezererwa Yesu Umwami wabo. Ugutanga kwabo hano kw'isi kwerekana ubwenegihugu bwabo bwo mw'ijuru, kugatōmōra ko vy'ukuri abo bantu ari abajajuru.

Mu nsiguro yanje igira kabiri, nigisha ko amafaranga ari " ihera ry'agaciro ryerekana uguhimbaza Imana mu kuyîyégurira nyakúri." Umugani wa Yesu ku ma Mina (Luka 19:11-27) ni inkuru y'umukoresha yajeje ubutunzi bwiwe abakozi biwe kugira ngo babukoreshe mu buryo buzana inyungu. Mu gihe imigani imwe imwe igoye gusobanura, uyu wowo uroroshe: Imana yaratujeje ubutunzi bwo gukoresha mu gihe Itahari canke Itarazana igihe c'iherezo, ku buryo twūngúkira Imana. Ugutangana umunezero kubaho mu gihe Abakristo bibutse ko Imana ariyo sōko nyakúri ry'ibintu vyose, bakamenya ko bafise igikorwa co gucungera no gukoresha neza ivyo Imana itanga, kandi ko ivyo dukoresha ubutunzi duhabwa n'Imana vyerekana ico twiyumvira ku Mana.

Mu nsiguro yanje ya nyuma, ndababwira ko amafaranga ari "ihera ry'agaciro ry'ukwizera kudasanzwe." Mu nkuru nziza cane y'umupfakazi yatanze ibingorongoro vyawe bibiri mu rusengeri (Luka 21: 1-4), nigisha akamaro k'ukwizera mu buzima bw'impwemu. Mw'ikete ryandikiwe Abaheburayo 11: 6 hatwibutsa hati *"kandi uwutîzêra ntibishoboka ko ayihimbara; kuko uwêgêra Imana akwiye kwizera yuko Iriho, Igaha impera abayirondera."* Ivyo dutanga, igitigiri c'amahera dutanga n'igituma dutanga ni akaryo ko kwerekana ukwizera kwacu mu Mana, yôyô iduha ibintu vyose dukeneye mu buzima bwacu.

Maze gushiraho uwo mushinge wa Bibiliya, sinsubira kubôbôteza mu guhimiriza abantu b'Imana gutanga, kuko nizera ko gutanga ari nk'ibakwe canke amahirwe abantu baba baronse y'ugukura kwimbitse (gushiká kure) mu migenderanire bafitaniye n'Imana.

Vyongeye, kubera ko umunyeshengero wese aba yárēmeye intumbero y'Ishengero kandi akipfuza guteza imbere iyo ntumbero, ugutanga kwabo ni akaryo ko kwifatanya n'Imana mu vyo Iriko Irakora. Kubwo iyo mpamvu, turigisha ko abanyeshengero bashitse bakwiye gutanga. Baba bariko berekana ugutangana umunezero gushingiye kuri Bibiliya.

UBUTEGETSI

Abo bose barōndéra kuba inyegu y'Ishengero bagamburukira uburongozi bw'Ishengero ryabo. Nk'uko abantu benshi bagomba gukurikira Yesu ariko batagomba kwiye gurira rwose ukuganzwa n'ugutegekwa na wé, ni ko hariho abantu benshi cane bagomba kuba inyegu y'Ishengero ariko batubaha uburongozi bwaryo. Ariko nta shirahamwe na rimwe riroranirwa ridafise abarongozi n'abakurikira ubwo burōngōzi ata gahato.

Ukugamburuka si ikintu ngirakamaro gusa; ni n'ico Bibiliya isaba. Paulo ateguka ati *“Umuntu wese ni agamburukire abamuganza: kuko ata kuganza kutava ku Mana, ukuriho kwageze n'Imana.”* (Abaroma 13:1). Nk'uko nyene, Petero na we avuga ati, *“Kubwo Umwami wacu, ubukuru bwose bwashizweho n'abantu mubugamburukire: ari umwami, kuko ari we gaheta; canke abakuru, kuko ari bo atuma guhana inkozi z'ibibi no gushima inkozi z'ivyiza.”* (1 Petero 2: 13-14). Ni ngirakamaro kwibuka ko aya mategeko yandikiwe Abakristo bari muni y'ubutegetsi bw'abarongozi batāri Abakristo. Rero, itegeko ryo kwubaha ntiriyashiriwehó abarongozi bubaha Imana. Kwubaha uburongozi ni akarāngamútima k'îtêká.

Aha niho satani yananiriwe. Yagomvye guhirika ukuri, ubushobozi burengeye vyose bw'Imana no gutsimbataza ugushaka kwiwe. (soma Itanguriro 3:1-5 na Yesaya 14: 12-15). Uko kwigenga, canke “kugomba kwiganza wenyene”, bwari ubugarariji bwamutuma agomba kwishira hejuru no gukura Imana ku ntebe yayo y'inganji idahāngārwa. Ingaruka mbi y'ivyo kwabayeguhumana kw'ivya remwe vyose.

Igihe abantu b'Imana banse ububasha buva ku Mana bw'abarongozi mw'Ishengero, bōnōna Ishengero. Bateza amatati. Bazana amacakubiri. Batuma intahe y'Ishengero irangwamwo amahinyu. Vyongeye babuza Ishengero gushitsa intumbero yaryo.

Kubwo izo mvo, abanyeshengero bategerezwa kwubaha uburongozi.

KUGIRA ICO UBAZWA

Mu kanya gaheze, twabonye ibintu bitanu abanyeshengero bategerezwa kubazwa: ubumwe, ikibano, igikorwa c'igikorwa c'Imana, ugutanga n'ukwubaha uburongozi. Rimwe na rimwe, abo bari mw'Ishengero ntibakora neza ivyo bintu baba bitezweko. Aho rero ni ho ugutanga icegeranyo ku vyo umuntu ajejwe guca kuza. Itandukaniro hagati y'abo binjira mw'Ishengero ata mwitwaririko wo kuba abanyeshengero nyakuri bafise, abanyeshengero nyakuri bobo baremera kugira ico babazwa ku vyerekeye ubuzima bwabo bw'impwemu.

Kugira ico ubazwa bisobanurwa “ ukwemera ata gahato ibikorwa vyawe” kandi bisaba impande zibiri. Mu ruhande rumwe, abanyeshengero bategerezwa kwemera kugira ico babazwa. Ivyo bisigura ko, bategerezwa kwemera igenzurwa ryo mu buryo bw'impwemu mu mvugo zabo, inyifato hamwe n'ingeso babifashijwemwo n'abagenzi b'abizigirwa. Umwanditsi wa Zaburi yanditse ati, “ *Mana, nsuzuma, umenye umutima wanjye, ni uncace, umenye ivyiyumviro vyanjye, urabe yuko hariho inzira y'ibibi yoba iri muri jewe, undongorere mu nzira y'ibihe bidashira.*” (Zaburi 139:23-24). Abakristo bose bakwiye kwiyeugururira Imana “ikabasuzuma” imbere muri bo biciye muri Mpwemu Yera, hanyuma hanze na ho bagasuzumwa mu bugwaneza n'abantu baciye bugufi. Ivyatumye Umwami Dawidi — umusambanyi, umwicanyi — avugwako nk'umuntu yari afise “umutima umeze nk'uko Imana igomba” si uko atigera acumura, ariko yaremara ko Umuvugishwa Natani amubaza ku vyerekeye ibikorwa vyawe. (soma Samweli 12:1-13).

Mu rundi ruhande na ho, abanyeshengero bategerezwa kugaba cane ku vyerekeye kwitaho abandi mw'Ishengero kugira bashobore kwegera mu bwitonzi abantu bifata mu buryo butabereye Umukristo. Mu gitabu c'Imigani 27: 6 hemeza ngo “ *Gukubitwa n'umukunzi biba bitewe n'ukuri.*” Mu gihe Umukristo akosoye mugenzi we, kiba ari igikorwa ciza c'urukundo, yipfuzwa ibintu vyiza biva ku Mana mu buzima bw'abandi. Abanyeshengero bābāye inyegu y'Ishengero ntibicara ngo barorere ingene basaza babo na bashiki babo babandanya gukora ivyaha atā cāmira. “Baravuga ukuri mu

rukundo” mu gufasha abandi gukura mu kunêngesêra kwa Kristo (Abanyefeso 4: 15).

Iyi ntumbero yerekeye ukugira ivyo ubajijwe yama ijana kenshi n’ibihano mw’Ishengero. Yesu yarerekanye ingene ugukosorwa no gukosora bikwiye kugenda muri Matayo 18:15-18:

Mugenzawe ni yakugirira nabi, ugende umuhishuke mwiherereye; ni yakwumvira, uzoba wigaruriye mugenzawe. Ariko ni atakwumvira, ujane umwe canke babiri, kugira ngo ijambo ryose rize riringanizwe, bivuye mu kanwa k’ivyabona bibiri canke bitatu. Ni atabumvira ubgire Ishengero; ni yanka kwumvira Ishengero na ryo, kuri wewe azoba nk’umunyamahanga n’umutozakori. Ndababgire ukuri: ivyo muzohambira mw’isi vyose bizoba bihambiriwe mw’ijuru; kandi ivyo muzohamburura mw’isi bizoba bihambururwe mw’ijuru.

Raba ingene uru rukurikirane rutonze muri iyi mirongo. Asangwa umuntu yacumuye kuri mugenzi we, uwacumuweko akwiye gutanga umuco w’ingene vyagenze. Mu guharanira ubumwe (raba aho hejuru), Abakristo bariko barakura baharanira gusubiza hamwe (Matayo 5:23-24). Asangwa uwacumuye yanse kwumviriza, uwo mugabo canke umugore akwiye gusubiraye ajanye n’uwundi kugira habemwo ubwenge mu kumenyekana kw’uwutegerezwa kugira ico abajijwe kubwo kugirira nabi mugenzi we, abarongozi b’Ishengero bakwiye kwinjira muri ayo matati kandi uwacumuye agakurwa mu kugubwa neza kw’ikibano c’Abakristo.

Hari impamvu nyinshi zatuma Yesu akarira cane abanyavyaha. Impamvu ya mbere ni ugusubiza ibintu ku rutonde (kwihana). Ukwagiriza bizana gukosora. Intumbero y’indero y’Ishengero si ibihano, ariko ni ukugarukana abanyavyaha mu nzira nziza bakwiriye gucamwo. Yakobo aratwibutsa ati, “ *Bene Data ni hagara umuntu muri mwebge azimira, akava kuvoyo ukuri, uwundi akamuzimurura, mumenye yuko uwuzimuruye umunyavyaha, akamukura mu nzira yawe yazimiriyemwo, aba amukiriye ubugingo urupfu, kandi aba apfutse ivyaha vyinshi.*” (Yakobo 5:19-20)

Iyindi mpamvu y’indero ni urukundo. Bibiliya ibisubiramwo kenshi yemeza iti “ *Imana ikangira abo Ikunda*” (Abaheburayo 12: 6,

Imigani 3: 12, Yobu 5:17, Ivyahishuriwe Yohana 3: 19). Iyo Imana itaza kutwitaho, yari kureka umuntu wase agafata iyiwe nzira. Yesu nk'umuvyeyi aremera gukosora abana biwe kugira habeho kuroranirwa imbere yabo, uko ni ko Data wa twese wo mw'ijuru ategerezwa gukosora abana biwe mu rukundo. Ikindi na co, nk'abantu b'Imana, twerekana urukundo hagati yacu, atari mu kwirengagiza icaha, ariko mu kumenya yuko hari ico umwe wese muri twebwe abazwa hamwe no gukosorwa mu gihe bikenewe.

Vyongeye, indero yo mw'Ishengero na yo nyene irōngereza urugezo rw'ubugororotsi mu mubiri wa Kristo. Mu gihe icaha cirengagijwe mw'Ishengero – nk'akarorero urusaku, ubusambanyi, impāri, ukubesha, ukutaba umwizigirwa cane inyigisho z'ibinyoma, – bica bitangura gusambura Ishengero, bigasambura imigenderanire, bikanyoha ugutera imbere kw'igikorwa c'Imana kandi bikerekana intahe mbi y'Ishengero mw'isi. Igisumba vyose, birahindura intumbero y'ubuzima bwejeje. Ako kanya, umuntu wese aca yitwara uko agomba, umwe wese aca akora ivyo yumva bimushimishije, uburongozi na bwo bukabura urugezo ngenderwako mu kugira ico umuntu abazwa. Indero mw'Ishengero yibutsa abanyeshengero urugero runini rw'ubugororotsi mu bintu vyose kandi umwanya wose (Petro 1: 15- 16)

Urugendo rw'indero mw'Ishengero rusobanurwa n'Ivyanditswe vyinshi muri Bibiliya. Yesu atwigisha yuko ugukangira bitegerezwa gukorwa mu buryo budasanze kandi muni y'ubushobozi bw'uburongozi bw'Ishengero. (Matayo 18: 15-20). Paulo asobanura ko bitegerezwa gukorwa mu bwitonzi (Abagalatiya 6: 1). Umukristo w'umunyavyaha yanse kwihana ategerezwa kwerekanwa imbere y'Ishengero (1 Timoteyo 5: 19-20) kandi akankirwa gukorana n'abandi (Matayo 18:17; 1 Abakorinto 5:11, 2 Abatesalonike 3:14, Tito 3:10). Intumbero yo kwankira umuntu gukoranira hamwe n'abandi ni uko uwo muntu ariko arakāngirwa azobura inyungu zo kuba mu kibano gishimikiye kuri Bibiliya, kubwo ivyo yirimbuye akava mu vyaha vyawe, akagaruka mu bugingo ku Mana (raba Yakobo 5: 20).

Ijambo ku vyo Ugusubiza Hamwe

Mu gitabu ciwe giteye igomwe yise *“Igihengeri mu Butumwa Bwacu”*, Richard Stearns avuga inkuru ibabaje y'uwitwa Maragarita

Achiro. Amaze amezi atandatu yibungenze, Maragarita yariko arakora mu murima wiwe, igihe abasirikare b'abana bari barinjijwe mu murwi w'abarwanyi witwa Igisirikare Kirwanira Umwami bari mu buraruko bwa Uganda, baje bavuye mw'ishamba kwiba ivyo kurya vyo muri ako karere n'ibindi bikoresho bitari bike. Abo basoda batangura gutemagura abandi bagore benshi n'imipanga, ariko umugabisha w'ingabo ntiyagira ico akoze ku buzima bwa Margaret kuko yiyumviriye ko kwica umugore yibungenze bwoba ari ububisha ndenzarugero. Ariko, yahaye uruhusha abo bahungu guca amatwi n'izuru n'umunwa wa Maragarita.

Ku bitangaza, Maragarita yaciye anyarukanwa mu bitaro, arakira kandi aravyara umwana w'umuhungu. Haciye amezi, umugabisha w'ico Gisirikare Kirwanira Umwami umwe yari yatanze itegeko ryo kugaba igitero, yafashwe mpiri ajanwa mu kibanza co gufasha abantu kugarukana ubuzima bwiza aho Maragarita bari bamushize. Maragarita amubonye, yaramumenye yumva ahagaritse umutima, ubwoba hamwe n'ishavu kubwo ivyari vyarabaye.

Stearns yandika ati *"Ivyakurikiyeko bishobora gutahurwa gusa biciye mu gitangaza c'urukundo rw'Imana- nk'ukwerekanwa kw'ubushobozi bukomeye bw'Ubutumwa Bwiza buharira n'ibibi vy'agahomerabunwa."* Abahanuzi barakora bataruhuka mu guhanura uwo mu gabisha w'abo basoda, bamufasha kwemera ububisha bwiwe. Muri uwo mwanya nyene, abahanuzi bafasha Maragarita, kugeza igihe umubonano hagati y'uwateye n'uwacitse kw'icumu utunganywa. Igihe abo babiri bahura, Maragarita mu buryo bw'igitangaza yaremeye guharira. Ku gihome c'ivyo bitaro aho bari bari hariho igicapu c'uwo mugabo, ateruye umwana Yakobo yavutse mu mbanyi Margarita yari yibungenze igihe yahohoterwa.

Ku vy'ukuri, Ubutumwa burafise ubushobozi bwo "guhánagura ibibi vy'agahomerabunwa uko vyoba biri kwose." Ku musaraba wa Yesu ntihabonetse inyungu y'uguharirwa ivyaha vyacu gusa, ariko hāvūye n'ububasha bwo guharira abandi, hatibagiwe n'abatubabaje cane. Kandi, kubera Ishengero rya Yesu rigizwe n'abagarariji, umwe wese muri bo akaba yarakoze ibibi vy'umwiza w'umuzitanya abicumuye ku Mana, ariko Imana ikaba yariyujuje natwe (Abaroma 5:1; Abakolosayi 1: 21-22), ni uko rero umwe wese ahamagarirwa gusubiza hamwe na mugenzi we. Vyongeye, gusubiza hamwe ni

nkenerwa mw'Ishengero.

Ikintu kimwe mu bintu vyinshi bibabaza umutima wanje ni amatati ninjiyemwo n'uwundi mukristo igihe nakora mu mugwi w'abatunganya igikorwa c'Imana. Uruhagarara rwatanguye kuduga hagati yanje n'umukuru w'uwo mugwi, wewe mu vyivyumviro vyanje yasunikira imbere n'inguvu nyinshi ivyo wewe yipfuza gushikako mu gishingo co kureka ngo dufatire ingingo hamwe nk'umugwi. Mu kiganiro kimwe kibabaje, yarambwiye ati, "Benshi muri bene Data ntibakwizeye."

Naravunitse umutima ako kanya ndabasaba ko notanga imihoho mu gihe ntari nkiri uwo kwizigirwa. Nari nzi neza ko icipfuzo canke cari gutuma aheba iryo rementanya yari yagize. Mu bisanzwe, abandi baturikaye muri uwo mugwi baranyizera rwose. Ariko, kuko uwo umukuru w'uwo murwi atemeye guhindura, naratevye ndatanga imihoho *ukuri kw'anywe*. Mu nama ikurikira y'abagize uwo mugwi mw'iyinga rikurikira, yisiguye avuga yuko yansavye ko noguma muri uwo mugwi, ariko ngo naciye ndabavamwo nshavuye.

Abarongozi b'Abakristo bari bakwiye *kwitega* ko bazohura n'abantu bafise aka kamere ko kwikunda mu b'isi, ariko bitavuye kuri bagenzi babo. Nararengewe, kuko numva ko nahemukiwe kandi naragize umubabaro mu mutima. Ikibabaje muri ivyo vyose, ni uko ishira hamwe twakorera ryarashimikira cane ku bumwe bw'Abakristo!

Nk'uko abantu benshi bacumukwemo bibagendera, naragendanye umururazi umwanya muto. Nagomba ubutungane, atari ugusubiza hamwe. Ariko Ubutumwa Bwiza butwigisha guhárira n'ikibi c'agahomerabunwa. Rero, naciye ngenda gusanasana imigenderanire yasambutse. Ingorane nagize, ni uko umugenzi wanjye yiyamirije ikintu cose cemeza ko hari ikintu kibi na kimwe yoba yakozwe. Yaranse kwemera ukunkomeretsa kwiwe. Haciye umwaka, naragerageje kandi kurondera uko twosubiza hamwe, ariko umutima wiwe wari ugikomantaye.

Naho jewe n'ipfuzako twosubira kwunga ubumwe mu mahoro, ugusubiza hamwe ntivyama vyoroshe. Ariko, Abakristo bakwiye kurondera kugiriranira amahoro n'abantu bose, igihe cose bishoboka ku ruhande rwacu (Abaroma 12:18). Aho guhurudukira mu matati, twategerezwa kuvyemera no gusanura imigenderanire yatosekaye.

Atari uko, Ishengero rishobora kugira igihengeri kitaboneka imbere muri ryo.

Ugusubiza hamwe gutangurira ku musaraba wa Yesu. Uko mpagaze imbere y'Umukiza yampfiriye, umusaraba unyibutsa ibintu bibiri: uwo nari hamwe n'uwo ndi. Ubwa mbere, umusaraba unyibutsa uwo nari we. Paulo yanditse ati, “ *Namwe abāri bāratāndukanijwe n’Imana kera, mugahindurwa abansi bayo mu mitima yanyu n’ivyo mwakoze bibi*” (Abakolosayi 1:21). Yesaya yanditse ati “ *Twese twari twarazimiye nk’intama; twese twagiye isābagire, umuntu wese mu nzira yiwe; Uhoraho amuremeka ukugabitanya kwacu*” (Yesaya 53: 6). Kugira ngo nshobore kubabarira icaha cose nacumuweko, ntegerezwa kwibuka ubwa mbere ko nari umunyavyaha. Mpagaze mu gitutu c’umusaraba, nkaraba hejuru nkabona ukubabazwa kw’amahwa hamwe n’imisumari, uburuhe bw’igikiriza c’Umwana w’Umuntu agerageza guhema, akarenganyo k’urupfu rwa Yesu, umubabaro ntangere n’agahinda vyasesereje Nyina, n’umwiza watwikiriye i Gologota, ngaca nibutswa ko ivyo vyabaye ku bwanje. Nkibuka uwo nari we.

Ariko nkibuka kandi uwo ndi. “ *Nuko rero, umuntu wese iyo ari muri Kristo Yesu aba acitse icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha.*” (2 Abakorinto 5: 17). Umusaraba wa Yesu warangize musha, umuntu ahinguwe. Ivyo bisobanurwa ko nahawe ikibanza gishasha (i buryo bw’Imana, Abaroma 5: 1), intumbero nshasha (intumwa iharanira ugusubiza hamwe, 2 Abakorinto 5:18), n’ububasha bushasha (ububasha bwo kubaho ubuzima bwa Yesu, Abagalatiya 2: 20). Rero, umusaraba wa Yesu ntushoboza Umukristo guhārira gusa, ariko kandi utuma uguharira vyoroza. Ni ukubera uwó ndi wé.

Ishengero rya Yesu Kristo ryobaye ikibanza ciza iyaba abanywanyi baryo bokwihanganiraniye, bagaharirana ku kintu cose c’umubabaro batewe n’abagenzi babo, nk’uko Umwami yabahariye (Abakolosayi 3: 13). Kuba inyegu y’Ishengero bisobanurwa ko umuntu yihanganira muri ryo kandi akihanganira n’ikibano. Kubwo iyo mvo, ugusubiza hamwe ni nkenerwa.

NONE HOKORWA IKI?


Imana irazi Abayo, ariko umupasitori ntiyama amenya abo Imana abo ari bo. Uko Ishengero rikura, bica bigora cane umupasitori kumenya ingene abanyeshengero bifashe mu buryo bw'impwemu. Ukwegukira Ishengero si uburyo bwo kugumiza abantu hanze, ariko ni uburyo bwo kubamenya no kurōngōra abo bari imbere mw'Ishengero. Kubwo ivyo rero, gufasha abantu KUBA INYEGU y'Ishengero ni nkenerwa.

Inyungu zo kuba umunyeshengero bwegu kw'Ishengero ryawe zasobanuwe muri iki kigabane. Ariko, umupasitori akwiye kuguma yibuka ko adashobora kurongora abatamukurikira. Kuvyeho Ishengero n'abanyeshengero bwegu, abanyeshengero bategerezwa kwitangira Ishengero gusumba uko Ishengero abanyeshengero. Kuba umunyeshengero bwegu ni inzira irashé, ahó uwo munyeshengero ava muvuyo kuba umurorerezi agacika uwufatanyaga n'abandi mw'ishirwa mu ngiro ry'intumbero y'Ishengero. Rero, mu gihe ukuba umunyeshengero bwegu bitōnōna agakiza k'umuntu canke ukwezwaga kwiwe, Ishengero rirunguka iyo abantu bahisemwo kuba abanyeshengero bwegu canke bashitsé.

SHIKA KU NTAMBUKO IKURIKIRA

1. Raba inyuma kuri kirya gicabu ku rupapuro 138 rw'abantu bari imbere n'abari inyuma y'Ishengero rusangi hamwe n'Ishengero ryo mu kibano. Nk'umurongozi, mbega ukwo kuri gusobanura iki mu gikorwa c'Imana wahamagariwe?
2. Mbega Ishengero ryawe ritunganya gute ivyo kuba umunyeshengero bwegu canke ashitse? Wokwongerako iki ku vyavuzwe vyotuma iryo tunganywa rigenda neza kurushiriza?
3. Uribaza ko ivyo abanyeshengero bwegu bitezweko nko kugira ubumwe, ikibano, ugukora igikorwa c'Imana, ugutanga, ukwubaha n'ukuba bafise ico bitezweko ari ibigoye?
4. Kuki wibaza ko amashengero make batitwaririka ivy'indero y'Ishengero? Ni igiki kiba mw'Ishengero ryirengagiza indero?

5. Abantu bamwe bibaza ko ugusubiza hamwe ari igikorwa c'Ishengero. Uwa mbere araharira uwukurikira akagiriza abantu. Uvyibazako iki ?
6. Ni ikihe kintu c'ingirakamaro gusumba ibindi wize muri iki kigabane ?



GUHINDUKA: UGUHÎNGÛRWA (IGICE CA 1)

*Umuremyi wacu ni Umucuzi w'Umuhinga ntangere.
Ahindura imyanda kuba ibintu vy'agaciro kandi akazura
amabuye y'agaciro mu vyuma vyaguye ingese.
Umwanditsi w'iki cyumviro ntazwi*

Nafatanye urugendo n'umugenzi w'umumisiyoneri muri Cuba, Manny Fernandez, ubwo nyene ntangazwa n'ubwiza bw'imisozi, ukuntu abantu baho bākirana mu rukundo, uburyohe bw'ibifungurwa vyabo, hamwe n'inkumbu z' amamodokari yabo ya kera. Ikirirere cāsa nk'uko umenga hagomba ka imbeho nyinshi; mu yandi majambo muri iyo micungararo hasa nabi, amababaraba yaho yuzuye imodoka za kera zakozwe imbere y'intwaro y'Igikenye y'Umuperezida yitwa Fidele Castro n'ihagarika ry'imigenderanire hagati ya Cuba na Reta Zunze Ubumwe za Amerika kuva mu mwaka w'1960. Mu myaka ishika 55, abantu bakora imiduga muri Cuba ntibaronka neza ivyuma vyo gusubiriza bishasha bica bituma bironderera gukora ivyuma vyabo kugira imiduga yabo ishobore « kuguma igendagenda »

KUBA INYEG	GUHINDUKA	KURENGANA IMBIBE
YA YESU	UGUHINDUKA GITURUMBUKA	M'ISHENGERO RWAJE
MU KIBANO		MU KIBANO
Y'ISHENGERO	UGUHINDUKA KWIYUMVIRIWE	MW'ISI MBAYEMWO

Ariko rero ingaruka zavyo ziratangaje. Imiduga ya kera nk'iyitwa Buick, iyitwa Ford, iyitwa Chevrolets hamwe n'iyitwa Pontiacs zaragarukaniwe icubahiro cazo. Amarangi mashasha, impinyanyuro nshasha z'imbere muri yo hamwe n'ugusigiririza iyo miduga ukundi gushasha, ivyo vyose veyerekana ubuhinga karuhariwe bw'abafundi n'abacuzi badasanzwe. Ivyo kera vyarahindutse bishasha. Imiduga yarasubiwemwo.

Imana ni yo mucuzi wacu. Ifise intumbero yo kudukuramwo umwanda nk'abantu bayo no gusubira guhingura umuntu wese uko yari ameze, icubahiro ca mbere, ico umwana w'umuntu yari akwiye kugira. Iki gikorwa co guhingura ubuzima ni iyindi ntambuko ikurikira mu nzira canke mu rugendo rwo mu buryo bw'impwemu. Ni ikibanza abantu BACIKA canke BAHINDUKA ico Imana yabaremeye kuba.

Intambuko ya mbere, KUBA INYEGU, ni ihinguriro ry'ingazi igira kabiri, GUHINDUKA. Iyo abantu ari inyegu za Kristo, Mpwemu yera aca atangura kubahindura imbere muri bo bigatandukira hanze. Mu gihe umuntu ari inyegu y'ikibano, aba afise akaryo ko kwigirira ku bandi na bo bari mu nzira yo mu buryo bw'impwemu. Ubuzima burahinduka iyo bagize umwimenyerezo w'ibikorwa indwi vy'ikibano cubakiye kuri Bibiliya. Mu kurangiza, kuba inyegu y'Ishengero bibashira musu y'ubushobozi bw'uburongozi bw'uburyo bw'Impwemu kandi no mu kibanza bashobora gukura mu kumenya Imana. Mu ncamake, abantu ntibashobora GUHINDUKA ico Imana igomba ko baba batabanje kuba INYEGU.

Uri Mushasha

Kuva umusi washira ukwizera kwawe muri Yesu, ugacika inyegu yiwe hanyuma ugatangurana ubuzima n'Imana, warahindutse. Paulo aravyemeza ati *"Nuko rero umuntu wese iyo ari muri Kristo, aba ari icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha!"* (2 Abakorinto 5:17). Umukristo acika mushasha. Umuntu wese ni ikiremwa gishasha, cahinguwe n'Imana. Naho hari ingazi nyinshi z'ihinduka z'ubwo buzima, izi ngazi zikurikira ni nkenerwa cane mu buryo budasanzwe:

Inkomezi nshasha. Mu buryo bw’impwemu, Umukristo yarazuwe mu bapfuye aronka ubugingo. Mw’ikete ryandikiwe Abanyefeso 2:4-5, Paulo aravuga ati *“Ariko Imana, kuko ari umutunzi w’ikigongwe, kubwo urukundo rwayo rwinshi yadukunze, hamwe twari tugipfuye, twishwe n’ibicumuro vyacu, yatugiranye bazima na Kristo – ubuntu ni bwo bwabakijije –”* Ibindi bisa n’ivyo, biboneka mw’ikete ryandikiwe Abaroma 8:10-11. Paulo yanditse ati,

“Bisanzwe Kristo ari muri mwebwe, umubiri uba upfuye kubwo icaha, ariko impwemu ni nzima kubwo kugororoka. Ariko bisanzwe Mpwemu w’Iyazuye Yesu imukuye mu bapfuye aba muri mwebwe, Iyazuye Kristo imukuye mu bapfuye izozura n’imibiri yanyu ipfa, kubwa Mpwemu wayo aba muri mwebwe.”

Mu Butumwa Bwiza nk’uko bwanditswe na Yohana 5:24 Yesu nawe avuga ati, *“N’ukuri, n’ukuri ndababwire: Uwumva ijambo ryanje, akizera uwantumye, ni we afise ubugingo bidashira, kandi ntazoshirwa mu rukinja, ariko aba avuye mu rupfu, ashitse mu bugingo.”* Abakristo barafise izindi nkomezi nsha, ubuzima busha mu buryo bw’impwemu. Ivyo bisobanura ko ari “bazima” mu kwumvira ivyo Imana ibatega no kwumvira Mpwemu Yera. Bafise kwizera kuzima (Abagalatiya 2:20) n’ivyizigiro bizima (1 Petero 1:3) bizana umunezero, ugushira amanga, ukuramiriza, ukwihangana n’amahoro.

Akarānga gasha. Nkuko twabivuze mu kigabane ca gatanu, akaranga kacu ko kuba inyegu ya Kristo ubwa mbere, kari karononekaye. Twese twari: abanyavyaha (Abaroma 3:23), twaratandukanye n’Imana (Abanyefeso 2:12), abansi ba Yesu (Abafilipi 3:18), intagondwa n’abagarariji (Tito 2:14) vyongeye twari abansi b’Imana (Abaroma 1: 30). Hatabanje kurabwa amashure yacu, ikibanza c’iteka kanaka dufise, umuhamagararo wacu, canke ubwenegihugu bwacu, uko ni ko twari tumeze.

Ariko twarogejwe, turezwa kandi turatsindanishirizwa mw’izina ry’Umwami wacu Yesu kristo, tubihawe na Mpwemu w’Imana. (1 Abakorinto 6:11). Mu yandi majambo, ntitukiri abo twari kera. Akarānga kacu karahidutse. Ubu turi abana b’Imana (Abagalatiya

3:26), abana b’Imana (1 Yohana 3:1), abaraganwa b’Ubwami bw’Imana (Abaroma 8:17), abakunzi b’Imana (Yohana 15:15). Ikirengeye vyose, ntarubanza rukituriko (Abakolosayi 1:22). Ako ni ko karanga kacu gashasha.

Ubushobozi busha. Igihe twari kure y’Imana, abantu biberaho uko imibiri yabo ivyipfuzwa kandi bakora ivyo akamere kabo k’icaha kábabwira gukora. Ariko, muri Kristo, Umukristo afise inkomezi nsha. Kuko yujijwe Mpwemu Yera yazuye Yesu mu bapfuye, uwizera wese afise ubushobozi budasanzwe bwo kugendera mu kwizera, kwegurira vyose Imana, kandi akabaho ubuzima bw’intsinzi ku caha. Yesu yavuze ati *“Mutamfise, ntaco mubasha gukora”* (Yohana 15:5) kandi Paulo aravugaga ashize amanga ati *“Nshobozwa vyose n’Uwũmpa inkomezi”* (Abafilipi 4:13).

Ukwidagemvya gushasha. Abantu benshi baravugaga uburenganzira bwo guhitamwo, nk’uko umenga ikiremwa muntu gifise uburengazira bwo gukora ivyo cigombeye. Bibiliya ibivugaga ukundi. Mu vy’ukuri, twarapfiriye mu bicumuro no mu vyaha (Abanyefeso 2:1), turi abaja b’icaha (Abaroma 6:20) kandi turi imbohe z’ivyagezwe. (Abagalatiya 3:23). Gutyo rero, n’aho womengo turafise umwidagemvyo wo guhitamwo gukora ibiduhimbara, akamere kacu k’icaha ntikatwemerera kwiyumvira ikintu icari co cose kigororotse kandi gihimbara Imana.

Amahirwe twagiriwe ni aya: *“Kuko ikingera ca Mpwemu w’ubugingo bwo muri Kristo Yesu canzunguye ngo singanzwe n’icangera c’icaha n’icurupfu.”* (Abaroma 8:2). Kubera umusaba, Umukristo arafise ububasha bushasha bwo gukunda iciza, kurondera iciza no gukora iciza. Ntaba akiri mu buja bwa kamere ka kera no kuganzwa n’icaha, uwizere agira umwidagemvyo wo kubaho ubuzima buhimbara Imana.

Intumbero nshasha. Yesu yavuze ko intumbero yiwe ari *“Kurondera no gukiza icari carazimiye”* (Luka 19: 10). Imbere y’ukwizera, umuntu aba afise ibibazo vyinshi, ataho afise aba, ata mutekano, ata ntumbero. Ariko inyegu ya Kristo iba imerewe neza, mu mutekano no kunezererwa ubuzima bufise intumbero. Naho Umukristo aca

mu bihe vyo gusugerezwa hamwe no kurerwa n’umurwanizi, wêwé yipfuza ko abana b’Imana bakekeranya ubugingo bwabo budashira, abizeye barashobora, mu buryo bwo guca bugufi ariko bashize amanga rwose kwigwanira mu kuvuga bati:

“Kuko menye neza ntabikekeranya yuko naho rwoba urupfu, canke ubugingo, canke abamarayika, canke abaganza, canke ibiriho, canke ibizoba, canke abafise ubushobozi, canke uburebure bw’igihagararo, canke uburebure bw’amaja epfo, canke ikindi caremwe cose, ata kizoshobora kudutandukanya n’urukundo rw’Imana ruri muri Kristo Yesu Umwami wacu.” (Abaroma 8:38-39)

Inkomezi zacu nshasha, akaranga kacu gashasha, ubushobozi bwacu bushasha, umwideremvye wacu mushasha, n’intumbero yacu nshasha, vyerekana ivyamaze gukorwa kubwacu n’imbere muri twebwe kubwo urupfu n’ukuzuka kwa Yesu Kristo. Uwitwa John Newton, yaranditse indirimbo ikomeye yitwa “Ubuntu butangaje”. Mu ncamake, iyo ndirimbo ivuga kahise kacu, n’ingene ubuntu bwashubiriye kutunywanisha n’Imana:

Sindi uwo nari nkwiye kuba—Ooh, ese ingene ndi n’umunyatunenge n’uwunanirwa kenshi! Si ndi uwo nipfuza kuba-nanka ibibi, nagomba gukora iciza! Si ndi uwo nizigiye kuba –vuba, nzokwamburwa ugupfa, kandi ukwo gupfa nzokwamburana n’ivyaha vyose hamwe n’utunenge twose. Ariko, naho ntari uwo nari nkwiye kuba, canke uwo nipfuza kuba, canke uwo nizigiye kuba, vy’ukuri ndashobora kuvuga nti, Sindi uwo nahoze ndi –Umuja w’icaha na Satani; kandi ndashobora kwifatanya n’intumwa bimwe vy’imvamutima, maze ngashima nti “Ndi uwo ndi we kubwo ubuntu bw’Imana.”

Kubwo ubuntu bw’Imana, Umukristo wese yarahindutse. Ariko, uguhinduka kwacu si ikintu cabaye muri kahise. Ni ukuri kw’ubu. Mw’ikete rya kabiri ryandikiwe Abakorinto, igihimba ca 3, Intumwa Paulo agereranya ubwiza bukomeye bwo mw’Isezerano Risha n’ubwiza bufise akarimbi bwo mw’Isezerano rya Kera. Ku murongo wa 13, Paulo arasigura ati “ntidusa na Mose, yitwikira mu maso, kugira

ngo Abisirayeli ntibahange amaso iherezo ry'ubwariko buraherengetera .” Mose yabonye ubwiza bwarike buragabanuka, ariko abantu b’Imana bagira ubwiza igihe cose kandi bugenda burongerekana.

Inyuma y’insiguro ngufi y’ingene Mpwemu Yera ahishurira abantu b’Imana ukuri, Paulo yanditse ati *“Tweho twese, ko tutitwikiriye mu maso, tukerekana nk’iciroro ubwiza bw’Umwami, turahinduka, tugashushanywa n’iyo shusho, tukava mu bwiza tukaja mu bundi, nk’abahindurwa n’Umwami, ari we Mpwemu.”* (umurongo wa 18). Uwo murongo upoteranirijwemo ibintu vyinshi tumenyeshejwe bijanye n’inyigisho ndóramâna ku vyerekeye uguhinduka. Werekana ibintu bine vy’ukuri ku vyerekeye uguhinduka.

UKURI #1

Uguhinduka rwose ni ingendo yó kwamizako canke yó guhózakó.

Nta kintu na kimwe gikura ku musi umwe. Ibiti bitangura ubuzima nk’imbuto. Ibinyugunyugu vyihindura bivuye mu magi, mu nyuma bigahinduka utunyó, mu nyuma bikaba utunyugunyugu tutagira amababa, bigateba bikavamwo ibinyugunyugu bikuze. N’inyubako zitangurira ku mushinge, impome, ugusigwa isima, gushiramwo umuyagankuba hamwe n’imiringoti ijana amazi, irangi n’intebe. Ivyo bintu ngenderwako, ni kó bigenda no mu buzima bw’impwemu. *“twama turiko turahîngûrwa”* kandi *“ni ubwiza bugenda bwiyongera imisi yose”* *“mu nsiguro y’amajambo, ni ukuva mu bwiza tuja mu bundi bwiza burēngēje .”* Ivyerekeye uguhinduka kw’ubuzima bwacu bifata umwanya... mu vy’ukuri bimara *umwanya ubuzima bwacu bwose bumara.*

Uku guhinduka Bibiliya yita uguhinduka kw’uguhozako ukwezwaga kw’Umukristo. Iryo jambo, riva mu Kilatini *‘sanctus’*, risobanurwa ngo *“uguhindura umuntu umweranda”*. Ni ikintu gikorwa kimara ubuzima bwose c’uguhinduka umweranda. Twunguka ugutahura kurushirije kw’ijambo *‘ukwezwaga’* mu gihe turishize mu majambo y’ugutsindanishirizwa no guhabwa ubwiza .

Gutsindanishirizwa kubaho mu gihe umuntu aronse agakiza. Ni igikorwa c’Imana gishika mu buzima bw’umuntu ako kanya. Igihe umuntu yumvise Ubutumwa Bwiza bw’Ukuri, agaca yemera kwizera

Yesu Kristo we nyene ubwiwe, Imana ica imushira *mu kibanza* co kwera. Uwo muntu aja mu mugwi w’“abantu ata rubanza rubakurikirana” ku vyerekeye amategeko abagenga. Ubu rero, Umukristo, aca yitwa umwana w’Imana, samuragwa ku masezerano yayo, kandi akaba aronse ubugingo bidashira. Abamaze kwizera bose batsindanishirizwa kubwo ubuntu, biciye mu kwizera.

Uguhabwa ubwiza ni ikibanza c’ukugororoka kunengesereye umuntu ashikamwo vy’ukuri kw’iherezo ry’ubuzima bwiwe bwo ngaha kw’isi, igihe apfuye. Mu kubaho kw’Imana nta gutsindwa n’urubanza biriho. Ariko, Umukristo wese, ku mpera ya vyose, arahinduka agacika icaremwe gisha. Mu gihe c’ukugaruka kwa Yesu Kristo, abantu bamaze kwambikwa umubiri wazuwe ufitaniye ubumwe n’ubungingo bidashira kandi bakaba mu bwiza bw’Imana, bazoba barahinduwe ibihe vyose. Iki gikorwa cose c’ubwiza gikorwa n’Imana.

Hagati y’umwanya wo gutsindanishirizwa n’umwanya wanyuma wo guhabwa ubwiza hari “ubuzima bwose”. Umwanya uri hagati y’ibi bihe bibiri nico gihe co kwezwa kw’Umukristo. Abakristo bamaze *kwemezwa* ko ari abera canke ko ari abērānda, ubu rero baca bagira igihe co kugendera mu kwezwa umusi ku musi. Uru urugendo ni igikorwa kibandanya umuntu afashijwe na Mpwemu Yera ari muri we. Umugabo umwe yavuze ku kwezwa, akugereranya n’ukwiga *kuba* uwo *tumaze kuba*. Kuko nk’Abakristo tuba tukiri mw’isi yanduye kandi kubera akameremere k’icaha muri twebwe kaba gatwikiriye, ariko kataravaho, ibigeragezo n’icaha biguma bitugora. N’Abakristo bamaze gukura baragira ibihe vyo kuroranirwa mu buryo bw’impwemu n’ibihe vyo kuneshwa. “Igicapu c’ugukura” nticama gitumbereye hejuru. Ariko ni umurongo uvunaguye urimwo udutwe tw’imisozi hamwe n’utubande, werekana ukuroranirwa kw’Umukristo hamwe n’intambara arwana n’icaha.

Imbere y’uko bazana ubuhinga buhanitse bwo gufata ibicapu n’amasanamu, amarérësi bayategurira mu cumba c’umwiza kugira ibicapu biboneke. Isanamu yo mw’ifoto yafatwa mw’irérësi mu gihe agahimba ko mw’ifoto gafata amasanamu kăba karabije nk’umuravyo mu mwanya isâse. Ariko, biciye mu gukoresha umuti wagenewe kwoza amafoto, ni ho ifoto yaca isâ neza bukebuke. Ivyo

rero, amahinguriro ahinyanyurirwamwo amasanamu hisunzwe ubwo buhinga, avyita “uguhingūra.” Mu buryo busa n’ubwo nyene, Imana yarafashe ingingo ko izogarukana ishusho yayo muri twebwe. Turi abana b’Imana, ariko “uko tuzoba ntikurahishurwa” (1Yohana 3:2). Turahingurwa ku musi ku musi. Ukwezwa kwacu ni nk’urugendo.

UKURI #2

Uguhinduka Gukorwa na Mpwemu Yera

Mu gisagara co muri Reta Zunze Ubumwe za Amerika citwa Hollywood, umuntu akora amarérèsi (dukunda kwita amasinema) ni we amenya ubwa mbere uburyo bizotwara, urutonde rw’iryo rérèsi, abakina iryo rérèsi, kugwiza hamwe no kumenyekanisha iryo rérèsi. Mu ncamake, uwukora iryo rérèsi ni we aricungera kugira ngo arabe ko rigenda neza. Mu rukurikirane rw’ubuzima bwo guhinduka kwacu kubandanya kumeze nk’igikino, turafise Umuhinyanyuzi w’Umuhinga ashoboye: Mpwemu Yera. Kuko Paulo avuga ko *twama turahinduka*, dutegerezwa kubona ko uguhinduka kuriko *kuratubako*; ntitwihindura. Ariko, umuhinga ajejwe iryo hinduka “ni Umwami, ari we Mpwemu Yera.”

Hariho ivyiyumviro bibiri vy’ukuri bidasa ariko vyuzurizanya ku vyerekeye Mpwemu Yera n’uguhinduka kw’ubuzima. Ubwa mbere, udafise Mpwemu w’Imana, ntushobora guhinduka. Umuntu arashobora kuja mu migwi ifasha umuntu ukwiwe, gufata ibihe vyo guhanurwa, gusoma ibitabu, gufata ingingo canke gufata imiti. Ariko ihinduka rinengesereye rishoboka mu bushobozi bwa Mpwemu Yera w’Imana.

Umugishwa Ezekiyeri yararonse ihishurirwa ryiza cane ryerekeye ugusubira kwubakwa kwa Isirayeli inyuma yo kwambukanwa kw’Abisirayeli mu buja i Babuloni. Yatwawe na “Mpwemu Yera w’Imana” mu kabande kuzuyemwo amagufa yumye (Ezekiyeri 37:1-2). Mu bihe vya kera, abasirikare bashira ibirindiro vyabo mu misozi, bakamanuka mu kiyaya kurwana. Amagufa yumye yari asanzariye mu kiyaya cari ikimenyetso co gutsindwa kandi cari ikimenyetso c’igihe kinini cari giheze ata buzima buri aho hantu. Imana ibwira Ezekiyeli iti, “ *Mwana w’umuntu, mbega aya magufa yashobora kuba mazima?*” (umurongo wa 3). Tuvyihweje mu

vyiyumviro vy'abantu, yoshoboye kwiyumvira ko abo bantu batsinzwe bashobora gusubira kuba bazima?

Ezekiyeli arishura, *“Mwami Uhoraho ni we wobimenya”*. Biciye mu gushaka kwayo kudahangarwa no mu nkomezi zayo Imana irashoboye no kuzura abapfuye.

Hanyuma Imana itegeka Ezekiyeli,

Vugira kuri aya magufa, uyabarire, uti Yemwe mwa magufa yumye, ni mwumve ijambo ry'Uhoraho. Uku niko Umwami Uhoraho abarira aya magufa, ati Ehe ngira nshire impwemu muri mwebwe, nuko muraba bazima. Kandi ngira mbashireko imitsi, mbazaneko inyama, mbarenzeka urukoba, mbashiremu impwemu muri mwebwe, nuko muraba bazima; kandi muramenya yuko jewe ndi Uhoraho. (Ezekiyeri 37: 4-6)

Rero, umuvugishwa n'Imana yarumviye, avugira ku kirundo c'amagufa ata buzima afise, mu mwanya muto ikintu kidasanzwe gitangura kuba. Amagufa atangura gufatana. Inyama, imitsi n'urukoba bitangura gupfuka ayo magufa yongera gusubizwa kuba abantu bafise amashusho nk'ayo abantu. Ariko nta *“mpwemu zari bwajemwo”* (umurongo 8), umuntu adafise impwemu ashobora gusa n'uwufise ubuzima, ariko aba abuze ubushobozi shingiro butuma ubuzima bwiwe bushobora kubaho. Umuntu adahumeka aba yarapfuye.

Ku ncúro ikurikira, Imana ibwira Ezekiyeli iti, *“Vugira ku muyaga, vuga, mwana w'umuntu, ubarire umuyaga, uti Uku ni ko Umwami Uhoraho agize, ati Ngwino muve ku miyaga ine, mwa mpwemu, muhūmēkere kuri abo bishwe, babe bazima.”* (umurongo wa 9). Rero, aravuga ubutumwa abantu ata buzima bari bafise baca barahagarara, ari ingabo nyinshi cane z'Imana.

Iyerekwaga rya Ezekiyeri mu gice ca 37, ryashizweho kugira ritwigishe ukuri kwo mu buryo bw'impwemu ngirakamaro. Kuvuga ubutumwa vyonyene ntibihindura umuntu. Ugusigūra ntigushikana ku kuzuka. Ico abantu ata buzima bafise bakeneye ni *“impwemu”*. Ni ngirakamaro gutahura yuko ijambo *“impwemu”* mu Giheburayo rishobora gusobanura *“umuyaga”* canke *“mpwemu”*. Impwemu zirakenewe mu buzima busanzwe. Ariko Mpwemu arakenewe mu

buzima budasanzwe. Kubwo iyo mvo, Uhoraho yavuze ati, “ *Kandi nzobashiramwo Mpwemu wanjye, mube bazima, mbashire mu gihugu canyu bwite, maze muzomenya ko ari jewe Uhoraho nabivuze kandi ndabishikije, niko Uhoraho agize.*” (umurongo wa 14)

Umupasitori yariko yigisha muri Ezekiyeri 37, avuga ati “Ku mpera y’inkomezi z’umwana w’umuntu wese, na ho nyene urupfu ruba rukiriho.” Yesu yavuze “*Impwemu ni zo zitera ubugingo, umubiri ntaco umaze.*” (Yohana 6:63). Bisobanurwa ko Mpwemu Yera ari we azana ihinduka wenyene. Vyongeye, umuntu ata Mpwemu Yera afise ntashobora guhinduka.

Ica ngenderwako gitandukanye na co nyene ni ukuri: Asangwa ufise Mpwemu w’Imana, uzohinduka. Nk’uko umuntu akora amarérési abá yiteze kuroranirwa, uko ni ko na Mpwemu Yera agomba gufasha bantu kuroranirwa mu kubaho ubuzima buhindutse. Intumwa Paulo aratwemeza ati “*Ariko bisanzwe Mpwemu w’Iyazuye Yesu imúkūye mu bapfuye aba muri mwebwe, iyazuye Kristo Yesu imúkūye mu bapfuye izozura n’imibiri yanyu ipfa, ku bwa Mpwemu wayo aba muri mwebwe.*” (Abaroma 8:11)

Hari ivyemezo vyinshi vyerekana igikorwa ca Mpwemu Yera mu muntu:

Mpwemu Yera ahindura ingeso. Icamwa, canke ikintu kiboneka, kigaragaza igikorwa ca Mpwemu Yera ni “ *Urukundo, umunezero, amahoro, ukwihangana, kugira neza, ingeso nziza, kuba umwizigirwa, ubugwaneza no kwirinda.*” (Abagalatiya 5:22-23) Umuntu ariko ahindurwa na Mpwemu azobandanya yerekana ivyo vyamwa.

Mpwemu Yera aremeza. Yesu yavuze ati, “*Uwo ni yaza (Mpwemu), azohinyuza ab’isi, abemeze ivy’icaha, n’ivyo ukugororoka*” (Yohana 16:8). Umuntu yumvira Mpwemu Yera azokwimenyako icaha, yumve agize umubabaro w’icaha yakoze kandi yihane icaha yakoze.

Mpwemu Yera atanga ugutahura. “*Ariko uwo Mpwemu w’ukuri ni yaza, azobarongora abashitse ku kuri kwose*” (Yohana 16:13). Yesu Kristo yarasezeranye “Umufasha” azokwibutsa abantu ivyo yigishije kandi azobashobora gutahura. Mu rundi ruhande, umuntu ata Mpwemu Yera afise ntashobora gutahura ukuri kwo mu buryo bw’impwemu. (2 Abakorinto 2:12-14)

Mpwemu Yera azana ivyizigiro. *“Imana itanga ivyizigiro ibuzuze umunezero wose n’amahoro biva ku kwizera ibizoba, mubihawe n’ubushobozi bwa Mpwemu Yera.”* (Abaroma 15:13). Abantu buzuye kandi bahinduwe na Mpwemu Yera bagira ivyizigiro ku bugingo bwabo bw’ibihe bidashira, bigakomeza imitima yabo kandi bikabaha ivyizigiro vya kazoza.

Mpwemu Yera atanga ukubumbwa. Paulo yandika ati *“... kwitwaririka ivy’impwemu kuzana ubugingo n’amahoro.”* (Abaroma 8:6). Kubera ko baba bafitaniye amahoro n’Imana biciye mu Mwana wayo, Yesu (Abaroma 5:1), Abakristo ntibaba bagifise amaganya, kandi bararuhuka bafise ivyizigiro iyo bahagaze imbere yayo.

Mpwemu Yera atanga umutima w’impuhwe. *“nuko namba hari ukuremeshwa muri Kristo, namba hari ukwirurwa kuva mu rukundo, namba hari ugusangira Mpwemu, namba hari imbabazi n’ikigongwe...”* (Abafilipi 2:1). Ubumwe bwacu na Mpwemu Yera buzana kugendana impuhwe hamwe n’icipfuzo co gutunganiriza abakeneye imfashanyo, mu gishingo co kwitunganiriza ivyacu gusa.

Nk’uko vyibonekeza, Mpwemu Yera ni we rufatiro rw’igikorwa co guhindura ubugingo. Umupasitori igihe kimwe yatanze akarorero mw’Ishengero ryiwe ku vyerekeye uku kuri. Yavuze ati: *“Ushobora gutuma igipurizo kiduga hejuru mu kirere ugikubise n’ikiganza cawe canke ucuje umuti bita helium uhwahutse kurusha impwemu. Abarongozi bamwe bibaza ko bakwiye “gukubita” abantu babo kugira bashobore gukora neza. Ariko, asangwa abo bantu babo buzuye Mpwemu Yera, bazoduga ku rugero rurerure rwo gukura. Ukugororoka ni igikorwa c’Imana cose gihera imbere mu muntu kikerekeza hanze.”*

UKURI #3

Akarorero Kacu ko Guhinduka Ni Yesu Kristo

Imbere y’uko nja mu bikorwa vy’umuhamagararo wanjye, nize kuba umuntu ahingura ibintu mu gucapa. Mu vyigwa vy’intango vy’ubugenegene, cane cane mu gusiga amarangi, umucuzi yigishwa

“gusiga ico abona”, bisobanurwa ko umucuzi yegeeranya ivyamwa (nk’akarorero), akavyihweza neza kugira ngo asobanure ishusho iba iri imbere yiwe. Aguma ahanze ijisho ku gicapu arābirakó akarorero; gutyo rero umuhinga mu gucapa yiga guhinyanyura amasanamu ku buryo ico kintu ariko aracapa gisa neza na kimwe ca mbere yarābīyekó.

Igihe Imana ihinduye ubuzima, iba ifise igicapu mu bwenge bwayo: Igicapu c’Umwana Wayo, Yesu Kristo. Mw’ikete rya kabiri ryandikiwe Abakorinto 3:18, Paulo avuga ko Umukristo aguma ahindurwa “mu gusa na Yesu”. Mw’ikete ryandikiwe Abaroma 8: 29 na hó, yaranditse ati, *“Kuko abo yamenye kera yabatoranirije kera gushushanywa n’ishusho y’Umwana wayo, kugira ngo abe imfura muri bene Se benshi.”* Kandi no mw’ikete ryandikiwe Abakolosayi 3:9-10, yaravuze ati, *“... kuko mwiya mbuye umuntu wa kera n’ibikorwa vyawe, mukambara umuntu musha, ahindurwa musha ngo agire ubwenge, amere nk’ishusho y’Iyamuremye.”*

Kuko Yesu yari umuntu ijana kw’ijana, ni we citegererezo c’abantu bose. “Adamu wa mbere” yarandujwe n’icaha, rero umuntu wese yamutse kuri we asangiye nawe igicapu c’icaha. Yesu ni “Adamu wo hanyuma” (1 Abakorinto 15: 45), Umwana w’Imana atagira agasembwa, ni akarorero k’ingene Imana igomba ko abantu bose bamera. Bukebuke, Mpwemu Yera aduha ivyiyumviro vya Kristo, umutima wa Kristo n’ubugingo bwa Kristo kugira ngo ntiduse n’umuntu wacu wa kera ariko ngo turushirize gusa n’Umukiza wacu.

Mu nkuru ya kera yerekeye “Bwiza na Nyamanswa”, umuganwa akiri muto yanse kugirira neza umutamakazi yasegerereza kw’irembo ryiwe aca aravumwa umuvumo w’ubukene, n’ukubaho afise ishusho runyamanswa kugeza agunduye urukundo ico ari co. Igihe kiriko kirahéra kugira akurweko umuvumo wiwe, ni ho yahura n’umukobwa mwiza cane yaba aho muri ico kibano, atangura kwereka wa muntu yari yahinduwe igikoko n’umuvumo urukundo ata na kimwe rushingiyeko hamwe no kucēmera uko cāsa, atitwāritse ingene iyo shusho yaco yaboneka. Biciye muri urwo rukundo rudahororokerwa rwa wa mwigeme, ya nyamaswa yahavuye isubizwa muri ya ndemanwa yayo ya mbere, isubira guhinduka wa muganwa w’āgahagarika (mwiza vy’igitangaza) yari yaravukiye kuba.

Umukristo yavukiye musu y’umuvumo w’icaha kandi yategerezwa kubaho ubuzima bubi, bw’inyamanswa, ari kure y’Imana. Biciye mu kimazi ciwe c’urukundo, Yesu yakuyeho umuvumo awishirako. Mpwemu Yera araduhindura akadusubiza ishusho yacu twahorana, mu kudahindura kuba ico twavukiye-ntitugume tumeze nka Adamu wa mbere, ariko tugahinduka nka Adamu wo hanyuma, icitegererezo c’uwo akaba ari Yesu Kristo ubwiwe.

Ukwo guhinyanyurwa ntikuzokwigera guherahezwa neza kugeza igihe tuzohagarara mu bwiza nyezina bwa Yesu. Intumwa Yohana yaravuze ku vyizigiro vy’amahirwe twiteganye igishika kuzobamwo mu majambo akurikira:

“Abo nkunda, none turi abana b’Imana, ariko uko tuzomera ntikurahishurwa; ico tuzi, ni uko Yesu ni yahishurwa tuzosa na we, kuko tuzomuraba uko ari. Kandi umuntu wese amuzigako ivyo, ariyeza, nk’uko uwo ari uwera” (1 Yohana 3:2-3).

Hisunzwe ivyo vyizigiro nyene, Paulo yiyumvira ku guhindurwa burundu kw’Imibiri yacu muri aya majambo:

“Tweho iwacu ni mw’ijuru, ni ho twiteze Umukiza ko azova, ni we Mwami Yesu Kristo, azohindura imibiri y’ubufafara bwacu, ishushanywe n’umubiri w’ubwiza bwiwe, nk’uko afise ubushobozi bumubashisha kwigandurira vyose.” (Abafilipi 3:20-21)

UKURI #4

Intumbero yo guhinduka kwacu ni uguhesha Imana icubahiro.

Kugira ngo dutahure ukuri ngenderwako kwa nyuma, dutegerezwa kwibuka *impamvu ya mbere* Imana yaremeye umuntu. Imaze kurema isi, Imana yahisemwo kurema ikiremwa-muntu “mw’ishusho yayo”. Bisobanurwa yuko abantu baremwe n’Imana kugira ngo berekane icubahiro c’Imana. Imana ntiyari ikeneye abantu. Ntiyari ifise irūngu. Ariko, yahisemwo kuturema kugira ngo nk’abantu tumenyekekanishe – biciye mu migenderanire, mu

bigumbagumba, mu bwenge, mw'ishaka, mu bisigabwênge hamwe no mu nyifato – akazatsa canke agace gato k'ico Imana iri. Twaremwe kubwo icubahiro *cayo* (Yesaya 43: 7).

Muri ubwo buryo nyene, vyongeye *twaremwe ukundi gusha* kubwo icubahiro *cayo*.

Igihe Adamu yacumura, ubwiza bw'Imana mu muntu bwaciye butosekara. Abantu ntibabaye bagishobora guserura ubwiza, ububasha, urukundo, umwidegemvyo, ubumwe, n'ukugororoka vy'Umuremyi wabo mu buryo nziragatosi nk'uko vyategerezwa kumera. Icaha caratwikiriye ukwerekana ubwiza bw'Imana kwacu. Ariko, muri Yesu Kristo, “*ivya kera vyarahise, vyose vyacitse bisha*” (2 Abakorinto 5:17). Umukristo yakuwe mu mwiza yinjizwa mu muco w'Imana kugira ngo “*akwize ishimwe ryayo*” (1 Petero 2:9). Abo Imana yamenye kera “*yabatoranirije kera gushushanywa n'ishusho y'Umwana wacyi*”, kugira ngo abe imfura muri bene Se benshi (Abaroma 8:29). Twatoranijwe imbere y'uko amatanguriro y'isi ashirwaho kandi twakirwa nk'abana b'Imana “*kugira ngo dukwiragize amashimwe y'ubuntu bwayo bwinshi*” (Abanyefeso 1:4-6). Nk'abantu bahinguwe, ubuzima bwacu burashobora guhimbaza Imana kandi.

Ivyo bisobanurwa ko uguhinduka kwacu gucika ubwiza bwacu. Uko dutera duhinduka, ni ko dutera duhimbaza Imana. Igihimba cose kiri kuri twebwe kirahinduka gisha kubwo Uwaduhinduye no gushobora kumuhesha icubahiro, atari kubwacu.

Umwana wanjye Pearson yarantumiye ngo nje kuraba inkino zitwa hockey zikinwa mu rwego karuhariwe bari bakinye n'umugwi akunda. Ndambara imapantalo ikomeye n'agapira bijanye, ariko we yambaye impuzu bambara mu gihe bakina Hoki n'ikimenyetso c'umugwi. Tumaze gushika mu kibanza izo nkino zaberamwo, vyaraboneka yuko ndi mu nkehwa. Nk'umugenzo, abashigikira iyo migwi bari bambaye amashati y'icatsi kibisi n'ayera, ibipurizo bijanye n'umugwi umuntu akunda, amakoti hamwe n'ivyibutso bimeze nk'amashesheti bambara mu ntoki bikoze mu midó. Bari bambaye impuzu zifise amarangi y'abakinyi, berekana ko bashigikiye umugwi kandi, igihe nari aho hanyu, nabonye igugú ry'abantu bambaye impuzu zisa n'icatsi kibisi n'imipira yera ; bigatuma ahubwo *umugwi* ari wo usa neza, aho kuba abarorerizi.

Bibiliya ivuga ko Abakristo “bambaye Yesu Kristo ” (Ab'i

Galatiya 13:14). Twambaye amabara y’Umukiza wacu. Kandi, nk’uko ubugingo bwacu buhinduka kugira ngo duse na We, ishusho yacu si twebwe ihesha icubahiro, ariko ni We ihesha icubahiro. Umupasitori w’Umunyamerika John Piper yanditse ati, “uko dusa n’ishusho ya Kristo, aca aba ihuriro ry’ibintu vyose.” Yesu muri twebwe atuma Kristo aba mwiza.

Twahinduwe Kubwo Intumbero Idasanze

Kubera ko Imana ifise ishaka ryo guhindura ubugingo bwacu, ni vyo bica biba intumbero Ishengero. Ishengero ntiriri mu rudandazwa rw’idini, ariko riri mu rugendo rwo *guhîngûrwa*. Mu gihe twiyumvira ku nzira yo mu buryo bw’impwemu, iyi ntambuko ya kabiri, aho Umukristo AHINDUKA cane akarushiriza kumera nka Yesu, ifise imero zibiri ngirakamaro umupasitori akwiye gutahura: ihinduka giturumbuka, ritandukanye n’ihinduka umuntu agiramwo uruhara.

Uguhinduka Giturumbuka

Abakristo benshi barashimishwa n’uguhinduka giturumbuka kw’ubuzima. Iri ni ihinduka riba “mu rugendo”. Si ibintu umuntu agiramwo uruhara, ariko ni ibintu bishika nk’impanuka, ni ko umuntu yobivuga. Bimeze nk’ugusoma igitabu mu kibanza banyweramwo ikawa amasaha menshi. Igihe usohotse, ugaca usanga impuzu zawe zisigaye zirimwo akamato k’ikawa. Ntuba *wagerageje* kurondera akamato k’ikawa; ariko ni ingaruka yo kwicara umwanya muremure muri ico kibanza banyweramwo ikawa.

Ifatirwakó rimeze gutya: umwanya + gukora ikintu kenshi+ kwîgâna abandi = uguhinduka akenshi kuba impamo mw’Ishengero. Uko abantu bamara Umwanya muremure mw’Ishengero, ni ko bîsânga bariko bararushiriza guhinduka. Uko bamara umwanya muremure bafatanyaga n’abandi mu myimenyerezo y’impwemu, ni ko bagenda bahinduka kurushiriza. Vyongeye, kenshi babana bakomeye mu kwizera (insiguro z’ubushobozi, abagenzi b’impwemu, impanuro zifasha), ni ko na bo barushiriza guhinduka. Intumwa za Yesu zarahindutse mu buryo butangaje kuko zari kumwe na Yesu mu kiringo c’imyaka itatu, kandi ku musu ku musu bicara bumva inyigisho ziwe, vyongeye bagahindurwa n’imigenzo, ukuri n’ibitangaza vyawe. Mu nyuma, abakuru b’idini bari bazi ko Petero

na Yohana “batize, ari abarovyi basanzwe” ariko bamenya neza ko bari “barabanye na Yesu” (Ivyakozwe n’Intumwa 4:13). Ukubana na Yesu gusa kwarabazaniye uguhinduka.

Mu gihe turiko turakora igikorwa c’Imana, dukwiye kwritega ko abantu bahinduka buhoro buhoro. Dushobora kutamenya na rimwe *ingene* umuntu ahinduka canke *urugezo ageze*ko mu guhinduka, ariko twari dukwiye kugira umwete wo kubaha ikibanza ukwo guhinduka kuberamwo.

Ivyo bisobanurwa kandi ko Umupasitori ategerezwa kumenya ko uguhinduka intumwa kuriko kuraba kandi ko abantu bariko barihweza bongera biga. Nk’uko umwana yigana imvugo canke ivyiyumviro vy’abavyeyi biwe- ari vyiza canke bibi-uko ni ko abanyeshengero bazofatira icitegererezo c’ubuzima bwabo bw’impwemu ku barongozi babo. Bazokwiga ingene bakwiye gusubiza hamwe mu kuraba ingene abapasitori babo basanasana imigenderanire yatosekaye. Bazokwiga uguca bugufi bitegereje ingene abungere babo bavyerekanira mu burongōzi bukorera abandi. Bazokwiga ingene bakwiye gufata abatarizera mu kwritegereza ingene abapasitori babo bitwaririka abagize ikibano batari mw’Ishengero. Bazotahura ingene bakwiye gufata abo bubakanye mu kuraba ingene umupasitori afata rwiwe. Abakristo benshi ntibazomenya ko bariko bariga mu gutumbereza ingeso zabo bakuye icitegererezo ku burongozi bw’Ishengero ariko ni uko biba biriko biragenda.

Ingorane y’uguhinduka kw’ubuzima giturumbuka, ni uko kutavamwo uguhinduka kw’ubuzima Imana igombera ubugingo bwacu. Umuntu aja gusenga kenshi cane ku musu w’Imana, atanga ishikanwa kandi aja mu vyigwa vya Bibiliya azokura cane gusumba umuntu ata kintu na kimwe akora muri ivyo tuvuze. Ariko rero, uguhinduka kuba muri bo ni ukwo twokwita ihinduka mbungabungabuzima, hisunzwe ikigereranyo c’ukubungabunga inzu mu ntumbero imwe y’ugutuma iyo nzu ishobora kumera neza bisanzwe ku buryo abantu bashobora kuyibamwo, kuruta ugusanura n’uguhinyanyura inzu mu buryo bushasha rwose bwotuma ihinduka urugo ruteye igomwe.

Mu gihe uguhinduka giturumbuka kuza bukebuke kandi ata wokwirengagiza ko gukenewe, si kwo guhinduka gukomeye Imana yipfuza ku buzima bwacu.

Uguhinduka Umuntu Abigabiye


Naho Abakristo benshi banezerezwa n’uguhinduka kuza bukebuke canke ubuzima buhinduka “giturumbuka”, Imana iragomba ko tuyironderana umutima wacu wose. Ukugomba kwayo ni uko tugororoka (2 Abatesalonike 4:3) kandi ko tutabandanya twishushanya n’isi ariko yuko duhinduka rwose tugize ivyiyumviro bisha (Abaroma 12:1-2). Ivyo si ibintu bishika giturumbuka canke ata co umuntu yakoze, ariko ni ingaruka y’ukwezwa kwiyumviriweko, umuntu yahisemwo, kwarondewe n’umwete wose n’abantu b’Imana. Uwo ni wo mutwe w’amajambo tuza kwihweza mu buryo bwagutse mu kigabane gikurikira.

NONE HOKORWA IKI?

Umuhinga wo kubaza ibishushanyo Michelangelo Buonarroti wo mu gihe ca Renaissance bamubajijwe igituma akoresha inguvu nyinshi cane mu guhindukiza hiraya no hino ikimanyu c’ibuye ariko arariringaniza, na we arishura ati “Nabonye umumarayika yugaraniwe muri rino buye, ndaheza ndarisarura nongera ndarikorogoshora kugeza mbonye ko ndamukuye muri ryo akidegemvya.” Iki kigabane cari cerekeye ingene Imana ikora cane kugira Abakristo bashikire ihinduka ryuzuye. Kuva igihe twahura n’Imana, Imana yarahinduye inkomezi zacu, akaranga kacu, ububasha bwacu, umwidemvyo hamwe n’amaherezo yacu. Ariko, Imana igomba ko ihinduka ryacu ryo muri kahise rigira ico rikoze kuri kubu. Umupasitori ntiyari akwiye kwitega ibiri muni y’ivyo ku bantu arōngōye. Igikorwa c’Imana nta co kimaze igihe abantu badahindurwa na Mpwemu Yera. Ivyo bintu twiteze birakarisha ingene tuvuga ubutumwa, biraduha ivyizigiro iyo duhanura abantu, kandi bikatwereka inzira igihe turiko turigisha abandi kuba intumwa. Kandi, kubera Mpwemu Yera ari umukozi ashitsa iryo hinduka, Umupasitori aca akora ata bwoba afise kandi adatsindwa.

SHIKA KU NTAMBUKO IKURIKIRA

1. Ni mu buryo ubuhe Imana yahinduye ubugingo bwawe kuva ku musu wizera Yesu ? Ni ibintu ibihe vyagize “urugendo rwawe rwo guhinduka”?
2. Hariho ibintu vyinshi “vyemeza” igikorwa ca Mpwemu Yera co kweza. (urupapuro 132-134). Suzuma ko kimwe kimwe muri ivyo kiboneka mu buzima bwawe. Ni ibihe biboneka ku buzima bwawe? Vyongeye ni ibihe bitaboneka ku buzima bwawe? Kubera iki?
3. Akenshi, Abakristo barasabwa guhinduka, ariko ugasanga Yesu atari we citegererezo canke atari we ntumbero. Mbega ibindi vyitegererezo Abakristo bagomba kwishushanyako bitari ivy’ukuri ni ibihe ?
4. Mbega ni gute ubugingo bw’umuntu ahinduwe buhesha Imana icubahiro?
5. Ni ikihe kintu c’ingirakamaro gusumba ibindi vyose wize muri kino kigabane?



GUHINDUKA: UGUHÎNGÛRWA (IKIGABANE CA 2)

*Ntimushushanywe n'ivy'iki gihe, yamara
muhinduke rwose, mugize imitima misha ...*

Abaroma 12:2

Haciye igihe gitoya njabutse igice c'ikinjana, ikimenyetso c'imyaka 50. Nsubiye inyuma nkihweza ubuzima bwanje, sinibuka igihe natanguye “gusaza” canke igihe “nakura”. Ico nshatse kuvuga ni uko nibuka igihe nari mfise imyaka 10 y'amavuka, nkina agakino ko kwiba no kwinyegezanya n'abagenzi banje muri Georgia. Kandi ndibuka ko abavyeyi banje bimukiye i Texas igihe nari mfise imyaka 11. Ndibuka nicaye mu mwaka wa mbere wa kaminuza mfise imyaka 25 kandi nkakira urupapuro rwanje rw'umutsindo maze hafi imyaka itatu ndiko negereza imyaka 27. Ariko, sinibuka ingene navuye ku myaka 10 nkaja kuri 11 canke umwanya wo kuva ku myaka 25-27. Nariko ndakura ariko ntavyo nabona.

Turashobora kuvuga ko nakuze giturumbuka, mu myaka 50

KUBA INYEG	GUHINDUKA	KURENGANA IMBIBE
YA YESU	UGUHINDUKA GITURUMBUKA	M'ISHENGERO RWAJE
MU KIBANO		MU KIBANO
Y'ISHENGERO	UGUHINDUKA KWIYUMVIRIWE	MW'ISI MBAYEMWO

iheze. Sinashoboye kumenya urugendo rwanje ryo gukura ingene rwagenda. Nta kigoro nashizemwo kugira mbe muremure, ako ni akarorero, kandi sinamenye igihe kanaka ivyo vyariko biraba. Ariko, rero mpindukije amaso inyuma, ndashobora kubona urwo rugendo.

Mu kigabane giheze, twarabiye hamwe ibintu vyerekana ihinduka giturumbuka ry'ubuzima Umukristo acamwo. Ariko intumbero y'Imana kuri twebwe, ni uguhindukiza amaso inyuma n'ukuraba ugukura kwacu, ari na kwo kugira uruhara mu gukura kwacu.

Dutegerezwa *kugira imigabo* gushika kure mu gukura mu nzira yo mu buryo bw'impwemu.

Yesu yabwiye abigishwa biwe ati, *“Umuntu ni yagomba kunkurikira, ni yiyanke, yikorere umusaraba wiwe, ankurikire.”* (Matayo 16:24). “umwigishwa” ni umuntu yiga, umunyeshure canke umuntu arābira akarorero ku wundi mu kwiga. Ni umuntu agendera inyuma “y'umwigisha”. Nta muntu ahinduka umwigishwa wa Yesu nk'isāngānya canke mu buryo bw'igihāmāna; nk'uko ata muntu acika umurimyi, umuganga canke intwazangabo mu rwego rwo gucungera umutekano giturumbuka. Duhitamwo gukurikira Yesu twāvvyiyumviriye, bisobanurwa ko “kwiya” no “kwikorera umusaraba wacu” ari ingingo twama twafashe ku musi ku musi, tugaca “tumukurikira”.

Ivyo ni vyo Paulo abwira Abakristo b'i Filipi. Iyo ntumwa yari yagendeye iryo shengero mu rugendo rwiye rwa kabiri rw'ivugabutumwa njabukamazi. Igihe yari aho hantu, yarasiguye Ubutumwa Bwiza, arabatiza abizeye, arigisha abarongozu kandi ashingira Ishengero. Paulo yarahagumye igihe gito afasha Abakristo bashasha bari bagitungura kwizera, abigisha ivyo bakwiye kwizera n'ingene bakwiye kubaho. Aho nyene, Paulo yaciye abandanya urugendo rundi rushasha rw'ivugabutumwa mu zindi ntara, asiga iryo shengero ry'aho hantu kugira ngo abari barigize bafate ibikorwa mu minwe bashobore gukura.

Ivyo binyibutsa urugendo rwanje rwo mu buryo bw'impwemu igihe nari muri Kaminuza. Hasigaye ukwezi kumwe ngo ndonke urupapuro rw'umutsindo ku rwego rw'amashuri yisumbuye, ni ho nizera Yesu. Ninjiye muri Kaminuza ndi Umukristo yahindutse icaremwe gisha. Ubwo nyene naciye ngira abagenzi, imigwi yo muri kaminuza, Ishengero n'ivyigwa vya Bibiliya vyamfashije gukura cane

mu myaka ine yakurikiye. Naciye nifatanya kandi n’uwundi mugwi w’abantu 20 b’abagenzi aho muri kaminuza duca dutanguza ihuriro rishasha ry’Abakristo rishingiye ku buvukanyi hamwe no ku bumwe. Umurima wo mu mutima wanje waramera, kandi imishinge itandukanye yo gutazira Imana, imigwi y’amasengesho, ibiganiro bijanye n’ivyigwa ndôndamâna, inyigisho nkarishabwenge, ingendo z’ivugabutumwa rirengana imbibe, n’ibakwe nagiriwe kenshi ryo kuba mu burongozi, ivyo vyose vyarubatse umushinge ukomeye w’ubuzima bwanje Rukristo. Mu nyuma

y’aho, nararonse urupapuro rw’umutsindo rwa Kaminuza.

Nagumye muri ico gisagara aho nize kaminuza, ariko benshi mu bagenzi banje baciye baja kure yanje. Sinari nkiri muri wa muryango munini. Umusi wanje ntiwari ucuzuye ibiganiro ry’Imana. Nakora imisi itanu kandi nkaba mfise n’ibintu ntegerezwa kuriha. Yari nk’isi nshasha, aho vyansaba ko mfata ingingo ku giti canje mu bijanye n’ugukura kwanje kwo mu buryo bw’impwemu.

Muri ico gihe naciye mfata mu bwenge 1 Petero 3:15, *“Muhore mwiteguye kwishura umuntu wese ababajije inyanduruko y’ivyizigiro biri muri mwebwe, ariko muri n’ubugwaneza, mutinya.”* Uwo murongo usanzwe wanyibukije ko nkwiye kubaho ntsimbataye mu vyizigiro vyanje kandi ndabihararira, ariko imbere yuko ivyo biba, nategerezwa kugira ivyizigiro vyanje ku giti canje. Nategerezwa guhinduka nkamera nk’ivyizigiro nătura ko nari mfise bikaba ivyanje bwite, atari ivyizigiro vy’abavyeyi banje, Ishengero ryanje, abagenzi banje, canke imigwi narimwo. Muri make, nategerezwa gufata nkâma ukwizera kwanje.

Rero, kuko Paulo yaretse ab’i Filipi, baciye baronka akaryo. Nk’uko abana bategerezwa gucûka kw’ibere ry’abavyeyi babo hanyuma bagatangura kwigaburira, wari umwanya bari bahawe wo kutabaho mu kwizera kwa Paulo, ariko wo kubaho mu kwizera kwabo ubwabo. Hamwe n’ivy, Paulo yanditse ati:

Nuko rero abo nkunda, nk’uko mwamye muganduka abe ariko mushitsa agakiza kanyu, mutiya muhinda agashitsi, yamara si iyo ndiho gusa, ariko n’ubu nyene naho ntari iyo, ni murushirize. Kuko Imana ari yo ikorera mu mitima yanyu, ikabaha gukunda no gukora ibiyihimbata. (Abafilipi 2:12).

Uwu murongo ushira ku mugaragaro ivya ngenderwako bitatu vyo kwibuka ku bijanye n'ihinduka ry'ubuzima umuntu ashira mwo akigoro.

1

Turashitsa Agakiza. Ntaco Dukora kugira ngo Tukaronke Agakiza

Aka ni akarorero kamwe muri bwinshi aho amajambo akwiye kwitwarikwa igihe cose dusoma Bibiliya. Ibihugu bibiri biragiriranira amasezerano. Amasezerano yamaze gusinywa, umwe wese aca akora mu ruhande rwiwe mu kurāngūra ivyo yemeye gukora hisunzwe ya masezerano. Nk'uko nyene, umugabo n'umugore barasezerana berekeza (kugira ngo bashobore gushika) ku masezerano yo kubana, hanyuma bagaca bamara ubuzima bwabo bwose bariko bakora ibishoboka kugira babane, bakundane, umusi ku musi.

Ariko rero, uwo murongo nturiko uravuga ko hari ico umuntu ategerezwa gukora mu buryo na bumwe kugira aronke agakiza. Ata kuboboteza, Bibiliya iranka akigoro k'umwana w'umuntu mu bijanye no kurondera ubuntu bw'Imana. Paulo yanditse ati *"Ubuntu nibwo bwabakijije kubwo ukwizera: navyo nyene ntivyavuye kuri mwebwe, ni ingabire y'Imana- ntivyavuye ku bikorwa, kugira ngo hoye kugira uwirāra."* (Abanyefeso 2: 8). Mw'ikete rya kabiri yandikiye Timoteyo 1:9, Paulo yongeye kwandika ati *"Yadukijije, ikaduhamagarisha umuhamagaro wera, udatewe n'ibikorwa vyacu, ariko utewe n'uko yabigabiye ubwayo, kandi utewe n'ubuntu bwayo, twaherewe muri Kristo Yesu ibihe vyose bitaraba."* Agakiza ntikigeze kaba igikorwa c'umwana w'umuntu na mba.

Ariko rero, mu gihe bamaze gukizwa, Abakristo barashitsa, canke baratsimbataza ibintu bimwe bimwe mu buzima bwabo mu gukorana n'Imana. Iyi mvugo "gushitsa" risobanurwa "kwāmurwako canke kwimbura". Umwanditsi atisunga Bibiliya wo mu kinjana ca mbere yakoresheje iri jambo ry'Ikigiriki agomba kuvuga kwimba canke gucukura ifeza. Dufatiye kuri ako karorero, Paulo asaba Abakristo "kwimba canke gucukura agakiza". Rondera ubutunzi bwose ukwiye kwunguka mu buzima bwawe muri Yesu.

2

Ugushitsa Kwacu Gutangurwa n'Imana Ikorera muri Twebwe

Paulo adusaba “gushitsa agakiza kacu, dutiya duhinda agashitsi,” kandi agaca yongera ati “ Ni Imana ikorera muri mwebwe...” Dukora kubera Imana ari Yo itangura gukora ubwa mbere. Mu kigabane giheruka, twavuze ku vyereke Mpwemu Yera, ko ari we mukozi akora kugira ngo ubugingo bwacu buhinduke. Twamaze kwizera ko Mpwemu Yera aba mu mukristo kandi akipfuzza guhindura Umukristo imisi yose. Twisunze Isezerano Risha, Uhoraho yahaye isezerano abantu biwe mu majambo akurikira:

Kuko nzôbakûra mu mahanga, mbakoranirize hamwe ndâbakûye mu bihugu vyose, mbajane mu gihugu canyu bwite. Kandi nzobamijako amazi meza, mushire imviro: nzoboza imyanda yanyu yose, n'ibigirwamana vyanyu vyose. Kandi nzobaha umutima musha, mbashiremwo impwemu nsha; nzôkûra umutima ukomeye nk'ibuye mu mibiri yanyu, mbahe umutima woroshe nk'inyama. Kandi nzobashiramwo Mpwemu wanjye, ndabagendeshereze mu vyagezwe vyanjye, namwe muzokwitondera amabwirizwa yanjye, muyashitse. (Ezekiyeli 36:24-27)

Igihe Imana iduhaye umutima mushasha n'imibiri mishasha nk'abantu bayo, ica iduha na Mpwemu wayo adushoboza kwitondera amabwirizwa y'Imana. Icibonekeza muri ivyo vyose ni uko ata muntu n'umwe ashobora kwifasha gukura mu buryo bw'impwemu. Intambuko yose mu gukura ishoboka kubera Imana iba iri ku gikorwa mu muntu yizera kandi ikaba ikwiye icubahiro kubwo ivyo iba iriko irakora.

3

*Uguhinduka kwacu gusaba ukuvyâkîra
kwacu hamwe n'umwitwarariko*

Ivyo biri mw'itegeko riboneka muri uno murongo. Mu gihe Paulo atahari, Abakristo basabwa gufata igikorwa co gukura kwabo mu mpwemu nk'icabo. Ikibazo si ukumenya asangwa Imana izokora

uruhande rwayo, mu gufasha Abakristo gutahura ukuri, kubereka inzira yo kugororoka, kubaha inkomezi zo gukora ivyo Imana ibasaba, gutuma bashobora gutinya icaha mu buzima bwabo, kubarongorera ku kwihana, no kubafasha guha icubahira Imana mu vyo bakora vyose (1 Abakorinto 10:31). Ikibazo kiri ku mukristo wese ngo asuzume ko yiteguriye gukorana n’Imana mu gikorwa cayo.

Igihe nari muri Kaminuza, narize icigwa c’uburyo gipastori bwo kugira inama abantu, ndiga ingene ufasha umuntu agashobora kuronka umwidgegemvyo mu ngorane ziwe. Igihe ico cigwa cariko gishimikira cane cane mu bijanye n’ivyiyumviro vyerekeye ingeso z’abantu, umwigisha wacu yaduhaye igipimo coroshe cane gisuzuma ko umuntu ashobora gufashwa muri ivyo bihe vy’impanuro. Yaduhaye ibibazo bitatu:

- Urazi ingorane iyo ari yo?
- Uripfuza guhinduka?
- Wumva Ushobora gukora ibishoboka vyose bisabwa kugira ngo uhinduke?

Ivyo n’ibibazo bitomoye. Nta gukekeranya, imisi yose abantu barahura n’ingorane, ariko badashobora gutahura ingorane nyakuri iyo ari yo (ikibazo 1). Narahanuye umugabo umwe yari ananiwe n’ukuba inyakamwe ariko ntiyari azi ko yavugana n’abantu mu buryo bwatuma batisanzura mu kumuvugisha. Uwundi muntu nawe yagomba ko bamufasha kugenzura no guhwāmika ishavu ryiwe, ariko ntiyatahura ko umuzi nyakuri w’ingorane yiwe ari uko wêwé yipfuza ko vyose ari we abigānza. Abantu benshi baranezerezwa no “kumenya” ingorane zabo.

Ikibazo ca mbere ni ico kurondera kumenya amakuru. Ariko ikibazo ca kabiri kirondera kumenya ivyipfuzo vyawe: ni igiki ugomba? Abantu bamwe barazi ivyo bagomba kugora, ariko mu vyukuri ntibagomba kubikora. Nta gihe kinini kihaciye, nabajije umuntu afise ingorane y’ibiyovyambwenge ko atahura ko ukubinywa kwiwe kuriko kuronona imigenderanire yiwe, umutekano w’akazi kiwe, hamwe n’amagara yiwe. Yari abizi. Ariko hageze igihe ndamubaza ko agomba guhinduka, wêwé yahisemwo kubandanya anywa. Abakristo bamwe baracagomba gukora icaha

gusumba kubaho mu buzima bw'ubugororotsi. Kandi, ntibazokwigera bidegemvya ku caha kugeza ivyipfuzo vyabo bihindutse.

Ikibazo ca 3 gifise akamaro kanini cane. Abantu bamaze kumenya ingorane zabo no kwipfuzza guhinduka, bategerezwa gufata ingingo yo kugira ico bakoze muri urwo rugendo rw'ihinduka ryabo. Naho ukwezwazwa ari igikorwa ca Mpwemu w'Imana, birasabwazwa ko umuntu avyemera kandi akagira ico abikoze. Mw'ikete rya mbere ryandikiwe Abakorinto 15:10, Paulo yanditse ati: *"Ariko ubuntu bw'Imana ni bwo bwatumye mba uko ndi, kandi ubuntu bwayo nagiriwe ntibwabaye ubwo ubusa, ariko natamye kurusha bese; ariko si jewe yamara ni ubuntu bw'Imana bwari kumwe nanje."* Ubuntu bw'Imana Paulo yahawe, "ntibwapfuye ubusa". Ni ukuvuga, ko ubuntu bw'Imana bwari ku "gikorwa" bukaburira Paulo gukora cane.

Hari imirongo myinshi muri Bibiliya itanga umuco ku vyerekeye igikorwa c'Abakristo c'ugufashanya kugira habeho uguhinduka kugizwemwo uruhara.

Ntimushushanywe n'ivy'iki gihe, yamara muhinduke rwose, mugize imitima misha/ [muhindutse bashasha mu bwenge bwanyu].
Abaroma 12:2

Nkiri umwana mutoya, navuga rwana, niyumvira rwana, nibwira rwana. Maze gukura, mva muvya ubwana. (1 Abakorinto 13:10)

Ndavugaga nti Ni mugendeshwe na Mpwemu, niho mutazoshitsa ivyo akameremere kanyu kipfuzza (Abagalatiya 5:16)

...Kubabwira kuvya ingeso zanyu za kera ngo mwiwambure wa muntu wa kera, abozwa n'ukwipfuzza kw'uruhendo; mugahinduka basha mu mpwemu y'ubwenge bwanyu, mukambara wa muntu musha, yaremewe mw'ishusho y'Imana mu kugororoka no mu kwera kw'ukuri. (Abanyefeso 4:22-24)

Kugira ngo mugende nk'uko bibereye abera abo Umwami wacu, mumunzereza muri vyose, mwama imbuto mu bikorwa vyiza vyose, mugwizwa no kumenya Imana, mushobozwa n'ubushobozi bwose, nk'uko inkomezi z'ubwiza bwayo ziri, ngo mwihangane rwose, ntimurambirwe, mubigiranye umunezero. Mushime Data wa twese

yabashoboje kuraganwa n'abera umwandu wo mu muco; yadukijije ububasha bw'umwiza, atwimurira mu bwami bw'Umwana wiwe akunda. (Abakolosayi 1:10-13)

Nuko nk'uko mwakiriye Kristo Yesu Umwami wacu, abe ari ko mugendera muri we, mushinze imizi muri we, mwubakwa muri we, mushikamijwe n'ukwizera nk'uko mwigishijwe, murushiriza gushima. Mwirinde, ntihagire ubagira inyagano, abanyagishije ubwenge bw'abantu ar'ibihendo vy'ubusa, bikurikira akaronda k'imigenzo y'abantu, bikurikira ivya mbere vyo mw'isi, bidakurikira Kristo. (Abakolosayi 2:6-8)

Ariko imigani ihumanya n'iyi abakecuru ntuyemere. Wimenyereze kwubaha Imana; kuko kwimenyereza kw'umubiri kugira ikimazi kuri bike, ariko kwubaha Imana kugira ikimazi kuri vyose, kuko kuzana isezerano ry'ubugingo bwa none n'ubuzoza. (1Timoteyo 4:7-8)

Naho mwari mugeze kuba abigisha, kuko mumaze igihe kirekire mwiga, mukwiye kwongera kwigishwa namwe nyene ivya mbere vy'itanguriro ry'ivyavuzwe n'Imana: kandi mwahindutse abakwiye gutungwa n'amata, si ukugaburirwa ivyo kurya bigumye. Nuko uwutânze n'amata aba ataramenya ijamba ry'ukugororoka, kuko aba ari uruhinja. Ariko, ivyo kurya bigumye ni ivyo abakuze, bafise ubwenge, maze kubwo kwama babukoresha, bumogorera gutandukanya ikibi n'iciza. (Abaheburayo 5: 12-14)

Nuko natwe, ko dukikujwe n'igipfungu c'ivyabona kingana gityo, twiyambure ibitûremêra vyose, n'icaha gikunda kutwizingirako vuba, dusiganirwe ivyo twashizwe imbere twihanganye, dutumbereye Yesu wenyene, ni we nyanduruko yo kwizera kandi ni we yagusozerereye; uwo, kubwo umunezero yashizwe imbere, yihanganiye umusaraba, ntiyagira ikindi isoni zawo, avyagira i buryo bw'intebe y'Imana. Nuko mushire imitima yanyu kuri uyo yihanganiye ibihâri bihambaye bityo abanyavyaha bâmuhâririje, ntimucobogore, ntimudedebukirwe mu mitima yanyu. (Abaheburayo 12:1-3)

Mumere nk'abana bagamburuka, ntimwishushanye n'ukwipfuzwa kwanyu kwa kera kwo mu gihe c'ukutamenya kwanyu. Ariko nk'uko Iyabahamagaye ari Iyera, namwe abe ari ko muba abera mu ngeso

zanyu zose. Kuko vyanditswe ngo “Mube abera, kuko nanje ndi Uwera.
(1 Petero 1:14-160


Mbere kubwo iyo nyanduruko nyene, ubwanyu mushiruke umwete wose; ukwizera kwanyu mukwongereko ingeso nziza; ingeso nziza muzongereko ubwenge; ubwenge mubwongereko kwirinda; ukwirinda mukwongereko kwihangana; ukwihangana mukwongereko kwubaha Imana; ukwubaha Imana mukwongereko gukunda bene Data; ugukunda bene Data mukwongereko urukundo ... mukwiye kurushiriza kugira umwete wo gukomeza ihamagarwa ryanyu, bo n’ugutoranywa.
(2 Petero 1:5-7,10)

None mweho, abo nkunda, kuko musanzwe muzi ivyoye, mwirinde ngo ntumutwarwe n’ubuzimire bw’abatirinda, mugata ugushikama kwanyu. Ariko mukurire mu buntu bwa Yesu Kristo Umwami wacu n’Umukiza, no mu kumumenya. Icubahiro kibe iciwe ubu no gushitsa umusi utagira iherezo. Amen. (2 Petero 3:17-18)

Itegeko ryose ni inkábuzo. Abantu ntibashobora kurindira guhinduka mu kugenda gusenga kwonyene. Intumbero y’Imana ntiyigeze iba iyo uko twoba abihanye, ariko ni uko tuba intumwa/abigishwa – abigira kuri Yesu agomba ko dukurira muri We mu buzima bwacu.

Ibitegerezwa Guhinduka

Imbere y’uko tuja ku nteguro idasanzwe yo guhindura abantu abigishwa mu kigabane ca 10, ni ngirakamaro kuraba ingero zitandukanye z’ubuzima bw’umuntu n’ingene ihinduka riba. Mu mwaka w’1955, Abahinga b’Abanyamerika mu vyerekeye inyifato z’abantu, Joseph Luftna na Harrington Ingham, bārashúshāniye igicapu cerekeye ukumenya ingene abantu bibungabunga ubwabo hamwe n’ingene bagiriranira imigenderanire n’abandi. Mu gihe ubwo buryo bwakoreshwa cane mu buvuzi hamwe no mu burongozi bw’amashirahamwe akomeye, ubwo bumenyi ni ngirakamaro cane ku barongozi b’Ishengero bokwipfuzwa gufasha abantu babo gukura. Ico gicapu citwa “Idírishá rya Johari” nk’uko benshi bacita, gifise “ibibanza” bine:



Umuntu yihweje igicapu kinini citwa Idirisha rya Johari, arashobora kubona abantu babiri bari mu migenderanire umwe ku wundi. “Inyubakwa” igizwe n’ico gicapu yerekana ubuzima bw’umunyeshure. Hari ibice bimwe vy’ubuzima bw’umunyeshure bibonwa n’umunyeshure hamwe n’umurongozi, bomp bakabibonera rimwe (A). Ibindi bice bibonwa n’umunyeshure gusa, canke n’umwigisha gusa (B,C). Hariho rero n’igice kimwe kidashoka kibonwa ako kanya n’umunyeshure, vyongeye ntigishoke kibonwa n’umwigisha ako kanya (D). Kimwe cose muri ivyo bice turaja kukivugako, hatangwe n’imyimenyerezo migufi-migufi igenewe umurōngōzi mu vyerekeye ubwigishwa.

IGICAPU RUSANGI (A)

“Igicapu rusangi c’umuntu” ni igicapu abantu baserura kugira ngo kibe ari co abandi babona. Umuntu wese arazi neza uko agomba ko abantu bamubona muri rusangi. Mu bisanzwe, abantu benshi bashira inguvu cane mu guhinyanyura, gukingira, n’ukwamamaza ishusho kânāká bagomba ko abandi bantu babona.

Rimwe na rimwe, tuvuga ko ishusho igaragarira bose y’umuntu

yerekana ibimubonekako hanze, yogereranywa n’ “uruhande rw’inyubakwa” ruboneka gusumba izindi mpande, ni ishusho ibereye y’imbere canke iri ahabona, kandi yama iriko irasigiririzwa kugira ngo inyegeze ukuri nyakwo ariko kutanezereye. Umudandaza arashobora kuba asa n’umuntu atangana umunezero mu kibano ciwe, ariko mu vy’ukuri akaba afata abakozi biwe nabi, atabavugisha neza kandi ata n’agateka abaha nk’abakozi. Umuyabaga ashobora kuba yiyerekana nk’umwizigirwa kandi nk’umunyamwete, ariko anyégeje ubwoba hamwe n’ukutigumya. Ingaruka y’ivyo ni uko naho ishusho yacu rusangi ari yo ibonwa n’abantu, mu vy’ukuri atari yo yerekana neza ico turi.

Ugutahura ishusho rusangi y’umuntu ni nkenerwa cane ku burongozi bw’Ishengero ryo mu kibano. Imana yarungitse Samweli kurobanuza amavuga umwami yari agiye gukurikira mu kurōngōra Abisirayeli, hanyuma umuvugishwa aca yiyumvamwo umuhungu mukuru wa Isayi, ariko Imana iramugabisha iti, *“Nta co urābā ishusho yiwe canke ikirēho ciwe, kuko ntāmushīmye. Erega Jewe sindābā nk’uko abantu barābā: kuko abantu barābā ku rukoba gusa, ariko jewe Uhoraho ndāba mu mutima.”* (1Samweli 16:7). Abantu bama berekana “uruhande rwabo rwiza” kandi kubwo ivyo rero, umurongozi ntakwiye gushinga umuntu amabanga afatiye ku gihagararo gusa.. kubwo iyi mpamvu, Paulo yagabishije Timoteyo kutihūtira “*kugira uwu arambikako ibiganza*” (1 Timoteyo 5:22)

Kumenya ukuri kuvyerekeye ishusho rusangi y’umuntu ni ngirakamaro no mu vyerekeye guhindura abantu abigishwa. Ingene abantu biyerekana bishobora guhuvya ishusho y’ukuri y’ico bari imbere muri bo. Yuda yiyerekana nk’umwizigirwa mu buryo bwose bushoboka, kugeza ahemukiye Yesu. Ananiya na Safira umugore wiwe, baboneka nk’abantu bitanga kandi b’imvugakuri, mu gihe mu vy’ukuri bari ingūnge kandi bari bahishije ikinyoma (Ivyakozwe n’Intumwa 5). Kuva na kera na rindi, umurwanizi “*yiyorobeka nk’umumarayika w’umuco*” (2 Abakorinto 11:14), kandi abantu bose bagwa mu mageragezwa barondera gutwikira ivyaha vyabo (Itanguriro 3:7-8).

Rero, nk’umupasitori ahindura abandi abigishwa, ategerezwa kugumana “igicapu” c’aho abantu bageze ku vy’ukuri mu nzira yo mu buryo bw’impwemu. Ivyo ntibisobanurwa ko umurongozi aca

imanza, ariko aratahura uruhande rushobora kuba ruhishije ukuri kutabonwa n’amaso. Turafasha abantu, tutaravye ku bigaragara, ariko tukarondera kumenya ukuri guhishijwe. Nk’uko umwanditsi wa Zaburi yavuze, turisengera kandi tugasengera n’abandi tuti, *“Mana, nsuzuma, umenye umutima wanje, n’uncace, umenye ivyiyumviro vyanje, urabe yuko hariho inzira y’ibibi yoba iri muri jewe, undongorere mu nzira y’ibihe Bidashira”* (Zaburi 139:23-24)

UMWIMENYEREZO: Mu gutangura imigenderanire y’uguhindura umunyeshure umwigishwa canke umugwi w’abantu, baza abantu 5-7 bamuzi neza basobanure umunyeshure wawe mu majambo atanu. Koranya intonde kandi usangire na bo n’umwigishwa wawe. Iyo niyo shusho yabo rusangi. Baza uwo umuntu uriko urafasha kuba umwigishwa intumwa yawe uti “ Ni irihe muri aya majambo rikunze? Uti ni igiki muri ayo majambo kigutangaje? Kubera iki?

UBUZIMA BWIHISHIJE (B)

Ubuzima “bwihihishije” ni igice c’ubuzima bwabo babona, ariko bene vyo batabona. Burihihishije kubera ko buzwi na bo gusa. Kandi, nk’uko abantu benshi bagomba kwamamaza ishusho yabo rusangi, muri ubwo buryo nyene baritondera cane gukingira ubuzima bwabo bwihihishije.

Hari ibintu vyinshi vyihishije mu bubiko bw’umutima w’umuntu. Ivyizigiro hamwe n’indoto atavuga ariko ziri imbere muri bo. Nk’umupasitori, igihe niga muri kaminuza nahuye n’abanyeshure benshi bakurikirana ivyigwa mu gisata kanaka, atari uko babigomba, ariko kuko vyanezereza abavyeyi babo. Umwe wese muri twebwe arafise ivyiyumviro atavuga, bimwe bikaba bitarashika. Ku binyerekeye, nari mfise urutonde rutoya rw’indoto: kwandika igitabu, kugendesha ikintu kigendera mu kirere n’imiburiburi rimwe gusa, hamwe n’ugusengana n’umukuru w’igihugu wa Leta Zunze Ubumwe za Amerika, ivyo bikaba ari bike muri vyinshi. Indoto iyo ari yo yose, yaba itumvikana canke ari nziza, iba iri imbere mu mutima w’umuntu kandi niyo imurōngōra.

Ikindi na co, ubuzima butaboneka kandi buhishije bw'umuntu bushobora kuba burangwa n'ubwoba n'umutekano muke umuntu aba afise muri we. Ni abantu bake bipfuzaba kuboneka nk'abanyantege nke, rero baca bahamba ubwoba bwabo kure y'amaso y'abantu. Abantu baratinya kunanirwa, kuba bafise ivyo badashobora, kuba inyakamwe, kutigumya, kutamenya inyishu, ihungabana ry'ubutunzi, guhébwa, kwemera ingwara n'urupfu, n'ibindi. Nkuko indoto z'ibanga zirongora umuntu, uko ni ko n'ubwoba bwo mw'ibanga umuntu agendana bushobora kubagumiza inyuma.

Igice c'akaga mu buzima bwihishije bw'umuntu ni icaha ciwe co mw'ibanga. Dawidi na Batisheba barakoranye icaha, atangura kurondera kugihisha, yica umugabo wiwe kandi arongerara arabesha hejuru ya ca caha ca mbere (2 Samweli 11). Ivyo vyose ntivyari bizwi n'abantu bari bazi gusa ishusho yiwe rusangi y'uburongozi. Niko bimeze, abantu b'Imana uyu musu barwana n'ingeso mbi n'ibindi bintu bibakurikirana vyo mu buzima bari basanzwe babayemwo. Mu gihe icaha coco kidahinduka, igihe tugerageza kugihisha gishobora kudusambura. Mu Migani 28: 13 haratugabisha ngo, “Uwupfûkapfûka ibigabitanyo vyawe ntazoronka umugisha.” Biciye mu kanwa k'Uwavugishwa na Yó, Imana iragabisha iti:

Bazobona ibara, abarondera kuzîka inama zabo

I kuzimu ngo bazihishe Uhoraho,

Ibikorwa vyabo bikaba mu mwiza,

Bakavuga, bati ni nde atubona? Kandi bati ni nde atuzi?

(Yesaya 29: 15)

Rero, mu gihe umuntu ashoboye kunyegeza icaha ciwe abandi, imbere y'Imana hôhó abantu bose “*Bambaye ubusa kandi bagaragara, imbere y'inyonga z'Iyizotubaza ivyo twakoze.*” (Abaheburayo 4:13). Abapasitori n'abarongozi bategerezwa kumenya uburyo abigishwa baba bagomba gukoresha mu kunyegeza, kandi hakoreshejwe ubumenyi bafise, bakazana mu muco ibintu bihishijwe mu mwiza.

UMWIMENYEREZO: Mu kubandanya imigenderanire yo guhindura abanyeshuri abigishwa, shimangira ivyizigiro no kwipfuzaba ko umwigishwa aba imvugakuri muri vyose kandi

mu mwidegemvyo. Mu gihe bikenewe, baza uti, “Ni iyihe ndoto yawe ushobora kuba warabwiye abantu bake, asangwa iriho ? ” canke uti “Ni izihe ngingo ugira ku buzima bwawe, ukaba wizigiye ko uzororanirwa ata gukekeranya ?” canke “Ni ibihe bintu bikugumiza inyuma kugira ntushobore kugira iterambere mu buryo bw’impwemu ?” Ivyo bibazo birashobora kwugurura ibiganiro vyiza ku vyerekeye ubuzima buhishijwe bw’umwigishwa.

IVYO UMUNTU ATIBONERA UBWIWE (C)

Mu kunyonga imodoka, umushoferi ategerezwa kwitondera “ibiri inyuma atibonera.” Hari ibintu uwugendesha umuduga atibonera biba biri inyuma no mu mbavu z’umuduga wiwe – inyuma y’umushoferi i buryo canke i bumoso- haba hariho iyindi miduga, amapikipiki canke amakinga ashobora kuba ariko arahaca, ibintu uwunyonga umuduga adashobora kubona.

Umuntu wese arafise ibice atibonera ubwiwe mu buzima bwiwe. Ibi vyerekeye inzego kanaka umuntu aba akeneyemwo ugukura canke ugutera intambwe iboneka akabibonerwa n’abandi, yamara uwo mwigishwa ubwiwe ntabibone. Ivyapa bitabonwa ni inyifato, ibiranga umuntu, ingeso, invugo canke uko umuntu ameze bidashobora guhishwa, bigaragara “ikibiriraho.”

Igihe natangura kuvuga Ubutumwa Bwiza, umugore wanje yarashobora kumbwira mu bwitonzi ingene nigishije inyigisho zirangiye. Umusi umwe ku w’Imana, yaganiriye nanje ababaye, ansobanurira ingene navuze ubutumwa nyaraguritsa. Ubwa mbere, sinemeranije nawe ; kugeza aho bagenzi banje bamwe bavuganye nanje haheze amezi menshi, ndateba menya neza ko nategerezwa kwemera ukuri ko mvuga nyaraguritsa.

Haraheze imyaka myinshi, igihe kimwe twakoranye mu Nama y’Isuzumwa irangiza Umwaka, uwunkurira mu mu mugwi w’abapasitori agānira n’abandi twakorana ibintu vyinshi vyiza amaze kubona mu gikorwa nkora. Ariko, mu bajewe guhanura mu mugwi, hariho ikintu batahurizako: ko nategerezwa kuzeza abandi amabanga aho gufata ibikorwa vyose bikaraba kuri jewe. Jewe nari nk’impumyi mu bumenyi buke mu vyerekeye uburongozi, nca

ntangura kuvuga nk’uwugomba gukingira ivyo bikorwa nakora. Ako kanya, nategerezwa kumenya ko bagenzi banje babona ivyo ntashobora kubona.

Ivyo umuntu atibonera ubwiwe ntivyama ari bibi. Rimwe rimwe, umuntu ashobora kugira ibimuranga vyiza bibonwa n’abandi, ariko bo batabibona. Umuntu ashobora kuba umukozi canke afise impano yo kwengenga abantu bakamukurikira. Kumbure umuntu arashobora kuba ari umwigisha abikorana ukwitanga, ariko ubwiwe atazi ko afise ibimuranga vyiza kandi atazi yuko inyigisho ziwe zifasha abandi. Rimwe, narahanuye n’umuntu akiri muto yariko arahamwa kubwo kugirira inyota ivy’Imana, nca nsanga yarerekanye ukwihangana kudasanzwe n’ukurindira – ibintu vyiza nk’ivyo tudasanga kenshi mu bandi bizera. Igihe murōngōra abigishwa, ni vyiza kwemera no gushima ingene Imana yabateguye kubwo igikorwa cayo no kubwo icubahiro cayo.

Ku vyukuri, kumenya ibintu vyiza canke bibi vyerekeye ivyo umuntu atibonera we ubwiwe ni ngirakamaro cane mu gukura kw’umuntu. Umwigishwa wese arakeneye abagenzi bazotunga urutoke mu bwitonzi kandi mu kuri ivyo we adashobora kubona. Abapasitori bafasha Abakristo babo kumenya ivyo bintu batabona, baba bariko barerekana ukwitanga, ugushira amanga, kandi iyo ngendo ni ngirakamaro cane mu burongozi.

UMWIMENYEREZO: Nk’uko uriko urakura canke mu migenderanire yo kuba umwigishwa, baza uwo uriko urafasha uti, “Asangwa hoba hari ikintu cerekeye ubuzima bwawe utashobora kubona, ariko kikakubuza kuba ico Imana igomba ko uba, mbega uripfuzwa kukimenya?” Iki kibazo giha akaryo umunyeshure kudondora avyishakiye kugira ngo akure. Ibibazo bibiri bihambaye bishobora gukurikira: “Ni nde wizera ubwira ukuri ku vyerekeye ubuzima bwawe, naho vyoba bigoye kwumva?” “Hamwe wumenya ikintu kibaza ubugingo bwawe gukura mu buryo bw’impwemu, mbega wokwubahuka kukivuga?”

IVYO UMUNTU ASHOBOME BITAZWI (D)

Mu gice ca kane c'igicapu citwa Idirisha rya Johari kirimwo amabanga akomeye, twokwita ibinyegézwa. Ni igice kimwe c'ubuzima bw'umwigishwa we nyéne ubwiwe atiyiziko, kandi n'umurongozi wiwe atazi. Ibi vyerekana ko hariho uburyo Imana ishobora guhamagarira umuntu mu gikorwa kititezwe canke ikugurura umuryânko mu buryo butamenyerewe kandi bunyarutse. Mose canke Se wiwe yaba muri Egiputa, ntibigeze bamenya ko Imana yahamagariye Mose kuba umucunguzi azôrôngôra abantu abagobotoye mu buja mu gihugu ca Egiputa. Esiteri yaratangaye amenye ko ari we yari akwiye kurokora Abayuda. Paulo ntiyigeze amenya ko ashobora kureka Ivyagezwe vy'Ikiyuda ngo abe intumwa mu banyamahanga. Petero, uwaterera insenga mu kiyaga c'i Galilaya nk'umurovyi w'amafi, ntiyari azi ko ashobora kuba umurovyi w'abantu.

Ku vy'ukuri, Imana irazi imigambi ifitiye umuntu wese, naho twebwe tutabizi:

Mu gitabu cazwe handitswemwo imisi yanje yose, Yashinzwe hatarabaho n'umwe. (Zaburi 139:16)

Ntarakubumbira mu nda nari ndakuzi, kandi utarava muri yo narakurobanuye; nagushizeho kuba uwuvúgishwa nanje mu mahanga (Yeremiya 1:5).


Kuko turi ibiremwa vyayo, twaremewe muri Kristo Yesu ngo dukore ibikorwa vyiza, ivyo Imana yateguye kera ngo tubigenderemwo (Abanyefeso 2:10).

Mu migenderanire yose yo guhindura abigishwa, umurôngôzi ategerezwa kumenya ko hariho impano zikomeye mu bigishwa biwe. Ntibategerezwa kwemerera ibihe canke inzitizi kanaka zobatuma badaha akaryo abigishwa babo, mu gihe Imana ishobora kuba ibafitiye umugambi wa kazoza. Nk'uko umwana w'inyaka cumi adashobora kwiyumvira ko azoshobora gutera ibikumu ku masezerano yo kwubakisha amagorofa manini nk'umwubakisha w'umuhinga, ni ko n'Umukristo acizera utoshobora kwiyumvira ko umusi umwe ashobora kuzoja mw'ivugabutumwa njabukamazi,

kuvuga Ubutumwa nk’umusiguzi, canke kuvuga Ubutumwa nk’uwuzana abandi kuri Yesu mu kibano. Ariko ku Mana, vyose birashoboka... ni impano ngendanwa.

Ukuja Ku Mugaragaro

Ntibikwiye ko umurongozi n’umwigishwa bamenya izi ngero zine z’ibiranga umuntu bwite gusa. Ahanini, Intumbero ni uko ivyo bice birimwo umwijima vyojamwo umuco. Ubuzima butaboneka bw’umwigishwa, ivyo umuntu atibónera ubwiwe, n’impano zitazwi iyo bigiye ku mugaragaro, abigishwa baca batangura kubaho ubuzima bubonwa n’abantu bose cane bakagaragaza ishusho yabo y’ukuri. Iyi ni intambuko ikomeye mu guhinduka kw’ubuzima bwo mu buryo bw’impwemu. Ugukura kw’ishusho rusangi guca kumera gutya:



Urabona ko uku gukura kw'ukuri kugaragarira bose ku mwigishwa atari ikintu gishika giturumbuka. Ni ibintu umuntu afatira ingingo kandi ni akigoro, ni ugukorera hamwe hagati y'umwigishwa n'umwigisha canke n'umupasitori.

Ubuzima bw'umwigishwa bw'ibanga, twokwita igice c'ubuzima umwigishwa yahora anyegeza canke ahishahisha, bugabanukira mu "gushirwa ku mugaragaro". Ivyo bisobanurwa yuko uko umwigishwa yiyugururira ukuri kw'Imana ari ko ivyaha vyawe bica vyibonekeza imbere y'umubiri wa Kristo. Intumbero y'ivyo si iyo kumaramaza Umukristo uwo ari we wese, ariko ni ukugira ibiri mu mwiza bizanwe mu muco. Ivyo rero bivyura ibibazo bihambaye cane ku mupasitori: Mbega Ishengero ryawe ni ikibanza kirimwo "umutekano", aho abantu bashobora kunanirwa? Mbega Ishengero ryawe n'iryo abagororotsi canke ni ivuriro ry'imitima yakomeretse irondera gukura? Mbega ubuntu burashikira abantu bose? Asangwa ari uko bimeze, abizeye bazokwumva bugurutse, bibatere kureka ubuzima bwabo buhishije barushiriza kubushira ahabona kugira bashobore gukura.

Ivyo umwigishwa atiyiziko (bitagaragara) bibonekera mu vyo abantu bamuvugako no mu guhanurwa canke mu kumenyerezwa. Ivyo bisobanura ko Abakristo bategerezwa kuba mu kibano kugira baronke izo mpanuro zimeze neza kandi zubaka. Bategerezwa kurererwa mu migenderanire yubaka, aho umupasitori/ umurongozi ashobora kuvuga "ukuri kugoye kuvuga", akubwira ku muntu atazi ingeso ziwe zitaboneka. Ivyo vyotuma umupasitori yibaza ibindi bibazo vy'inkoramutima: Mbega Ishengero ryawe rirashigikiye ikibano cubakiye kuri Bibiliya aho Umukristo ashobora "kumenyekana uwo ari we?"

Mbega wewe n'abandi barongozi murashirutse amanga mu kuvuga ivyerekeye icaha imbere mw'Ishengero? Mbega hari ico bigutwara kuvuga "ukuri kugoye?" Mbega wewe nk'umurongozi urerekana akarorero mu kwakira ivyo abandi bantu bakuvugako?

Impano zitazwi z'umwigishwa ziboneka hakoreshejwe ukurondera guhanitse. Mu kugerageza no mu makosa n'ubugwaneza bwiyoheje bw'umurongozi, abigishwa barisanzura mu gukora ibintu uko batahora babikora. Ndazi abantu benshi bashize ubwoba kugenda mu bindi bihugu mw'Ivugabutumwa njabukamazi ry'igihe

gito baca bamenyeraho ko bafise icipfuzo kinini co kubona Ubutumwa Bwiza bukwiragira mu mahanga. Umuntu umwe akuze yaratumwe mu gikorwa c’Imana mu bana aca asanga abikora neza nka Sekuru kuko yabitwararika nka Sekuru wabo. Mu buryo ubw’ari bwo bwose, umuntu ntamenya ko ashobora gukora ikintu kanaka neza cane, kugeza agiye gukora ibintu bitari no mu rutonde rw’ivyo akwiye gukora.

Na hano nyene haca hibonekeza ibibazo vyinshi ngirakamaro ku mupasitori: Mbega Ishengero ryawe ni ikibanza abantu bashobora kuronkeramwo amahirwe yo gukosorwa mu gihe ivyo bari bajejwe vyabananiye? Mbega Ishengero ryawe riraha abantu akaryo ko kumenya ingabire zabo zo mu buryo bw’impwemu? Mbega urumva wokwemera ko abantu bakiri bato, utarageza ngo umenye ivyo bashoboye, canke wumva woha akaryo abarongozi bariko bararuka ko “kubageza ” mu bumenyi bwabo bwo kuvuga ubutumwa, mu kwigisha, mu kuja mw’ivugabutumwa, mu gutunganya no kwitwaririka ivyerekeye umupasitori kugira ngo bibafashe kumenya ivyo bashoboye? Igihe habonetse ikibanza ciza gitanga akaryo hamwe n’abarongozi b’abizigirwa, ni ho abigishwa bashobora kugundura impano zabo zinyegeje.


NONE HOKORWA IKI?

Iki kigabane kitwibutsa ko gucika intumwa atari urutonde kanaka canke ivyigwa bikorwa kugira ngo bihwane n’uko umuntu wese ameze. Uguhinduka umwigishwa bitangurwa n’imigenderanire, aho ukwizerana gukomezwa kandi aho ibice vyinshi vy’ubuzima bw’umuntu biza mu muco kandi bigahingurwa mu buryo bw’impwemu. Ugucika umwigishwa biramara igihe- ni ubuzima bwose. Ariko rero ukuvyitangira birakwiye.

Ishengero ryawe rizobironkeramwo inyungu igihe wewe hamwe n’abo mufatanije uburōngōzi muzogira akigoro k’imvâmutima mu gufasha abantu guhinduka abigishwa.

SHIKA KU NTAMBUKO IKURIKIRA

1. Ni mu ruhe ruhande rw'umwihariko ushobora gutunga urutoke igikorwa ca Mpwemu Yera mu bungingo bwawe, biguhindura uko umwanya utera uja imbere?
2. Vuga ahantu mu buzima bwawe aho wabonye ingorane kandi uca ufata ingingo wiyumviriye ituma ugira intambuko zo guhinduka. Ni ikihe kintu wakoze mu buryo budasanzwe? Mbega wabonye Imana ikora gute muri ico gihe cose?
3. Mbega hamwe wosaba abagenzi bawe 5 kugira ico bakuvuzeko, ni ayahe majambo bakoresha mu kuvuga "ishusho yawe rusangi?" Mbega ivyo bakubonako bihuye gute n'ibiri muri wewe bibonwa na bake?
4. Ni izihe ndoto zawe zitazwi ufise? Ufise ubwoba bw'ibiki ?
5. Ata rubanza uciye, ni ibihe bintu nyene vyo atibonera ubwiwe wabonye ku wundi muntu ? Mbega hari ingingo wafashe yo kumufasha kugira ngo abone ibintu biri muri we atazi no kumufasha gutera intambwe mw'ihinduka ry'ubuzima bwiwe ?
6. N'ikihe kintu c'ingirakamaro gusumba ibindi vyose wize muri iki gice ?



GUHINDUKA: UGUHÎNGÛRWA (IKIGABANE CA 3)

Ntidukwiye kubandanya ibihe vyose turi abasanzwe, amagi meza.

Dutegerezwa guhinduka canke tukaba babi.

C.S. Lewis

Mu bigabane bibiri biheze, twabonye akamaro ko guhinduka. Imana nta mugambi n’umwe ifise wo kwemererera abantu bayo, baguzwe n’amaraso y’igicro y’Umwana wayo Yesu, ko babandanya baba abantu “basanzwe, amagi meza.” Intumbero yayo ni uguhinduka kwacu kunengesereye mu bice vyose vy’ubuzima bwacu, kubwo ubushobozi bwa Mpwemu Yera, kugira ngo tube abigishwa ba Yesu bakwiye.

Túmaze kwihweza *ingene* Imana ihindura umuntu, hamwe n’umwitwarariko w’Umukristo wese mu gufatanya na Yo muri iryo hinduka, ubu duca duhindukirira intumbero nyamukuru. Mu kigabane c’umunani, nanditse ko “icitegererezo co guhinduka ari Yesu Kristo.” Ariko rero, turakeneye kunyêngetera no mu tuntu

KUBA INYEG	GUHINDUKA	KURENGANA IMBIBE
YA YESU	UGUHINDUKA GITURUMBUKA	M’ISHENGERO RWAJE
MU KIBANO		MU KIBANO
Y’ISHENGERO	UGUHINDUKA KWIYUMVIRIWE	MW’ISI MBAYEMWO

dutoduto kugira ngo dutahure tudahushije ico bisobanura ku wizera. Ni mu zihe nzego duhamagarirwa guhinduka “tukamera nka Yesu?”

Mu ntango z’umwaka 1993, nataguye gukorera mw’Ishengero ryitwa Austin, Texas nk’umupasitori ajejwe ibikorwa vy’abanyeshure biga muri kaminuza. Mu myaka 10, abanyeshure bo muri Kaminuza mw’Ishengero ryacu bongerekanye gushika ku gitigiri kirenga 1.000. Twari dufise abakozi indwi bakora umwanya wose n’umugwi w’abarongozi bakora bitanze. Igihe kimwe, twari dufise ihuriro ry’imigwi 100 yiga ivyo guhinduka abigishwa, kwiga ijambo ry’Imana no gukurira mu Mana.

Nk’uko vyari bimeze, twategerezwa kugira umunyeshure yitabira ivyo bikorwa n’imiburiburi mu kiringo c’imyaka itatu. Bamaze kuronka impapuro z’umutsindo, benshi baravuye mu gisagara hanyuma uwundi mugwi w’abanyeshura ugaca uza. Twari tuzi ko dufise ikiringo c’imyaka itatu co gufasha abo banyeshure guhinduka “gucika abigishwa”- ivyo bisobanura ko twategerezwa guhitamwo kandi tugashira ku rutonde inyigisho shingiro z’ubuzima bw’impwemu zikenewe ku mukristo ariko arakura. Mw’Ishengero, dutegerezwa kwibaza tuti “Asangwa dufise umwanya mugufi turi kumwe n’abantu, ni ibihe bintu ngirakamaro kandi ngenderwako bishingiye kuri Bibiliya gusumba ibindi dukwiye kwigisha kugira ngo habe ihinduka rikomeye mu bugingo bw’abantu? Umugwi wacu wari ujejwe ico gikorwa c’Imana, watumbereye ibice bine vyo gukura: Iyereka, ubumenyi, ingeso hamwe n’ubuhinga.

Iyereka

Iyereka ni ico umwigishwa “abona”. Aristote yavuze ko iyereka ari igicapu mu mushaha w’umuntu. Mu gitabu ciwe yise *Ugukomeza Iyereka*, umupasitori Andy Stanely yanditse ati “Iyereka ni ifoto iboneka neza mu bwenge itsimbatazwa n’ukwemezwa ko ari uko itegerezwa kumera” ni ikirundo c’indoto canke c’ivyipfuzo bishizwe imbere y’umuntu akaba ari vyo bimurongora ku musi ku musi.

Mu myaka y’1900, iyereka ry’abavukana na Wright ryo kuguruka mu kirere ryabatumye bagurura indege ya mbere. Iyereka ry’umuntu yitwa Steve Job yavumbuye imashini nyabwonko bitiriye Icamwa, ashimikiye ku cyumviro kivuga ngo

“Inzu yose itegerezwa kubamwo imashini Nyabwonko”, ryarazanye amahindagurika mu buhinga bwa none burateba bukwira isi yose kuva ico gihe. Ukwanka guhebera ikibanza umuzungu mu modoka kwakozwe n’umwirabure w’Umunyamerika yitwa Rosa Park mu 1955 kwari gushingiye kw’iyerekwa ryari muri we ryo kwanka gukumirwa no guhabwa uburenganzira bungana ku bantu bose.

Abantu bafise iyerekwa babona kazoza bipfuzwa “n’amaso yabo y’imishaha.” Ni ukuvuga ko bashobora kutabona canke ngo bakabákabe canke baboneshe amaso yabo inyishu y’ibikorwa vyabo, ariko baba bafise ivyemezo bishimitse ko ingingo zabo zizovyara inyishu zitézwe. Igihe Yesu Yavugaga ati “ *Mbega mwebwe ntimuvugaga muti Hasigaye amezi ane iyimbura rikagera? Ehe ndababwire: Ni mwunamure amaso yanyu murabe imirima, ireze igeze kwimbura.*” (Yohana 4:35), Yariko ahamagarira abigishwa biwe kwiyumvira ingaruka z’ivugabutumwa zitari bwaboneke, ariko zari kuboneka mu gihe abakozi boja kwimbura.”

Iyerekwa ry’umuntu ni ryo ritera intege mu bintu vyose akora. Asangwa umuntu afise iyerekwa ryo gutunga no kuroranyirwa, ingingo zose afata- kuva ku vyigwa yiga kugeza ku mpuzu yambara, iyo agiye gukora ikibazo co kubazwa ngo baronke akazi- vyose bikorwa vyisunge icipfuzo ciwe co gutunga no kuroranyirwa. Umuntu afise iyerekwa ryo kuba umunonotsi akomeye akora urutonde rw’imyimenyerezo igoye cane, agafungura n’ibifungurwa vy’indobanurwa ku musu ku musu kugira ashikire intumbero yiwe. Mu kintu cose, umuntu wese arafise iyerekwa ry’ikintu. Gishobora kuba atari ikintu cakorewe mu vyiyumviro vyawe canke kinyegeje mw’ishusho kanaka, ariko bikaba ari ibintu umuntu akunda n’ivyo ashira imbere mu buzima bwiwe, ku buryo ari vyo bigaragaza iyerekwa ryawe.

Rero ni nkenerwa ko abigishwa ba Yesu batogira iyerekwa gusa, ariko bogira iyerekwa ryiza. Mu Migani 29:18 handitswe ngo, “ Iyo hatari uguhishurirwa, abantu bigira uko bagomba.” Iyerekwa rivugwá muri uwo murongo si iyerekwa iryó ari ryo ryose, ariko ni iyerekwa ryubakiye kuri Bibiliya. Vyongeye, iyo abantu b’Imana babuze iyerekwa ry’Imana, ntibazokwigera bashika aho Imana igomba ko baba.

Iyumvire amajambo ya nyuma ya Yesu ku musaraba. Mu

guhumeke kwiwe kwa nyuma, yavuze ati, *“Birangiye”* (Yohana 19:30) hanyuma arapfa. Ese ukuntu ari amajambo meza gushika ku mpera y’ubuzima bwawe kandi ufise ivyizigiro ko intumbero yawe wayujye, kandi ko n’iyerekwa ryawe warishikije! Ibice bikeya inyuma y’ivyo, Yesu yasenze ati, *“Nagushimagije mw’isi, nōnōsoye igikorwa wampaye gukora.”* (Yohana 17:4). Kuva igihe yavuka, Yesu yarabona impera kandi yatumbereza igice cose c’ubuzima bwiwe mu gushikana iryo yerekwa.

Aho kwemeza bati *“Birangiye!”* ku mpera y’ubuzima bwabo, Abakristo benshi baribaza bati *“Aho nyéne birangiye?”* Kuki? Kuko batabangabanganije ubuzima bwabo n’amaso y’Imana. Nk’ingaruka, bisānga baroraniwe mw’iyerekwa ryo kwikorera ubwabo, ritagiramwo Imana kandi ata vyamwa rigira, bakabura inyungu n’imwe y’ibihe bidashira. Kukaba nkako, *“ukuroraniwa nk’uko”* si ukuroraniwa na mba.

Ico twamaze kubona ni uko iyerekwa ry’umwigishwa ku buzima bwiwe ritegerezwa kuba iyerekwa ry’Imana ku buzima bwiwe. Hanyuma, iyerekwa rikuru ry’Imana kuri twebwe ni rimwe ni iyerekwa ry’Imana ubwayo. Ico Imana inshakira ni co Imana yishakira ubwayo biciye muri jewe. Imbere yo gutangura kuraba iyerekwa yinjiranyemwo mu buzima bwanje, ritandukanye n’iyerekwa ry’abandi bantu, ntegerezwa gutahura iyerekwa ry’Imana ku Mana Ubwayo iryo ari ryo, hanyuma ngatumberereza amaso yanje kuri iryo yerekwa ku buzima bwanje mu kintu ico ari co cose Imana impamagarira gukora.

Turavumbura iyerekwa rikomeye ry’Imana mu gutahura imitwe y’amajambo akomeye yo muri Bibiliya: ugukayangana kw’Imana ubwayo biciye mu gucungura abanyavyaha. Imana ifise intumbero yo kwihesha icubahiro- guhimbaza ubukuru bwayo mu bintu vyose. Yonyene ni yo ikwiye gushirwa hejuru nk’Imana y’ukuri (Ivyahishuriwe Yohana 4:11) kandi ntizokwigera *“isangira icubahiro”* cayo n’umuntu n’umwe canke n’ikintu na kimwe (Yesaya 42: 8, 48:11)

Imana yihesha icubahiro biciye mu *“bantu bagaragaza ubwiza bwayo”* no mu *“kuganza”*. Ubwa mbere yaremye isi kugira ngo yerekane ubushobozi bwayo buhambaye, buyishigikira n’ubwiza (Zaburi 19:1, Abaroma 1:20). Abantu, baremwe mw’ishusho y’Imana,

baremwe kubwo icubahiro cayo (Yesaya 43:7). Ubwa kabiri, Yaremye isi n’abantu nk’ubwami aho Izoganza nk’Umwami wenyene agororotse (Zaburi 46:10). Uko abantu bagiye bagwira baba musi y’ubutware bw’Imana, Ubwami bwayo buca bwaguka maze Imana ikabandanya ihabwa icubahiro cane. Muri ubwo buryo, ukwaguka kw’Ubwami bw’Imana kwatumye uguhabwa ubwiza kw’Imana gushoboka.

Ingorane yabayeho, ni uko icaha canduje ukugaragara kw’ubwiza bw’Imana mu muntu bica vyonona ukuganza kugororotse kw’Imana mw’isi igihe Satani yagerageza gukoresha ubushobozi bwiwe mu kurōngōrera abantu mu bugarariji. Aho rero, mu kugarukana Icobahiro cayo, Imana yahisemwo gucungura abana b’abantu biciye mu rupfu rw’Umwana wayo, Yesu Kristo. Yarakijije kandi yeza abantu kugira ngo igarukane Ubwiza bwayo (Zaburi 79:9, 2 Abakorinto 3:18, Abanyefesho 1: 3-14). “ *Imana imwe, yavuze ngo umuco wāké, uvuye mu mwiza, ni yo yākiye mu mitima yacu, kwerekana umuco, ni wo kumenya ubwiza bw’Imana buri mu nyonga ha Yesu Kristo.*” (2 Ab’i Korinto 4:6). Intumbero y’Imana ni uko ubwiza bwayo bwākāka biciye mu bantu bayo kandi mw’isi yose.

Ni uko rero, mw’iyerekwa ry’Umukristo hategerezwa kujamwo uguha icubahiro n’intumbero – yo kubona ubwiza bw’Imana buboneka biciye mu gucungurwa kw’abantu ahantu hose ari. Mu Butumwa Bwiza nk’uko bwanditswe na Matayo 6:33, Yesu yavuze ati, “*Ariko mubanze mwitaririke ubwami bw’Imana n’ukugoroka kwayo, ni ho ivyo vyose muzovyongerwa.*” Tumbereza amaso yawe ku co Imana iri hamwe n’Ubwami bwayo burengeye vyose, ibindi navyo bizokurikira. Iyo umwigishwa yipfuye kandi akanezererwa mu bwiza bw’Imana kandi agashira inganji yayo mu bantu bose, iryo yerekwa rica riha ishusho ibisigaye vy’inzira yiwe yo mu buryo bw’impwemu.

Ubumenyi

Ubumenyi ni ico umwigishwa atahura nk’ukuri. Imbere yo kuba inyegu ya Yesu Kristo, abantu ntibarondera ukuri canke ngo batahure ukuri (Abaroma 3: 11). Kubera ata Mpwemu Yera baba bafise, ntibashobora gutahura ibintu vy’impwemu. (1 Abakorinto 2: 14). Bibiliya ivuga uko ari “ ubupfu”- kutamenya ubwenge n’inzira z’Imana. Mu bisanzwe, igipfu nticamera ukubaho kw’Imana,

gikengera ugukosorwa, canke amabwirizwa, ingingo... vyongeye, ivyipfuzo vyawe ntibigororotse, avugana ubwibone kandi agahengamira mu mahonero (Zaburi 14: 1-2).

Uko bimeze kwose, iyo umuntu ahindukiriye Umwami, aramuha Mpwemu Yera, uwo Mpwemu Yera agaca aha uwo muntu *"ivyiyumviro vya Kristo"* (1 Abakorinto 2:12,16). Hisunzwe ico kibanza gishasha co mu buryo bw' Impwemu, Umukristo arashobora gukura mu kumenya Umwami, *"ukwongerekana mu kumenya Imana n'inzira zayo"* (Abakolosayi 1:10; 2 Petero 3:18). Naho kugira ubumenyi bwinshi bushobora gutuma abantu benshi baboneka nk'abakuze mu vy'Imana ariko atari vyo (1 Abakorinto 8:1), vyongeye ku bantu bakuze vyukuri, ubumenyi ni urufatiro rw'umwete wo mu buryo bw'impwemu (Imigani 19: 2; Abaroma 10:1-3). Iyo basoma ijambo ry'Imana, baripfuzaga gutahura no gushira mu ngiro ukuri kw'impwemu gutuma bidegemvya (Yohana 8: 32).

Bibiliya, mu bitabu vyayo 66, yuzuye ukuri guhindura ubugingo. Ariko mu migenderanire yo guhindura abigishwa ifise akarimbi, hariho ingingo zimwe zimwe z'ukuri zitegerezwa kwitwaririka gusumba uzindi ku mukristo ariko arakura. Mw'Ishengero rya Central, tuvuga Ivyizerwa Shingiro - ukuri gukenewe Umukristo wese ategerezwa gutahura. Vyinshi muri vyo vyaravuzweko mu Gitabu citwa 'Ishengero Ryūngá' canditswe na Pasitori Randy Frazee. Ngurwo urutonde rw'ivyo bintu rwahinyanyuwe ukundi:

Ububasha bwa Bibiliya — umwigishwa arazi yuko Imana yihishuye cane cane biciye mw'ijambo ryayo rihumetswe na Yo kandi ko Bibiliya ifise ububasha bwo kurongora ivyizerwa vy'umuntu n'ibikorwa vyawe.

Kuko ijambo ry'Imana ari rizima, rifise ubukuba, rifise ubugi buruta ubwo inkota zose, rikinjira naho ritanya ubugingo n'impwemu, rigatanya ingingo n'umusokoro, risuzuma ivyo umutima wiyumvira, ukagabira. Kandi imbere yayo nta caremwe gihishijwe, ariko vyose vyambaye ubusa, biragaragara, imbere y'inyonga z'iyizotubaza ivyo twakoze. (Abaheburayo 4:12-13) Ijambo ryose ry'Imana riravugutiwe: Ni yo nkinzo y'abayizigira; ntukungurire ku majambo yayo, kugira ngo ntize iguhane ugahinyuka ko uri umubeshi. (Imigani 30: 5-6)

Ishengero — umwigishwa arazi ko Ishengero ari ihuriro ry’aberanda baturira mu kibano, bakigishwa ku vyerekeye igikorwa c’Imana bagaca barungikwa mw’isi bafise iyerekwa ryo kumenyekanisha Imana .

Kuko muri Mpwemu umwe, twese ari ho twabatijwe ngo tube umubiri umwe, naho boba Abayuda canke Abagiriki, naho boba abagurano canke abidegemvya. (1 Abakorinto 12:13)

Ariko mweho muri ubwoko bwatoranijwe, mukoraniye kuba abami n’abaherezi, muri ihanga ryera, abantu bashiriweho kuba inyegu yihariye, kugira ngo mukwize ishimwe ry’Iyabahamagaye, ikabakura mu mwiza, ikabashitsa mu muco wayo utangaje. (1 Petero 2:9)

Ubugingo bidashira — Umwigishwa arazi ko abantu bose baremanywe ukudapfa kandi bazobaho ibihe bidashira bari mu bwiza bw’Imana canke batandukanye na Yo ubuziraherezo.

Kandi nk’ukwo abantu babikiwe gupfa rimwe, hanyuma yaho hakaza amateka... (Abaheburayo 9:27)

Ariko noneho Kristo yarazutse mu bapfuye, ni we yashuriye abāsinziriye. Kuko nk’uko urupfu rwazanywe n’umuntu, n’ukuzuka kw’abapfuye kwazanywe n’umuntu. Nk’uko Adamu yandukije bese gupfa, ni ko muri Kristo bese bazohinduka bazima. Ariko umuntu wese mu mwanya wiwe: Kristo ni we mushuzo, maze aba Kristo bazobonerwa bazuke, aho azozira. (1 Abakorinto 15: 20-23)

Maze azobwira n’abari i bumoso, ati Mva i ruhande, mva bivume mwe, muje mu muriro utazima wateguriwe wa murwanizi n’abamarayika biwe... Abo bazoja mu gihano kidashira, ariko abagororotsi bazoja mu bugingo budashira. (Matayo 25: 41, 46)

Mpwemu Yera — Umwigishwa imero n’igikorwa vya Mpwemu Yera, cane cane mu gikorwa co kwemeza, guhamagara, kwihanisha no guhindura abantu.

Kandi nzobaha umutima musha, mbashiremu impwemu nsha; nzōkūra umutima ukomeye nk’ibuye mu mibiri yanyu, mbahe umutima woroshe nk’inyama. Kandi nzobashiramwo Mpwemu wanjye, kandi ndabagendeshereze mu vyagezwe vyanjye, namwe muzokwitondera amabwirizwa yanjye, muyashitse. (Ezekiyeri 36: 26-27)

“Ariko muzohabwa ubushobozi, Mpwemu Yera ni yabazako,

muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe, i Yerusalemu, n'i buyudaya hose, n'i Samariya, no kugeza ku mpera y'isi." (Ivyakozwe n'Intumwa 1: 8)

Ariko mweho ntimuganzwa n'akameremere k'umubiri, ariko muganzwa n'impwemu, bisanzwe Mpwemu w'Imana aba muri mwebwe. Ariko iyo umuntu adafise Mpwemu wa Kristo ntaba ari uwiwe. (Abaroma 8: 9)

Umuntu — Umwigishwa arazi agaciro k'abantu bose, inyifato yabo ibatandukanya n'Imana n'ubukene abantu bose bahurirako bw'ugutabarwa kwabo kwashobokeye mu Mwana w'Imana gusa.

Nuko Imana irema umuntu mw'ishusho yayo, mw'ishusho y'Imana ni ho yamuremye. (Itanguriro 1: 27)

Kuko ari wewe waremye amafyigo yanje; wanteranirije mu nda ya mama. Ndagushimira yuko naremwe uburyo buteye ubwoba butangaje: (Zaburi 139: 13)

... bose bakoze ivyaha, ntibashikira ubwiza bw'Imana... (Abaroma 3: 23)

Akaranga muri Kristo — Umwigishwa arazi ikibanza gishasha afise nk'umwana w'Imana kandi yiga kubaho ari muri ico kibanza afise mu kwizigira kwose no mu guca bugufi, arwanya ibinyoma vy'umurwanizi kandi afise icemezo c'agakiza kiwe adakekeranya.

Murabe urukundo uko rungana Data wa twese yatugiriye, ko twitwa abana b'Imana; kandi ni ko turi. (1Yohana 3:1)

Nabambanywe na Kristo, ariko ndiho; yamara si je nkiriho, ni Kristo ariho muri jewe. Iyo nkora vyose nkiriho mu mubiri mbikoresheya no kwizera Umwana w'Imana yankunze, akanyigura. (Abagalatiya 2:20)

None rero asangwa mwarazuranywe na Kristo, murondere ibiri hejuru, iyo Kristo ari, avyagiye i buryo bw'Imana. Mushire imitima ku biri hejuru, ntimuyishire ku biri mw'isi. Kuko mwapfuye, kandi ubugingo bwanyu bukaba buhishanijwe na Kristo mu Mana. Kristo ni we bugingo bwacu, ni yerekanwa, namwe muzoca mwerekananwa na we muri mu bwiza. (Abakolosayi 3: 1-4)

Yesu Kristo — umwigishwa arazi imero n’igikorwa ca Yesu, hamwe n’ukwambara umubiri kwiwe, urupfu rwiwe ku musaraba n’ukuzuka mu bapfuye kwiwe.

Ubwa mbere na mbere Jambo yariho, kandi Jambo yahoranye n’Imana, kandi uwo Jambo yari Imana. Uwo yahoranye n’Imana ubwa mbere na mbere; vyose vyaremwe na we, mu vyaremwe vyose nta kintu na kimwe kitaremwe na we. Muri we harimwo ubugingo, kandi ubwo bugingo bwari umuco w’abantu. (Yohana 1: 1-4)

Kera Imana yabaririye ba Sogokuruza mu kanwa k’abavugishwa na yo mu bihe vyinshi no mu buryo bwinshi, muri iyi misi y’iherezo yabaririye twebwe mu kanwa k’Umwana wayo, uwo yashiriyeho kuba samuragwa wa vyose, ni we yahaye kurema isi. Uwo, kuko ari ugukayangana kw’ubwiza bwayo, n’ishusho y’akameremere kayo, kandi ashigikiza vyose ijambo ry’ubushobozi bwiwe, ahejeje gushiraho umwuhagiye w’ivyaha, avyagira i buryo bw’icubahiro c’ubwami bwo mw’ijuru: Amaze kuba uwuhambaye kurusha abamarayika, nk’uko izina yarazwe rirengeye ayabo. (Abaheburayo 1: 1-4)

Intumbero y’ubuzima — Umwigishwa arazi ko ari umuzigamyi w’ubutunzi bw’Imana kandi yacunguwe kurira ngo agire ico akoze mu ntumbero z’Ubwami bw’Imana kubwo icubahiro c’Imana.

Ariko simbabaye ubugingo bwanje nk’aho ari ubwo igiciro, kugira ngo ndangize urugendo rwanje, n’igikorwa nahawe n’Umwami Yesu, co gushingira intahe ubutuma bwiza bw’ubuntu bw’Imana. (Ivyakozwe n’Intumwa 20: 24)

None nēzererewe amagorwa yanje yo kubwanyu, kandi ivyasigaye ku marushwa ya Kristo nanje ndabishitsa mu mubiri wanjye, kubwo umubiri wawe, ni wo shengero. Iryo nacikiye umukozi, nk’uko nahawe n’Imana ububwiriza bwo kugaburira mwebwe, kugira ngo nkwiye ijambo ry’Imana rishitse, ni ryo banga ryari ryarahishijwe uhereye kera hose n’ibihe vyose, ariko noneho ryahishuriwe abera bayo, abo Imana yakunze kumenyesha itunga ry’ubwiza bw’iri banga, rivugwa mu banyamahanga, ni ryo Kristo ari muri mwebwe, ivyizigiro vyo kuzoronka ubwiza. (Abakolosayi 1: 24-27)

Imana nyakuri — umwigishwa arazi ko Imana iriho; arazi ingene Imana imeze, harimwo n’ukwemera ubutatu bwayo; kandi ko intumbero y’Imana ari iyo kwihesha icubahiro no kwubaka Ubwami Bwayo.

“Imana Rurema, yaremye isi n’ibirimwo vyose, iyo, kuko ari yo Mwami w’ijuru n’isi, ntiba mu nsengeru zubatswe n’amaboko, kandi ntikorera n’amaboko y’abantu, nk’uwuri n’ico akenyē: kuko ari yo yahaye bese ubugingo, no guhumeka, n’ibindi vyose. Kandi yaremye amahanga yose y’abantu, ibakūye mu muntu umwe, ngo basagaze mw’isi yose, yashinze ibihe vy’imyaka ko bikūránwa uko yageze, icira abantu imbibe z’aho baba, kugira ngo barondere Imana, ngo namba kumbure bakabakavye boyibona, naho itari kure y’umuntu n’umwe muri twebwe. Kuko muri Yo ari ho tubeshejweho, tugenda, turi n’ubugingo; nk’uko na bamwe bo mu bigeneye indirimbo banyu bavuze, bati Kuko natwe, turi uruvyaro rwayo.” (Ivyakozwe n’Intumwa 17:24-28)

Ni mwumve, yemwe Bisirayeri: Uhoraho Imana yacu ni we Uhoraho nyene. (Gusubira mu Vyagezwe 6:4)

Agakiza — umwigishwa arazi ko abantu bagiriranira imigenderanire myiza n’Imana kubwo ubuntu bw’Imana biciye mu kwizera Umwana wayo, Yesu Kristo.

“Kuko urukundo Imana yakunze abari mw’isi, ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w’ikinege kugira ngo uwumwizera wese ntazopfe rubi, ariko ahabwe ubugingo budashira.” (Yohana 3: 16)

Yesu arababwira ati “Ni jewe nzira n’ukuri n’ubugingo: nta wushika kwa Data ntamujanye.” (Yohana 14: 6)

“Ariko ibi vyandikiwe kugira ngo mwizere yuko Yesu ari we Kristo, Umwana w’Imana, no kugira ngo mwizere mugire ubugingo mw’izina ryiwe.” (Yohana 20: 31)

“Ubuntu ni bwo bwabakijije kubwo ukwizera: na vyo nyene ntivyavuye kuri mwabwira, ni ingabire y’Imana; ntivyavuye ku bikorwa, kugira ngo hoye kugira uwirarira.” (Abanyefeso 2: 8-9)

Ingeso nziza

Kugira ingeso nziza ni ico umwigishwa aba. Ni inyifato ziba imbere mu muntu ziremwa na Mpwemu Yera. Nk’uko uwizera asa n’ishusho ya Yesu, akiyumvira kandi akavuga nka Yesu kandi agakora nka Yesu- ukwemezwa kwo mu mutima kukiyongera. Petero avuga iri hinduka mw’ikete rya kabiri yanditse 1: 3-8 ati:

Kuko ubushobozi bw’ubumana bwayo bwaduhaye ivyo ubugingo no kwubaha Imana vyose, tubiheshwa no kumenya neza uwaduhamagarishije ubwiza bwiwe n’ingeso ziwe nziza. Ivyo vyatumye aduha ivyo yasezeranye vy’akaburarugero, bihambaye cane, kugira ngo bibatere gusangira n’Imana akameremere kayo, mumaze gucika muva mw’ibohero ryazanywe mw’isi no kwipfuka. Mbere kubwo iyo nyanduruko nyene, ubwanyu mushiruke umwete wose; ukwizera kwanyu mukwongereko ingeso nziza; ingeso nziza muzongereko ubwenge; ubwenge mubwongereko kwirinda; ukwirinda mukwongereko kwihangana; ukwihangana mukwongereko kwubaha Imana; ukwubaha Imana mukwongereko gukunda bene Data, ugukunda bene Data mukwongereko urukundo. Kuko namba mugira ivyo, bikagwira, bituma mutaba abanyabute canke ingumba ku vyo kumenya neza Umwami wacu Yesu Kristo.

Hari vyinshi vyerekeye ukuri ngenderwako mu buryo bw’impwemu bivugwa muri ibi vyanditswe bikomeye. Ubwa mbere, Imana, biciye muri Mpwemu Yera, yahaye umwe wese muri twebwe Abakristo ivyo dukeneye kugira tubeho ubuzima buhesha Imana icubahiro. Ubwa kabiri, nk’uko amasezerano y’Imana ameze, turashobora “kugira ico dukoze muri kamere y’Imana”- gusa na Yesu - guhunga ububi bw’isi (soma kandi Abaroma 12: 1-2). Ubwa gatatu, kuko dufise ubushobozi, dukwiye kugira ishaka ry’imvâmutima ryo “kwongera” ku kwizera kwacu bwa burangamutima bwose bwavuzwe. Mu guheraheza, ingeso zacu zimaze gusa na Kristo, duca tuyara kandi tugakora neza mu buzima bwacu turi kumwe na Yesu.

Ahanini, ingeso ni “umusesekara w’ibiri mu mutima”. Umukristo ategerezwa gukundana, gutanga, kugira imbabazi no kugira ingeso nziza nk’ibimuranga. Ariko, n’imbere yuko abizeye bashikwako

n'iryo hinduka ry'imbere, barashobora *guhita mwo* gukora ibisa na bwa burangamutima hamwe n'izindi ndanzi zibwerekana. Kenshi cane, Bibiliya isaba Umukristo kugira urukundo, gutanga, gukora nk'umuntu atanga imbabazi, kwitwararika abantu mu bugwaneza, hitezwe yuko uko barushiriza gukorana na Mpwemu Yera, bazorushiriza kumera nk'uko ivyo bakora bimeze. Mu yandi majambo, ibikorwa vyabo bizorema inyifato nziza muri bo.

Nk'uko bimeze mu rwego rw'ubumenyi, hariho ingeso nziza nyinshi Imana igomba guhingura mu muntu. Ubu buranga 11 bukurikira burakenewe cane:

Urukundo — umwigishwa yereka abandi urukundo ata co rushingiyeko, rutagira akarimbi kandi rutikunda.

Abo nkunda, dukundane: kuko urukundo ruva ku Mana. Umuntu wese akundana yavyawe n'Imana, kandi azi Imana. Uwudakundana, ntazi Imana, kuko Imana ari urukundo. Iki ni co caseruye urukundo rw'Imana muri twebwe, ni uko Imana yarungitse Umwana wayo w'ikinege mw'isi, kugira ngo duheshwe ubugingo na we. Iki ni co kirimwo urukundo, si uko twebwe twakunze Imana, ariko ni uko ari yo yadukunze, igatuma Umwana wayo kuba impongano y'ivyaha vyacu. Abo nkunda, kuko Imana yadukunze ityo, natwe dukwiye gukundana. Nta wigeze kubona Imana. Dukundanye, Imana iguma muri twebwe, no kuyikunda kuba guhingurwe muri twebwe. (1 Yohana 4: 7-12)

Umunezero — umwigishwa yerekana umunezero ushingiye ku Mana atitwariritse ibiriko biramubako.

Mwiyumvire ko ari ivyo kunezerwa rwose, bene Data, ni mwagwa mu bibagerageza birari bimwe, mumenye yuko ibigeza ukwizera kwanyu bitera ukwihangana. (Yakobo 1: 2-3)

Uwo muramukunda naho mutigeze kumubona; kandi n'ubu, naho mutaramubona, muramwizera, bibatera kunezerwa akanyamuneza k'ubwiza katoovugwa, mugahabwa ikizantwa n'ukwizera kwanyu, ni co gakiza k'ubugingo bwanyu. (1 Petero 1: 8-9)

Amahoro — Umwigishwa yerekana uguhāzwa mu buzima kuko afitaniye amahoro n'Imana no kugiriranira amahoro n'abagenzi biwe.

None rero, ko twatsindanishirijwe no kwizera, dufise amahoro ku Mana kubwo Umwami wacu Yesu Kristo, yadushikanishije ukwizera muri ubu buntu duhagazemwo, kandi tunezerezwa no kwizigira kuzobona ubwiza bw’Imana. (Abaroma 5: 1-2)

Ntimusubirize umuntu mū nkōko ikibi yabagiriye; mubabare gukora ivyiza imbere y’abantu bose. (Abaroma 12: 17-18)

Hahirwa ababanguranya, kuko ari bo bazokwitwa abana b’Imana (Matayo 5:9)

Kwihangana — umwigishwa agaragaza ukwihangana mu gusugerezwa kw’ubuzima kutabura kubaho.

Uhwekere imbere y’Uhoraho, umurorêre wihanganye: ntuhagarikwe umutima n’úwugûwe neza mu rugendo rwawe, n’umuntu ashitsa imigabo mibi. (Zaburi 37: 7)

Munezererwe kwizigira ibizoba; mwihanganire amagorwa; mushishikare gusenga. (Abaroma 12: 12)

Kuko igishimwa ari uko umuntu, namba ahanuwe n’ijwi ryo mu mutima gukora ivy’Imana igomba, yokwihanganira imibabaro ahowe ubusa. Mwokwihanganira gukubitwa ibipfunsi muhowe icaha, mwokwihaya iki? Ariko mwokwihanganira kubabazwa muhowe gukora neza, ivyo ni vyo bishimwa ku Mana. Ivyo ni vyo mwahamagariwe, kuko na Kristo yabababarijwe, akabasigarana icitegererezo, kugira ngo mugere ikirenge mu ciwe. (1Petero 2: 19-21)

Ubugwaneza/Kugira neza — umwigishwa agirira ubuntu abantu bose mu gukora no kuvuga ibintu bihezagira abandi.

Nuko rero, nk’uko bibereye abatoranijwe n’Imana bera bakundwa na Yo, mwambare umutimwa w’ikigongwe, n’ineza, n’ukwicisha bugufi, n’ugutekereza, n’ukwihangana, mwihanganirana (Abakolosayi 3:12).

Ariko ivyo Mpwemu yama ni urukundo, umunezero, amahoro, ukwihangana, kugira neza, ingeso nziza, kuba umwizigirwa, ubugwaneza, ukwirinda (Abagalatiya 5: 22-23)

Nuko rero, iyo turonse uburyo, tugirire bose neza, cane cane abo inzu y’abizera. (Abagalatiya 6: 10)

Kuba umwizigirwa — umwigishwa yerekana ukugamburukira Imana n’abantu mu bikorwa vyose yiyemeje gukora.

Ariko gusa, ni mvubahe Uhoraho, mumukorere mushize igikonyo, bivuye mu mitima; murabe ivyo yabakoreye ingene ari ibihambaye. (1 Samweli 12: 24)

Uwukóra ivyo yizigirweko ku corose cane, agira atyo no ku gikomeye: ugabitanya ku coroshe cane, agabitanya no ku gikomeye (Luka 16: 10)

Ubugwaneza — umwigishwa yerekana umuutima utekanye kandi w’ubugwaneza no gukora ibintu yavyiyumviriyeko mu gihe ariko aravugana n’abantu.

Ukwishura kwiyoroheje guhwama uburake, ariko ijambo ribabaza rivyura ishavu. (Imigani 15: 1)

Mwame munezererwa mu Mwami wacu imisi yose; ndabivuze ubugira kabiri: ni munezerwe. Ubugwaneza bwanyu bumenywe n’abantu bose; Umwami wacu ari hafi. (Abafilipi 4:4-5)

Hahirwa abatekereza, kuko ari bo bazoragwa isi. (Matayo 5: 5)

Ukwirinda — Umwigishwa yerekana ukwirinda mu mvugo ziwe, ingeso n’ibikorwa.

Kuko ubuntu bw’Imana bwaserutse, buzanira abantu bose agakiza, butwigisha kwikunkumura ukutubaha Imana n’ukwipfuzza ivy’isi, bukatwigisha kwama tudahugumba, tugororoka, twubaha Imana, mu gihe ca none, twitega ivyizigiro vy’amahirwe no kuzoseruka kw’ubwiza bwa Yesu Kristo, ni we Mana yacu ihambaye n’Umukiza. Yatwiguze kugira ngo aducungure, adukuyeko ivyo twagabitaniye vyose, kandi yihumanurire ubwoko ngo babe icibare ciwe, barwane ishaka ry’ibikorwa vyiza. (Tito 2: 11-14)

Mwirindire ibiboreza, mwame mugavye: umurézi wanyu, ari we wa Murwanizi, agendagenda nk’intambwe arondera uwo yorotsa. (1 Petero 5: 8)

Ubuntu — umwigishwa yerekana imbabazi, ubuntu no gutanga ku bandi, n’abamucumuyeko.

Mubiherewe ubusa, mubitangire ubundi. (Matayo 10: 8)

Imvugo zanyu zamane ubuntu bw’Imana, zirunzwe umunyu, kugira ngo mumenye ingene mukwiye kwishura umuntu wese. (Abakolosayi 4: 6)

Ivyizigiro — Umwigishwa ategerezwa kugira ukwitegana igishika, mu buryo bugenda bukura, amasezerano y’Imana n’ubwo atoba arayabona, n’ukugira ivyizigiro vyo kubaho ibihe bidashira.

Imana y’Umwami wacu Yesu Kristo, ari yo Se, iragahezagirwa, yatuvyaye ubwa kabiri nk’uko imbabazi zayo nyinshi ziri, kugira ngo tugire ivyizigiro bizima, ituvyaza ukuzuka mu bapfuye kwa Yesu Kristo, ngo tuze twegukire umwandu utazobora, utanduye, udakabirana, mwabikiwe mw’ijuru, mwebwe abazigamwa n’ubushobozi bw’Imana kubwo ukwizera, muzigamirwa agakiza kategurwe kuzohishurwa mu gihe c’iherezo. (1 Petero 1:3-5)

Imana itanga ivyizigiro ibuzuze umunezero wose n’amahoro biva ku kwizera, kugira ngo murushirize kwizigira ibizoba, mubihatwe n’ubushobozi bwa Mpwemu Yera. (Abaroma 15:13)

Mwami, none ico ndorereye ni iki? Ni wewe nizigira. (Zaburi 39:7)

Kwicisha bugufi — Umwigishwa abona ko abandi bamusumba biciye mu bikorwa no kwerekana ubudasá mu kwitaho abandi.

Ntimugire ico mukora kubwo gukêbana canke ukwifata uko mutari, ariko mwicisha bugufi, umuntu wese yiyumvire yuko mugenzi we amuruta, kandi umuntu wese ntiyiyumvire ivyawe gusa, ariko yiyumvire n’ivyo abandi. Mugire wa mutima muri mwebwe wari muri Kristo Yesu. (Abafilipi 2: 3-5)

Mwiyoroheje rwose, mufise ubugwaneza, mwihangana, mubabariranira muri mu rukundo (Abanyefeso 4: 2)

Ubuhingana

Ubuhingana ni ibintu umwigishwa ashoboye gukora. Ivyo ni ibikorwa canke ubumenyi afise mu buzima bw’impwemu. Nk’uko umwana yiga gutambuka, kugendesha ikinga canke kugendesha umuduga uko imyaka igenda yiyongera, ni ko n’Umukristo agenda agira ubuhinga bumufasha mu gukura mu buryo bw’impwemu kandi bukamutera kugira ivyamwa vyinshi mu gikorwa c’Imana. Muri kahise, ubuhinga benshi bagiye babwita “ indero” y’ubuzima bw’impwemu. Nk’uko bitandukanye “n’ibikorwa” abantu bakora kugira baronke ubuntu buva ku Mana, indero ni ingeso zo mu buryo bw’impwemu zizanwa n’ubuntu. Ni ibikorwa biba nk’ingaruka

y'imigenderanire n'Imana.

Nkuko iyerekwa rimeze, ubumenyi n'inyifato uko twabivuze aho hejuru bikaba ari igipimo c'Umukristo, ni ko n'ubuhinga bukwiye kuba igipimisho. Iyo mba notumiwe mu nzu y'umuntu gufungura ngasanga bariko baragaburira umuhungu wabo afise imyaka 13, noca mvuga nti: Umuhungu wabo ni ikinebwe canke yaragize ingorane mu gukura kwiwe vyamubujije gushobora kwigaburira. Muri ubwo buryo nyene, dukwiye kubona neza yuko igihe Abakristo badasenga, badasangira ukwizera kwabo canke badashigikirana canke badashigikira ibikorwa vy'Imana mu buryo bw'amafaranga, nk'akarorero, bitumwa n'uko baba ari ibinebwe, canke hari ico babuze mu buryo bw'impwemu. Umwigishwa akurá aguma yunguka ubuhinga bwo mu buryo bw'impwemu.

Muri ubwo buryo nyene, nk'ubundi buhinga bwinshi, hari ubuhinga bwinshi Imana yipfuzaga gushira mu mukristo. Ubuhinga cumi bukurikira ni ngirakamaro cane:

Ukwiga Bibiliya — umwigishwa yiga ijamba ry'Imana, arondera gutahura ukuri kwo mu buryo bw'impwemu nk'urufatiro rugenga kandi rurōngōra ubugingo bwabo.

Ivyanditswe vyose vyahumetswe n'Imana, kandi bigira ikimazi co kwigisha umuntu, no kumuhana, no kumutunganya, no kumutoza indero nziza mu kugororoka: kugira ngo umuntu w'Imana abe uwushitse, afise ibimukwiye vyose, ngo akore igikorwa ciza cose. (2 Timoteyo 3:16-17)

Hwēzēsha amaso yanje, kugira ngo mbone ibitangaza vyo mu vyagezwe vyawe. (Zaburi 119: 18)

Ibiri muri ico gitabu c'ivyagezwe ntuzobikure mu kanwa kawo; ariko uze wame ubirimbura ku murango no mu'ijoro, kugira ngo ubone kwitondera ivyanditswemwo vyose; ni ho ivyawe bizongenda neza, ukagira amahirwe. (Yosuwa 1: 8)

Ikibano cubakiye kuri Bibiliya — umwigishwa ahura imisi yose n'abandi bakristo mu ntumbero yo guterana intege, gushingwa amabanga n'igikorwa c'Imana. Ukwitangira ikibano na vyo nyene bisobanura ko umwigishwa aronderana umwete ugusubiza hamwe.

Mwākīrane imitwaro, mushikane mutyo ivyagezwe na Kristo. (Abagalatiya 6:2)

Kandi twiyumviraneko, kugira ngo turwane ishaka ryo gukundana n'iryo ibikorwa vyiza, twoye guheba gukoranira hamwe, nk'uko bamwe bagira, ariko duhanūrane, kandi uko mubonye wa musu wegereza, murushirize kugenza mutyo. (Abaheburayo 10: 24-25)

Urukundo — umwigishwa arondera gukorera umuntu akengeretse, urya wa nyuma kandi yazimiye mu kibano mu kwitwaririka ivyo akeneye mu mwanya no mu butunzi.

Imana y'Umwami wacu Yesu Kristo, ari yo Se, iragahezagirwa, Data wa twese w'imbabazi, kandi Imana yirura imibabaro yose, itwirura mu marushwa yacu yose, kugira ngo natwe tubone uko twirura imibabaro abari mu barushwa yose, tuyibiruzwa uko natwe twiruze n'Imana. (2 Abakorinto 1: 3-4)

Idini itunganye itagira agasembwa imbere y'Imana Data wa twese, ni ukuraba impfuvyi n'abapfakazi mu marushwa yabo, no kwirinda ngo ntiwanduzwe n'ivy'isi. (Yakobo 1: 27)

Guhindura abandi abigishwa — intumwa zagira intumbero yo kurondera kugwiza iyerekwa ryabo, ubwenge, ingeso n'ubumenyi kugira bashobore gufasha abandi mu rugendo rwabo rw'impwemu.

Jewe nahawe ubushobozi bwose mw'ijuru no mw'isi. Nuko ni mugende, muhindure amahanga yose abigishwa, mubabatiza mw'izina rya Data wa twese n'iryo Umwana n'irya Mpwemu Yera; mubigishe kwitondera ivyo nabageze vyose. Umve, ndi kumwe namwe imisi yose, gushitsa ku muhero w'isi. (Matayo 28: 18- 20)

Si mwebwe mwantoraniye, ariko ni jewe nabatoraniye, nabashizeho kugira mugende murama imbuto, kandi ngo imbuto zanyu zigumeho (Yohana 15: 16)

Kandi ivyo wanyumvanye mu maso y'ivyabona vyinshi, ubishikirize abantu bo kwizigirwa, bazashobora kuvyigisha n'abandi. (2 Timoteyo 2:2)

Ivugabutumwa — umwigishwa ashobobora kuvuga inkuru y'ingene yizeye Yesu kandi agasangira n'abandi Ubutumwa

Bwiza bwa Yesu biciye mu ngiro no mu kwamamaza, mu kibano ciwe hamwe no kw'isi yose.

Muri umuco w'isi. Igisagara cubatswe ku mpinga y'umusozi ntigishobora guhishwa. Nta bodomeka itara ngo baryubikeko igisimbo, ariko barishira ku gitereko caryo, ngo riboneshereze abari mu nzu bose. Abe ariko umuco wanyu ubonesha imbere y'abantu, ngo babone ibikorwa vyanyu vyiza, bahimbaze So wo mwijuru. (Matayo 5: 14- 16)

Ariko muzohabwa ubushobozi Mpwemu Yera ni yabazako, muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe i Yerusalemu, n'i Yudaya hose, n'i Samariya, no gushitsa ku mpera y'isi. (Ivyakozwe n'Intumwa 1:8)

Ndagushizeho ngo ube umuco w'amahanga, kugira ngo n'abo ku mpera y'isi ubashikirize agakiza. (Ivyakozwe n'Intumwa 13: 47)

Gutangana umunezero — umwigishwa atanga anezerewe ubutunzi bwiwe kugira ngo yagure Ubwami bw'Imana biciye mw'Ishengero ryiwe no hanze yaryo.

Ingero nziza, itsindagiye, inyingishe, isesekaye, ni yo bazobaha mu co muteze. Kuko ingero mugereramwo ari yo muzosubirizwamwo. (Luka 6: 38)

Ariko uwutari abizi, agakora ibikwiye kumukubitisha, azokubirwa nkeya. Uwahawe vyinshi wese azobazwa vyinshi; uwabikijwe vyinshi ni we bazorushiriza kwaka vyinshi. (Luka 12: 48)

Ariko ico mvuga ngiki, ngo Uwubiba nke, azokwimbura bike, Uwubiba vyinshi azokwimbura vyinshi. Umuntu wese atange nk'uko abigabiye mu mutima wiwe, atababaye canke atagoberewe, kuko Imana ikunda uwutanga anezerewe. Kandi Imana ishobora kubasazako ubuntu bwose, kugira ngo murushirize gukora ivyiza vyose, mufise ibibahagije muri vyose. Nk'uko handitswe, ngo Yatanze isabagire, yahaye abakene, Ukugororoka kwiwe kwamaho ibihe bidashira. Kandi Iyihá umubivyi imbuto n'imitsima yo kurya, ni yo izobaha, ibongeranirize imbuto zanyu zo kubiba, kandi izogwiza imbuto z'ukugororoka kwanyu. Namwe muzotungishwa muri vyose, ngo mugire ubuntu bwose, butuma dushimisha Imana. (2 Abakorinto 9:6-11)

Amasengesho — umwigishwa arondera Imana biciye mu masengesho, kwatura ivyaha, kwamamaza amashimwe y'Imana,

gushimira Imana ku migisha yayo imuha, kwizera Imana ku bugombe bwayo kuri we no ku bandi.

Uhoraho aba hafi y'abamwambaza bose. Y'abamwambaza mu vy'ukuri bose. (Zaburi 145:18)

Ntimugire ico mwiganyira, ariko muri vyose ivyo mugomba bimenyeshwe Imana, mu gusenga no mu kwinginga bifatanije no gukenguruka. Maze amahoro y'Imana aruta uko yomenywa n'umuntu wese azoshibamira imitima yanyu n'ivyiyumviro vyanyu muri Kristo Yesu. (Abafilipi 4: 6-7)

Mukovyeye mu gusenga, mukubemwo maso, mushima. (Abakolosayi 4:2)

Ni twatura ivyaha vyacu, ni yo yo kwizigirwa kandi igororoka, ivyo ni vyo bituma iduharira ivyaha vyacu, ikatwoza ukugabitanya kwose. (1 Yohana 1:9)

Kugira intumbero imwe — umwigishwa arorosha ubuzima kugira yite ku bintu biruta ibindi vyose Imana igomba ku buzima bwiwe no ku bandi.

Nakurondeje umutima wanje wose; ntukunde ko mpusha ngo mve mu mabwirizwa yawe. (Zaburi 119:10)

Ariko mubanze mwitaririke Ubwami bw'Imana n'ukugororoka kwayo, ni ho ivyo vyose muzovyongerwa. (Matayo 6: 33)

Nuko rero ko dukikijwe n'igipfungu c'ivyabona kingana gityo, twiyambure ibituremera vyose, n'icahe gikunda kutwizingirako vuba, dusiganirwe ivyo twashizwe imbere twihanganye, dutumbereye Yesu wenyene, ni we nyanduruko yo kwizera kandi ni we yaguzereye; uwo, kubwo umunezero yashizwe imbere, yihanganiye umusaraba, ntiyagira ikindi isoni zawo, avyagira i buryo bw'intebe y'Imana. Nuko mushire imitima kuri uyo yihanganiye ibihari bihambaye biryo abanyavyaha bamuharirije, ntumucobogore, ntumudendebukirwe mu mitima yanyu. (Abaheburayi 12: 1-3)

Ingabire za Mpwemu — umwigishwa akorera Ishengero ryiwe biciye mu gukoresha ingabire ziwe.

Ariko umukuru muri mwebwe azobe umukozi wanyu. Uwuzôkwishira hejuru azocishwa bugufi, kandi uwuzôkwicisha bugufi azoshirwa hejuru. (Matayo 23: 11)

Nk’uko umuntu wese yagabiwe ingabire muzigaburirane, nk’uko bibereye ababwiriza beza b’ubuntu bw’Imana bw’uburyo bwinshi. (1Petero 4:10)

Mugire wa mutima muri mwebwe wari muri Kristo Yesu. Uwo, naho yari asanganywe ishusho y’Imana, ntiyiyumviriye yuko kuringanira n’Imana ari ikintu co kwumirako. Ariko yisiga ubusa, yabira ishusho y’umugurano, acika uwusá n’abantu (Abafilipi 2: 5-7)

Yamara umuntu wese ahabwa ikimwerekana ko Mpwemu kugira ngo bigire ikimazi. (1 Abakorinto 12:7)

Guhimbaza Imana — umwigishwa arashira hejuru Imana, mu bwihisho no kumugaragaro, ku co Imana iri co hamwe no ku vyo yakoze.

Akanwa kanje kazokwuzura ishimwe ryawe, n’icubahiro cawe umusi wîré. (Zaburi 71:8)

Ni mushime Uhoraho, mwambaze izina ryiwe; Mumenyekanishe ibikorwa vyiwe mu mahanga. Muririmbiye, mumuririmbiye ishimwe; muvuge ibikorwa vyiwe vyose bitangaje. Mwirate izina ryiwe ryera, imitima y’abarondera Uhoraho inezerwe. Murondere Uhoraho n’inkomezi ziwe; murondere mu nyonga hiwe ibihe bidashira. (Zaburi 105: 1- 4)

Ntimuzi yuko imibiri yanyu ari insengero za Mpwemu Yera ari muri mwebwe, uwo mufise, avuye ku Mana? Kandi si mwe mwiganza, kuko mwaguzwe igiciro. Nuko rero, mushimishe Imana mu mibiri yanyu. (1 Abakorinto 6: 19-20)

Nuko iyo murya, canke munywa, canke mukora ikindi kintu cose, mube mukorera vyose gushimisha Imana. (1 Abakorinto 10: 31)

Uguhindura Abandi Abigishwa

Yesu Kristo yasavye abamukurikira kutipfuzwa “guhinduka abigishwa gusa”, ariko kandi n’“guhindura abantu abigishwa”. Ivyo bisaba ko umupasitori n’Ishengero bavyiyumvirako n’umwete wose. Ibitabu vyinshi vyaranditswe ku bijanye n’uru rugendo hamwe n’intambuko ziboneka ziranga abigishwa bariko barakura. Hariho nk’ivyangitswe na Robert Coleman mu gitabu ciwe gikundwa cane citwa *Indinganizo Rusangi mw’Ivugabutumwa*, ibitabu bibiri vyanditswe na Bill Hull vyitwa *Ibirânga Umupasitori Ahindura Abandi*

Abigishwa hamwe n'icitwa *Ibirânga Ishengero Rihindura Abandi Abigishwa*, icanditswe na Leloy Eims citwa *Ubuvinga Bwazimiye bwo Guhindura Abandi Abigishwa* n'icanditswe na Gred Ogden citwa *Ubwigishwa Būzanā Ihinduka*, ivyo ni bike tuvuze muri vyinshi. Intumbero y'iki gitabu si ukudondora utuntu twose dutoduto nk'imigenderanire y'abantu. Ariko, hariho ivya ngenderwako bikeya Umupasitori wese akwiye kumenya kugira ngo atere abizera umwete w'ugukura mu buryo bw'impwemu mw'Ishengero ryiwe.

Rondera umutahe mwiza kandi ukwiye

Yesu Kristo yabwiye abamukurikira bose “guhindura amahanga yose abigishwa”. Umupasitori yitwaririka guhindura abantu gucika abigishwa yipfuza ko Abakristo bose bokura mu migenderanire yabo n'Imana. Ariko rero, mu gihe hariho uguhindura abigishwa ku giti cabo, ni vyiza ko abarongozi bahitamwo abo bamarana akanya gakwiye kandi keza. Yesu yahisemwo abagabo 12, bisobanura ko hari abandi bantu benshi atatumiriyeye kugendana na We, basumba ubwinshi abo yemereye. Mu gihe umupasitori ategerezwa kwirinda kuca urubanza canke akarenganyo, akwiye gukoresha ubwenge mu guhitamwo abo akwiye kwigisha mu mwanya wiwe ufise agaciro.

Mu gihe bidashoboka kumenya igituma Yesu yahisemwo Matayo hagati y'abandi batozakori benshi canke Petero na Andereya aho guhitamwo abandi barovyari bari mu bundi bwato, umupasitori ashobora kwihweza ibintu vyinshi vyiza mu guhitamwo umuntu agomba guhindura umwigishwa. Ubwa mbere, raba umuntu umuntu w'umwizigirwa. Abantu bitanga kandi bashikamye neza mu bintu bikeya baba n'abizigirwa mu bintu vyinshi. Ubwa kabiri, rondera umuntu afise umwanya. Ni ukuvuga barya bantu banyotewe gukura no kwiga, bemera guca mu bintu bitaborohereza, kandi bitwaririka cane iyerekwa ry'Ishengero ryabo. Ubwa gatatu, rondera umwigishwa yemera kwigishwa. Uwugorana, yirârira (yishira hejuru, yibóna), canke umunyeshure yifitiye ivyiyumviro vyawe, ni gake azokwemera ihinduka ryuzuye. Umurongozi aronse umunyeshure w'umwizigirwa, afise umwanya kandi yemera kwigishwa, aba aronse umutahe mwiza.

Igisha gushira mu ngiro

Ubutumwa Bwiza bwose bufise intumbero y'uguhinduka kw'ubuzima. Naho biri uko, si Ubutumwa Bwiza bwose bushikana iyo ntumbero. Umusiguzi (canke Umwigisha) ategerezwa gutahura intumbero y'ubutumwa bwiwe:

- Guhindura ivyiyumviro – Ivyiyumviro bishasha/ukuri
- Guhindura imitima – ukwiyumva mu mutima gushasha/ivyizerwa.
- Guhindura inyifato – Imigenzo mishasha/ibikorwa

Ubutumwa bumwe bufise intumbero yo guhindura ingene abantu biyumvira. Ubu butumwa imisi yose bwitaririka ku kuri kumwe gutumbereye kw'inyigisho ndôndamâna gutegerezwa gukurikizwa. Kumbure abantu bawe barakeneye kumenya akamaro ka Mpwemu Yera mu gutahuza abantu Ivyanditswe. Canke, kumbure ubutumwa bwawe ni ubwo kugabisha Abakristo mw'isi irimwo ubugarariji bwinshi burwanya ukuri ko mu buryo bw'impwemu uko igihe kirushiriza guhera. Asangwa ubutumwa bwawe bwateguwe kugira ngo bumenyeshye, rero utegerezwa kuraba ingene ivyo bintu vyoja mu ngiro, kugira bifashe abantu kwemera no gushima uko kuri.

Ahejeje guhindura ivyiyumviro vy'abantu, umupasitori aca arondera ingene ashobora guhindura ivyizerwa vy'abantu n'imitima yabo. Bakoresheje ubwenge, abantu bariko barumviriza baremera ukuri. Ariko hamwe n'imitima yabo, baremezwa ukuri. Singomba ko abanyeshengero banje bizera gusa ko Bibiliya ari ijambo ry'Imana, ndipfuzako bokwizigira n'inyungu ziri muri ryo, bakaryizigira mu kurireka ngo rirongore ubugingo bwabo. Singomba ko abanyumva bemera gusa ko abantu bazohona ibihe vyose mu gihe batomenya Yesu; ndagomba ko bumva mu buryo bwihuta ko bategerezwa gusangira n'abandi ukwizera kwabo. Muri ubu buryo bw'Ugusigura Ubutumwa Bwiza, inkuru ihinduka ikintu abantu barondera gukora.

Ubwa nyuma, Umusiguzi w'Ubutumwa Bwiza, aba agomba ko abantu bahindura ingeso zabo... ubugingo bwabo bwose. Abantu bumva ijambo ry'Imana baba bibesha mu gihe badaca bashira mu ngiro ico ijambo ry'Imana ribasaba (Yakobo 1: 22-25). Ijambo

ry’Imana ririho kugira ritange inzira nshasha ku bantu b’Imana. Ribajana mu kubaho ubuzima bushasha butandukanye. Mu kwizera ko Mpwemu Yera azobafasha gutahura ivyanditswe, Abakristo barigenera indero yo gusoma no kwiga Bibiliya bashimitse. Biciye mu gutahura ko isi hariho ico ikeneye, bagira umwete wo kugirira neza abakene no gusangira ukwizera kwabo. Gutyo, baba bariko bashira ukwizera “mu ngiro” mu bugingo bwabo.

Abapasitori ntibategerezwa kunezerwa no kwigisha ibimenyeshejwe no gutanga amategeko. Bategerezwa kugira intumbero y’ingene hoba ishirwa mu ngiro ry’ivyo bigisha. Bategerezwa kumenya ko Ubutumwa bwabo ari ubwo guhindura ivyiyumviro, umushaha canke ingeso. Hanyuma, bategerezwa kwiyumvira neza mu gufasha abantu babo kumenya intumbero y’ubuzima.

Igisha ivyigwa Ndôndamâna vy’Urufatiro

Umupasitori wese yategerezwa kumenya ko hari abanyeshengero benshi batazi inyigisho za Bibiliya. Abakristo benshi ntibazi inkuru zivugwa cane muri Bibiliya. Vyongeye, mw’isi irimwo vyinshi, mw’isi umuntu wese afise ukuri kwiwe, ukuri kwarashizwe mu mwiza. Kubwo ivyo, narabonye ko ari ngirakamaro gutanga inyigisho z’urufatiro z’ivyigwa ndôndamâna, ndabishira mu rutonde rw’ivyigwa bifasha abanyeshengero bacu gukura.

Mu gihe iki cigwa gishobora gutunganywa mu nzira nyinshi, uburyo bukoreshwa mw’Ishengero ryacu mu myaka itanu iheze, twarabonye ko bugira akamaro. Kugira ngo umuntu ashobore kwiwandikisha muri urwo rukurikirane rw’ivyigwa, ategerezwa kuba ari umunyeshengero wacu ashitse- ikintu kitwereka ko yitwaririka iyerekwa n’igikorwa c’Imana mw’Ishengero ryacu. Abiyandikisha imbere y’abandi ni abasanzwe ari abarongozi bakora igikorwa c’Imana mw’Ishengero.

Iki cigwa kimara amayinga 38, kigabuwe mu bice vy’amayinga 8 kugeza kw’10, uyagabuye mu bihe bine. Mu kiringo kingana n’igice ca kane ca mbere, abantu bîga indondoro z’inkuru za Bibiliya, Isezerano rya Kera, igihe kiri hagati y’Isezerano rya Kera n’Isezerano Risha. Mu bindi bice 3 vya 4 bisigaye, abanyeshengero biga kuvyerekeye ivyigwa vy’urufatiro bibarõnsa ubumenyi bwerekeye Imana, Yesu, Mpwemu Yera, ubushobozi bwa Bibiliya,

ugutegekanya, umuntu, icaha, agakiza, ukwezwa, gutoranywa, ijuru, umuriro udahera, n’umusi w’imperuka. Ivyongera kuri ivyo, turigisha ubuhinga mu gusoma Bibiliya, ivugabutumwa, ingabire za Mpwemu Yera, uburongozi mw’Ishengero riri mu kibano, incamake y’inkuru yerekeye Kahise k’Ishengero, ivugabutumwa njabukamazi n’amadini. Abanyeshure barafata mu bwenge Ivyanditswe bikuru bikuru uko iyinga riheze. Hanyuma rero, kũ mpera y’igihe ca kabiri nó kũ mpéra y’igihe ca kane (hisunzwe ya ndinganizo y’amayinga ivyo vyigwa bimara yadondowe aho haruguru), abanyeshure barasuzumwa biciye mu guhâbwa ikibazo bishûra bâvuga.

Inyungu rusangi yibonekeza nk’ingaruka ya kino cigwa ni uko yongerereza abanyeshengero “ugushira amazinda.” Abagabo n’abagore barunguka ukuba inshirukamazinda kubwo gutâhûra Bibiliya, ingaruka y’ivyo na yó ikaba ari uko bigwîzâ murî bo ubukerebutsi mu burôngôzi bwabo, mu mwete ubarânga nk’abanyeshengero bashitse, no mu guhinduka abigishwa kwabo. Mu vy’ukuri, kino cigwa cahavuye gihinduka icigwa gitegura abakóra nk’abarongozi b’abandi mu kibano (abarongozi b’imigwi mito mito igize Ishengero mu mihana) hamwe n’abajenama b’Ishengero ryacu.

Tômôra Ubukerebutsi

Nkuko twabivuze ubwa mbere, Ishengero rya Central, ryarashizeho umugwi w’ivyizerwa, indanzi z’inyifato zibereye hamwe n’ubuhinga ngenderwako, kuva mu mwaka w’2001. Kuva ico gihe, vyinshi mu vyo dukora nk’Ishengero bishimikiye kuri ivyo vyiyumviro shingiro. Ivyo bisobanurwa ko Ubutumwa bwinshi buvuga ku vyerekeye ivyo twashizeho nk’urufatiro. Amashure yo ku musi w’Imana n’inyigisho zo hagati mu ndwi zivuga ku vyerekeye ivyo bintu vyurufatiro. Izo nyigisho ziratangwa mu mashure y’abana bo ku w’Imana, mu bikorane no mu nyigisho nkarishabwenge. Umupasitori akomeza gukébânurira canke gutumbereza abantu kuri vya vyizerwa, za nyifato na bwa buhinga ngenderwako vyîpfûzwa nk’ibikiye kurânga umwigishwa ariko arakura. Muri ubwo buryo, abarongozi baroroherwa mu gusuzuma ingene urwo rugendo rwo gukura ruriko ruragenda.

Igira ku bandi


Mu mwitwarariko nkoramutima wo guhindura abantu abigishwa, Umupasitori na we nyene yari akwiye kuba umunyeshure. Hari uburorero bwinshi bwiza cane bw'ingene bagwiza abigishwa, kandi hariho abapasitori ahantu henshi bariko bararoranirwa muri ico gikorwa. Mu gihe iki gitabu cerekana ivyiyumviro shingiro gusa, hariho ibintu vyinshi bitobito bitarinze kuvugwa hano. Vugana n'abandi barongozi b'Amashengero. Babaze ingene bariko barigisha abantu babo. Ni ibihe bikoresho bariko barakoresha mu kwigisha ubumenyi, inyifato n'ubuhinga bishingiye kuri Bibiliya? Gündura uburyo bwiza bwofasha abantu bawe kurushiriza gusa na Yesu.

NONE HOKORWA IKI?

Akamaro k'iki kigabane kaboneka mu gihe umupasitori afashe umwanya wo kwiyumvira ikintu coba mu gihe abantu mw'Ishengero arongoye boba barahindutse vy'ukuri. Iyumvire ko abantu bawe bafise iyerekwa ry'uko Imana ishira hejuru mu buzima bwabo, biciye mw'Ishengero ryawe canke mu kibano cawe. Iyumvire abo bantu mw'Ishengero urōngōye bafise ugutahura kugenda gukura kw'urukurikirane rwunze ubumwe bw'inkuru y'Urukundo rw'Imana nk'uko yahishuwe muri Bibiliya, kandi bamenye ivyiyumviro shingiro vy'inyigisho ndōndamāna. Iyumvire abantu bawe bafise ubuzima butandukanye –aho baje bava hose – babayeho ubuzima buhindutse. Kandi wiyumvire abigishwa mw'Ishengero ryawe bakoresha ubumenyi bize mu ngabire zabo, mu kuvuga ubutumwa no mu gusenga. Nk'uko nabivuze ubwa mbere, intumbero y'igikorwa cacu si uguhindura abantu abizera gusa canke gutuma abantu baba abanyedini. Intumbero yacu ni ukubona Mpwemu Yera ahindura inzego zose z'ubuzima bw'umuntu. Mu gihe abantu bahindutse, amashengero arahinduka hanyuma Imana igakoresha Ishengero mu guhindura isi.

SHIKA KU NTAMBUKO IKURIKIRA

1. Mbega usobanura gute iyerekwa ry’Imana rusangi ku buzima bwawe, mu majambo yawe no mu gikorwa cawe?
2. Utabanje gusubiramwo gusoma iki kigabane, vuga ingingo 10 z’ukuri wiyumvira ko ari izo urufatiro ku mwigishwa wese. Umaze gusubiramwo urwo rutonde muri iki gitabu, ni ayahe mahindagurika ushobora kuzokora mu rutonde rwawe?
3. Utabanje gusubiramwo gusoma iki kigabane, vuga ibintu 10 vyerekeye ingeso wibaza ko zikenewe ku mwigishwa wese. Umaze gusubiramwo urwo rutonde muri iki gitabu, ni ayahe mahindagurika ushobora kuzokora mu rutonde rwawe?
4. Utabanje gusubiramwo gusoma iki kigabane, vuga ubumenyi 10 ntabanduka wibaza ko bukenewe ku mwigishwa wese. Umaze gusubiramwo urwo rutonde muri iki gitabu, ni ayahe mahindagurika ushobora kuzokora mu rutonde rwawe?
5. Nk’umwigishwa wa Yesu, wokwiha amanota angana gute mu kuba umwizigirwa, kuba ufise umwanya wo gukora ivyo ujejwe no kwemera kwigishwa? Ni mu nzego izihe ukeneye gukura? Uzobikora gute?
6. Ni ikihe kintu gikomeye gusumba ibindi wize muri iki kigabane?



URÊNGĀNA IMBÍBE: MW'ISHĒNGERO RYĀNJE

*Hariho Ishengero kuko hariho igikorwa, igikorwa
ntikihari kuko hariho Ishengero.*

David Bosch

Mu mwaka w'1999, abashakashatsi babiri bo muri kaminûza y'i Harvard barakoze icigwa kugira ngo barabe ingene abantu bitwaririka utuntu dutoduto. Muri ubwo bushakashatsi, abakoreweko ubwo bushakashatsi bahamagariwe kurôrera amasanamu y'abakinyi b'umupira batandatu bahererekanya umupira. Abakinyi batatu bari bambaye imipira yirabura abandi batatu bari bambaye imipira yera. Abo bagizweko ubwo bushakashatsi bategerezwa guharura ibihetangabo abambaye imipira yera bahânâhâna umupira n'abambaye imipira yirabura. Haciye amasegonda 30 bariko bararaba ayo masanamamu, mu gihe abakinyi bârîko baranyûragirana bidasanze mu kibuga c'urukino bôngerâ báhânâhâna umupira, mu kibuga hăcîye hányuzwamwó

KUBA INYEG	GUHINDUKA	KURENGANA IMBIBE
YA YESU	UGUHINDUKA GITURUMBUKA	M'ISHENGERO RWAJE
MU KIBANO		MU KIBANO
Y'ISHENGERO	UGUHINDUKA KWIYUMVIRIWE	MW'ISI MBAYEMWO

umuntu yambaye impuzu zituma aboneka nk'Ingugé, anyuragira mu bakinyi mu kanya gato cane maze aca aranyika. Ayo masanamu arabandanya kwerekanwa mu kindi kiringo c'amasegonda 30, hanyuma y'ivyoye, abāgizwekó ubwo bushakashatsi baca barabazwa ibihetangabo ba bakinyi bahererekanije umupira. Igikurikira, baciye babazwa ko boba babonye Ingugé. Ivyabonetse muri ubwo bushakashatsi ni uko ibice 48 kw'ijana vy'abarorerezi bāriko baragirwako ubwo bushakashatsi bonyene ari bo aribo babonye iyo Ngugé muri ayo masanamu.

Ubwo bushakashatsi bwari bwakozwe mu ntumbero yo gusuzuma ico twokwita "ubuhumyi buterwa no kutaba maso bikwiye" canke "amashimikiro mu gucagura" aho abantu batakaza ibintu vyari bikenewe cane gusumba ibindi kubwo kwitwararika utuntu dutoduto tutari dúkenewe.

Iyi ni ingorane ikunda gushika mw'Ishengero. Abapasitori bitwaririka cane gufatanya abantu n'Imana no kubafatanya na bagenzi babo (KUBA INYEGU), bagashimikira no ku gukura kwabo kwo mu buryo bw'impwemu (GUHINDUKA), ariko bakirengagiza intumbero iruta izindi zose: guhamagarira abigishwa kugira uruhara mw'ijabukanabutumwa (KURENGANA IMBIBE).

Asangwa uri Umupasitori ukaba uriko usoma iki gitabu, uwu ni wo mwanya wo kubanza guhagarika gusoma akanya gato, hanyuma ukibaza iki kibazo uti, "Ni iyihe ntumbero y'Ishengero ryanje?" Ni kuki nkora ivyoye ndiko ndakora? Mbega nitwariritse ibintu ngirakamaro? Hoba hariho ibintu nahanze amaso binkura ku ntumbero nyamukuru y'Ishengero ryanje?"

Kugira ngo dutahure neza intumbero y'Ishengero, dutegerezwa gutahura intumbero y'Imana. Mw'Itanguriro, mu gihimba ca mbere n'ica kabiri, Imana yaremye isi hamwe n'abantu kubwo icubahiro cayo. (Soma Zaburi 19:1 hamwe na Yesaya 43:7) ivyoye bisobanura yuko ikintu cose caremwe kugira ngo giheshe icubahiro Iyakiremye. Ariko rero, mw'Itanguriro 3, icaha carononye isi gituma abantu bahora bisunga Imana muri vyose bahinduka abagarariji bīkūnda ubwābo. Inkuru yose isigaye yerekeye ingene Imana yahābūje ukwamamara kw'icubahiro cayo bīcīye mu gucungurwa kw'abanyavyaha.

Itanguriro 12:1-3 Ni igice co mu Vyanditswe gifise insobanuro mu

nkuru yerekeye agakiza. Imana yahamagaye Aburahmu (Igikorwa c'ubuntu bw'Imana) kuba Sekuruza w'Abayuda kandi isezeranira abantu bayo igihugu, imigisha yo mu buryo bw'impwemu hamwe n'abazomukomokako batagira uko bangana. Ikibabaje, ni uko abasomyi ba kera b'Abayuda n'abo muri kino gihe basobanura ko ayo masezerano nk'uko ni ayadasanzwe, nk'uko womenga imigisha y'Imana yagenewe umugwi w'abantu bamwe gusa. Ariko, Imana yarangije isezerano ryayo ivuga iti, "... kandi muri weye ni ho imiryango yose yo kw'isi izôhêrwa umugisha." Abayuda bari bahezagiwe ngo babe umuhezagiro.

Muri iyo ntumbero nyene, Muri Zaburi 67 harerekana neza intumbero njabukanabutumwa ry'Imana. Mu murongo wa 1, umwanditsi wa Zaburi asenga avuga ati, *"Imana itugirire ikigongwe, iduhe umugisha, itwakishirize mu nyonga hayo."* Mu buryo bwo guserura umugisha abaherezi bătura kw'ikoraniro ry'Ab'Isirayeli nk'uko wanditswe mu gitabu c'Uguharura 6:24-26), uwu murongo usaba ko Imana yokwerekana ukugira neza kwayo ku bantu Bayo. Ariko rero, imigisha y'Imana ntikwiye kwigera yiyumvirwako nk'iyihêrera ku bo ihawé. Ahubwo, imigisha yayo ica mu bantu kugira ngo ishike ku bandi kugira ngo n'abandi bantu na bo biyũmviye akanóvêrá k'ukugira neza kw'Imana. Umurongo wa kabiri uratômôra iyo ntumbero. *"Kugira ngo inzira yawe imenyekane mw'isi, n'agakiza kawe mu mahanga yose."*

Iyo ngingo ngenderwako yo "Guhezagirwa kugira ngo duhidue umuhezagiro" kirasubirwamwo incuro nyinshi cane mw'Isezerano Rishasha:

Muri umunyu w'isi. Ariko umunyu iyo ushize uburyohe, uba ukiryoshwa n'iki? Nta co uba ukimaze atari ugutabwa hanze ugakandagirwa n'abantu. Muri umuco w'isi. Igisagara cubatswe ku mpinga y'umusozi ntigishobora guhishwa. Nta bodomeka itara ngo baryubikeko igisimbo, ariko barishira ku gitereko caryo, ngo riboneshereze abari mu nzu bose. Abe ari ko umuco wanyu ubone-sha imbere y'abantu, ngo babone ibikorwa vyanyu vyiza, bahimbaze So wo mw'ijuru. (Matayo 5:14-16)

Ariko muje mu ntama zazimiye zo mu muryango wa Isirayeli. Uko

mugenda kwose mwigishe, muti Ubwami bwo mw'ijuru buri hafi. Mukize abarwaye, muzure abapfuye, mukize abanyamibembe, mesende abadayimoni. Mubiherewe ubusa mubitangire ubundi. (Matayo 10: 6)

"Yesu yongera kubabwira, ati Amahoro abe muri mwebwe. Nk'uko Data yantumye ni ko nanje mbatumye." (Yohana 20:21)

Imana y'Umwami wacu Yesu Kristo, ari yo Se, iragahezagirwa, Data wa twese w'imbabazi, kandi Imana yirura imibabaro yose, itwirura mu marushwa yacu yose, kugira ngo natwe tubone uko twirura imibabaro abari mu marushwa yose, tuyibiriza uko natwe twiruwe n'Imana. (2 Abakorinto 1: 3-4)

Rero nēzererewe amagorwa yanje yo kubwanyu kand'ivyasigaye ku marushwa ya Kristo nanje ndabishitsa mu mubiri wanjye, kubw'u-mubiri wiwe, ni wo shengero. (Abakolosayi 1:24)

Ariko mweho muri ubwoko bwatoranijwe, mukoraniye kuba abami n'abaherezi, muri ihanga ryera, abantu bashiriweho kuba inyegu yihariye, kugira ngo mukwize ishimwe ry'Iyabahamagaye, Ikabakura mu mwiza, Ikabashitsa mu muco wayo utangaje. (1 Petero 2:9)

Iyi ngingo ngenderwako yo guhererekana wimurira ku bandi, irumvikana. Abo bose bakiwe n'umuco, bamurikire abandi. Abo bose baronse vyinshi, batangé. Abo bose baremeshejwe, baremeshe abandi. Abo bahawe amahoro, bamamaze ubutumwa bw'amahoro. Iyi ni yo ntumbero y'Ishengero: gukwiragiza imigisha y'Imana mw'isi kugira ngo isi imenye Imana kandi ihimbaze Imana. Umwanditsi Alan Hirsch, mu gitabu ciwe citwa *Amayira Yibagiwe*, yanditse ati:

Igihe Ishengero ririko riramamaza hose Ubutumwa Bwiza, riba ari Ishengero nyakuri. Ishengero ubwaryo si nk'umwimbu w'iryo vugabutumwa rirengana imbibe gusa, vyongeye ritegerezwa kandi ryashiriweho kwagura iryo jabukanabutumwa gushika kure hashoboka, mu buryo bwose bushoboka. Intumbero y'Imana itemba bisanzwe nk'amazi

mu muntu yizera wese no mu kibano cose kirangwa n'ukwizera kwisunga Yesu. (Inomero y'urupapuro ya 82)

Mu majambo afitaniye isano n'ayo nyene, mu gitabu ciwe ciza cane citwa *Itegeko ryo mw'Isezerano Rishasha kw'Ishengero no ku Bajabukanabutumwa*, umwanditsi A.R. Hay yarabitômōye neza ati:

Uhoraho yashinze Ishengero nk'Ishirahamwe ry'Ivugabutumwa rirengana imbibe. Si ishirahamwe ry'ivy'Imana aho igikorwa c'ivugabutumwa njabukamazi gifatwa nk'igisata. Abajabukanabutumwa ni bo bāri barongozi baryo. Intumbero yaryo ya mbere yari yerekeye Ivugabutumwa kandi abanyeshengero baryo bategerezwa kugira uruhara mu kwamamaza Ubutumwa. (urupapuro 131)

Igihe nashika mw'Ishengero rya Central muri 2005, nasanzeho Ishengero ritahura intambuko ya mbere yo mu nzira y'uburyo bw'impwemu. KUBA INYEGU. Ishengero ryacu ryari ryarashizeho imfatiro ngenderwako zerekeye ikibano cubakiye kuri Bibiliya, n'abanyeshengero baryo benshi barakura mu migenderanire yabo n'Imana na hagati yabo. Ariko, naho abagize ikibano cacu baterwa umwete wo gushikiriza ijamba ry'Imana abantu bo mu kibano ryerekeye kugira uruhara mw'Ivugabutumwa rirenga imbibe, Ishengero, nta mwitwarariko uboneka ryari rifise ry'Ivugabutumwa rirengana imbibe. Ishengero ryaritwaririka abantu b'imbere muri ryo gusa ariko nta hinduka riboneka ryazana hanze yaryo.

Muri ico gihe, nari ngejeje hagati ivyigwa vyanje vyo muri Kaminuza kandi narasoma ibitabu vyinshi vyerekeye intumbero y'Ishengero. Igitabu kimwe citwa *Ukubandanya Guhinduka kw'Ishengero*, caramfashije cane. Umwanditsi waco Darrell Guder yavuze ati Amashengero menshi, iherezo ry'ubwigishwa ni ubwigishwa. Bisigura yuko amashengero menshi afise intumbero ishingiyeye kuri yo nyene yo guhindura abantu ngo barushirize kuba abakora neza *kurushiriza*. Ahubwo, intumbero y'Imana mu vyerekeye ubwigishwa yamye ari Ivugabutumwa rirengana imbibe. Imana ihindura abantu kugira bahindure isi babayemwo. Mu kwagura in-siguro yitije y'úwūndi mwanditsi w'Ivugabutumwa rirengana imbibe

yitwa David Bosch, Guder yavuze ati:

Ivugabutumwa rirengana imbibe rishobora gutahurwa nk'iri-va mu kameremere k'Imana ubwayo. Rica ridushira mu nyigisho z'Ubutatu, mu gishingo c'izerekeye ivy'Ishengero canke ivy'agakiza. Inyigisho za Kera zerekeye ibabukabutumwa ry'Imana ubwayo, aho Imana Data irungika Umwana Wayo, hanyuma Imana Data hamwe n'Umwana barungika Mpwemu Yera kandi "urugendo", iyo shusho igaca yaguka cane aho: Imana, Umwana, na Mpwemu Yera barungika Ishengero mw'isi.... Ivugabutumwa njabukamazi si igikorwa c'Ishengero ubwa mbere, ariko ni kimwe mu bigize imero y'Imana ubwayo... gutyo rero Ivugabutumwa rirengana imbibe riboneka nk'ukwimenyekanisha kw'Imana kugenewe gukwira isi yose: Ishengero ribonwa nk'igikoresho gishitsa iyo ntumbero ntangere ... Ishengero ririho kubera hariho ibabukabutumwa, riko ibabukabutumwa ntaho ririho kubera Ishengero.

Abo bantu babaye INYEGU za Kristo, kandi BAGAHINDUKA cane nka we BAKARENKA IMBIBE bajana Yesu mw'isi babayemwo. *"Ni munkurikire nzobagira abarovyizi b'abantu"* (Matayo 4:19). Iyo ni yo ntumbero y'Imana ku mukristo wese. Iyi ni yo ntumbero y'Ishengero ryose. Ishengero ni igikoresho c'Imana mu gucungura isi. Ntudukwiye guhanga amaso cane ku kibano no guhinduka ku buryo butuma twirengagiza Ivugabutumwa rirengana imbibe.

Mw'Ishengero

Igihe Petero yasigura Ubutumwa bwiwe bwa mbere ku musi wa Pentekoti, *"abizera ibihumbi bitatu barongewe ku gitigiri cabo uwo mu- si"* (Ivyakozwe n'Intumwa 2:41). Mu gihe Abakristo bo mu kibano babandanya bakura mu gufataniriza hamwe, *"Umwami yaguma abongera abama barakizwa."* (Ivyakozwe n'Intumwa 2:47). Mu gihe Ishengero ryaguma ryaguka rigatangura kugenda mw'isi, ryerekana ubushobozi bw'Imana kandi ryigisha Ubutumwa Bwiza, *"Benshi mu bumvise iryo ryamba bärizēye, igitigiri c'abagabo gishika nk'ibihumbi bitanu"* (Ivyakozwe n'Intumwa 4:4), mu gihe dukujije abigishwa, tuba

dukujije amashengero.

Ariko igihe amashengero akuze, ivya nkenerwa mw'Ishengero bica bigwira. Ishengero ry'i Yerusalemu rimaze kwaguka mu gitigiri, *"Abayuda bavuye i Bugiriki bidodombera Abaheburayo b'inyamo, kuko abapfakazi babo birengagizwa ku ngaburo y'imisi yose."* (Ivyakozwe n'Intumwa 6:1). Kugeza ubwo, intumwa zari zigishoboye gutunganya ibikorwa vyose zonyene. Ariko ubwo, abakozi benshi bari bakenewe kugira bashishikare kuroranirwa mu bikorwa bariko barakora. Ico gihe abarongozi baca basaba abantu kuraba abantu ndwi muri bo bashimwa, buzuye Mpwemu Yera (6:3). Abantu ni bo bari inyishu.

Ni ngirakamaro kubona yuko n'abo bakozi bari bagiye kwiyongera ku ntumwa bategerezwa kuba buzuye Mpwemu Yera. Impamvu ni uko Mpwemu Yera ahindura inyifato kandi abo bose bakora mw'Ishengero, bagategerwa ubwa mbere na mbere kuba abagabo n'abagore bafise inyifato nziza. Gukorera Ishengero bisaba kwicisha bugufi, ugutangana umunezero n'urukundo- vyose bikaba ari ivyamwa vya Mpwemu Yera (Soma Abafilipi 2:1-4). Ni vyiza ko Umupasitori ashira imbere inyifato nziza hejuru y'ubumenyi igihe ariko ahitamwo abakozi mw'Ishengero ryo mu kibano.

Ikindi gituma Mpwemu Yera ari ngirakamaro cane ni uko Mpwemu Yera ari we yigisha abantu gukorera Imana. Itumwa zarahuye ko atari vyiza kuri bo gukengera igikorwa cabo co kuvuga ijambo ry'Imana bakitwaririka ibifungurwa. Si ukuvuga ko igikorwa cabo cari kiri hejuru y'ivyo, ariko ni uko bari barigishijwe uburyo bumwe bw'igikorwa, kandi kwitwaririka abapfakazi nakwo gusaba abantu bateguwe gukora ico gikorwa. Mpwemu Yera aha impano abantu biwe kandi agaca anabanywānisha canke abāhūza hagati yabo.

Ugutahura kwiza kw'Uwizera ku vyerekeye ingabire zo mu buryo bw'impwemu gutuma abizera BARENGANA IMBIBE z'amashengero yabo. Bibiliya iravuga ukuri shingiro ku vyerekeye ingabire za Mpwemu:

Umukristo wese arafise ikimwerekanako n'imiburiburi impano imwe yo mu buryo bw'impwemu: Paulo yanditse ati, *"Yamara, umuntu wese ahabwa ikimwerekanako Mpwemu, kugira ngo bigire ikimazizi."* (1Abakorinto 12:7) kandi ati *"Ariko Umuntu wese muri mwebwe*

yahawe ubuntu, nk'uko tugererwa ingabire ya Kristo." (Abanyefeso 4:7). Si abapasitori gusa, ariko Abakristo bose barahawe n'imiburiburi ingabire imwe ya Mpwemu Yera.

Ingabire za Mpwemu Yera zitangwa bivanye n'uko Mpwemu Yera agomba: Nta muntu numwe agura canke ngo yige ingabire za Mpwemu Yera. Ahubwo, "...ivyo vyose uwo Mpwemu umwe ni we abikorera muri bo, agabira umuntu wese uko agomba." (1 Abakorinto 12:11). Ingabire za Mpwemu ni ukwibonekeza kw'ubuntu bw'Imana, zitangwa ku buntu kandi ata kirinze gusabwa. Umukristo arashobora kwipfuzwa ingabire (1 Abakorinto 14:1), ariko nta cemeza yuko azotegerezwa kuyihabwa.

Umukristo wese afise umwitwaririko wo gukoresha ingabire yiwe: Petero ateguka ati, "Nk'uko umuntu wese yagabiwe ingabire muzigaburirane, nk'uko bibereye ababwiriza beza b'ubuntu bw'Imana bw'uburyo bwinshi" (1 Petero 4:10). Mu majambo asa n'ayo nyene, Paulo abwira umwigishwa wiwe akiri muto, Timoteyo ati "Ntiwanjanywe ku ngabire iri muri wewe" (1 Timoteyo 4:14). Ingabire ntizitangwa kugira ngo zibikwe, ariko ni ukugira ngo zikoreshwe.

Ntimwibagire umugani w'abahawe Italanto, aho umukoresha yasigiye ubutunzi bwiwe abakozi biwe (Matayo 25:14-30). Umukozi umwe w'ikinebwe yaranjanywe ku vyo yabikijwe, ariko uwundi yerekana ubwizigirwa. Uwo atari ikinebwe, yongewe ibindi bikorwa vy'iteka, vyongeye anezeranwa na Shebuja.

Impano z'impwemu ni izo gutangwa: Imana itanga ingabire mu bantu bayo, maze igaha Ishengero abo bantu bayo kugira Ishengero rishitse intumbero yayo. Ingabire zitangwa si iza nyene kuzihabwa, ariko ni kubwo umubiri wa Kristo. Kimwe mu bice vyo mu Vyanditswe bidondora mu buryo burāmvūye ivyerekeye ingabire za Mpwemu Yera ni ikiri mw'ikete Paulo yandikiye Abanyefeso 4: 11-16

Kandi yahaye bamwe kuba intumwa, abandi kuba abavugishwa nawe, abandi kuvuga ubutumwa bwiza, abandi kuba abungere n'abigisha: kugira ngo abera babone gutungana, baheze bakore igikorwa co kugabura ivy'Imana, bubake umubiri wa Kristo: kugeza

aho twese tuzoshikira ku kugiriranira ubumwe buva ku kwizera n'ukumenya Umwana w'Imana, kandi kugeza aho tuzoshikira kuba abantu bakuze, no kurugeze rw'ubwinshi bw'ukunengesera kwa Kristo: kugira ngo dushire ubwana, ntituzungazungishwe n'imipfunda, ngo tujanwe irya n'ino n'imiyaga yose y'inyigisho n'amangetengete y'abantu, n'ubugunge bwabo, n'uburyo bwinshi bwo kuzimiza. Ariko tube imvugakuri turi mu rukundo, dukurire muri we muri vyose ari we mutwe, niwo Kristo; umubiri w'we wose, uteranijwe n'ibifashisho vy'ingingo zawo zose, nk'ukwigihimbabwako cose gikora igikorwa c'Imana cagerewe, kuri we ni ho uronka gukura kwawo, ukubakwa mu rukundo.

Uwu ni wo mugenzo w'ubwoko bumwe mu moko y'abasangwabutaka yo muri Australiya. Mu gihe cashinzwe, umuntu wese akiri muto ahabwa ubumenyi bw'ibanga canke ubuhinga bukenewe cane kugira ngo ubwo bwoko bushobore kubaho. Bushobora kuba ubuhinga bw'ingene baronka amazi avuye mu kinogo, canke inyungu n'ikoreshwa ry'igiterwa kanaka mu buvuzi. Nta wundi muntu ashobora kuronka ayo makuru. Muri iyo nzira, umuntu wese aba nkenerwa ku kubaho neza kw'ico kibano. Umwe wese aba afise igikorwa akora.

Paulo asigura ko umubiri wa Kristo uzokura kandi ukama ivyamwamurira mu gihe urugingo rwose *"rukoze igikorwa carwo."* Nta rugingo na rumwe rudafise akamaro mw' Ishengero (1 Abakorinto 12:12-26). Rumwe rwose rurafise akamaro ku mubiri wose.

Kwiga no kubaho mu buryo bw'ingabire za Mpwemu

Hari ibisomwa bine vy'urufatiro mw'Isezerano Risha bidondagura ingabire za Mpwemu mw'Ishengero. Kuko ata rutonde na rumwe rumeze nk'izindi, twiyumvira yuko bishoboka ko ingabire ziri mw'Ishengero zishobora kuba atari izadondagurwe muri ivyo vyanditswe gusa. Gereranya ingabire zanditswe mu makete yandikiwe: Abaroma 12:6-8; 1 Abakorinto 12:8-10; 1 Abakorinto 12:28-30 hamwe n'Abanyefeso 4:11 (raba igicapu ku rupapuro rukurikira)

Ingabire za mpwemu muri Bibiliya			
Abaroma 12:6-8	1 Abakorinto 12:8-10	1 Abakorinto 12:28-30	Abanyefeso 4:11
	Ijambo ry'Ubwenge		
	Ijambo ry'Ubumenyi		
	Ugukira	Ugukira	
	Ibitangaza	Ibitangaza	
	Ubuwugishwa	Ubuwugishwa	Ubuwugishwa
	Gusuzuma impwemu		
	Kuvuga mu ndimi	Kuvuga mu ndimi	
	Gusobanura indimi	Gusobanura indimi	
	Kwizera		
		Intumwa	Intumwa
Inyigisho		Abigisha	Inyigisho
Gukora		Gufasha	
		Gutunganya	
Kuremesha			
Gutanga			
Uburongozi			
Imbabazi			
			Abavugabutumwa
			Abapasitori

Kubera ko ingabire za Mpwemu zifise akamaro cane mu kwubakira umubiri wa Kristo, ni ingirakamaro ko Umukristo wese amenya amenya ingabire yahawe. Ingabire itamenywe ntiyigera ikoresheka.

Abapasitori barashobora gufasha abantu babo kumenya ingabire bafise kugira ngo Ishengero rikore neza cane. Ubwa mbere bashobora kwigisha, no gusigura ku kamaro k'ingabire zo mu buryo bw'impwemu mu mubiri wa Kristo. Ubwa kabiri, bategerezwa gutera intege ingabire zose mu kwuzurizanya kwazo badahisemwo nkeya gusa. Ubwa gatatu, bashobora gutondeka ingabire za mpwemu -kikaba nk'ikigokoreshe gifasha abantu kugundura ingabire zabo. Ubwa kane, bashobora kubaza ingabire abigishwa babo bapfuzaza canke biyumvira ko bafise. Iyo si inyishu ya nyuma, ariko ni kibanza ciza co gutangura kuvugana n'umuntu ku giti ciwe. Ubwa gatatu, uwo mwigishwa akwiye kubonana n'abantu b'abazigirwa, abahanuzi bo mu buryo bw'impwemu - aba bantu bazi uwo mugabo canke uwo mugore neza. Kenshi, abantu bashobora kubona kuri twebwe ivyo tutibonako. Ubwa gatandatu, bakwiye kuraba ukuroranyirwa. Abantu bama baroranyirwa mu bintu bahamagariwe gukora. Ubwa nyuma, Abapasitori bakwiye kwemera ingabire babona mu bandi.

Naho ingabire za Mpwemu zizana imihezagiro myinshi kw'Ishengero, hariho akaga mu guha ikibanza izo ngabire zose ku buryo zikorera ku gihe kimwe. Akaga kamwe ni ukuzeza igikorwa gisanze giwe n'abantu bafise ingabire z'umwihariko. Rimwe na rimwe, harabaho ivya nkenerwa umuntu uwo ari we wese ashobora gutorera inyishu. Nta Mukristo akwiye guca intege abandi kubera badafise ingabire ya Mpwemu yo kuremesha. Nta muntu n'umwe akwiye kwanka gukorera abandi canke gutangana umunezero kubera badafise ingabire ya Mpwemu yo gutanga, canke gukorera abandi. Ingabire za Mpwemu zifasha abantu gukora neza gusumba, ariko ntizirekurira Umukristo kudakora ibintu vy'urufatiro mu gikorwa c'Imana.

Akaga ka kabiri ni kubona ingabire yose yo mu buryo bw'impwemu nk'igipimo co gukura mu vy'Imana. Ingabire zimwe za Mpwemu zubaka Ishengero zigaragarira bose (Gusigura Ubutumwa, kwigisha, ubuvugishwa, n'izindi) ariko rero, ivyo ntibigabanya akamaro k'izindi ngabire. Nta Mukristo n'umwe akwiye kurutishwa abandi kuko afise ingabire kanaka. Abizera bose bafise agaciro kamwe mu bushobozi bwabo no mu kwicisha bugufi kwabo (Soma Abaroma 12:3)

Akandi kaga gafitaniye isano n’ákā kábiri, ni ugukoresha ingabire za Mpwemu ata rukundo. Mw’Ishengero ry’i Korinto, ugukoreshwa kw’ingabire zimwe kwarateje amacakubiri aho kuzana ubumwe. Igituma, nk’uko intumwa Paulo yabiseruye, ni uko abafise ingabire yo kuvugishwa mu zindi ndimi bataba bacitaho abandi bose basigaye mw’Ishengero. Ingabire zabo zari zabaye nk’akaryo ko kwiyamamaza. Ivyo bishobora gushika ku ngabire iyari yo yose. Abapasitori bashobora kwigisha intāma bajewe ariko ata rukundo bafitiye intama zabo. Abarongozi bakwiye kurongora batitwariritse inyungu zabo. Abajewe gutunganya mu vy’uburongozi bashobora kubikora kugira ngo bagenzure abandi. Ata rukundo ingabire za Mpwemu nta co ziba zimaze (1 Abakorinto 13:1-3)

Ijambo ku vyerekeye ingabire yo kuvuga mu zindi ndimi

Igihe cose ibintu vy’ingabire za Mpwemu biriko biravurwa, ibibazo bijanye “n’ibimenyetso vy’ingabire” (izindi ndimi, ibitangaza, ijambo ry’ubwenge) bica bivyuka, na cane cane ingabire yo kuvuga mu zindi ndimi. Ishengero rya none ry’ikanguro rya Pentekote ryemera yuko kuvuga mu zindi ndimi ari ikimenyetso kidasanzwe “c’umubatizo wa Mpwemu Yera kiba inyuma y’uko umuntu aba yabatijwe mu mubiri wa Kristo n’amazi menshi igihe yihanye. Uwo Mpwemu Yera aca asigira Umukristo igikorwa n’ubuzima bw’intsinzi. Ukugaragara kw’uwo mubatizo kubonekera mu ndimi, ivyo benshi bavuga ko ar’amasengesho y’umuntu “ mu zindi ndimi” – ni vyo twita ukudwêbêra mū ndími, ari na kwo kuvuga indimi zitūmvîkana – aho Uwizera ahimbaza Imana mu buryo bw’ibanga. Hari ivyanditswe shingiro bibiri bikoreshwa mu gushigikira iki ciyumviro. 1 Abakorinto 13:1 n’Abaroma 8:26

Naho novuga indimi z’abantu n’izo abamarayika, ariko ntagira urukundo, noba ncitse umuringa uvuga, canke icuma kivuzwa kigasāma. (1Abakorinto 13:1)

Ni ko na Mpwemu adufasha mu ntege nke zacu: kuko tutazi uko dukwiye gusenga, ariko Mpwemu ubwiye aradusengera, aniha iminiho itovugwa (Abaroma 8:26)

Ivyo Vyanditswe bibiri bivuga ku vyerekeye “indimi z’abamarayika” hamwe “n’iminiho ya Mpwemu Yera”, ivyo vyose Abapentekoti ni ko babibona. Ariko, umwihwezo wagutse w’ivyo vyanditswe werekana ko ico atari co umwanditsi yagomvye kuvuga mu vy’ukuri. Ubwa mbere, mw’ikete rya mbere yandikiye Abakorinto 13:1, Paulo ntiyigeze avuga Mpwemu Yera. Ubwa kabiri, yakoresheje akajambo nâhó/bíshitse, bituma iryo ryungane riri mu mwanya wa Gáshobozi, kandi mu Kigiriki ca kera, bwari uburyo bw’imvugo ndenzarugero. Paulo ntiyigeze avuga ko hariho umuntu ashobora kuvuga indimi z’abamarayika. Ubwa gatatu, intumbero y’uwo murongo ntiyari iyo kwigisha indimi canke abamarayika, ariko kwari ukwigisha urukundo.

Dushobora gutahura Abaroma 8:26 mu nsobanuro yagutse y’imurongo 18-27. Paulo avuga ku mibabaro Abakristo bagira kandi akavuga “iminiho itatu”. Umuniho w’irema (umurongo 22), umuniho w’uwizera (umurongo 23) n’umuniho wa Mpwemu Yera (umurongo 26). Iyo miniho yose itatu ni inyinshu y’ubuho bw’iremwa, imibabaro y’umuntu yavukiye mu caha, hamwe n’icipfuzo gikomeye co gucungurwa mu kuza kwa Yesu Kristo. Iminiho ya Mpwemu Yera ntisobanura izindi ndimi zitazwi, ariko ni amasengesho ya Mpwemu Yera asengera abizera.

None, ni akahe karanga k’indimi n’intumbero yazo?

Aho indimi zivugwa irya mbere ni mu gitabu c’Ivyakozwe n’Intumwa. Yesu Kristo yabwiye abigishwa biwe ati: *“Muzohabwa ubushobozi Mpwemu Yera ni yabazako; muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe i Yerusalemu, n’ i Yudaya hose, n’ i Samariya, no gushitsa ku mpera y’isi.”* (Ivyakozwe n’Intumwa 1:8). Wibuke: abigishwa ba Yesu *“ntibāri bârīgīshijwe; ntibāri abanyabwenge”* (Ivyakozwe n’Intumwa 4:13) kandi bari bakeneye ubushobozi budasanzwe kugira bashobore gushitsa itegeko rikuru ry’igikorwa c’Imana cerekeye Ubutumwa Bwiza. Igihe abigishwa bari bakoraniye hamwe mu cumba co hejuru, bose baciye buzuzwa Mpwemu Yera, baca *“batangura kuvuga mu zindi ndimi nk’uko Mpwemu abahaye kuzivuga”* (Ivyakozwe n’Intumwa 2:4). Ijambo “indimi” (mu bwinshi) ryerekana ko hari indimi nyinshi- si rumwe ku rundi- zariko zivugwa.

Igihe Petero atangura kwigisha Ubutumwa bwiwe bwa mbere, rāba ivyabaye:

I Yerusalemu hāri Abayuda bamyeho, abagabo bubaha Imana, bāri bâravûye mu mahanga yose yo musu y'ijuru. Ico gihinda cumvikanye, hakorana abantu benshi, barajorerwa, kuko umuntu wese yumvise ururimi rw'i wabo baruwuga. Barumirwa bose, baratanga, bati Mbega aba bose bavuga si Abanyagalilaya? kandi ni iki gitumye twese tubumva bavuga indimi z'i wacu izo twavukanye? Turi Abapariti, n'Abamedi, n'Abelamiti, n'abanye i Mesopotamiya, n'i Yudaya, n'i Kapadokiya, n'i Ponto, no muri Asiya, n'i Furugiya, n'i Pamfiliya, no muri Egiputa, no mu bihugu vy'i Libuwa biheranye n'i Kureni, n'abo i Roma bagerereye ino, Abayuda, bo n'abatoye idini yabo, Abakirete, n'Abarabo, tukabumva bavuga mu ndimi zacu ibitangaza vy'Imana. Bose barumirwa barazazanirwa, barabazanya, bati Ibi ni ibiki?" (Ivyakozwe n'Intumwa 2: 5-12)

Ubwo nyene Abakristo ba mbere bamaze kwakira Mpwemu Yera hanyuma bakavuga "mu zindi ndimi", igugu ry'abantu i Yerusalemu bumvise amajwi atamenyerewe kandi abanyamahanga bose bumvise abigishwa "bavuga indimi zabo". Aha nta gukekeranya ko ivyo bintu vyo kuvuga mu zindi ndimi vyarimwo ubushobozi bw'Imana buhawe abigishwa batize kugira bashobore kuvuga Ubutumwa Bwiza mu ndimi batize. Iyi ngabire yari ikenewe mu gukwiragiza Ubutumwa mw'isi yose. Icamwa c'ukuvuga izindi ndimi caragaragaye, ntibabaye ico guhindura abigishwa abahinga n'abanyāburāmba mu vya Mpwemu, ariko cabaye igitangaza c'ukwizera kw'abantu 3.000 ku musu umwe.

Ukuvuga mu zindi ndimi kuboneka ibindi biringo bibiri mu gitabu c'Ivyakozwe n'Intumwa. Mu Vyakozwe n'Intumwa 10, Petero yarōse inzosi, abona ahābwa itegeko ryo "gufūngura" ibikoko vyanduye. Cari igihe kidasanzwe co gukura n'ukwaguka kw'Ishengero rya mbere. Ahejeje kuronka iryo yerekwa, Petero yarahamagawe mu nzu ya Koruneliyo, Umunyamahanga. Asangira n'abari kumwe na we bose ukuri kwa Yesu, inzu yose ya Koruneliyo ica irizera. Luka aradōndōra neza iyo nkuru:

Petero akivuga ayo majambo, Mpwemu Yera aramanuka, aja ku bariko barumva iryo jambo bose. Abizeye bo mu bākebwe barumir-

wa, abazananye na Petero uko bangana, kuko n'abanyamahanga na bo basutswewe ingabire, ari yo Mpwemu Yera. Kuko bumvise bavugaga izindi ndimi, bahimbaza Imana. (Ivyakozwe n'Intumwa 10:44-46)

Igituma Koruneliyo n'umuryango wiwe batanguye kuvuga mu zindi ndimi si ku bwabo, ariko ni kubwa Petero. Petero, Umuyuda, ntiyari yiteze ko Ubutumwa Bwiza bushobora kuba ubw'“abanyamahanga banduye” ariko ivyagaragaye inyuma vyo mu buryo bw'impwemu vyamwemeje ko ko Ubutumwa Bwiza bwahawe bose kuko Mpwemu Yera yasutswa ku banyamahanga nk'uko yasutswa ku Bakristo b'Abayuda ku musu wa Pentekoti.

Akandi karorero kerekereye indimi mu Vyakozwe n'Intumwa gafise intumbero nk'iyi. Muri aka karorero, Paulo yari i Korinto (Ivyakozwe n'Intumwa 19), yabwiye Ubutumwa Abanyamahanga. Umenye ko Paulo yashikiye no kuronka abantu batari bwaronke Mpwemu Yera. Bari barabatijwe umubatizo wa Yohana Umubatizi, ariko bari bagikohaniye mu vyo kumenya Yesu. Ku murongo wa 4, Paulo yabahamagariye kwizera uwaje inyuma ya Yohana – Yesu – kandi baciye babatizwa mw'izina rya Yesu. Hamwe n'ivyo, baciye bakira Mpwemu Yera batangura kuvuga mu zindi ndimi.

Muri aka karorero ntikerekereye abizera kwakira Mpwemu Yera mu gihe kizozwa, ariko kerekereye abigishwa ba Yohana bakwirikiranye inyigisho ziwe hanyuma bakagira ukuri kutuzuye. Bamaze kwumva Ubutumwa Bwiza bwuzuye, baciye bashira ukwizera kwabo muri Yesu baciye bakira Mpwemu Yera mu kwihana kwabo nkuko n'abandi bakristo babigenze. Ukuvuga mu zindi ndimi, nk'uko vyari vyabaye kw'Ishengero rya mbere, kwari ukwemeza Paulo, inshirukamazinda y'Umuyuda abushitse, yuko Ubutumwa Bwiza atari ubwo Abayuda gusa.

Muri ubu burorero bubiri, bica biboneka neza ko indimi zakorehwa mu gushira ikidodo canke ikimenyetso ku kwihana nyakuri kw'Abanyamahanga. Ariko, ivyo ntivyari intumbero ya mbere y'indimi. Nk'uko vyagenze mu gukoreshwa ubwa mbere kw'indimi ku musu wa Pentekoti, ingabire za Mpwemu ni zo zakorehwa cane, atari nk'ikimenyetso co kwihana, ariko nk'uburyo bwo gukura kw'Ishengero. Abakristo ba mbere barahabwa ubushobozi ikibiriraho kuvuga

mu ndimi zizwi kugira Ubutumwa Bwiza bariko baravuga bushobore gutahurika aherengeye i Yerusalemu n'i Yudaya n'i Samalia ndetse no ku mpera z'isi. Ivyo bidufasha gutahura ugusobanura kuzimvye kw'indimi mw'ikete rya mbere ryandikiwe Abakorinto 14.

Imbere yo gusobanura ico gihimba, bishobora kudufasha kumena ko iyi ari yo ngabire yonyene ya Mpwemu ikigabane cose co mu Vyanditswe kivugako. Ikete rya Paulo rigomba kuvuga ivyerekeye ukutagira ubumwe mw'Ishengero, hamwe n'ibindi. Ukugwira kw'ukudatahurana no gukoresha indimi uko bidakwiye mw'Ishengero rya mbere vyazanye amacakubiri. Iyo ngorane irabandanya kugeza uno musi. Hari amacakubiri y'agahomerabunwa hagati y'abemeza ko bavuga mu ndimi n'abo bagiriza ko na bo nyene bari bakwiye kuvuga mu ndimi.

Hamwe twokoresha insiguro nyakuri " indimi zimenywa n'abandi" nk'uburyo dutahuramwo indimi, twōtāhūra 1 Abakorinto 14 muri ubu buryo: Paulo ashiraho itandukaniro hagati y'ubuvugishwa (Kwigisha Ishengero ukuri) hamwe no kuvuga mu ndimi (kubwira ukuri abanyamahanga batarizera), insobanuro ya Paulo ni uko, iyo Ishengero rikoranye, ubuvugishwa ni yo ngabire isumba izindi zose kubera yubaka Ishengero. Asangwa hariho umuntu avuga izindi ndimi (zimenyekana ku bandi bantu) avuze mu rusengero ata muntu n'umwe ariho wo kuzisobanura, nta kamaro ziba zifise. Uwuriko arazivuga aba ariko ariyubaka ubwiye hamwe n'Imana kubera yafashe neza ingabire Imana yamuhaye, ariko mu vy'ukuri ntaba ariko arafasha Ishengero kuko nta muntu n'umwe aba ariko aratahura ivyo avuga. Ni co gituma Paulo avuga ati, " ariko mw'Ishengero nopfuma mvugisha ubwenge bwanje amajambo atanu, kugira ngo nigishe n'abandi, hako mvuga amajambo ibihumbi cumi mu rurimi rutamenyekana" (umurongo wa 19). Indimi rero, "zigenewe abantu batarizera" (umurongo 22), atari Ishengero.

None, rero, ivyo bintu bishikira Abakristo bakavuga ko ari "kuvuga indimi zitamenyekana" ni ibiki? Inyishu ntiyoroshe. Benshi muri abo bakristo ni Abakristo b'ukuri kandi barondera Imana. Hamwe n'ivyo, Abakristo bose bategerezwa gutāhūrana mu vyiyumviro vya bamwe n'abandi. Ivyo ari vyo vyose twoba twizera kuri iyi ngabire, reka dukore ikintu cose kũ nêzá yo kwubaka Ishengero rya Yesu Kristo.

NONE HOKORWA IKI?

Iki kigabane gitangurira intambuko ya nyuma mu rugendo rwo mu buryo bw'impwemu. Intumbero y'Imana itegerezwa kuba intumbero y'Ishengero: ubwiza bw'Imana (icubahiro c'Imana) biciye mu gucungura abanyavyaha. Abābāye INYEGU za Yesu hanyuma BAGA-HINDUKA nka we, baca BARENGANA IMBIBE baja mw'isi babayemwo kugira ngo Imana ihimbazwe na bose. Ivyo bitangurira MU KURENGANA IMBIBE mw'Ishengero.

Nta Mupasitori ashobora gukora ibikorwa vyose bikenewe kugira ngo Ishengero rigire ubuzima. Ni co gituma Imana itanga ingabire zitandukanye ku bantu bayo. Kubwo ivyo rero, umupasitori akwiye guha abo arongoye akaryo ko kurāngūra ibikorwa vy'Imana bitandukanye n'umutima ubikūnze, abantu b'abizigirwa bagakora ibikorwa vy'ishengero. Mu gukora atyó, akwiye no kwigisha abantu biwe ko igikorwa c'Imana kitāgenewe abantu bamwe babishoboye, canke inkehwa z'abanyabwenge. Igisumbirije, arabigisha ko Imana igomba gukoresha umwigishwa uwo ari we wese mu ntumbero yayo kw'isi yose. Rero, igikorwa c'Imana mw'Ishengero gihinduka ikibanza co guteguriramwo abantu bazoja gukora igikorwa c'Imana kw'isi yose.

SHIKA KU NTAMBUKO IKURIKIRA

1. Imbere y'uko usoma iki kigabane, mbega wodondoye gute intumbero y'Ivugabumwa rirengana imbibe mw'Ishengero ryawe? Mbega iki kigabane cahinduye intumbero zawe gute?
2. Ni ubuhe burorero muri Bibiliya ushobora kuvuga aho abantu b'Imana "bahezagiwe kugira babe umuhezagiro"
3. Mbega ufasha gute abantu kuvumbura ingabire zabo zo mu buryo bw'impwemu mw'Ishengero urōngōye?
4. Ni izihe ntumbero canke intonde ufise mu gufasha abigishwa kwiga ivyerekeye ingabire zo mu buryo bw'impwemu? Mbega Ishengero ryawe rifasha abantu gute gukoresha ingabire zabo zo mu buryo bw'impwemu?

5. Mbega icyumviro cawe ni ikihe ku bijanje n'ingabire ya Mpwemu yo kuvuga mu indimi zitamenyekana? Mbega urizera ko iyo ngabire igikora kushika ubu? Asangwa ari vyo, ni mu nzira iyihe?
6. Ni ikihe kintu c'ingirakamaro gusumba ibindi vyose wize muri iki kigabane?



KURENGANA IMBIBE: MU KIBANO NDIMWO

*Ukundishe Imana yawe... kandi ukunde mugenzawe nk'uko wikunda
Yesu*

Kw'igemekerezo rya 4, Nyakanga 2015, naronse ubutumwa butoya ku buhinga ngurukanabumenyi bw'umugenzi arongoye igikorwa muri Budapest, muri Hongriya. Yanyandikiye ambwira ivyerekeye impunzi nyinshi cane z'Abasiriya zari zâshwâye, canke zari zakwiragiye hose, mu gisagara abamwo- abo bari Abasiriya bari barahunze igihugu cabo kugira barondere ubuhungiro i Buraya. Haciye akanya gatoya, nca mbona amasanamu yerekana ivyago vyashikiye izo mpunzi. Abasiriya imiliyoni zine bategerezwa guhunga kugira ngo barokóre ubuzima bwabo. Abantu bake muri abo ni bo bari bafise ibibaranga vyo gushobora kwimukira mu yindi mihingo y'isi. Ni yo mpanuka ikomeye cane gusumba izindi yashikiye abantu kuva inyuma y'intambara ya kabiri y'isi yose.

KUBA INYEG	GUHINDUKA	KURENGANA IMBIBE
YA YESU	UGUHINDUKA GITURUMBUKA	M'ISHENGERO RWAJE
MU KIBANO		MU KIBANO
Y'ISHENGERO	UGUHINDUKA KWIYUMVIRIWE	MW'ISI MBAYEMWO

Twuzuye impuhwe n'ikibabarwe, jewe n'umugore wanje, Tiffany, twarumvikanye ko "twahezagiwe kugira tubere abandi umugisha." Twagomba kugira ico duterereye muri icyo ngorane ku mu ryan-go uwo ari wo wose woshobora kuza muri Amerika mu gisagara tubayemwo. Navuganye n'umugenzi w'umurongozi mukuru w'Ishirahamwe ryitaho ivyo gutabara abagize ivyago ryitwa "World Relief" rikorera ahitwa i Fort Worth, Ishami rimwe mu yandi mashami icenda ajejwe ivyo kwakira impunzi mu gihugu. Arambwira ko umuryango w'Abasiriya umunani bazoshika i Texas mu ndwi izokurikira. Turemeranya tuzoba umuryango uzôbăkîra ukanabafasha mu kubatunga.

Nacye menyesha ku buhinga ngurukana bumenyi ukuza kwabo, ako kanya nyene, abantu benshi mw'Ishengero ryacu baca batangura kugira ico bakoze. Mu misi itandatu, abadufasha batangura kugura ivya nkenerwa bishasha vyo mu gikoni, amasafuriya n'ivyo gukarangiramwo, amasahani, ibirahuri, amashuka, n'imiseho y'abantu umunani, ivyo kwiyogera, imashini zo kumesha, ibintu bijanye n'isuku, ibintu vyo gukubura, ibikinisho n'ibitabu, intebe ndende, umuduga ufise ibibanza bitandatu, impuzu z'abana zo kwambara, amatara, amameza, ibitanda kandi n'ivyo kubagaburira kumara amayinga menshi. Ugutangana umunezero kw'abanyeshengero bacu kwari kurenze urugero.

Kw'igenekerezo rya 11 Munyonyo, umusi wo kwibuka ibitero vy'abihevye ku butaka bwa Amerika, ni ho twagenda ku kibuga c'indege kwakira inzo ngenzi zananijwe n'uruhungu, uwo muryango w'aba Islamu, tubafasha kwimukira mu nzu yabo nshasha. Hacye amezi, twafashije abo bagenzi bacu kwimenyereza imigenzo y'Abanyamerika. Umugore wanjye yaherekeje uwo mukenyezi w'impunzi kuja kwipimishakw'ivuriro. Twarafashije n'abana babo gutangura amashuri. Kuva icyo gihe nacye mfata umusi umwe mu ndwi, nja ndigisha Serugu w'uwo muryango Icongerezwa.

Kubera urwanko ruboneka Intwari y'igihugu cacu yerekana ku ba Islamu muri Amerika, abantu benshi - n'Abakristo - baribajije akamaro k'izo nguvu zose twariko turakoresha ku neza y'izo mpunzi. Twabahaye inyishu yoroshe kandi ishingiyeye kuri Bibiliya: "Aba ni ababanyu bacu" asangwa twabwira, nk'Ishengero, tunaniye kwitwaririka abo bantu mu kibano cacu, mu gihe baje aho tubaye bavyiteguriye.

ye canke baje kubwo intūrēka, tuba twatakaje intumbero nk'Ishengero.

Igihe Yesu yatuma intumwa ziwe kuba ivyabona vyawe “i Yerusalemu, n'i Yudaya, n'i Samariya, no gushika ku mpera y'isi” (Ivyakozwe n'Intumwa 1: 8), yariko avuga ku co twokwita imizingi ikurikirana mu bijanye n'uguhindura ibibāno bidukikije. I Yerusalemu ni co cari igisagara c'Abayuda, cari cuzuye abantu bitanga, abantu bumvira Imana, vyari vyoroshe ko Abayuda bifatanyaga na bo. Yudaya, kari akarere kahakikuje, karimwo Abayuda benshi, n'ikibanza kāmā kirāngūrirwamwō igikorwa c'Imana. I Samariya cari igice c'Abayuda bari bararetse ivyizerwa vyabo vy'amadini bahoze mu, hari haheze imyaka myinshi. Hanyuma “Ku mpera y'isi” aho harimwo Abanyamahanga. Abigishwa batanguriye igikorwa cabo mu kibano cabo ubwa mbere. Baca barasohoka, mu muzingira ubakikuje.

Ishengero rirengana imbibe, ritegerezwa gutangurira mu kibano cabo, kugira bagire icyo bakora muri icyo kibano. Igihe abigisha babajije Yesu, “umubanyi wacu ni nde?” (Luka 10:19), Yesu yabishuye mu mugani kandi icyigwa kuri muri wo kwari uko “umubanyi” ari uwo wese atwegereye dushobora gufasha.

Yesu hamwe n'Imigenzo

Birababaje kubona ko amashengero menshi akora igihushane mu gushikira ikibano cabo. Iyo si ingorane ya vuba. Mu 1951, Umwanditsi w'Umukristo akaba n'umuhinga mu vyerekeye inyifato zibereye, Richard Neibuh yanditse igitabu citwa *Yesu n'imigenzo*, yihweza uburyo bwinshi Ishengero ryifatanyaga n'ikibano aho ribaye no ku mu micungararo yaho. Mu vyitiranwa bitanu vy'ubwo buryo butandukanye, bubiri ni bwo bujanye n'ivyo turiko turavugaga. Amashengero amwe-amwe ari mu ruhanda rwemeza yuko “Kristo arwanya imigenzo”, ari vyo bishira Ishengero mu matati adahera n'imigenzo y'abatizera Imana babakikuje.. Abavyemera bishimikiza umurongo uri mw'ikete rya mbere ryanditswe na Petero 1:15, “*Ariko nk'uko Iyahamagaye ari Iyera, aho ariko muba abera mu ngeso zanyu zose.*” Canke mw'ikete rya mbere ryanditswe na Yohana 2:15, “*Ntimukunde isi, canke ibiri mw'isi. Umuntu ni yakunda isi, ugukunda Imana Data wa twese ntikuzoba kuri muri we.*” Umukristo akwiye kuba uwitandukaniye, ntiyanduzwe n'ikibi aha mw'isi.

Ingaruka y'ivyo ni uko amashengero menshi yibona ko ari ubuhungiro bw'intamenwa. Abakristo barinjira ku w'Imana kwiga ivy'ikibano cubakiye kuri Bibiliya. Bakanezererwa akaziki "katanduye" inyigisho "zitanduye" n'imigenderanire "itanduye". Ishengero ruragara imiryango yaryo, rikugaranirara hanze ibintu vyanduza kandi bibabaza bibi vyo mw'isi. Ishengero ritinya isi canke rikanka isi, hanyuma rero, rigaca ryishira mu kibanza co *kurwanya* isi.

Ivyemeza ivyo vyiyumviro vyo kubona Ishengero nk'ubuhungiro bw'intamenwa ni vyinshi kandi birababaje. Ishengero rihunga ukwanduzwa n'imigenzo riyugaranira mu bikorwa vyama birifatiriyey cane kugeza aho ata mwanya baronka w'imigenderanire n'ababanyibabo. Bitwaririka gake cane, canke mbere ntibitwararike na mba ubukene bw'ikibano cabo nk'amavuriro, gutanga ivya nkenerwa vyo gutabara abashikiwe n'ivyago, guha imfungurwa abahuye n'ibiza canke kwambika abakene. Abanyeshengero bakunda kwigishwa Ubutumwa bwo kwifatanya n'Abakristo bagenzi babo. Abapasitori bagakoresha imvugo itahurika "nk'uguhungishiriza abantu mu bwihisho bwo mw'Ishengero gusa" nk'uko womenga abantu bosebaje mu materaniro baba ari Abakristo. Kandi, igihe habonetse ibikorwa vyo gutabara, ikibano ntizera kibona Ishengero nk'isôko y'ugutabarwa.

Iyindi shusho y'ingene y'Ishengero riyumvira kuri Yesu mu bijanye n'imigenzo, uwo mwanditsi Neibuhr yayise "Kristo ahindura imigenzo", kikaba ari igihushane ca ya shusho yitwa "Kristo agwan-ya imigenzo". Muri aka karorero, Ishengero ryibona nk'igikoresho gikomeye cane mu guhinduka kw'ikibano. Mu gishingo c'ukwitandukanya n'ikibano, ishengero ryinjira mu kibano, rikakinyengeteramwó, mu ntumbero yo kuvuga no kwerekana Ubutumwa bw'ubuntu. Ako ni ko karorero dusanga mw'Ishengero rya mbere:

Ibimenyetso n'ibitangaza vyinshi bikorwa mu bantu n'amaboko y'intumwa: kandi bose bakoranira mw'ibaraza rya Salomo n'umutima uhūyē: ariko mu bandi nta muntu yatinyuka kwifatanya na bo, yamara abantu bose babashimagiza. Barushiriza kwongerwako abizeye Umwami Yesu, ishengero ryinshi ry'abagabo n'abagore; bituma banaterurira abarwaye ku nzira, bashira mu nderuzo no ku birago, kugira ngo Petero ni yahaca, naho coba igitūtú ciwe gishike

kuri bamwe. Hakoranira ishengero rivuye no mu bisagara bihereranye n'i Yerusalemu, bazana abarwaye n'abababazwa n'impwemu zihumanye: bakizwa uko bangana. (Ivyakozwe n'Intumwa 5: 12-16)

Itegereze neza yuko Abakristo ba mbere bakorera mu bushobozi bwa Mpwemu Yera, bagakora ibitangaza n'utwumiza vyashira igikúmu ku gushinga intahe kwabo. Ntiberekana ubunyêmpwêmu bw'ákatárábóneka kugira ngo abatizera babakurikire vyoroshe, ariko Ishengero ryakuze kubwo gikorwa ryakorera mu kibano caryo. Mu bisanzwe, Ishengero ryavugwa neza ku buryo abatizera bazana abarwayi babo bakabashira mu ma barabara bizera ko igitûtú ca Petero gishobora kubacako bagakira. Ijambo "igitûtú" muri uwo murongo rimeze nk'ijambo Luka yakoresheje mu Butumwa bwiwe igihe Mariya yabwirwa ko Mpwemu Yera "azômutwîkîra/ azomutera igitutu" kugira ngo ashobore kuvyara Yesu (Luka 1:35); hamwe n'igihe yandika ivyerekeye ibicu vyatwikiriye abigishwa igihe Yesu yakayangana (Luka 9:34). Rero, igitutu ca Petero cari ikintu c'imbonekarimwe. Nta kindi, bwari ubushobozi bw'Imana bukorera muri Petero bwo gukiza abarwaye no kubohora abantu.

Ntitwibagire iyi ngingo ngenderwako ihambaye: *Ishengero ni igitutu c'ubwiza bw'Imana n'ubushobozi bwayo mw'isi*. Ishengero rya Kristo nta muco udasanze rifise. Ni nk'icirore canke ishusho y'ukugaragara kwa Yesu mw'isi. Nk'uko Yesu ahindura Ishengero, Ishengero naryo rihindura isi. Mwaho "muri ubwoko bwatoranijwe, mukoraniye kuba abami n'abaherezi, muri ihanga ryera, abantu bashiriweho kuba inyegu yihariye, kugira ngo mukwize ishimwe ry'Iyabahamagaye, Ikabakura mu mwiza, Ikabashitsa mu muco wayo utangaje." (1 Petero 2:9)

Kwatsa amatara

None Ishengero rimurika gute kugira ngo riboneshe mu kibano? Amajambo atanu akurikira araja gufasha mu kwerekana inzira Ishengero n'Abakristo bipfuzwa KURENGANA IMBIBE kugira ngo bagende mu kibano cabo: Urukundo, imigambi, ubuntu, ukwakirana, n'ukwitanga. Tugomba twihweze rimwe rimwe muri ayo majambo.

Urukundo

Ugukunda abantu ni co kintu ca mbere mu gushikira abantu no kubabwira Ubutumwa Bwiza. Igihe Umunyabwenge w'ivyagezwe yabaza Yesu icagezwe gikuru gusumba ibindi vyose, Yesu yamwishuye ko abantu bose bakwiye gukunda Imana kandi umuntu *"agakunda bagenzi biwe nk'uko yikunda"* (Mariko 12:31). Urukundo rwatumye Imana Data irungika Umwana wayo (Yohana 3:16), kandi urukundo ni rwo rutuma abana b'Imana bajana Ubutumwa Bwiza mu babanyi babo.

Yesu yaravuze ingingo ngenderwako nyinshi ku rukundo dukwiye gukunda ababanyi bacu biciye mu mugani w'Umusamariya w'Imbabazi (Luka 10:30-37). Ubwa mbere, urukundo dukunda ababanyi bacu rutangurira ku kubona ingene bazimiye gusumba uko umenga ntibikwiye ko tubegera. Ubudasa bwabonetse hagati y'inyifato yabakuru b'idini n'Abalewi barenganye ingenzi yakomeretse, ni uko Umusamariya yaratahuye ico urya mugabo yari akeneye kandi arakimukorera n'umutima w'urukundo n'impuhwe. Ukubabara kw'urya muntu kwatumye umutima w'Umusamariya ukorwako, yiyumvira no kugira ico akoze.

Haraheze imyaka myinshi, natwaye umuryango wanjye ahantu hegereye igisagara cacu, igihe twariko tuva aho twahagaritse imodoka hatumbereye urwinjiriro, umugabo umwe arahagarara ansaba amafaranga. Duhagararanye n'abahungu banje, mbaza uwo mugabo izina ryiwe, aho aba, n'igihe amaze atagira aho aba. Maze kumuha amadolari makeya kandi maze kugenda, umuhungu wanjye mukuru arambaza, "Papa, ni kuki wamubajije ibibazo? Kandi ni kuki wagumye umuraba mu maso?"

Ndishura, "Muhungu wanjye, nagomba kumubona, atameze nk'uwusegerereza, ariko nk'umuntu," nagomba gutahura ivyo akeneye. Kandi, maze kubona ivyo akeneye, naciye niga gukunda.

Ingingo ngenderwako ya kabiri yerekeye urukundo ni iyi: Umugani wa Yesu utwigisha yuko urukundo ruri hejuru y'ibigumbagumba. Urukundo rubonekera mu bikorwa. Umusamariya w'imbabazi yashikiriye iyo ngenzi yakomeretse, apfuka ibikomere vyiwe aca amujana kwa muganga mu gisagara c'aho hantu kugira akurikiranwe kugeza akize. Kuri we, urukundo rwari rurengeye umugenzo canke akarangamutima. Ryari irivuga. Mu yindi mvugo, urukundo ryari

ishimikiro ngenderwako. Nk’uko Imana “*yatweretse urukundo rwayo*” (Abaroma 5:8), hanyuma Yesu nawe “*akerekana ubwaguke bwose bw’urukundo rwayo ingene urukundo rwayo ruhebuje*” (Yohana 13: 1), rero Ishengero rigaragaza kandi rikerekana urukundo rw’ukuri ku bantu badakwiye gukundwa bo mu kibano cabo. Ntibikwiye ko Abakristo bavuga ko bakunda abandi. Bategerezwa kwerekanira urukundo rwabo mu ngiro biciye mu majambo y’ukuremesha abihabuye, ibikorwa vyo gufasha abandi muri rusangi hamwe n’ugufasha abatishoboye.

Ivyo bitujana ku ngingo ngenderwako y’urukundo igira gatatu: urukundo ruratanga ivyarwo mu guhezagira abandi. Umusamariya w’imbabazi yatanze umuvinyu wiwe, ivyo kubohesha ibiguma, indogoba, amafaranga n’umwanya. Urukundo nyakuri ruratanga. Nk’uko vyavuzwe mu kigabane giheze, Imana ihezagira abantu bayo, atari mu ntumbero y’uko mihezagiye bayigumizakó, ariko kugira iyo mihezagiye y’Imana bayishikirize abandi. Amashengero akwiye kugira urutonde “rw’ivyo bafise” kugira ngo bamenye ingene bashobora guhezagira ikibano cabo neza. Bimwe mu bigize ubwo butunzi ni nk’ibi: ikibanza Ishengero ryubatsemwo, inyubakwa ziboneka; ubutunzi baziganije; uburongozi, ubumenyi n’ubuhinga bw’abanyeshengero baryo. Mbega Ishengero ryawe riri hagati mu kibano cawe, ku buryo vyoba vyiza hubatswe ivuriro? Mbega Ishengero ryawe rifatse ubutunzi bwo kwubaka irerero ry’abana mu gisagara cawe? Mbega Ishengero ryawe rirashobora gutanga inyubakwa y’aho bashobora gukoranira mu misi mikuru yo gutanga impapuro z’umutsindo? Urafise abigisha bashobora gufasha mu kurongora ibikorwa kw’Ishengero ryawe? Ubutunzi ufise ni bwo Imana izokoresha mu gukunda bagenzi bawe.

Imigambi

Gushikira ababanyi bacu bisaba imigambi. Iryo jambo risobanurwa gutya: “igikwiye gushirwa imbere mu bikorwa vyinshi” canke “gushira mu ikintu ngiro”. Bisobanurwa ko Ishengero ari ryo rifata intambuko ya mbere mu kwifatanya n’abo hanze. Urwo rugendo rutuma Ubutumwa Bwiza buvugwa biciye mu kugiriranira imigenderanire n’abandi.

Kenshi cane, abantu baraza kuri Yesu. Ariko Yesu ntiyicara, ngo

arindire abantu baje kudōdōra ku muryango wiwe. Yarātēra intāmbwé aja iyo bari. Igihe kimwe yabonye umugore amugaye mu rusengero. Yesu yaramuhamagaye hanyuma aramukiza (Luka 13:10). Ikindi gihe Yabonye abarovyi ku nkengera y'ikiyaga. Yarabahamagaye kugira ngo babe abigishwa biwe (Matayo 4:19). Igihe yagomba gushika i Yeriko aca abona Zakayo yuriye igiti, Yesu yamubwiye ko bategerezwa gusangira ivyo kurya vyo muri iryo joro (Luka 19: 5). Igihe yariho aca muri Samariya yari ahagaze kw'iriba, asaba umugore amazi, atangura ikiganiro cashikanye uwo mugore ku guhinduka kw'umutima wiwe. (Yohana 4: 1-26). Ivyo bikorwa vy'imigambi Yesu yakoze vyēnēna ku gikorwa mugambi usumba iyindi yari yashize imbere ya vyose: kubona Yesu yafashe intambuko ya mbere mu kwambara umubiri, akemera kwitwa umwana w'umuntu biciye mu gusiga ikibanza ciwe mw'ijuru agahinduka umuntu.

Ku vyerekeye imigenderanire ikwiye kubaho hagati y'Ishengero n'ikibano, Ishengero ritegezwa kugenda ubwa mbere canke gutera intambwe ubwa mbere. Nturindire ko abantu baza ku rusengero gusaba imfashanyo. Kandi nturindire gufasha abantu bagendera Ishengero ryawe mu nyigisho zo ku w'Imana. Ntukore kubera habaye ibintu vy'impanuka. Igihe cose gira intambuko ubwa mbere.

Vyongeye, gira intambuko ya kabiri. Amaze guhamagara abigishwa biwe ba mbere, Yesu yabasanze basubiye kuroba (Luka 5: 1-11). Ivyo bisobanura ko bahamagariwe mu buzima bwo kubana na Yesu no kugendana na we, ariko baciye basubira mu bikorwa vyabo vya misi yose bahoramwo. Ariko Yesu ntiyabahevyeye. Yabandanije afata izindi ntambuko zo kubarondera kenshi na kenshi.

Igihe nari muri kaminuza, nakoranye n'ishirahamwe ryitwa "Young Life" ni ukuvuga "Ubuzima bw'Urwaruka", kikaba cari igikorwa c'Imana cerekeye kugenda kubwira Ubutumwa Bwiza abanyeshure bo mu mashure yisumbuye. Ikintu kimwe nize nk'ingingo ngenderwako, ni uko "udakwiye kurambirwa na mba kwegera umwana". Bamaze imyaka myinshi mu gikorwa, abarongozi b'Ishirahamwe Young Life bamenye ko ku ncuro ya mbere, imiyabaga myinshi irwanya Ubutumwa Bwiza. Ariko, igihe abarongozi batarambiwe, bagafata intambuko ya kabiri, iya gatatu n'iya kane, abanyeshure benshi barateba bakakira Yesu kubwo urwo rukundo rutarambirwa.

Ishengero ritegerezwa guhura n'inzitizi nyinshi mu gihe rigomba kuja gukora mu kibano caryo. Hazobano amananiza menshi cane ateza umwiheburo wo guheba ico gikorwa ciza no kwisubirira mu kamenyero ko kwiyugarana kw'Ishengero. Ariko rero, ntidukwiye kurambirwa na mba ngo duhebe abagenzi bacu. Bill Bright, uwatanguje Campus Pour Christ, umwe mu bavugabutumwa baroraniwe mu bikorwa vy'ivugabutumwa ku rwego mpuzamakungu, igihe kimwe yavuze ati, "Kuroranirwa mu gushinga intahe ni ukugira intambuko yo kubwira abandi agakiza kabonerwa muri Yesu Kristo mu bushobozi bwa Mpwemu Yera, hanyuma ivyerekeye umwimbu uzovamwo ukabirekera Imana."

Ubuntu

Ubuntu ni ukuvuga imihezagiro tudakwiriye. Ntitubukorera, ariko butangwa ata kiguzi dutanze, tubikunze kandi ata na kimwe cisunzwe. Twakijijwe, *"bidatwe n'ibikorwa vyacu, ariko bitwe n'ubuntu bwayo"* (2 Timoteyo 1: 9). Turirimbana umunezero indirimbo yitwa "Ubuntu Butangaje", kuko twumva turenge mu bwenge bwacu n'ukubona twarakunzwe birenze urugero ata kintu na kimwe twatanze nk'ikiguzi. Uko ni ko dukwiye gukunda abadukikuje.

Tubaye mw'isi ikeneye ubuntu cane. Paulo yanditse ati *"Ivyaremwe vyose binihira muni y'uburemerezi bw'icaha, birindiriyi ugucungurwa gushitse kw'abana b'Imana"* (Abaroma 8:18-27). Impanuka, indwara, ubusuma, guhohotera, agacinyizo, ukwahukana, uguhemukirwa, kubura ivyizigiro n'ubwoba, ni vyo biboshe isi ata buntu irimwo. Ishengero rya Yesu Kristo rifise akaryo ko gutanga ubuntu kuri abo bese bakeneye ubuntu.

Kwerekana ubuntu bisaba kwumva woba umunyabuntu. Mu Butumwa Bwiza nk'uko bwanditswe na Luka 5, Yesu yegerewe n'umuntu afise imibembe (umurongo 12). Uwo mugabo agwa hasi imbere ya Yesu aramusaba, "Mwami, asangwa ubikunze mpumanura". Hamwe n'ivyo, Yesu aramvura ukuboko kwiwe aramwishura "Ndabikunze". Ikintu c'ingirakamaro ntibwari ubushobozi bwa Yesu, ariko ukuhaba kwiwe. Mu Butumwa Bwiza nk'uko bwanditswe Mariko hariho ibisa n'ivyo. Tubona ko Yesu "yafashwe n'ibigumbagumba" (Mariko 1:41). Yari yakunze kugira ubuntu kubera yabonye ivyo isi ikeneye cane.

Dushikira ababanyi bacu mu gihe tumenye ivyo bakeneye. Ntaco bitwaye ingene ubuzima bwabo bwoba bugaragara mu kuroraniwa, umunezero wabo, canke ivyo bakora, ingaruka z'icaha ziracababoshe kugeza bahuye na Yesu Kristo, Umukiza. Dushobora kutabibona, ariko umuntu wese aririra Imana ngo “Imugirire ikigomgwe”

Ubu buntu bwerekanywe mu buryo bwinshi. Bitangura mu kwigama amazina y'abantu. Kumenya uwa nyuma, uwuhereza n'uwazimiye-ba ntahonikora mu kibano cawe. Tanga ivyo kwoza umwana afise nyina ata Se agira. Rihira ivyo kurya umunyamahanga mu buriro. Fasha gusanura inzu z'abantu bataja mu rusengeri na rumwe. Genda kuramutsa abapfakazi n'impfuyi. Tegura Ishengero rwawe kuja mu bikorwa vyo gusukura ikibano cawe. Nk'uko jwe na Tiffany twagize twiyegereje abagenzi b'Abasiriya, turizera ko ubuntu butangaje bwa Yesu buzobashikana mu kumumenya bidasanzwe. Ariko turabagirira neza bamwizera canke batamwizera.

Gutanga indaro

Aho hejuru, twize ingene urukundo nyakuri rugenda ruja iyo abantu bari. Gutanga indaro ni ubugwaneza bwinshi twereka abantu igihe baje kuri twese. Gutanga indaro (kwakira abantu) ni itegeko ku bantu b'Imana (Abaroma 12:13; 1 Petero 4:9; Tito 1:8) kandi ni akarangamutima k'abajenama b'Ishengero (1Timoteyo 3:2). Abakristo bategerezwa gutanga indaro ku banyamahanga kuko, bamwe batabizi, basanze bakiriye abamarayika (Abaheburayo 13:2).

Ugutanga indaro, ari mu nzu zigenga canke mu nzu y'Imana, ari yo shengero, ni uruvange rw'ibigumbagumba, ugutangana umunezero hamwe n'ukutinubana. Bitangurira ku kwerekana ubugwaneza ku bantu. Ni ukwitanga mu kugirira neza abandi ku buntu, no gutunganiriza abashitsi mu vyo bakeneye. Kandi mu gukora ico gikorwa, nta gucagura umugwi kanaka w'abantu, ariko gikorwa umuntu wese atumbereye irembo ryacu.

Ndafise umugenzi dukundana cane aba kure yanje nk'urugendo rw'amasaha atatu kandi uwo muntu ni akarorero keza mu vyerekeye ugutanga indaro. Igihe cose ngomba kwiherera no kuja kure ngomba gukora no kuruhuka, we n'umugore wiwe bafise inzu y'ingenzi ku kiyaga ciza muri Austin, Texas baca bayintegurira. Si ukumpa icumba mu nzu yiherereye nziza irimwo ivya nkenerwa vyose kandi y'isuku, ariko barantegurira imfungurwa nzofungura igihe cose nzo-

ba nkiri aho. Mu karuhuko, umugenzi wanje Jeff, aca ansohokana mu bwato bwiwe ku mazi. Kandi si jewe gusa. Abo bagenzi banje barākīra neza abantu bagendeye mu nzu yabo.

Umukristo wese n'Ishengero ryose bari bakwiye kuba abantu batanga indaro. Mu gihe usoma iri ryungane rya nyuma, wibaze ibibazo bitari bike uti: “Mbega umushitsi wese arumva ko ahawe ikaze mw'Ishengero ryacu? Mbega hari uwibaza ko ari akavantara? Mbega hariho umugenzo w'ubugwaneza mu bantu? Mbega umuntu arashobora kubona impwemu y'ukwinubana, insaku n'uguciranira imanza, kwibwira ibintu ku bantu canke guca urubanza? Twoba dukunda gufasha? Ata kwakira abantu neza, ata gutanga indaro, Ishengero ntirizoshobora gukora neza igikorwa co gushikira ababany baryo.

Ukwitanga

Abantu bashira imitahe yabo mu vyerekeye ubutunzi barazi ko atā co umuntu ahevyeye ata n'ico ashobora kwinjiza canke kwunguka, bashobora rimwe na rimwe kutabona ingaruka nziza. Mu kunonora imitsi, abamenyereza bavuga bati, “utababaye, ntaco uronka”. Ivyamwa bisaba guterwa, kuvomerwa, no kurimirwa... igikorwa gikomeye co kurima. Uko nyene, asangwa Ishengero ryipfuzwa kugira akamaro mu kibano karyo, ritegerezwa kwemera kwiheba, ari na kwo kwitanga.

Izi ni zo nkomezi z'Ubutumwa Bwiza: Yesu yavutse nk'umuntu kandi aremera ubwiza bwiwe bw'agahebuza burazimangana. Yasize inyungu ziwe z'ubumāna hanyuma atanga ubuzima Bwiwe ku bantu. Yatanze amaraso yiwe ku banyavyaha. Yatanze, natwe twararonse- intumbero yari ishikijwe.

Ukwitanga kurakenewe mw'ishitswa ry'intumbero. Ishengero ntirishobora kugira ico rikoze mu kibano ataco ritanze muri iyo ntumbero. Ivyo bikorwa bitegerezwa gushirwa mu mafaranga akoreshwa ku mwaka, mu guharura ubutunzi bw'Ishengero. Bizosaba kandi ikiguzi c'umwanya. Bisaba ukwitanga kw'abarongozi b'Ishengero bategerezwa kuba icitegererezo ca mbere c'urukundo, imigambi, ubuntu, n'ugutanga indaro. Ata kwitanga kutagira agatosi ku neza y'ababany bawe, Ishengero ryawe ntirizokwigera rishitsa intumbero yatanze na Yesu ku babany bacu.

Sohoka uje mu kibano cawe

Imyaka myinshi iheze, ishure rishasha ryariko rirubakwa nko ku birometero bibiri aho Ishengero ryacu Central riri. Igihe iryo shure ry'intango ryitiriwe John T. White ryari ryatanguye gukora, ibirasi vyari vyuzuye abantu b'abakene, abana badakora neza mu vyo ishure barezwe n'umuyeyi umwe. Ivyo bisobanurwa ko abo bana bari bagoye kwigisha no guha indero, kandi abigisha bari kuba basugerejwe cane. Ariko, Ishengero ryacu ryabonye ko ari akanya gakomeye ko gukorera mu kibano cacu.

Umugwi w'abarongozi b'abakozi bahuye n'umuyobozi w'ishure hanyuma dutanga ubutunzi bwacu. Umugwi w'abantu, urimwo abakozi n'abarongozi bakuru, batangura kwigisha gusoma abagitangura. Duca dutangura urutonde rukorwa abanyeshure basohotse, gusangira Ubutumwa Bwiza n'abanyeshure bashika ijana bitaba iyo nteguro rimwe mu ndwi. Abantu baraba ibikorwa vy'abana bateguye ivyigwa ntunganyakarana mu ntumbero yo kwigisha kuri iryo shure. Abakenyezi bo mw'Ishengero b'aratégürira imfungurwa abigisha n'abarongozi kenshi mu mwaka mu mwanya wo gusangirira hamwe imfungurwa zo mu gitondo canke ibifungurwa vyo ku muhingamo. Bakabaha ingabire ntonto, bakanabafasha gutegura neza amasomero yabo. Ishengero ryacu riratanga ivya nkenerwa ku bigisha n'abanyeshure uko umwaka utashe. Iryo shure ritegurira imanza zo gutanga impapuro z'umutsindo z'umwaka wa gatanu mw'Ishengero ryacu mu kwezi kwa Rusama igihe cose. Kandi, igihe cose ishure rikeneye abantu bitanga mu bijanye n'ubumenyi, canke bofasha mu gikorwa kiba gikenewe canke gutunganya ikibanza abavyeyi bakoreramwo, baca bitumako Ishengero ryacu ryitwa Central. Mu rugendo rumwe nagize ngiye kuri iryo shure nahuye n'umugenzi twiganye mw'ishure ry'intango mu gikorwa co kumumenyereza, umwigisha wiwe yanyeretse abanyeshure ati, "Banyeshure, uwu ni we mupasitori w'iryo shengero rir'aho hepfo y'ibarabara... Ishengero ridukunda." Intumbero twarayishoboye!

Hariho uburyo bw'inshi Ishengero rishobora kugira akamaro mu kibano caryo no kuroranyirwa nk'uko twabwemo twagize. Ivyiyumviro bikurikira, birafasha Ishengero ryawe gushikira intumbero yabo mu kibano.

Korera amashure. Nk’uko Ishengero ryacu ryitwa Central ryagiriye akamaro ishure ry’intango ryitwa John T. White (n’ayandi mashure ane ari mu gisagara tubayemwo), rondera uburyo wofasha amashure mu kibano cawe. Igihe ukoreye amashure, uba uriko ufasha urunganwe rwo muri kazoza. Amashure kenshi ntusanga yitwararitswe cane mu vyerekeye uburyo, kandi ata wuyitaho mu vy’ubutunzi. Kurikira na abanyeshure. Hezagira abigisha. Tanga ivya nkenerwa. Rungika abakozi gukubura, kwubaka no gusánura. Maze gusangira iri yerekwa mu yigisho nkarishabwenge twatunganije mu Burundi, umurongozi umwe akiri muto yitwa Hypolite, yaronse iyérekwa ryo gufasha ishure umuhungu wiwe yigamwo. Haciye amezi, yandungikiye ubutumwa ku buhinga ngurukanabumenyi ambwira ingene yatanze “impapuro ndângamîsi” zo kumanika ku mpome kugira bifashe abigisha gutegura neza ivyigwa vyabo. Igikorwa gitoya cerekana urukundo rukomeye.

Fasha abatagira aho bakĩká umusaya: Yesu yavuze ko abakene tuzokwamana na bo (Matayo 26:11). Iri n’itangazo ryerekana ikintu cankenerwa gihambaye cane. Ukwerekana ubuntu bukomeye kw’Ishengero bugenewe abo bantu badafise ubushobozi bwo kugusubiriza mũ ndumáne kubwo ubwo buntu waberetse. Rondera abo bantu batagira aho baba mu kibano cawe hanyuma ubafashe. Ubagaburire, ubambike, ubamweshe, ubavuze. Raba ahantu wobasabira indaro mu gihe ikirere kiba kitameze neza. Fasha amashirahamwe kanaka yitayeho ivyo bikorwa.

Kingira abapfakazi n’impfuvyi. Idini itunganye, Yakobo yavuze ko *“ari ukuraba impfuvyi n’abapfakazi mu marushwa yabo”* (Yakobo 1: 27). Abo ni bo bantu batishoboye mu kibano cacu kandi bategezwa kwitwaririkwa mu buryo budasanzwe. Nk’uko Yesu yatwakiriye nk’abana b’Imana hanyuma aba umugabo w’umugeni wiwe, ni ryo Shengero, uko ni ko rikwiye kuba Se rikaba n’umugabo w’abo mu kibano caryo. Vugira impfuvyi kandi ushigikire imiryango ya bā ntahonikora. Uhe akaryo ka mbere abakenyezi ata bagabo bafise. Kingira abagore ihohoterwa ryo mu nzu. Fasha abapfakazi kwitwaririka ivya nkenerwa vy’umubiri hamwe n’ivyimibano mu kibano cawe.

Hezagira abakozi ba Reta. Bibiliya itegeka Abakristo kwubaha abakorera (1 Ab'i Tesalonike 5:12), uwo murongo, n'ivy'ukuri, usobanura kwubaha rwose abarongozi bo mu buryo bw'impwemu. Ariko ingingo ngenderwako rusangi vugwa hano ishobora kuba yerekeye n'abarongozi barongoye abantu benshi nko muri Reta. Ubaha abo bakorera Reta mu kibano: abajewe umutekano, abakinga impanuka, abacamanza n'abandi bakorera Reta muri icyo kibano. Bafate nk'uko ari bamwe mw'Ishengero ryawe kandi bamenye ko Ishengero ryipfuzaga gukora na bo mu migambi yabo myiza y'ikibano.

Ha abantu ayandi mahirwe. Umuntu wese arakora amakosa. Ivyo bisobanurwa ko umuntu wese akeneye guhabwa ayandi mahirwe. Ivyo ni nkenerwa kurushiriza ku bantu bashizwe mw'ibohero kubwo amabi bakoze canke barose akanya ko gusubizwa mu buzima busanzwe inyuma y'ukwiyononesha ibiyayuramutwe. Ishengero rikoreramuri mu kibano caryo, atari mu ntumbero yo gucirira imanza abanyavyaha, ariko yo gutanga ivyizigiro. Gendersa abari mw'ibohero. Akira abantu bigeze kubacumurako mw'ikoraniro ryanyu. Shigikira amashirahamwe na cane cane ayafasha abantu intambuko ku ntambuko atumbereye kubafasha kugira umwidegemvyo.

Gendersa abarwaye. Ishengero rifise amahirwe ko kwerekana imbabazi mu barwaye canke abo bari ku mpfiro. Gendersa abari mu bitaro canke abarwariye i muhira. Basengere. Basomere ijamba ry'Imana. Bana na bo muri rusangi. Umupasitori umwe w'umunyafrika yavuze ati, mw'idini ryiwe, imiryango y'abo bari barwaye barasabwaga gutanga ivyo kurya ku barwaye. Amadini atari yo yaza afata ikibanza kuko bagemurira abarwaye ivyo kurya imiryango yabo idashobora. Ubwo bugwaneza bwarakwaga abantu mu vyizerwa vy'ibinyoma. Ni igishingantahe c'ubuntu mu gihe Ishengero rwitwaririka, si abanyo gusa, ariko n'abo hanze yaryo.

Gutegura amaziko. Amashengero amenyereye gutunganya ibikorwa vyo guhamba ku banyeshengero babo. Ariko, kuki mutokwugurura imiryango kuri barya bantu batagira Ishengero? Ico gikorwa giha akaryo abapasitori kubwira ukuri imitima y'abagize imiryango mu gihe gikenewe cane. Iki ni co gihe Ishengero rishobora kwerekana ko rifise urukundo gusumba ibindi bintu vyose mu gufasha abantu.

Fasha ayandi mashengero. Amashengero yose Rukristo asenga Imana imwe kandi yari akwiye kugira n'intumbero imwe. Uburyo bumwe Ishengero ryerekana umwitwaririko w'Ubwami ni ugushigikira ayandi mashengero mu kibano cacu. Ayo mashengero si ngombwa muhuze idini cane ivyizerwa mu vyerekeye ingingo ngenderwako ndóramâna. Wemere akamaro kabo muri ico gisagara. Utere intege ibikorwa vyabo. Bafashe kurozanirwa. Bazobishima kandi ikibano canyu kizobona ubwo bumwe.

Mu rugendo rwanje rwa kabiri muri Afrika, nariko nigisha abapasitori akamaro ko KURENGANA IMBIBE mu kuja mu kibano cabo. Umurongozi akiri muto atwiganira ikintu ciza ku vyerekeye iyo ingingo ngenderwako. Mu gihe we n'abandi bakristo bariko biyumvira uko bashobora gukora mu kwerekana ubudasa mu kibano cabo, basanze benshi mu bana babo banduye kandi ntibari bafise ibombo imbere y'amazu yabo ngo bashobore kumesa imisi yose. Rero, Ishengero ryabo ritoya rica rija mu kibabo rishiraho "ahantu hazwi" aho bogereza abana. Mu nzira, abakozi babwiye abana ukuri k'urukundo rukomeye rw'Imana kuri bo.

Igihe abana basubira mu mihana yabo boze basa neza, abavyeyi babo barabajije bati, "Ni ibiki vyabaye kuri mwebwe? Kuki ubu musa neza?"

Abana babishuye bati, "Imana yatwuhagiye"

Iryo niryoye shengero riri ku gikorwa mu kibano caryo. Mu buryo buboneka, dukorera ikibano cacu kandi tukigisha abandi ingene Imana "yuhagira" umwe wese muri twe. Asangwa Imana ari yo igera ibihe, imyanya n'ahantu abantu bazoba (Ivyakozwe n'Intumwa 17:26), yashizeho ababanyu bawe aho baba kandi yashizeho Ishengero mu kibano cawe. Nturi aho uri ku gihâmâna. Uri aho kugira ushingire intahe ugukomera kw'Imana gufasha abantu bari kure y'Imana kugira bayishikire kandi bayibone" (umurongo 27). Raba neza ingene woshobora KURENGANA IMBIBE, uja mu kibano cawe, kubw' icyubano c'Imana.

NONE HOKORWA IKI?

Ishengero ryose ribayeho, mu gice kimwe, ku neza y'abo bantu batari muri ryo, ariko bari bakwiye kuribamwo. Imana yashize aban-

tu mu bibanza kanaka mu gihe kanaka (Ivyakozwe n'Intumwa 17:26-27) kugira bashitse icagezwe gikuru. Rero, abantu bari mu micungararo y'amashengero yacu "abantu bacu" ni bo duhamagarirwa gushikira.

Nimukiye i Minnesota mu mwaka w'2003 ngiye mu mabanga yo kuba umupasitori mukuru ubwa mbere. Hakurya y'ibarabara uvuye kw'Ishengero hari ikibano kinini c'abanyeshure bo muri kaminuza y'ico gisagara ariko, ikibabaje, Ishengero ryacu ryari rifisemwo Abakristo bake mu bantu bashika 10.000 bari muri ico kigo ca Kaminuza. Twari Ishengero ryabo, ariko nta kintu twakoze. Niukuvuga twarnaniwe gukora kugira dushikire abo abantu bacu.

Pasitori we: ihweze ibikikuje Ishengero rwawe, hakurya y'ibarabara mu kibano gikikuje Ishengero ryawe. Ishengero ryawe ribayeho ku neza y'abo bantu. Iyo ni yo ntumbero yawe muri ico kibano kandi ni akaryo kawe ko kumurika umuco wa Yesu Kristo mu bibanza birimwo umwijima. Ishengero ryawe si igihome c'intamenwa aho abanyeshengero bawe bahungira isi. Ishengero ryawe ni umukozi w'urukundo, ivyizigiro n'Ubutumwa Bwiza bw'ubuntu kuri abo bose bari mu micungararo y'Ishengero ryawe ariko nturabimenya.

Kugira ngo abigishwa urongoye barengane imbibe, Ishengero ryawe ritegerezwa gucika Ishengero ry'Ivugabutumwa rirengana imbibe. Asangwa Ishengero ryawe ritabá irya mbere mu gushikira ababanyi bari mu kibano ca hagufi, ntibitangaje yuko abantu mw'Ishengero batazokwigera biyumvira ababanyi babo kw'ibarabara, abo basangiye ibikorwa canke abagenzi babo kw'ishure.

SHIKA KU NTAMBUKO IKURIKIRA

1. Woshobora gusobanura Ishengero urōngōye hisunzwe icyumviro c'uko "Yesu agwanya imigenzo" canke icerekeye yuko "Yesu ahindura imigenzo"? Kuki? Mbega ababanyi bawe ntibosubira kuja gusenga mu gihe wokwimuka ukava muri ico gisagara?
2. Ishengero ryawe woriha amanota angana gute mu vyerekeye kugira urukundo, imigambi, ubuntu, gutanga indaro, hamwe no kwitanga? Ni ikihe kintu muri izo nyifato ukeneye guteza imbere? Gute?

3. Ni uwuhe mugambi mu bikorwa bigaragara ukorerwa mw'Ishengero urōngōye muri iki gihe? N'iyihe migambi yindi Ushobora kuzotanguza? Gute?
4. Mu kwizera ko Imana yashize Ishengero ryawe muri ico kibanza kugira rigire ico rifashije, ni ubuhe buryo buhari kuri wewe kugira Ishengero rwawe rikorere neza ikibano ririmwo?
5. Ni ikihe kintu ngirakamaro gusumba ibindi vyose wize muri iki cigwa?



KURENGANA IMBIBE: MW'ISI MBAYEMWO

... kandi muri wewe ni ho imiryango yose yo mw'isi izoherwa umugisha
Itanguriro 12:3

Umutima w'Imana uri ku bantu... abantu bose

Kuk'urukundo Imana yakunze *abari mw'isi* ari rwo rwatumye irungika Umwana wayo, Yesu, kugira ngo akize isi. Umugambi wayo, kuva mu ntango, ntikwari ukugira ngo ihezagire gusa umwuri umwe w'abantu kanaka gusa, ariko kwari uko iyo migisha yociye *muri bo* kugira ngo ikwire amahanga yose. Igihe Imana yagirana isezerano na Aburamu, inyungu ntizari ku bazomukomokako gusa, ariko kwari ukugira ngo “abantu bose bo kw'isi” baze bahezagirwe biciye muri bo (Itanguriro 12:3).

Iyo ntumbero mpuzamakungu iri mu Vyanditswe. Imana yavuze ko izokwereka Farawo ubushobozi bwayo, kugira ngo “*izina ryayo ryamamare mw'isi yose*” (Kuvayo 9:16). Abantu bayo b'Abisirayeli

KUBA INYEG	GUHINDUKA	KURENGANA IMBIBE
YA YESU	UGUHINDUKA GITURUMBUKA	M'ISHENGERO RWAJE
MU KIBANO		MU KIBANO
Y'ISHENGERO	UGUHINDUKA KWIYUMVIRIWE	MW'ISI MBAYEMWO

bategerezwa kuba *“ihanga ry’abaherezi”* (Kuvayo 19:6) - bahagarara mu kirengero kuzana abantu batazi Imana bari ahantu hose. Bamaze kujabuka Yorodani, abantu b’Imana bubatse icibutso *“Kugira ngo amahanga yose amenye ko ukuboko kw’Uhoraho gukomeye”* (Yosuwa 4:24) kandi, igihe bazoba begukiye ico gihugu, bahawe itegeko yuko bategerezwa kwakira inyambukira n’abanyamahanga (Gusubira mu Vyagezwe 10:19)

Igihe isandugu y’Imana yagarukanwa i Yerusalemu, Dawidi yarasanze ati,

*Yemwe abari mw’isi mwese, muririmbire uhoraho,
Mumenyekanishe agakiza kiwe uko bukeye,
Mwamamaze mu mahanga ubwiza bwawe,
N’ibikorwa bitangaje yakoze muvyamamaze mu moko yose.
(1 Ngoma 16: 23-24)*

Mu majambo asa n’ayo nyene, Salomo yasanze ashikiriza ngoro y’Uhoraho ati: *“Kugira ngo amahanga yose yo mw’isi amenye izina ryawe kandi bakwubahe”* (1 Abami 8:43). Umwanditsi wa Zaburi avuga ati, *“Mukwize mu mahanga ibikorwa vyawe”* (Zaburi 9:11) Arongerera aravuga ati, *“Ni co gituma, Uhororaho, nzogushimira mu mahanga (Zaburi 18:49) kandi,*

*Ababa mu bugararwa bazomwunamira,
Abansi biwe bazorigata umukungugu.
Abami b’i Tarushishi n’abo ku bizinga vyo mu kiyaga
Bazozana amashikanwa ;
Abami b’i Sheba n’ab’i Seba bazogorora ingorore.
Mbere Abami bose bazomwikubita imbere,
Amahanga yose azomusaba. (Zaburi 72: 9)*

Abavugishwa baraba kure cane berekeza ku ngoma y’Ubwami bw’Imana yagira ize. Biciye muri Yesaya, Umwami yatangaje ko Uwo Mwami azokwimenyekanisha mu banyamahanga:

Kandi nzoshira ikimenyetso muri bo, abarokotse muri bo nzobatuma mu mahanga, i Tarushishi n’i Puli n’i Ludi mu bafozi b’imiheto, n’i

Tubali n'i Yavani, mu baba ku kiyaga kure, aho bataribwumve ko ndi rurangiranwa, ntibabone n'icubahiro canje; maze bazo-kwiganira amahanga icubahiro canje (Yesaya 66:19)

Mu gutabu c'Uwavugishwa n'Imana Malaki, Uhoraho yavuze intumbero yiwe y'ibihe bidashira.

Kuko uhereye iyo izuba rirasira ugashitsa iyo rirengera izina ryanje rirahambaye mu banyamahanga; kand'ahantu hose barosereza izina ryanje imibavu, baranshikanira amashikanwa atunganye, kuko izina ryanje rihambaye mu banyamahanga, niko Uhoraho Nyen'Inga-bo agize. (Malaki 1:11).

Igihe Yesu yavuka, abamalayika batangaje inkuru nziza “ku bantu bose” (Luka 2:10), kandi igihe Yesu yajanwa mu ngoro, Simeyoni, yaranezerewe, “kuko amaso yanje abonye agakiza kawe, ako wateguye mu maso y'amoko yose” (Luka 2:30-31)

Yesu yategetse abizera ati “Genda muhindure amahana yose abigishwa” (Matayo 28:19) kandi Ishengero rya mbere, yaritegetse ko bazomushingira intahe “i Yerusalemu, i Yudaya hose n'i Samariya, no gushitsa ku mpera z'isi” (Ivyakozwe n'Intumwa 1:8). Paulo nawe yanditse ati Ubutumwa bwiza “n'ubw'Abayuda ubwa mbere, hanyuma Abanyamahanga” (Abaroma 1:16) kandi bigaca vyuzuzwa n'isezerano ryahawe Aburahamu igihe yandika, “Kand'Ivyanditswe vyabimenye bitaraba yukw'Imana izotsindanishiriza abanyamahanga kubw'ukwizera Ibarira Aburahamu ubutumwa bwiza bw'ibitaraba, Iti muri wewe ni ho mahanga yose azoherwa umugisha.” (Abagalatiya 3:8). Ubwa nyuma, Yohana yabonye abantu benshi “bavuye mu mahanga yose, mu moko yose no mu ndimi zose, bahagaze imbere y'intebe y'Umwagazi” (Ivyahishuriwe Yohana 7: 9)

Ubiravye, ibi Vyanditswe ni bike muri vyinshi vyemeza ko intumbero y'Imana kwari ukumenyekanisha icubahiro cayo mu bantu. Iri ni ryo ryari iyerekwa ryayo no muri kahise hose. Kandi, iri niryo yerekwa Imana yahaye Ishengero.

Abatarashikirwa Atar'uko Badashobora Gushikirwa

Birababaje kubona ko naho Ibwirizwa Rikuru ry'Imana ryatanze, hakiriho abantu benshi batarumva Ubutumwa Bwiza bwa Yesu. Muri Bibiliya igihe cose havuzwe amajambo "ibihugu" canke "amahanga" riba rigomba kuvuga imigwi y'abantu basanzariye mw'isi yose. Ku munara wa Babeli, indimi zarayoberanijwe kubera ukwishira hejuru kwatumwe n'ivyaha vy'abantu (Itanguriro 11:1-9), kandi kuva ico gihe, abantu bo mu ndimi n'ubwoko b'imigwi bashika 13 000 baciye bavuka. Mu mwaka 2000 iheze, imigwi yegereza 70 kw'ijana "yarashikiriwe" n'Ubutumwa Bwiza. Ivyo bisigura ko n'imiburiburi abantu 2 kw'ijana b'Abakristo babushitse bashobora kubwira abantu babo ubutumwa.

Ivyo bivuga ko, 30 kw'ijana vy'abantu baba kw'isi -imigwi 4000 y'abantu canke abantu bangana imiliyaridi zitatu batarashikirwa n'Ubutumwa. Ntibarigera bumva Ubutumwa Bwiza bwa Yesu kandi nta n'abajabukanabutumwa barenga imbibe bafise nta n'amashengero ari hagati yabo. Abantu benshi cane muri abo batarashikirwa 95 kw'ijana muri 10/40 n'abapfakazi, mu karere kari hagati ya degree 10 na 40 kuri Equateur. Henshi ni mu Bushinwa, mu Buhindi, Aziya yo hagati, na Afrika yo mu buraruko - barimwo 357,000 b'aba Kanuri/Yerwa bo muri Sudani yo hepfo, abantu 132,000 b'aba Darzadani muri Pakisitani, abantu 3,800 b'aba Mudasi Karuva mu Buhindi hamwe n'abantu 200 b'aba Samre muri Cambodia.

Iyumvire abo bantu benshi nk'uko, atari abantu banse Yesu, ariko batarigera bumva izina ryiwe. Abantu baserukira igikorwa Ishengero ryahamagariwe gukora mw'isi. Mu Abaroma 10:14-15, Paulo arabaza, *"None bazokwambaza bate uwo batarizera? Kandi bazokwizera bate uwo batarumva? Kandi bazokwumva bate, ata uwabasiguriye ivy'uwe? Kandi bazosigura ivy'uwe bate, batatumwe?"* Kugira ngo amahanga yose yumve Ubutumwa Bwiza, Ishengero ritegerezwa kugenda kuri bo.

Ariko, n'ubwo bikenewe cane, amashengero menshi abandanya yitwaririka intumbe yo gushikira abo bamaze kugira bumve Ubutumwa Bwiza. Akarorero, mu mashengero yo muri Leta Zunze Ubumwe za Amerika, amadolari mirongo icenda n'atanu kw'ijana (95%) yose yatojwe kubw'igikorwa asigara mu gihugu. Amadolari ane n'igice kw'ijana (4 ½%) ahabwa abamisiyoneri bagendagenda

kw'isi yose, ariko abo bamisiyoneri bakora mu bantu bamaze kwumva ubutumwa. Igice c'idolari kw'ijana (0.50%) conyene gikore-shwa mu bantu batarumva ubutumwa.

Mu mashengero yose kw'isi, utwigoro tungana na cumi kw'ijana (10%) tw'abamisiyoneri twerekeye gashikira abantu batarumva ubutumwa. Mu bamisiyoneri bangana 430,000 bari kw'isi yose, babiri kugeza kuri batatu kw'ijana (2-3%) bonyene ni bo bashikira abantu batarumva ubutumwa, kandi ibice mirongo ine kw'ijana (40%) y'ibikorwa vy'Ishengero muri rusangi bikorerwa mu bihugu 10 birimwo abantu benshi gusumba ahandi kw'isi. Muri 100 AD, hari imigwi 12 y'abantu batarashikirwa n'Ubutumwa Bwiza kw'Ishengero ryose rivutse. Arik'ubu, hari amashengero 1,000 kw'isi yose ku mugwi umw'umwe utarashikirwa n'Ubutumwaa Bwiza. Birashoboka cane KURENGANA IMBIBE no kumarira ico gikorwa.

Gushikira isi mu kurengana imbibe

Ishengero ryose, ntaco bitwaye uko ubutunzi bwaryo bwifashe, akarere ritumbereyemwo canke ivyizerwa vyaryo, rifise umutahe wo kuvuga ubutumwa mu KURENGA IMBIBE no gushikira isi. Kandi, mu gihe Ishengero rytwariritse gushitsa Itegeko Rikuru, Imana izo-kwubaha icipfuzo caryo n'ukwumvira kwayo. Naravyiboneye n'amaso yanjye.

Mu 2012, nafatanye urugendo n'abapasitori benshi muri Cuba kugira ngo tuje kwigisha abarongozi b'amashengero. Mu kibanza kimwe, Umumisiyoneri w'Umunyamamerika yavuze ubutumwa bukurikira abari bahari ngo bgire ivugabutumwa rirengana imbibe intumbero y'amashengero yabo. Bivanye n'ukutumvikana mu vyerekeye intwari n'ubutunzi mw'Ishengero rya Cuba, twari twiteze ko ukwitaho igikorwa c'abamisiyoneri kuba guto. Ariko, ku mpera y'ubutumwa, umugwi watweretse abamisiyoneri, umugabo n'umugore, begeranya uburyo bwo gufasha muri Amerika y'Epfo kandi bari biteguye kugenda. Twabonye ubwa mbere ko ata shengero na rimwe rikenye canke ritunganijwe ku buryo ritorengana imbibe mw'isi.

Ariko none, ni hehe Ishengero ryari rikwiye gukoraniriza inguvu zaryo? Mbega intumbero ivamwo umwimbu ni iyihe?

Muri rusangi, iyerekwa ry'Ishengero ritegerezwa kubamwo: ukwamamaza n'ukwerekana ubushobozi bw'Imana. Mu gikorwa ciwe, Yesu yabikora vyompi. Ubutumwa bwiwe bwari bugizwe n'amajambo n'ibikorwa. Yarasigura Ubutumwa Bwiza kandi ubwo butumwa bugahekezwa n'ibikorwa vyiza. Izo ntumbero zibiri kandi zuzuzanya zimeze gutya:

Gutangaza	Kwerekana
Uguhishurirwa	Impuhwe
Ubutumwa Bwiza	Ibikorwa vyiza
Sigura	Korera abandi
Vuga	Erekana
Vugana Ububasha	Emeza

Ukuvuga Ubutumwa Bwiza bisaba Ishengero ko rivuga ata gutinya ukuri kwa Yesu Kristo nka Mesiya yaje mw'isi. Ishengero rishigikira iyerekwa ryigisha Ubutumwa bw'ukuri (raba ikigabane ca 5) kandi rijana ijambo ry'Imana mu turere twose tw'isi. Muri ivyo bikorwa harimwo gusobanura Bibiliya, ibikorane vy'ivugabutumwa, ubutumwa ku nzu ku nzu, kwerekana ireresi yerekeye Yesu, canke gutegura ikintu gihamagarira abantu kwuguruka imitima bakumva ivya Yesu. Umumisiyoneri umwe w'umugenzi yatumiye Abakristo bo muri Amerika kuza gutamba intambo z'imico yabo hagati mu gisagara muri Espagne. Iyo "misi mikuru" yo mu miryango ifise akamaro harimwo intahe z'abantu n'ukuvuga ubutumwa mu buryo butomoye nk'ishimikiro ry'igikorwa. Nk'ingaruka, abantu amajana muri Espagne baratanguye kugiriranira imigenderanire na Yesu Kristo.

Mu myaka myinshi iheze, naratumiwe kwigisha mu nyigisho nkarishabwenge zerekeye ukurera abana ku bantu bari bajanye abana babo mu mashure yigenga mu Bushinwa. Ishure ryatwarwa n'Abakristo b'ivugabutumwa rirengana imbibe, ariko abavyeyi ntiyasabwa kuba Abakristo kugira abana babo baje muri iryo shure. Izo nyigisho

nkarihabwenge zo kurera zari zishimikiye kuri Bibiliya kandi Ubutumwa bwaravurwa mu buryo butomoye. Muri ubwo buryo, gufasha abavyeyi vyaza mu kibanza ca kabiri vyiyongera ku ntumbero nyamukuru yo kwamamaza Yesu.

Rimwe mu mwaka, umugwi mutoya wo mw'Ishengero ryacu wama ugenda mu yindi ntara iri muri Amerika gusangira ubutumwa bwiza bwa Yesu n'aba Mormons baba baje guhimbaza imisi mikuru y'umwaka yabo. Igice kinini c'abitabira iyo misi mikuru bashinze imizi mu bamormons, batigisha ukuri kw'Ubutumwa bwiza bwa Yesu n'agakiza kaboneka ku buntu gusa. Abamisiyoneri bacu baca batangura kugendagenda muri bo, binjira basohoka, batangura kuganira n'abanyamahanga, bizera ko abo bantu baba baje muri ivyo bikorane bumva ukuri no kwamamaza Yesu nk'inzira imwe yonyene ija ku Mana.

Nta na kimwe gisubirira ukuvuga ukuri kwa Yesu aho Ataramamazwa (Abaroma 1:16, 15:20). Mu kigoro kose k'ijabukanabutumwa canke ubumisiyoneri, Ishengero ritegerezwa kuvuga ingorane y'icaha, urupfu n'agakiza ka Yesu Kristo gatangwa ku buntu biciye mu kwizera. Abantu ntibashobora gukizwa kiretse *bumvirije* Ubutumwa buriko buravugwa.

Ibimenyetso vy'ubutumwa bitegura inzira kandi bigatera igikumu ku Butumwa bwamamajwe. Yesu yabwiye abantu biwe ko "Abe ariko umuco wanyu ubonesha imbere y'abantu, ngo babone ibikorwa vyanyu vyiza, bahimbaze So wo mw'ijuru." (Matayo 5:16). Mu majambo asa n'ayo, Petero ategeka ati, "*Mugire ingeso nziza mu mahanga, kugira ngo, no ku vyo babavugaga nabi nk'inkozi z'ibibi, ibikorwa vyanyu vyiza babona bize bitume bahimbaza Imana ku musibagendeye*" (1 Petero 2:12). Mu gihe uburyarya -igihushane hagati y' imvugo z'abantu n'ingiro—ari kimwe mu bituma Ubutumwa Bwiza butamamara, Ishengero ribaho mu vyizerwa vyaryo riba ribaye icabona c'ukuri.

Kwerekana Ubutumwa ni ukubaho nk'uko imigenzo y'ubutumwa imeze: Kugira ubuntu, guharira, ukwitanga, ibikorwa, ukwicisha bugufi, urukundo, ukugira neza, gutanga no guhezagira abandi. Bisobanura ko Ishengero ribaho risangira imigisha y'Imana n'abandi (soma Itanguriro 12:3; Zaburi 67: 1-2). Paulo avuga ko ari "ukwiyongeranya" kw'imihezagiro mw'ikete rya kabiri yandikiye Abakorinto 1: 3-5:

Imana y'Umwami wacu Yesu Kristo, ari yo Se, iragahezagirwa, Data wa twese w'imbabazi, kandi Imana yirura imibabaro yose, itwirura mu marushwa yacu yose, kugira ngo natwe tubone uko twirura imibabaro abari mu marushwa yose, tuyibiruzwa uko natwe twirurwe n'Imana. Nk'uko icyo Kristo yababajwe vyarushirije kutuzako, ni ko n'ukwirurwa kwacu kwarushirije kugwizwa na Kristo.

Ukwerekanwa kw'Ubutumwa gushobara kubonekera mu buryo bwinshi: kwitwararika impfuyi n'abapfakazi, gusanura amazu, gutanga imfashanyo ku bagize impanuka, kwubaka ivuriro mu kibano c'abakene, kwubaka iriba ry'amazi, canke gufasha abanyeshure mu mashure yisumbuye kwiga icongereza, ivyo ni bike muri vyinshi. Umugambi wose uhwana n'ugutorera umuti ingorane kanaka z'abantu kugira ngo bitegûre imitima yabo kwakira Yesu ni ngirakamaro. Nk'uko umu misiyoneri umwe yabivuze, "nta muntu n'umwe ashobora kwumva Ubutumwa ashonje".

Mu gitabu ciwe canditswe mu mwaka w'1997 citwa "Ukwamamara kw'Ubukristo: Ingene Umuhari wa Yesu Utamenyekana, Wanebagurwa Wahindutse Idini ry'Inguvu Riruta Ayandi mu Burengerero bw'Isi mu Kiringo c'Ibinjana Bike Cane" -, umwanditsi Rodney Stark yanditse yuko Ishengero rya mbere ryumvirizwa cane kuko ryari rifise urukundo rwo kugaragaza umuco w'Ubutumwa Bwiza mu kwitwaririka ivya nkenerwa vy'umubiri. Yanditse ati,

Ukugwirirana n'ukwiganza kw'Ubukristo mu gihe c'intwari y'Abaroma kwongerejwe cane n'ingwara zibiri z'ivyaduka, iyitwa ibihara hamwe n'agasâma vyateye muri ubwo bwami hagati y'imyaka y'165 na 251 kandi bikica abantu bari hagati y'ica kane n'ica gatatu c'abantu ico gihe. Mu gihe abagororotsi n'abatari abagororotsi bapfa kumwe muri ico gihe, amadini y'abapagani, ahagarikiwe n'abitwa abaherezi bayo, barahunze ico kiza, bitwaririka gukiza amagara yabo. Abanyabwenge karuhariwe b'ico gihe na bo, bicara bavuga ingene babona ako karanga kagenda gatituka mw'isi babona ko yari ishaje. Abantu barahêba abavukanyi babo n'abagenzi, bakabareka bakîpfâna kandi ntibânabagandârire. Hagati

yaho, Abakristo baciye batangura kwitwararika abarwayi n'abariko barapfa - kugeza no ku kwiheba kwatuma abatari bake bandura ivyo biza vy'ingwara n'ugupfa bagapfa. Ikindi na co Abakristo batanze, biciye mu vyizerwa vy'ukuzuka kw'abapfuye n'isezerano ry'ivyizigiro vyo kubana na Kristo ibihe bidashira, ni uko vyahindutse umushinge ukomeye cane wo kubona ubuzima bufise agaciro hagati y'ibiza biteye ubwoba. Mu gihe abapagani batinye cane; canke bagapfa kujunja ata co bariko barakora (mu gihe ivyo biza vyariko bira-téma bitōngōra), Abakristo bemeye kubana n'abariko barapfa nk'ikigaragaza ubukuru bw'Ukwizera kwabo. Ukwitwararika abarwaye Rukristo kwaratabaye, kandi nk'ingaruka y'ivyo, kwarashoboye kwongerereza igitigiri c'abarokotse muri ivyo biza. Abapagani barahaboneye itandukaniro ry'amadini, kandi abantu benshi bari bakeneye ivyo Ukwizera Rukristo gutanga. Intahe nk'iyi ni kimwe mu bituma Ubukristo bwaramamaye bidasanze mw'isi y'ico gihe. Imico yabwo yararuta cane iyo abapagani.

Muri ayo magume, vyari bikenewe ko Ishengero *ryerekanira mu ngiro* Ubutumwa nk'uko *babuvuga n'akanwa*.

Muri 2010, nakoranye n'umugwi w'abaganga b'abahinga mu vye-rekeye ingwara z'amenyo bafashe urugendo baja muri Etiyopiya gukoresha ubumenyi bwabo mu kuvura abantu mu ntara nyinshi. Hagati mu ndwi, barozamye, barazibira ibinogo aho amenyo yatobotse, kandi bagakura amenyo abantu amajana. Igihe abarwayi bari barindiriyeye ko bavurwa, umugwi wacu wasangiye na bo inkuru y'ingene Imana yitwaririka ivya nkenerwa vyacu vyose biciye mu Mwana wayo, Yesu.

Uwundi mugwi wasubiye muri ico gihugu uca wunga ubucuti n'abantu bakora igikorwa co kwitwaririka impfuvyi mu gufasha Ishengero rimwe riri muri iyo ntara ryakora ico gikorwa. Uwo mugwi warakoranye n'iryo shengero kugira ngo ababa muri ico kibano bashobore kuvurwa ku buntu. Kandi, bamaze kumenya ko hakenewe iriba ry'amazi mu kibano kiri hafi y'aho hantu, baremeranya gushigikira uwo mugambi nk'uburyo bugaragara mu kwitwaririka ivya nkenerwa vy'abantu.

Kwamamaza Ubutumwa Bwiza no kugaragaza Ubutumwa Bwiza birajana. Gusangira Ubutumwa Bwiza ata bikorwa vyiza burimwo buca buburamwo urukundo. Gukora ibikorwa vyiza udasangiye n'abandi Inkuru Nziza ntuba ushikanye intumbero yose, kwitwaririka ivya nkenyerwa vy'abantu akanya gatoya, ugatorera umuti ingorane z'umubiri utavuze ivy'ubuzima budashira nk'ivyankenerwa vy'impwemu ni co kimwe n'ugucira hagati ihangiro. Ishengero njabukanabutumwa ryama ryibuka ko “ *ukwizera kuzanwa no kwumva*” (Abaroma 10:17)

Uburyo butanu bufadika

Igihe Ishengero ryogira umwitwaririko w'ivugabutumwa rusangi rirengana imbibe, ryoca rigundura uburyo bwinshi bw'ingene ryoshobora kubikora. Mu bisanzwe, habaho amashirahamwe y'ivugabutumwa rirenga imbibe menshi n'imigambi myinshi ku bapasitori bipfuzwa KURENGANA IMBIBE baja mw'isi. Mu misi mikeya iheze, kw'Ishengero rya Central, twaratanguye gupfunyapfunya intumbero yacu mu nzira yo gutumbereza ivugabutumwa rirengana imbibe mu kwitwaririka inzego zitanu zirimwo ubukene budasanzwe bukomeye:

Gushindura abantu abigishwa mu bantu batarashikirwa (n'Ubutumwa Bwiza)

Nk'uko twavuze aho hejuru, 30 kw'ijana vy'abari mw'isi ntibarumva Ubutumwa Bwiza bwa Yesu. Aho gushira umutahe mu migambi ishikira abantu bamaze gushikirwa n'Ubutumwa Bwiza gusa, twahisemwo gushimikira cane ku bantu bari kw'isi batarashikirwa ubutumwa Bwiza. Nta nkeka, ivyo bibanza bishobora kuba bigoye, kandi kubwo impamvu z'umutekano, turashobora gusaba gukorana n'abamashirahamwe abifisemwo uburambe n'ubuhinga karuhariwe. Ariko, kuvyitwararika kurakwiye.

Gusobanura Bibiliya mu ndimi itarasobanurwamwo.

Mu ndimi 7000 zivurwa kw'isi yose muri iki gihe, nkeya zishika 600 nizo zifise insobanuro yuzuye ry'Isezerano rya Kera n'Isezerano Risha. Abantu bangana n'Umuliyaridi umwe w'abantu ntibafise Bibiliya isobanuye mu ndimi zabo! Mu gihe gusobanura Bibiliya vyahora

bifata imyaka irenga cumi mu rurimi urwo ari rwo rwose, ibikoresho bishasha vyarongereje umuvuduko ico gikorwa gikorwako, bituma bishoboka ko abantu benshi baronka ijamba ry'Imana mu ndimi zabo. Hariho uburorero buke bw'Amashengero ashobora kuba afise abakozi bafise impano yo gukurikirana gusobanura Bibiliya. Ariko kenshi, Ishengero riragira uruhara mu gutanga uburyo kugira rishobore kugira ico rikoze muri ico gikorwa. Amashirahamwe araba ivyo gusobanura Bibiliya yiteze ko, mu 2025, insobanuro ya nyuma y'I-sezerano Risha ishobora gutangura.

Ugukarihiriza ubwenge abarongozi

Ugukarihiriza ubwenge abarongozi ni ubundi buryo bwo gushikira abatarashikirwa n'ijamba ry'Imana hamwe no kuronka Bibiliya isobanuye mu ndimi zabo. Abapasitori bari muni ya 10 kw'ijana kw'isi yose ni bo bashobora kuronka uburyo bwo kwigishwa ivyerekeye igikorwa c'Imana, kandi Amashengero angana n'ibice 85 kw'ijana kw'isi yose arongowe n'abarongozi bataronse inyigisho z'ivyigwa ndondamana (théologie). Ishengero ryipfûza guhindura isi ritegerezwa gutangurira ku barongozi. Shira umutahe mu migambi y'ivyigwa nkarishabwenge hamwe n'inyigisho ndondamana zigenerwe abapasitori ahantu hose.

Ubutungane budakumîra

Abantu b'Imana bahamagarirwa "gutunganiriza abantu" (Mika 6:8, Yesaya 61:8) kuko Imana yama ikora ibintu bigororotse kandi bitumbereye. Ubutungane busobanurwa nk'ukwitwaririka ubukene bwa ba ntahonikora mu buryo bw'uko uburenganzira bwabo bukin-girwa kandi n'ubuzima bwabo bukagira agaciro nk'abaremwe mw'ishusho y'Imana. Ivyo bisobanura ko hakwiye gukurwaho inyifato yo mu gihe ca none yo kugira abantu imbohe hamwe no kugurisha imibiri, gutegekanya ivyo kurya n'ivyambarwa ku bantu bakenye cane gusumba abandi no gufasha impunzi.

Kugwiza amashengero afise ubuzima

Ivugabutumwa rirakwiragira hose mu gihe Amashengero mas-hasha aba ariko arashingwa. Amashengero ashingiye kw'ivugabu-tumwa ndengambibe ntiyishingira gusa "amashengero mato mato"

mu ntara zayo. Bipfuza kubona amashengero afise ubuzima ashingwa no mu bibanza vya kure kandi no mu turêré tudafise Amashengero kw'isi. Ubu buryo bwo kwiyumvira ku Bwami bushimikira ku cipfuzo co kubona *Ishengero* rikura, atari *Ishengero ryanje* gusa.

Gusohoka

N'intambwe idasanzwe kw'Ishengero ryose kurengana imbibe zaryo, kuja mu kibano caryo, hanyuma rigaca rishika mw'isi yose. Ivyo ntibishobora gukorwa mu buryo busanzwe canke bw'ikibiriraho kw'Ishengero ryose. Hari intambuko ziyumviriweko nyinshi zo gufasha Ishengero ry'ivugabutumwa ndengambibe gushika kw'isi yose.

Emera ico Bibiliya idusaba. Sigura wongere wigishe umugambi w'Imana wo gucungura guhera mw'Itangiriro gushika no kw'isezerano rya Aburahamu (Itangiriro 12:1-5). Ca ku mayange ingene "Abayuda bahezagirwa kugira ngo babe umugisha" hamwe n'ingene Imana yamye ifise amahanga mu vyiyumviro vyayo ku vyerekeye Ubwami bwayo. Ca akarongo ku "mategeko" atanu ari muri Matayo 28:18-20, Mariko 16:15-16, Luka 24:47, Yohana 20:21 na Ivyakozwe n'intumwa 1:8. Erekana ko Ubutumwa bwiza ari ubw'Abayuda n'Abanyamahanga bose (Abaroma 1:16).

Gira umwitwarariko wewe ubwawe. Mu myaka myinshi, Ishengero rya Central ntiryakora bishimishije mu vyerekeye ivugabutumwa mu mahanga, kandi bari bansavye gusubira kunágūra ico gikorwa. Inyuma y'amezi atandatu maze kuhashika, jewe hamwe n'abarongozi bakuru bo mw'Ishengero ryacu twafashe urugendo tuja mu Bushinwa mu rugendo rwari rufise inumbero yo kuraba akaryo tworonka mu bijanye n'ivugabutumwa mu mahanga kubw'Ishengero ryacu. Sinagomba ko Ishengero ryanje ryumva gusa mvuga ivyerekeye ivugabutumwa rirenga imbibe, ariko ko bambona nk'icitegereze c'ingene umuntu yitwaririka iryo vugabutumwa. Ikintu ca nkenerwa mu gikorwa c'umupasitori ni ugutanga akarorero ku bantu biwe (raba ikigabane ca 3), kandi nta mupasitori ashobora kurongorera Ishengero ryiwe KURENGANA IMBIBE kiretse amaze kwishikirayo ubwa mbere.

Tangurira mu kibano cawe. Mu kigabane giheruka, twari twabonye ingene Ishengero rishobora kugira ico rikoze mu babanyi baryo no mu kibano. Iyo Ishengero ritagize ico rikora aho ritumbereye, nti-

bizoshoka ko rigira ico rihindura mw'isi. Ibikorwa vyo mu kibano bifasha abanyashengero kwerekana impano zabo n'ukwerekana urukundo mu karere bamenyereye kandi bisaba uburyo buke. Kenshi na kenshi, mu gihe abantu baba bariko baraterwa intege n'ukuntu biriko biragenda neza mu kibano cabo, baca bemera gukora mu gihe akaryo ko kurenga imbibe kabonetse.

Akandi kamaro k'igikorwa co mu kibano, ni uko rimwe na rimwe, Imana ituzanira amahanga imbere y'imiryango yacu. Mu bisagara vyagutse, abanyeshure mpuzamahanga biga mu za kaminuza canke bigatuma habaho ugufatanywa mu rudandazwa. Canke impunzi zishobora kuba zarimuriwe mu gisagara cawe. Ni akaryo keza ko ku-ba umugisha ku mahanga utabanje kuva mu gihugu cawe.

Sengera abakozi. Yesu yavuze ati, *"Ivyimburwa ni vyinshi, ariko abimbuzi ni bake. Nuko ni mwingingye nyene ivyimburwa arungike abimbuzi mu vyimvurwa vyawe"* (Matayo 9:37-38). Ishimikiro riri mu kugwiza abakozi ku mwimbu uteguye ni ukwizigira Imana yoyo ishobora guhagurutsa abakozi. Ariko, mu buryo bwiza bwo gusengera ivyo bintu, Imana igomba ko amashengero amenya ko bikenewe kandi ko ari igikorwa c'Abakristo. Nta gukekeranya kuriho ko amasengesho ahagurutsa Imana. Ariko, iyo habajijwe ngo, " Mbega amasengesho arahindura Imana?" Umupasitori yishuye ati, " Amasengesho ahindura jewe!" Mu gihe amashengero ahindura umwimbu n'abakozi bashasha, Imana ishobora gukoresha amasengesho guhindura abo bariko barasenga, mu kubateramwo iyerekwa rikomeye ry'isi yose.

Shira ivugabutumwa rirengana imbibe mu kibanza ca mbere mu gutegekanya amafaranga. Amashengero arigisha abanywanyi bayo yuko umushuzo w'ivyeze mu ndimiro ari uwo Imana. Ivyimburwa vya mbere ku vyeze ni ivy'Imana. Muri ubwo buryo, amashengero yategerezwa gushira ku ruhande ivyeze vya mbere vyayo vy'amashikanwa mw'ivugabutumwa rirengana imbibe. Ishengero ryo mu kibano ryerekana umwitwaririko waryo wo gukwiragiza ubutumwa bwiza biciye mu gushigikira mu buryo bw'amafaranga. Iyo habajijwe ngo, " Mbega amafaranga yokora mw'ivugabutumwa rirenga imbibe yoba angahe?" Nishura nti, " Umuntu wo hanze arashobora kuraba amafaranga ategakanijwe y'Ishengero ryawe agaca abona neza ko ivugabutumwa rirenga imbibe riza ubwa mbere ku rutonde rw'ibindi bintu mw'Ishengero ryawe canke ko atari ko biri."

Vuga inkuru. Bimwe mu bintu bikomeye bizotuma haba ivugabutumwa kw'isi yose bizova muri abo bantu mw'Ishengero ryawe bishikiye ku kivi ubwabo, batanze canke bagize ico bunguka mu bikorwa vy'ivugabutumwa rirengana imbibe. Kubaza ibibazo abamisiyoneri barungitswe mu gihe gitoya ahantu mu gihe c'amateraniryo yo gusenga. Sangira n'abandi ukwitanga kwabo mu mwanya w'insiguro no mu nyigisho zawe. Mw'Ishengero ryacu, dukoresha iryungane "gufata nk'akarorero" abantu bamwe bamwe mu gutera intege abasigaye.

NONE HOKORWA IKI?

Umutahe w'ivugabutumwa rirenga imbibe mw'Ishengero ryanyu urihutirwa. Mu gushitsa iyo ntumbero yawe, utegerezwa kuba ufise umwitwarariko mpuzamakungu ku bantu bava mu mahanga yose, ubwoko bwose n'indimi zose biciye mu kwamamaza Ubutumwa bwiza no kwerekana ibikorwa vy'Ubutumwa Bwiza. Rōngōrera Ishengero ryawe muri iyo nzira kandi abantu bawe bazokwumva bafise ideni rikomeye ryo mu buryo bw'impwemu kuruta uko bahora barifise ku mvo nyinshi.

Ubwa mbere, ivugabutumwa njabukamazi rirushiriza gukomeza ukwizera. Uko Abakristo bahamagarirwa gutanga, gusenga no kurengera ubushobozi bwabo, bizotuma biyegurira Imana ku musu ku musu.

Ubwa kabiri, ivugabutumwa mpuzamakungu rizana urukundo mu bantu bawe. Uko Abakristo batahura ivyankenerwa bikomeye cane vyo kw'isi, uko ni ko bagira imbabazi nyinshi kandi urukundo ruca rutangura gukura. Ikintu kimwe muri vyinshi bishimisha cane umupasitori ashobora gushingira intahe ni mu gihe Ubutumwa Bwiza bw'urukundo butsimbataye mu mashengero yabo bujabutse imbibe z'imigenzo, amoko n'imiryango.

Ubwa gatatu, ivugabutumwa mpuzamakungu rizana umunezero ukomeye mw'Ishengero mu gihe Abakristo baba bariko barashingira intahe ubushobozi bukiza bw'Imana. Nta kintu kinezera cane nk'ugufatanywa n'Imana mu ntumbero zidasanzwe kandi z'ibihe bidashira, hamwe no kumenya ko ikoresha abantu bayo nk'abunganizi bayo mu ntumbero yayo. Mu gihe abantu baronse Bibiliya mu ndimi zabo, abarongozi baragwira, abatarashikirwa n'Ubutumwa Bwiza

barashikirwa, Amashengero arashingwa kandi abantu barabohoka, Ishengero rikanezerwa!

SHIKA KU NTAMBUKO IKURIKIRA

1. Wumva gute kumenya ko hari abantu benshi batarashikirwa n'i-jambo ry'Imana mw'isi? Ukwo kuri uzogukoresha iki?
2. Woba wahora ushiraho itandukaniro hagati y'ukuvuga ubutumwa canke kwerekana ibikorwa vy'ubutumwa Bwiza? Kubera iki? Kuki wibaza ko ari ngirakamaro gukoresha ivyo vyompi?
3. Ni ubuhe mu buryo 5 bufise ingaruka nziza z'ivugabutumwa rirenga imbibe bukwohera? Ni gute wewe canke Ishengero ryawe mwotangura gukoresha bumwe muri ubwo buhinga?
4. Mu gihe wihweza intambuko zerekeza Ishengero kw'ivugabutumwa rirengana imbibe, ni iyihe ushobora gutangura gukoresha ubu nyene?
5. Ni ikihe kintu c'ingirakamaro gusumba ibindi vyose wize muri iki kigabane?



URUGENDO



INTAMBUKO ZIKURIKIRA

Ni Ubikore gusa.
Nike shoes

Haraciye imyaka 20 ndiko ndandika iki gitabu. Kwegeranya ivyiyumviro ku mpapuro vyaramfashe amezi makeya, ariko vyaramfashe imyaka kugira nshobore gutangura. Igihe kimwe, nategerezwa gufata ingingo, kwugurura urupapuro rushasha mu mashini nyabwonko ngatangura kwandika ijamba rya mbere.

Mu mpapuro zihaze, wize ivyerekeye umuhamagaro wawe nk'Umupasitori, ingene witwaririka ubuzima bwawe bwo mu buryo bw'impwemu, n'ibanga ry'itegeko wahawe kubwo umwihariko wo kwitarika Intama z'Imana. Vyongeye, wize inzira yoroshe yo mu buryo bw'impwemu yo kurongorera Ishengero ryawe mu nzira y'ubuzima bw'ivugabutumwa rirengana imbibe. Mu ncamake, gufasha abantu KUBA INYEGU ya Yesu, inyegu y'Ishengero hamwe n'inyegu yikibano, kubafasha GUHINDUKA mu buryo butuma barushiriza gusa na Yesu mu bushobozi bwa Mpwemu Yera wayo; hanyumwa agaca abatuma KURENGANA IMBIBE, baja mu mashengero yabo, baja mu kibano kandi no mw'isi babayemwo. Intumbero si iyo kugwiza abizera, ariko ni iyo guhindura abantu kuba abigishwa bahinduwe n'Imana kugira bahindure isi.

Ubu nyene ni umwanya wo *gukora* ikintu.

Abapasitori benshi bashobora kurengerwa n'igikorwa bimirije gukora. Ariko, intumbero si iyidashoboka. Muri Amerika, hari ho

umugani ubaza uti, “Ni gute barya inzovu?” Inyishu na yo ni iyi: “Uhekenya gato gato.” Kuzana iryo hinduka mw’Ishengero ryawe bizogusaba gufata intambuko ya mbere, hanyuma iyindi, mu nyuma iyindi...intambuko imwe-imwe mu gihe kanaka.

Intambuko imwe ku yindi

Ikibabaje, amashengero menshi ntariko arategurira abantu kuba abigishwa b’abajabukanabutumwa. Ahubwo “bariko baryohora Ishengero”, ivyo navyo bikaba bishingiye ahanini ku nteguro zihimbaye z’amakoraniro ryo gusenga, barondera abitangira igikorwa c’abana, imyimenyerezo y’imigwi y’abaririmvyi, guhanura abantu bari mu ngorane, gutunganya amanama, no gushiraho inyubako nshasha. Izi ni zo ngorane z’abarongozi b’amashengero menshi: kugumizaho umwanya w’intonde nyinshi no gutuma abanyeshengero baguma bafatiriwe mu gukora ibikorwa vy’idini. Benshi baramaze gutahura ibikorwa nk’abantu bakuze hamwe no kwitabira ibikorwa vy’Ishengero mu guhinduka mu buryo bw’impwemu.

Kurongōra abantu mu nzira y’ubuzima bw’ivugabutumwa rirenga imbibe bisaba kuvyiyumvirako. Reka nshikirize intambuko zikurikira kugira ngo zifashe kurongora Ishengero ryawe muri iyo nzira.

Tangura n’amasengesho. Urugendo ruri imbere n’urwo mu buryo bw’impwemu. Bizosaba ubumwe, ubwenge, indero, kwihangana no gushira amanga n’ibindi. Ereka Imana inzira zawe (Zaburi 37:5). Saba Imana kugira ubwenge mu buryo bw’impwemu (Yakobo 1:5). Wizigize Uhoraho umutima wawe wose Kandi ntiwishimikize ubwenge bw’iwawe... na we azogorora inzira zawe (Imigani 3:5-6).

Vugana n’abarongozi. Kenshi, iyo abarongozi bakuru/abapasitori bafashe inzira nshasha, batangura gukora imigambi mishasha badashizemwo abo bakorana mu buryo bwa hagufi, abakozi canke abarongozi baba bafise ico baterera mw’Ishengero. Si uko gusa iyo ngen-do yo kwikorana ataco ishika ko mu kwirengagiza abahanuzi benshi (Imigani 15:22), ariko umupasitori aba atakaje akaryo kanini ko “gutsinda” mu kuronka imfashanyo zikomeye ziva ku bamufasha mu gutuma Ishengero ritera imbere. Imana ishobora guha iyerekwa umu-

rongozi umwe, ariko abarongozi b'ubwenge baramenya agaciro ko gufasha umugwi wabo kubona iryo yerekwa imbere y'uko ribwirwa Ishengero ryose.

Tegura iyerekwa ryawe. Fashanya n'abarongozi bawe (Abajenama, abandi bapastori, abantu b'ingirakamaro bafise ico baterera) kwandika Intumbero (raba ikigabane ca 3). Kuko ico canditswe kizorongora Ishengero ryawe imyaka myinshi iri imbere. Sangira n'abandi ico Bibiliya yigisha ku kamaro ko kuba inyegu kw'umwigishwa wese, guhinduka no kurengana imbibe kubwo kugenda kuvuga ubutumwa mu mahanga. Kora icanditswe coroshe, cisunga Bibiliya kandi kibasunikira gukora. Hitamwo uburyo ushaka kuvugamwo iyerekwa ryawe (kuyishira ku mabendera, mu butumwa, ivyizerwa). Mw'Ishengero ryacu, iyerekwa ryacu riri mu mihezagiyo natura ku bantu kw'iyinga kw'iyinga. Umupasitori wacu ajewe ivyo Gutazira yaranditse indirimbo ivuga ivyerekeye uwo muhezagiyo wacu kugira abantu bacu bagume bibuka intumbero ryacu. Ivyo ukora vyose, raba neza yuko iyo intumbero iguma ivugwa kandi iboneka.

Fata ingingo y'inzira ushaka Gukurikira. Muri iki gitabu, wamaze kwiga intambuko zitatu mu nzira yo mu buryo bw'impwemu: KUBA INYEGU, GUHINDUKA, hamwe no KURENGANA IMBIBE. Fata ingingo asangwa izo ntambuko ari zo *wewe* wipfuzaga gukoresha kandi ukoreshe amajambo akwiranye n'Ishengero *ryawe* n'imigenzo yaryo. Igihe twashiraho ubwa mbere inzira yacu, abarongozi bamwe batanze icyumviro c'intambuko ya kane ku ntango: TANGURA. Bariko baribaza asangwa bitoba vyiza gutandukanya intambuko ya mbere y'umuntu mu kwinjira mu migenderanire na Yesu Kristo nk'uko ari intambuko iri ku ruhande (twaciye duhitamwo gushira iyo ngingo yo kwizera mu KUBA INYEGU). Bivanye n'iyerekwa ryawe, Ni izihe ntambuko za mbere umwigishwa azokenera mu kugendera mu nzira y'ubuzima bw'ivugabutumwa rirengana imbibe? Hitamwo amajambo yawe witonze kuko azocika imvugo y'Ishengero ryacu- amajambo ukoresha misi yose.

Suzuma igikorwa ca none. Mu gihe wamaze gushinga iyerekwa ryawe n'inzira, suzuma igikorwa kimwe kimwe cose mu bikorwa

Gusuzuma Igikorwa kiriko Kirakorwa		
KUBA INYEGU	GUHINDUKA	KURENGANA IMBIBE
Imfungurwa z'abashitsi zo ku muhingamo	Inyigisho zo kuw'Imana	Ibikorwa vy'impfuvyi
Imigwi mito mito	Inyigisho zo kwongereza ubumenyi ku barongozi	Ibikorwa vy'abadafise uburaro
Gufungurira hamwe kw'Ishengero	Inyigisho z'abana zo kuw'Imana	Igikorwa co kwitaho imbohe
	Inyigisho z'abanyeshure zo ku w'Imana	Kugendera abantu ku mihana yabo
	Inyigisho zo kuw'Imana z'abakuze	Kugendera abarwayi mu bitaro
	Inyigisho za Bibiliya ku bagabo	Gushigikira igikorwa c'ivugabutumwa rirenge na imbibe
	Inyigisho za Bibiliya ku bakenyezi	Ivuriro ryo mu kibano
	Inyigisho zungura ubumbenyi mw'ivugabutumwa	
	Ishure ry'abizeye bashasha	

uriko urakora urabe ko “bikwiranye” n’iyo nzira wafashe. Ubwo ni uburyo bwo gusuzuma bufise akamaro kanini. Amashengero menshi ashobora gushiraho intumbero hamwe n’inzira mu gihe bariko barib-

andaniriza ibikorwa vyabo, amashure, n'intonde bahora bakora ubwa mbere. Gusuzuma igikorwa cose bizofasha umupasitori gufata ingingo zimwe zimwe ngirakamaro. Mu bihe bimwe bimwe, imigambi iriko irakorwa muri uwo mwanya izohagarikwa kuko idakwiranye n'intumbero nshasha. Mu bindi bihe, abarongozi bazobona ko igikorwa cashinzwe gushitsa intumbero imwe ko kiriko gishikana iyindi ntumbero. Mu bindi ibihe naho, abarongozi bashobora kubona "ikinogo" mu gutunganya ibikorwa- ibikorwa vyateguwe nabi ku ntambuko kanaka.

Ku rupapuro rukurikira, uraja kubona akarorero k'Ishengero rishobora kwibaza ko ari Ishengero. Mu gihe iryo shengero rikomeye mu ntambuko yo guhindura ubuzima (GUHINDUKA) hamwe no kugaragaza intumbero ifise ubuzima mw'ivubabutumwa riranga imbibe (KURENGANA IMBIBE), ariko rikaboneka nk'irifise ico rihajije mu guhuza abantu n'amashengero yabo (KUBA INYEGU). Abarongozi b'amashengero bari bakwiye kubona ivyo nk'ahantu bakwiye guseruka ningoga.

Mu gihe bakoze amatohoza akwiye, bashobora gusanga ko "Hoba hariho inyigisho z'abakuze zo ku w'Imana" zitariko zishitsa intumbero y'Ishengero.

Mu gihe abanyeshengero bagiye hamwe, baravugana ivyerekeye ukuri kwo mu buryo bw'impwemu, ariko inyigisho zabo zo kw'iyinga kw'iyinga zifata umwanya wabo mwinshi mu gusengera- nira no gusangira inzitizi mu buzima bw'umwe umwe. Abarongozi b'Ishengero barashobora gusubiramwo gutunganya iryo shure kugira rishike ku kwiga/intumbero yo gukura (GUHINDUKA) canke ku- menya ko intumbero y'iryo shure yahindutse n'ukwemera ko iriko irashikana intumbero nziza ariko itari yitezwe yo GUCIKA INYEGU.

Vuga intumbero ryawe. Ubu rero ni umwanya wo gushikiriza abantu urōngōye intumbero yawe nshasha n'inzira yo mu buryo bw'impwemu. Nk'umupasitori, ufise ibintu bibiri vyiza utarabwira Ishengero ryawe. Ubwa mbere, urafise intumbero kw'Ishengero ryawe kandi wipfuza ko igikorwa cawe kiroranyirwa. Imana yaraguhamagaye mu gikorwa cawe kidasanzwe kandi urafise ivyo ushaka gushikako, atari kubwawe, ariko kubwo Ishengero ryawe. Abantu mw'Ishengero ryawe bashobora kudasangira indoto nk'izo. Mu

vy'ukuri, Abakristo benshi mu gihe bumvise Ishengero, baba bafise ivyiyumviro vy'uko hari ico bama biteze ko Ishengero ribakorera, ntibagombe guhinduka kandi kwitwaririka gusa ibikorwa bimwe bimwe vyo mw'Ishengero bihindura ubuzima bwabo. Rero wewe umwungere, uzokora cane kugira urengere ivyo vyiyumviro bigarukira hagufi vy'intama zawe. Kuvuga intumbero bisobanura gufasha abantu kubona igicapu kinini kw'Ishengero rya Kristo na bo nyene bakamenya uruhara rwabo muri icyo ntumbero y'Imana idasanzwe.

Ayandi mahirwe akomeye ni ukwinjira muri izo nkuru n'urwo rugendo. Wasomye iki gitabu, waragiye mu nyigisho zo kwungura ubumenyi no kwiyumvira cane ingene "batunganya ibikorwa vy'Ishengero". Iki cigwa cama mu bwenge *bwawe*. Ariko ntikiri mu bwenge bw'abanyeshengero bawe. Bazokenera kwigishwa no kwemezwa nk'uko nawe vyakugendeye. Kuvuga intumbero nshasha bizogusaba ko "abantu bawe mufatany" muri urwo rugendo.

Kugeza ubu, wari ukwiye kuba ufise abarongozi b'imbonye abandi bakozi, abajenama n'abandi.- batahura neza icyo nzira nshasha y'Ishengero ryawe. Ntubandanye utabikoze. Ubu rero ni umwanya wo kubwira Ishengero ryose. Mu gihe hariho inzira nyinshi zo kuvugana n'Ishengero ryawe, umupasitori ashobora gukoresha inzira zine: muri rusangi, mu buryo budasanzwe, kenshi na kenshi hamwe no mu buryo butandukanye.

Ubwa mbere, vuga iyerekwa ryawe muri rusangi canke mu mugwi. Umenye neza ko ushira ahabona iyerekwa ryawe n'inzira yo mu buryo bw'impwemu igihe Ishengero ryose rikoraniye hamwe. Birakenewe abantu bose bumvira *hamwe* ibintu vyose. Birimwo inkomezi nyinshi igihe umumenyereza avugana n'umugwi wose gusumba kuvugana n'umukinyi umwe umwe wese ukwiye.

Ubwa kabiri, vuga iryo yerekwa ryawe mu buryo budasanzwe. Ishengero ryawe rikeneye kwumva ko atari urutonde rusanze rushasha; ko ari inzira nshasha kw'Ishengero ryanyu. Rero, ukuvuga kwawe ukugire ukudasanzwe. Birashoboka ko Ushobora guhamagara Ishengero rigakorana mu mwanya udasanzwe. Birashoboka ko muhurira mu kibanza kidasanzwe canke ku mwanya utamenyerewe. Rema canke shiraho akaryo kazotuma abanyeshengero babona ko ico kintu atari igisanzwe.

Ubwa gatatu, bivuge kenshi cane. Biciye ku mupasitori azwi cane muri America nize iki kintu: “Iyerekwa rirava”. Bisobanurwa ko hariho ukuntu abantu bashobora kwibagira intumbero canke iyerekwa ry’ishirahamwe. Umupasitori ntashobora “kwuzuza” icyumviro mu mitima n’ubwenge vy’Ishengero ryiwe mu musu umwe ngo ace yitega ko bizobagumamwo amezi canke imyaka. Utegerezwa kuvuga intumbero yawe ibihetangabo vyinshi- mu manama yose, iyinga ryose, umwanya wose. Nama nigisha inyigisho kw’ivugabutumwa njabukamazi ku ntango y’umwaka wose. Mvuga ivyerekeye ivugabutumwa rirengana imbibe mu makoraniro yo gusenga. Navyandika harya munsu y’ubutumwa ngurukanabumenyi bwose ndungikira abantu. Ndibutsa abakozi bacu n’abarongozi bakuru bakuru mu manama twama dukora. Nguma nibuka ko uko nguma “ndabuzuza” ari ko bashobora kuguma “bava.”

Ubwa nyuma, vuga intumbero yawe hamwe n’inzira yo mu buryo bw’impwemu mu nzira nyinshi zishoboka. Ntushobora na rimwe kwisunga ukuvugisha akanwa gusa. Andika intumbero ku kimenyetso c’Ishengero ryawe ku ma bendera ari mu nyubakwa. Yandike musu y’izo mpapuro z’ivyigwa muha abiga inyigisho za Bibiliya abo bantu baba mu kibano. Shira iyo nzira yawe ku kimenyetso c’Ishengero ryawe (mu gihe bikunda). Fasha abantu bawe kumenya ko atari ikintu kimwe kiri mu bintu vyinshi Ishengero ryawe rikora. Nico shimikiro ry’ibintu vyose Ishengero rikora.

Bishire mu ngiro. Abarongozi bamwe bamwe baritabira inyigisho zo kwungura ubumenyi bagaca basubira i muhira bafise intumbero nzi- za cane. Bagira integuro maze bagakurikiza izo ntambuko ziri aho hejuru. Ariko, barananirwa kuzitwaririka no gushira mu ngiro intumbero yabo ku musu ku musu. Intambuko ikomeye cane ku ntumbero y’Ishengero ryawe...ni *ugushira mu ngiro iyo ntumbero!* Ata kwemezwa kudasanzwe kuri inyuma y’iyo ntumbero n’ugutegura imigambi iboneka yo kubaho yisunze iyo ntumbero, umupasitori ntazororanyirwa nk’uko avyipfuzwa mu kurongora Ishengero kwiwe.

Kugira ngo intumbero igumane “ubuzima”, umupasitori ategerezwa gutegura amafaranga yisunze iyo ntumbero. Akwiye kwongerako canke agahagarika intonde kubwo iyo ntumbero. Ategerezwa Gutegura ibikorwa vy’umwaka yisunze iyo ntumbero.

Azosuzuma ugukora neza kw'Ishengero abirabiye ku ntumbero. Uko ni ko amashengero adasamara kandi akaroronirwa mu gishira mu ngiro intumbero yabo.

Intumbero irashoboka

Ndiko nitegurira kurangiza iki gitabu, narakiriye ubutumwa buciye mu buhinga ngurukanabumenyi buvuye ku mukobwa yinjirira mw'Ishengero ryacu mu gihe kitari gito. Si ibidasanzwe kuri jewe kwakira ikete rishima mu vyo yabonye biciye muri gikorwa cacu. Ariko, muri iri kete harimwo akantu ko gushemagiza k'indenzarugero. Uko urisoma, raba ingene uwo muryango "wafashe" urugendo rwo mu buryo bw'impwemu mu kiringo c'umwaka:

Mugenzi Pasitori Dawidi,

Nari nipfuye kubandikira kugira ngaragaze amashimwe n'umugisha twe n'umuryango dufise kuba twarabonye Ishengero rya Central. Jewe n'umugabo wanjye, Kyle, hamwe n'umwana wacu w'umuhungu w'imyaka 2, twatanguye gusengera mw'Ishengero rya Central muri Ruhuhuma 2015 kandi ntitwashobora kwizera yuko dushobora kumenyera bitatugoye Ishengero rishasha. Jewe n'umugabo wanjye twari dufise kahise k'amashengero gatandukanye: yakuriye mw'Ishengero rya kera rya Yesu Kristo ryo mu gisagara gitoya, nanje nkurira mu muryango uagira Ishengero ariko namenyere Yesu biciye mu kujana n'abagenzi banje rimwe rimwe gusenga. Sinarinzi ko dushobora kuronka Ishengero rishobora guhura n'ivyo dukeneye twese. Maze gutemberera amashengero menshi muri aka karere, nafashe urugendo rumwe rwonyene kugira nshobore kumenya ko Central ryari Ishengero rikwiranye n'ivyo tugomba.

Twifataniye n'umugwi wo ku musi w'Imana wo muri ico kibano wiga inyigisho za Bibiliya aho twakirijwe yompi mu mugwi w'abantu beza cane. Igihe twamenya ko hari imigwi ihura mu mihana ku migoroba, ntitwari tuzi yuko dushobora kuronka umugwi ufise urutonde nk'urwo twari dufise rw'akazi, uri mu karere ko mu gisagara kandi twashobora gukoranira hamwe mu misi irangiza indwi. Imana yishuye amasengesho yacu hamwe n'umuryango wadutumiye mu mugwi usengera ku muhana aho baba atari kure

y'aho twaba kandi bahura ku misi y'Imana mw'ijoro.

Nagiye mu nyigisho za Bibiliya zitwa "Bibiliya mu mwa-ka" kandi, n'ubwo nacerewe amezi atandatu, bampaye ikaze nk'umugenzi wabo wa kera. Abakenyezi mu mugwi wanjye baranyiyugururiye banyereka ingene nashobora gusoma ku musi ku musi ijamba ry'Imana. Ubu ndashobora kuvuga ko maze gusoma igice ca Bibiliya! Abantu bamwe bashobora kwiyumvira ko atari ikintu gikomeye ariko kuri jewe ni ikintu ntiyumvira ko nashoboye gushikako. Imana yanyeretse ko mfise ukwihangana n'umvete wo gusoma ijamba ryayo kandi narabandaniye gusoma "igice ca mbere" ca Bibiliya kandi nafashe ingingo yo kurangiza n'ikindi gice gisigaye. Kyle nawe yagiye mu vyigwa vyitwa "Umugabo n'ico yaremewe" kandi yaratewe intege n'ubutumwa izo nyigisho zifise.

Imana yaraduhezagiye mu buryo bw'inshi kuva igihe dutanguriye gusengera muri iryo shengero. Twarahuye n'abantu benshi beza ubu bakaba ari abagenzi ba hagufi. Umwe muri abo bagenzi, yaduteye intege yuko dukwiye kuzobatizwa igihe umubatizo uzoba muri Gitugutu. Iki nico kintu namye ngwana na co imyaka myinshi kuva aho mbereye Umukristo ndi mu mashuri yisumbuye. Naguma numva ko hari icyo mbuze, ariko sinarinze neza icyo nkwiye gukora. Ukwezi kwose kwa Gitugutu, naguma numva Imana imbwira kubikora kandi naranezerewe ko nayumviye kandi ko numviye uwo mugenzi wanjye. Imigenderanire yanjye n'Imana iguma iba myiza gusumba uko yari iri kandi ndizera ko nk'uko jewe n'umuryango wanjye tubandanya gukura mu migenderanire yacu n'Imana, tuzokwama turi mu Ishengero rya Central.

Hamwe n'imihezagiro yose Imana yaduhaye muri uno mwaka, twarashoboye gutanga natwe vyinshi gusumba uko vyari bimeze. Imana yaraduhaye akaryo ko guhezagira abandi mu gufasha Ishirahamwe ryo ku isi ryitwaririka abana, guha ibirato irerero ry'abana ryitwa Samaritan's Purse's Operation Christmas Child no kurera umwana aya mu irerero ry'abana "Angel Tree at Christmas." Umwaka uheze, twahuye n'ingorane z'ubutumwa kandi twari twiteze ko n'uyu mwaka bibandanya. Ariko mu ntambara zose, Imana yatubaho hafi. No mu mw'ijoro riheze, umugabo wanjye yavuze yuko Imana yatwitwararitse mu buryo bw'ubutumwa muri uwu mwaka.

Uno mwaka wabaye umwaka ukomeye gusumba iyindi myaka.

Ndashimira Imana misi yose ingene irongora Ishengero ryacu. Ndagushimiye n'abo mukorana mu gushiraho uburyo bwiza bwo gukwiragiza ijambo ry'Imana uko ibigomba no kwitangira ikibano mutitwariritse ikibanza barimwo. Nditeze muri uno mwaka wa 2016 icyo Imana ibikiye umuryango wanjye n'Ishengero ryacu rya Central.

*Imana ibahezagire,
Amanda Bray*

Ndizera ko washoboye gukurikirana urugendo rwa Amanda ingene we n'umuryango wiwe bakurikiye inzira yo mu buryo bw'impwemu bashizwe imbere biciye mu bikorwa vyo mw'Ishengero ryacu. Ubwa mbere, yashoboye kwifatanya n'abandi mu migenderanire ifise akamaro iri mu migwi yo mu kibano cacu n'imigwi iri aho babaye (KUBA INYEGU). Baronse abagenzi bashobora kubana.

Ubwa kabiri, Amanda na Kyle batanguye kunezererwa kubona ubuzima bwabo buhinduka (GUHINDUKA) biciye mu nyigisho za Bibiliya, hamwe n'ibindi. Imitima yabo n'ivyiyumviro vyabo hamwe n'ubuzima bwabo vyagenda bihinduka uko bagenda biga ijambo ry'Imana. Amanda yagize urukundo rw'Imana ku mwihariko, hanyuma aca arumvira yemera kubatizwa.

Ubwa nyuma, umuryango wabo (Bray) waciye wemera KURENGANA IMBIBE. Batanze amashikanwa y'ubutunzi bwabo ku Mana hanyuma batangura gufasha abana b'abakene mu bibanza bitandukanye vyo kw'isi no gutanga ingabirano za Noweli ku bana babegereye b'abakene. Kandi ikirusha ibindi kuba ciza cane, ni uko muri uno mwaka bagomba gukora ibirenze.

Aka ni akarorero kamwe gusa k'ingene urugendo rwo mu buryo bw'impwemu rumeze mu buzima bugaragara. Umuntu wese afise urugendo yisangije nk'uko atandukanye n'abandi. Ariko, urugendo rwose hazovugamwo kwifatanya, guhinduka n'intumbero.

Heraheza urugendo

Inkuru yerekana ukutarambirwa kw'agahebuza yaramamaye inyuma y'amahiganwa y'inkino zo kunonora imitsi (Jeux Olympiques) mu mwaka w'1968 mu gisagara ca Mexique. Umunonotsi mu kwiruka wo mu Gihugu ca Tanzaniya, John Stephen Akhwari, yari

amaze kwiruka hafi ica kabiri c’urugendo yategerezwa kwiruka igihe umubiri wiwe watangura kumubabaza. Arabandanya, agenda arakumbagira kugeza yituye hasi arakungagurika kw’ivi. Ariko, uwo munonotsi ntiyigeze ahagarara. Mu gihe bwari bugorovyeye muri Mexique kandi abarorerezi batanguye kuva mu kibuga, Akhwari yarabandaniye gushika ku murongo wo guherezako. Yari inyuma y’umunya Ethiopia yatsinze iryo higanwa isaha yose. Igihe yaheza, abarorerezi bari basigaye n’abamenyeshamakuru bari basigaye baciye batangura kunezeranwa nawe hanyuma abamenyeshamakuru n’imboneshakure baca buzura iruhande y’uwo Munyafrika, bipfuzwa kumenya imvo yatumye abandanya ihiganwa kandi azi yuko atari butsinde. Inyishu ya Akhwari ni intibagiranwa. Yishuye ati: “Igihugu canje nticanungitse kwiruka imetero 8.250 ngo *ntangure* ihiganwa; bandungitse kwiruka imetero 8.250 kugira *nshiké kũ mpéra y’ihiganwa.*”

Nk’umupasitori, intumbero yanje ni uguheraheza umuhamagaro Imana ifitiye ubugingo bwanje. Ndaterwa intege n’intumwa Paulo mu rugendo rwiwe rugira gatatu rw’ivugabutumwa rirengana imbibe, yariko arihuta kugira ngo ashike i Yerusamemu. Yari azi ko hazoba inzitizi n’ibisamaza bishobora kuboneka mu nzira y’ivugabutumwa ryiwe. Ariko, yarabandaniye ashitsa intumbero. Yavuze ati, “Ariko simbabayeye ubugingo bwanje nk’aho ari ubwo igiciro, kugira ngo ndangize urugendo rwanje, n’igikorwa nahawe n’Umwami Yesu, co gushingira intahe Ubutumwa Bwiza bw’ubuntu bw’Imana. (Ivyakozwe n’Intumwa 20:24). Yari azi ko Imana itamurungitse gutangura, ariko guheraheza urugendo.

“Amajambo” ya Paulo muri uwo murongo ashira umuco ku bimenyetso vy’umupasitori yisunga ivugabutumwa rirenga imbibe n’umwigishwa atuma baguma biruka mw’ihiganwa. Ubwa mbere, abigishwa bisunga ivugabutumwa rirenga imbibe biyegurira intumbero y’Imana. Babona ko ubuzima bwabo “ataco bumaze” ku bwabo. Mu Bafilipi 3:7, Paulo yaranditse ati, “Ariko ivyaha bimbera inyungu ndavyiyumvira nk’uko ari ubuhombe, kubwa Kristo.” Yari yaramaze kwitanga ku bwa Yesu n’imigambi yiwe. Umwigishwa yisunga ivugabutumwa rirengana imbibe yitaho inyungu z’Imana. Abigishwa nk’abo bama babaza bati, “Ubugombe bw’Imana ni ubuhe?” kandi bati: “Mbega Imana izohabwa icubahiro mu ngingo mfata?” atari nk’abandi barongozi imisi yose bama bagomba gukiza

ubuzima bwabo, kwubaka ibikorwa vyabo, canke gushimagiza icu-bahiro cabo, umwigishwa yisunze ivugabutumwa rirenga imbibe yumva ahagijwe cane no gutanga ubuzima bwiwe. Muri bo, amajambo ya Yesu acika ukuri: "kuko uwugomba gukiza ubugingo bwiwe azobubura, ariko uwuzoheba ubugingo bwiwe kubwanje azoburuka."

Ubwa kabiri, abigishwa bisunga ivugabutumwa bafise icipfuzo kimwe ku vyerekeye umuhamagaro w'Imana. Bafise ishaka "ryo kurangiza urugendo no kurangiza igikorwa cabo" bahawe. Mu myaka iheze, naragiye mw'ihiganwa ryo kwiruka igice ca marathon mu mabarabara y'I Dallas, Texas. Muri ukwo guhiganwa, naciye iruhande y'ahantu bagurishiriza ikawa n'ahantu banywera amazi hashizweho n'abantu bateguye ayo mahiganwa kugira ashoboze abanonyi kuguma biruka. Iyo nari kuba narahagaze muri ico kibanza co kunyweramwo ikawa, nari kuba nsamaye mu buryo butuma ntarangiza ihiganwa ryanje.

Amy Charmichael yabaye umumisiyoneri mu Buhindi kumara imyaka 55. Yakora igikorwa gikomeye cane co gufasha no kwitaho abakobwa bakiri bato bajanywe ku nguvu kuba aba maraya mu rusengeru rw'aba Hindu. Igihe yari atanguye kwiyumvira ko ashobora gukukuruka, yaciye yandika, "Indahiro y'Imana iri kuri jewe. Nshobora kutaguma nkina n'igitutu kitaboneka canke namura amashurwe yo kw'isi, kugeza ivyo nakoze ndabishikanye ku wabintumye." Yari yizeye ko adakwiye gusubira inyuma mu gusiganwa kwiwe kugeza arenganye umurongo wo guherezako.

Ubwa nyuma, abigishwa bisunga ivugabutumwa rirengana imbibe bajanwa n'ubuntu. Paulo yari azi ubwa mbere na mbere ko igikorwa ubuntu bw'Imana bwakoze ku buzima bwiwe kandi yipfuzaga gusangira ubwo "buntu butangaje" n'abandi. Umurongozi w'igikorwa ntakora kubwo itegeko canke ivyo yipfuzaga gushikako ubwiwe. Amaze kuronka ubuntu bw'Imana mu buryo budasanzwe, aca yipfuzaga ko n'abandi bogirirwa ubwo buntu bwo kugirirwa neza n'Imana aribwo buharira kandi buhindura abantu abidegemvya.

Rero bavukanyi, mubandanye mugaruka kw'isoko ridakamaye ry'ubuntu. Wibuke uko wari *umeze* n'uko uri; vyose ni kubwo ubuntu. Wibuke umuhamagaro w'Imana ku buzima bwawe- atari uko wari umuntu adasanzwe abikwiye ariko Imana yacu idasanzwe

ikoresha abakozi b'abanyanteye nke. Unezerwe ko agaciro kawe kadahagaze ku kuroranirwa kwawe mu gutunganya ibikorwa ariko gahagaze ku gikorwa Yesu yarangije kubwawe. Kandi, umenye ko hari akaryo ko ubwo buntu bwaguhinduye bushobora guhindura umuntu *uwe ari we wese* mw'isi ubayemwo. Ubuntu bw'Imana bu-rongore umutima wawe kandi bugutere intege zo kurangiza urugendo Imana yaguhaye.

Intumbero yacu

Intumbero y'Ishengero rya Central ni "Kumenyekanisha Imana mu gufasha abantu kuba abigishwa bahinduwe n'Imana bahindura isi babayemwo." Turi Ishengero rifise ivyiyumviro bishimikiye ku Bwami, twahamagariwe kwungura ubumenyi abarongozi n'abantu bafise ibikorwa bitandukanye biciye mu kwitanga no gutanga ubutunzi. Ukugura iki gitabu kwawe kwatumye haboneka igitabu kimwe canke vyinshi ku barongozi barongoye igikorwa canke kwigisha abarongozi. Asangwa wizera ko iki gitabu gishobora gutera intege igikorwa cawe canke kwigisha abarongozi, ariko udafise ubushobozi bwo kukigura, turashobora kukikuronsa ku buntu.

Mu guterera mu burongozi bw'inyigisho zo kw'isi yose kuri B3. Kugira ngo utahure vyinshi vyerekeye uru rugendo rwo mu buryo bw'impwemu, ca ku buhinga ngurukanabumenyi kuri 3B@Central.org. Kugira ngo ushobore kumenya vyinshi vyerekeye Ishengero ryacu, turonderere ku buhinga ngurukanabumenyi kuri www.Central.org.

Aho tubarizwa:


Central Bible Church

8001 Anderson Boulevard

Fort Worth, Texas 76120

817-274-1315



www.wearecentral.org



David Daniels ni umupasitori mukuru w'Ishengero Central Bible riri i Fort Worth, Texas kuva muri 2005. Imbere yuko atangura gukora ibikorwa arimwo, yakoze mu mashengero yo muri Austin, Texas na Bloomington, Minnesota. David afise impamyabushobozi y'igice ca mbere ca Kaminuza (Licence) mu bijanye n'ubuhinga yaronkeye muri Kaminuza ya Texas ahitwa Austin; Impamyabushobozi y'igice ca kabiri ca Kaminuza (Master) mu bijanye n'ivyigwa ndoramana yaronkeye muri Kaminuza Denver Seminary; afise Impamyabushobozi y'ikirenga (Doctorat) mu bijanye n'igikorwa c'Imana yaronkeye muri Kaminuza Dallas Theological Seminary.

David ni umwe mu batanguye Beta Upsilon Chi (Abavukanyi musu y'ubushobozi bwa Kristo), Ihuriro Kivandimwe Rukristo. Ubwitange afise mu gikorwa co guhindura buri muntu umwigishwa wa Yesu, gutegura abarongozi n'ivugabutumwa mpuzamakungu, vyatumye be n'umuryngo wiwe baja mu bihugu vyinshi vyo kw'isi bagira ingendo z'igihe kigufi. Mu nyigisho za David no mu gikorwa ciwe co kwigisha harimwo ivyigwa nka *Perspectives on the World Christian Movement*, Pine Cove Christian Camps, Kanakuk Institute and the Love4Life Marriage Mini-Conference, inyigisho yafatanije n'abandi kuzitegura muri 2009. Yama yatanze intererano mu nyandiko bashira mu citwa 2011 *Quest Study Bible*.

David n'umutambukanyi wiwe Tiffany, baba ahitwa Arlington, Texas kandi banezererewe ubuzima babayeho bari kumwe n'abana babo, Grant (n'umutambukanyi wiwe, Laine), Pearson na Jenna. Urashobora gukoma ishwashwa David uciye kuri Facebook, Instagram canke Twitter (pastor_daniels) canke umwandikire ku bundi buhinga ngurukanabumenyi ukoresheje www.wearecentral.org..



Ishengero Ritera Intambwe ni Igitabu c’umupasitori kimufasha kwerekeza abo arongoye mu nzira ibashikana ku kubaho ubugingo bwamamaza Ubutumwa Bwiza. Kino gitabu kirimwo ibigabane vyo gufasha abapasitori kugundura umuhamagaro wabo, kwitwararika gutunganya ubugingo bwabo no gutahura neza ivyo Imana ibahamagarira gukora. Ni isoko ry’ikimazi gikomeye ku bapasitori bashasha, abarongozi bakora ibindi bikorwa, n’abapasitori bo kw’isi yose kuko bashobora kuvomamwo ivya nkenerwa vy’urufatiro mu vyigwa bijanye n’igikorwa c’Imana.

Gutera Intambwe mu Muhindura Abantu Abigishwa ni igitabu c’Umukristo ku giti ciwe, kimwerekeza mu nzira imushikana ku kubaho ubugingo bwamamaza Ubutumwa Bwiza. Categuwe kugira gifashe Abakristo kugundura aho bageze mu rugendo rwo mu buryo bw’impwemu, kandi batere intambwe baja imbere mu gukora igikorwa c’Imana mu buryo buhebuje.

Ibi bitabu uko ari bibiri ushobora kubisanga ku buhinga ngurukanabumenyi kuri amazon.com. Vugana n’abo muri Central Bible Church bakumenyeshe uko ushobora kugabanirizwa ibiciro kuri wearecentral.org canke urungike ubutumwa kuri centralpress@wearecentral.org.

